# МАХ ДУГ

*Адæмæн сæ нымæцмæ гæсгæ*
*аргъ кæнæн нæй, адæймагæн йæ асмæ*
*гæсгæ куыд нæй аргъ кæнæн, афтæ.*

Виктор Гюго

**2**

**2002**





*«Мах дуджы» равдысты фендзыстут зындгонд ирон скульптор Соскиты Владимиры куыстытæ.*



# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция:**

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет:**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2002

# МАХ ДУГ

# 2 '02

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци:**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2002

**НОМЫРЫ ИС:**

**ГÆДИАТЫ ЦОМАХЪ: 120 АЗЫ**
*ГÆДИАТЫ Цомахъ*. **Кæсын æз нæ хæхтæм.** Æмдзæвгæтæ **6**

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар*. **Мадæлты поэмæ.** Кæрон **9**
*ГУСАЛТЫ Барис*. **Фалæсых.** Трагикомеди **26**

**ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 70 АЗЫ**
*ГАДЖИТЫ Георги*. **Царды скъола.** Æмдзæвгæтæ **81**

*ЗАКАТЫ Алыкси*. **Сатирикон радзырдтæ** **90**
*БЕКМÆРЗТЫ Афон*. **Фыдæлты фæдзæхст.** Æмдзæвгæтæ **111**
*ХУЫБЕЦТЫ Хетæг*. **Æмдзæвгæ** **114**
*БОЦИТЫ Юри*. **Фæлæ та здæхдзыстæм фæстæмæ.** Æмдзæвгæтæ **115**

**ТÆЛМАЦТÆ**
*Виктор ГЮГО*. **Æдзæм у дун-дуне.** Æмдзæвгæтæ, базырджын ныхæстæ **121**

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
*ХЪАЗИТЫ Мелитон*. **Ирон хæзна.** Дарддæр **129**

**ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ**
*КЪАДЗАТЫ Людмилæ*. **Адæмон удыхъæд – сфæлдыстадон нысан** **153**
*АСАТЫ Наташæ*. **Алæмæты аргъæутты аивадон мадзæлттæ** **159**

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** **165**

**АРВИСТОН** **181**

# ГÆДИАТЫ ЦОМАХЪ: 120 АЗЫ



# КÆСЫН ÆЗ НÆ ХÆХТÆМ

## ÆХСÆРДЗÆН

Былæй айнæгмæ гæпп!
Дурæй дурмæ сæррæтт!
Къæйæ къæймæ пæррæст!
Къулæй къулмæ æппæрст!
   Афтæ згъоры æхсæрдзæн.

Абон уымæн йæ дуг.
Дæлæ коммæ йæ дугъ.
Уæлæ арвмæ йæ хъæр.
Тындзы, тилы йæ сæр
   Æмæ хъазы æхсæрдзæн.

Ам æз иунæг дæн, нæ?
Ам æз сидзæр дæн, нæ?
Кæс, мæ цæссыг кæлы,
Урс пырхæндæг кæны.
   Лидзын, лидзын æз фурдмæ.

Хъызтæй салд уыдтæн æз,
Ихæй фервæзтæн æз.
Тымыгъ нал цæвы мæн,
Заэгъ фæндараст мæнæн,
   Цæуын донæфсæст фурдмæ.

Ма тæрс, иунæг нæ дæн,
Дæттæ ме 'мбал мæнæн.
Уарзын фурды уылæн,
Уарзын денджызы фыцæн, –
   Зары, зары æхсæрдзæн.

Былæй айнæгмæ гæпп!
Дурæй дурмæ сæррæтт!
Къæйæ къæймæ пæррæст!
Къулæй къулмæ æппæрст!
   Афтæ згъоры æхсæрдзæн.

## ÆХСÆРДЗÆНЫ ХЪАСТ

Равзæрди, рацыд æхсæрдзæн цъæх цъити уæлвæзæй,
Райгæ æрттывта цæппузырау хуры цæстæй.
Цинæй сæррæттытæ кодта, зæрдæрухс хъæлдзæгæй
Фурдмæ æрхæццæ ис, фурдимæ баиу цырдæй.

Фурд дæр æй сау къæйыл уайтагъд ныццавта пырхгæнгæ,
Къæдзæхрæбынты йæ ‘ууæрста фыдæуууæрст мæстæй.
Айста йæ дугъонау, гъæйтт, зæгъгæ, кæмтты хъæргæнгæ,
Акæс-ма быдырмæ, уым дæр æй суылæнтæ кодта сæрæй.

Рагон æнæкæрон денджызмæ бахауд æхсæрдзæн,
Урсбарц æнæнцой фæйлауæн æй ахаста дард.
Сфæлмæцыд, суынгæг йæ балцæй нæ мæгуыр æхсæрдзæн,
Денджызæй нал хъуысти, нал цыд æппындæр йæ зард.

Хохбæстæм, райдзаст къуылдымтæм æрбæллыд æхсæрдзæн,
Цъитийы рухс хъæбыс та йæм дзæнæтау фæкаст...
Денджыз та базмæлыд... Æрбацæуы хъазгæ йæ уылæн,
Чи дын фехъусдзæни ам та, æхсæрдзæн, дæхъаст?!

## УАЛДЗЫГОН ФÆНДОН

Кæсын æз нæ хæхтæм,
Нæ урссæр къæдзæхтæм, –
Ныгъуылынц цъæх арвы кæмдæр.

Кæсын æз нæ къултæм,
Кæрдæгхуыз цъæх къултæм, –
Зæлдагау æрттивынц хуыздæр.

Кæсын æз нæ кæмттæм,
Фæхъусын нæ дæттæм, –
Куы зарынц гъеныр дæр дзæбæх.

Хур хъазы йæ хъазтæй,
Хур тавы йæ кастæй,
Хур уафы йæ тынтæ уæрæх.

Мæ зæрдæ нæ райы,
Мæ зæрдæ æхсайы,
Æхсайы гъеныр дæр дæумæ.

Мæхинымæр дзурын,
Зæрдæбынæй курын:
«Фæзын мæм, мæ уарзон, кæм дæ?..»

Ды мемæ куы уаис,
Мæ фæнд мын æмбарис,
Кæм уаид мæ цинæн кæрон!

Зæгъин уæд æцæгæй,
Æнæмæт хъæлдзæгæй:
«Куыд рæсугъд у уалдзыгон бон!»

Кæсын æз нæ хæхтæм,
Кæсын æз нæ кæмттæм,
Мæ хъуырмæ та ссæуы мæ маст.

Зæгъ-ма мын, мæ уарзон,
Кæмæн æй фæзарон,
Кæмæ йæ фæхæссон мæ маст?

## МАДÆЛТЫ ПОЭМÆ

### XVI

Дыууæ базыры уыд Нанайæн.
Уыд галиу базыр цæф
æмæ дзы
рагон сау хъæдгомы
туг æрхæмтæй бадт.
Уыд рахиз фидар æмæ ‘нæниз,
тæхынхъом тымыгъты, хъызтыты,
фæлæ йæ галиу атæхын нæ уагъта,
галиу базыр æй
дуртыл цавта...

### XVII

– Мæ хъæбул, цу!
Уæд де ‘мбал Лæгтыдзуар!..
Дæ фыд нæ уыд тæппуд, –
ды дæр йæ туг дæ, йе стæг...
Дæ зæрдæ ма ‘хсайæд фæстæмæ...

Æмбæхсы мад йæ цæссыгтæ,
йæ зæрдæйы хъæрахст
нынныхъуыры,
куыннæ дзы сирвæза хъыпп-сыпп дæр.
Фæлæ риуыфæйнæг хойы зæрдæ,
хойы, ратондзæн æддæмæ.
Ныммыр у, риу,
ныддур у, зæрдæ!

XVIII
Куыддæриддæр
кæрæдзийы æфцджытæй
фæхицæн ысты мад æмæ йæ хъæбул, –
кæрддзæмдих аци Тар.
Дыууæ дихæй иу атындзыдта
лæппуйы фæдыл,
иннæ раздæхг Нанаимæ
хъæмæ фæстæмæ.

XIX
Цыма уæззау уаргъы бын, –
йæ уæхсчытæ æркъæдз,
æртасыдысты зæхмæ.
Йæ зæрдæйы уидæгтæ
мæнæ какон сындзытыл хæссы
æмæ рæдывсынц,
кæлы сæ туг.
Кæс-ма, куыд судзынц
мады зæрдæйы тугтæ
кæрдæджыты сыфтыл,
сындзыты цъуппытыл.
Сырх пиллонæй тыбар-тыбур кæнынц...

Фыццаг сæ дзæбæх иртæстой
йæ цæстытæ,
дис дæр ма кодта
се ‘нахуыр æрттывдыл.
Стæй куыд фæстагмæ
сæфтой сæ хуыз,
сæ бæрджытæ,
фæйнæрдæм цыдысты,
æнхъæвзтой.

Æмæ иу афон дуне
хуылыдз рудзынг фестад иууыл, –
кæсгæ кодта,
фæлæ дзы ницæмæнуал уыд
бæрæгæй æвзарæн...

XX
Ардæм дзæбæх зыны
уæлæхохы рындз – Бæсты Мад.

Ныр баззад йæхи æвджид,
йæхи æмæ Бæсты Мады æвджид,
æндæр – ничи,
никуы ничи...

Ныгъуыли хæрдмæ,
хуры размæ ратындзы,
дзæнгæрджытæ цæгъдгæ.
Хур та фидиуджытæ ‘рвиты фæйнæрдæм,
гъа ныр-гъа уæд скæсдзæн
æмæ къуылдымтæ,
дæлвæзтæ
хуры денджызы
сисдзысты ленчытæ...

Куыд æхсызгонæй,
куыд цингæнгæ сæмбæлди ныгъуыли
уæлиау, арвы æмбæрзæндæн
хуры тынтыл!

Фырдисæй, фырцинæй
йæ базыртæ цæгъды
æмæ сæ хуры дон фæйнæрдæм
фæлхъазæнтæ кæны...

«О, Бæсты Мад!..»
Æваст сирвæзт
йе ставд былтæй.
«Ды не ‘ппæты фæдзæхсæг,
не ‘ппæты мад...»

Уый уыд йæ рахиз фарс...
Нана æрлæууыд
Æмæ йæм аздæхта йе ‘ргом...
Хурдзалх, зынджытæ æппаргæ,
сцæйтылди хæрдмæ
дыууæ риуы астæуæй.

«О, Бæсты Мад!..»
Уæлæ, гъе,
йæ цæнгтæ байтыгъта,
æмæ хъæбыс кæны арвæн.

«О, Бæсты Мад!..»
Змæлынц Нанайы былтæ...

Мады риутæ – дыууæ хохбæрзæнды,
се ‘хсæн судзы хур.

«Ды – мадты Мад,
мах – де ‘ртæхтæ,
дæ фарн – нæ фарн,
хъизæмаргæнæг уд!..
Ды – æппæтхъом,
хъизæмарæй дæр
удыбæстæ скодтай...
Ды радтай,
хуры тынтæ кæм хъазынц
райсомæй изæрмæ,
уыцы цъæх-цъæхид арв нæ сæрмæ,
ды радтай, уæлхох-дæлхох
кæм кæной æхцонвæллад нæ цæнгтæ.
Ды радтай
нæ сабитæн къонаты арт,
нæ зæрдæтæн – уарзт.

О, Бæсты Мад!..
Сафтид сты нæ хъæутæ лæгдыхæй,
ды бахиз
фыдгул, фыдхъомысæй дæ цоты,
сæргой фæкæн знаджы!..

О, Бæсты Мад!..»

XXI

Тыргъы къахуынæр...
фæсабыр куыдз...
Кæд хион чидæр...

Рудзынгмæ нымдзаст дæн, –
Нана æмæ Дзыцца дæр
цырд кæсынц...
(Цы ныффæразынц уыдон та
рудзынгмæ кæсынæй!)

Кæйдæр æндæрг
нæ фæсрудзынг...
– Гано æрбацыди, Гано!

Æз рагæпп ластон тæрхæгæй,
мæ мидбынат æркафыдтæн:
– Уыдзæн та аргъæуттæ!
Рувæстæ ‘мæ бирæгътæ,
уæйгуытæ ‘мæ дзиглотæ!

– Цæй, цы ‘рцыд,
фыццаг хатт не ‘рбацыд Гано!

– Хорз, хорз,
ныр уын лæгъстиаг нал дæн.
Æз хъусдзынæн
йæ аргъæуттæм Ганойæн...

Уæдмæ æрбайгом дуар.
Уадидæгæн уазал дымгæ
хæдзары рæбинаг къулыл сæмбæлд.
Ныкъкъæс-къæс кодта пец,
цыма йыл
ихджын доны къус æрбакалдæуыд, уыйау.
Гино фестад,
тæрхæджы бын амбæхст...

Фæлæ кæм ис Гано?

XXII

Цы фæци рæстæг та,
æнæферхæцгæ, дугъон рæстæг?
Цы фæци?
Кæуылты цæуы лæдæрсгæ?
Æви ныллæууыд, бацахст?
Мах дæр йæ мидæг –
стыр дунейы иу хай
цыппар къулы астæу.

Се 'хсæн – нæ гом дуары фæлгæт,
дыуурæ дунейы кæрæдзиуыл æндадзæг.
Фæлæ нæ пецы армыдзаг æртдзых
куыд батавдзæн
ихтæй астæрд дуне?
Нæ фæтæген цырагъæн
ныуæрст тыгъдæтты талынг
ысрухс кæнын куыд бауыдзæн йæ бон?..

Нæ гом дуары
цыппæрдигъон фæлгæт –
нæ дунейы цыппар фисынил амад,
æмæ хæссы дыууæрдæм
уынгæг удты хъæрзын.

XXIII

Æваст кæрæдзимидæг ауад дуне,
уым ницæмæнуал уыд
раиртасыны мыггаг...

Нана архайы,
куыд уыд, цы уыд, æппæт
кæрæдзи фæдыл равæра,
фæлæ бæгуы...

Уæртæ йæ акомкоммæ сынтæджы
æрфынæй мад,
йæ сывæллон – йæфарсмæ.

Фынæйæ дæр нæу утæхсæнæй ирвæзт...
Нана йын дзæбæх уыны йæ цæсгом,
сабыр рухсмæ
бæрæгдæр разынди æнхъырдтæй,
кæсы сæ чиныджы сыфтау,
зындгонд ын ысты уыдон.
Йæ цæстытæй нæ цух кæны, –
куыд æрбалæууыд къæсæрыл,
æргъæвст, ыстад...
Йæ сывæллон – тыхтытæ,
уыдис ма удмидæг æви...

XXIV

Белорусы иу къаннæг уæзæг...
Ныллæг хæдзæрттæ,
алфамбылай сæрвæттæ...
Дон, чысыл дон – хъæугæрон,
хъазтæ, бабызтæ...
Сабитæ дыууæрдæм згъорынц...

– Ныр нал уыдзæн,
æвæццæгæн, йæ ныв дæр,
æрмæст дзы сауцъиутæ тæхынц,
тæхынц дзы сауцъиутæ дыууæрдæм,
æмæ сæ базырты æндæрг
мылазон фестад зæххæн.

Уым – хъæугæрон чысыл хъæдын хæдзар
йæ цыппар фисыны
цырен пиллонæй судзынц.
Йæ разы холлагдон, сара, –
судзынц,
зæхх дæр судзы...
Судзынц ма ныр дæр,
ирвæзы цæстытыл сæ пиллон.
Йæ сабийы ма раскъæфта куыддæр
æмæ згъоры, згъоры.

Кæдæм, кæцырдæм?
Згъоры...
Тæхынц йæ сæрты сау сынтытæ,
тæхынц.

Тыхамæлттæй ма
æрбаирвæзти хъæдмæ,
ахауд дæлгоммæ пыхсы,
йæ буарæй йæ хъæбулы æмбæрзгæ...

XXV
Нана æваст нæ фæцарæхст, –
йæ мидбынаты дурдзавдæй лæууыд.
Æз дæр,
цæй кафын ма мæ ‘ндæвта, –
Нанайы фарсыл сныхæстон мæхи.

Деуыр нæ къæсæрыл дыууæрдæм систа,
хъыс-хъыс кæны,
куы мидæмæ дзыназы,
цыма йын бамбæрста
йæ рис, йæ зын
æнахуыр уазæгæн, йæ къæхты алыварс тыхсы
æмæ æххуысмæ сиды.

Дзыцца фæцырд, фæгæпп ласта
йæ бандонæй уайтагъд, –
нæ йæ бауагъта къæсæрыл æрхауын.
Ыскуыдта сывæллон, кæуы...
Йæ хъæбулы кæуын у уый...
Цыдæр æхсызгонæн ма
ферттывта йæ сæрымагъзы мадæн,
стæй æрмынæг, ахуыссыд
æмæ йæм нал хъуыст ницыуал,
йæ хъæбулы цъæхахст дæр...

XXVI

Нанамæ афтæ фæкаст,
цыма ацы ‘хсæв

суанг уæдæй цæуы,
уæд баталынг
æмæ нæма дæр не сбон,
уыцы тары йæ цæстыты раз судзы сæ хæдзар,
судзы.

Иу каст ма йæм фæкодта
Джеры къуылдымæй.
Далæ кæронæй
уый сæ хъæдын хæдзары
арты æвзæгтæ æвдæрзынц.
Иу хатт ма ацахстой йæ хъустæ
йæ къулты къæс-къæс,
цæхæр арты
йæ хъуарити къæрцц-къæрцц.

Уый уыд мæлæг хæдзары хъæрзын,
арты хъæбысы удисæг хæдзары
фæстаг утæхсæн.

Нана адæргæй йæ армытъæпæнты
ныттыхта йæ цæсгом,
фæзылд,
лигъдæтты фæдыл ызгъоры,
йæ сабиты размæ ыссонгæ,
цыма сын
уыцы арты бахауынæй тарст.
Йæ цардæмбал дысон дæр ма
Чърeбайы цур лæууыд хъазуаты.
Боны дзир-дзурты сыл раст скæсæны
сырх хъулон арвæй
туджы зæйтæ рацыд.

Дæлæ йæ фæдыл цы балбирæгътæ стындзы,
фæйнæрдæм лæбургæ,
скъæргæ æмæ стигъгæ,
уыдонæн сæ цæстытæй
бæстыл арт ирвæзы
æмæ судзы,
цъыбыртты сыгъд кæны.

Ардæм куы схæццæ уой,
куы акæсой фæстæмæ,
æхсæвы тары алы ран губакгай
судзгæ æртытæ куы феной, –
дидинджытæ сæ фæхондзысты,
цинæй сыл мæлдзысты.

Уыдонæн лæджы фыд хæрынæн бæззы,
уыдонæн сæ къæхты бын
дойнаг дуртæ дæр
мæлæты азарæй хъæрзынц.

О, уæдæй цæуы ахсæв,
уырдæм та ноджы раздæрæй,
æмæ нæма фæхæццæ бонмæ...

XXVII

Бафæллад Нана.
Талынджы хъæбысæй
раскъæфы йæ хъæбулты,
фæлæ кæдæм,
кæцырдæм сæ ыскъæфы...

Талынг æрбакъуындæг,
æрбалвæста алфамбылай
æмæ æхгæны хъуыр,
улæфæнтæ æлхъивы...

Иу емынæйæ – ирвæзт,
уый аззад дард, фæсхохы,
иннæ фегуырд ам,
Нана йын
фыццаг хатт хъусы йæ ном дæр – халер.

Салыгæрдæны уæлмæрдтæ
акалдысты сæ былтæй.
Сæ зæронд лæгтæ катайгæнгæ фæкæнынц:
– Ныр нæхиуæттæ куы райдайой скъуыйын,
кæм ма сæ ныгæндзыстæм уыдон та?

Ӕрмæстдæр иунæг æхсæв
йæ зæрдæйы уидæгтæй
æрыскъуыди æртæ...

Уый ахæм æхсæв уыд, –
Нанайæн сæдæгай æхсæвтæ
баныхæстысты кæрæдзиуыл.
Сæ тарæй
сахуырст, æгасæй, сахуырст.

Цæмæй ма йæ ныхсдзæн?
Цæмæй ма ыссæудзæн?

## XXVIII

Ӕмæ загъта, – цæуон...
Тындзы,
тары йæ хъуырмæ лæгæрды,
йæ иунæг бындары,
йæ саби-хъæбулы
йе ‘ртты бæрзонд хæсгæ,
куыд нæ йын фæхуыдуг уа, афтæ.

Уæлæмæ, уæлæмæ, æфцæгмæ...
Дæлейæ, комы, байдзаг и тар,
хуыдуггæнæг тар,
алцы йæ быны ыссæнды.

Тагъддæр, тагъддæр...
Уæд та куы атæхид,
йæ къабæзтæй тары лакъон
куы ‘рæхсид, куы ‘рсæрфид.
Йæ базыртæ ысцагъта, –

æмæ æваст бамбæрста, –
иу базыры йеддæмæ йын нал ис.
Йæ риу дуртæм æрхаста.

Ныр ын бæгуы фæзындæр и цæуын.
Йæ алы къахдзæф дæр æй
кæны, мæлæтæй царды ‘хсæн
цы ‘рдуйын хид ис, ууыл.
Фæцудыдта, – уæд æрыскъуыйдзæн,
царды уидагыл ма
цы чысыл тагæй хæцы, уый...

Нырма нæ бамбæрста, –
куыд сафтид и дуне!
Уырзæй ысгары алфамбылай,
æмæ йæ уырзтæ ницæуыл ныдзæвынц.

XXIX

Уый уыд,
уæды онг кæй никуыма федта,
кæуыл нæ бауæндыдаид ныхасæй,
ахæм æнæрцæугæ диссаг...

Нана йæ сабийы къухыл хæцы
æмæ дурдзæсгомæй
зилы афтид уæзæгыл.
Никуы ницы – цæуыл ысныдзæва цæст.
Æрмæстдæр фароны сыгъдæттæ –
фæнык æмæ æвзалы
фæйнæрдыгæй рæдзæгъдтæ.
Рагуалдзæджы къæвдатæ сæ
афтæ ныххостой,
афтæ ныддæвдæг ысты,
æмæ къæхты бын
авджы сæстытау ызгъæлынц,
къыбар-къыбур кæнынц.
Нана иу ран
æвзалы æмæ фæнычы кæри
йæ къахæй асчъил кодта,
йæ быны цы къæйдур разынд,
уый раз йæ зонгуытыл йæхи æруагъта,
йæ ризгæ æнгуылдзтæй йын
йæ ихсыд,

сыгъдарыд цæсгом сæрфы.
Бирæ йæ фæлæгъзытæ кодта,
цыдæртæ сусу-бусугæнгæ,
стæй йыл схæцыд,
схъил æй кодта,
бавæрдта йæм быцæу.
Слæууыд, сраст кодта йæ астæу:
мæнæ, гъе, сæ къонайы дур,
ам уыд сæ хæдзар...

Бон-изæрмæ йын йæ сыгъдæттæ фæкъахта,
ныссæрфта йæ,
стæй дзы арт скодта.
Йæ фарсмæ æрбадтысты
мад æмæ йæ саби.

Урсдæллагхъуыр зæрватыкк
кæцæйдæр фæзынд –
æдзæрæг бæсты иунæг царды бæрæгæн.
Фæзынд æмæ сæ сæрмæ
ратæх-батæх,
зилдух кæнын систа,
йæ цъыбар-цъыбур
куы кæцæй райхъуысы, куы та кæцæй.

Нана йæм скаст:
– Ай нæ зæрватыкк куы у!
Æ, дæ хъæбулты хурæй бафсæдай ды! –
Йæ бынатæй фестад.

– Цæй-ма кæцæй фæдæ? – дзуры йæм, –
Куыдтæ цæрыс ды та?
Нæхи дзæбæх дзиба,
мæ урсдæллагхъуыр!
Уый уæддæр тæхы,
зилдух кæны цъыбар-цъыбургæнгæ.

– Дæ хæдзар агурыс ды дæр?
Нæ йæ арыс?
Æз дæр æй бирæ фæцагуырдтон –
нал æй ссардтон,
нал ис,
цы нал ис, уый нал ис, мæхи дзиба!

Гъым, зарыс...
Цæуыл зарыс,
мæнау дæуæн дæр дæ зæрдæ ниуы, –
цы дын æмбарын...

Зæгъ ма: кæм ысты дæуæн та
дæ хъæбултæ, дæ сабитæ?
Цæмæн дæ афтæ иунæг?
Цæуылнæ сæ æркодтай демæ?
Æви дын...

Мæнæн ма дзы иунæг иу баззад,
иунæг иу, куыд уыныс, афтæ...
Æнхъæлдæн,
дæуæй æз разындтæн хъæздыгдæр.

О, мæхи дзиба, о!..
Рауай, дæ рынтæ, мæ цурмæ!
Мæн мæ уæрджытæ нал уромынц...

Фæлæ зæрватыкк
зилдух кодта уæддæр Нанайы сæрмæ,
ныхæстæгæнгæ,
суанг изæрдалынгтæм тахт.
Стæй чысыл фалдæр
фæткъуыйы артарыд цонгыл сбадт
æмæ цадæггай
æхсæвы милтимæ сæмхæццæ.

Мæйрухс куы скаст,
уæд æй аивтæй ахъахъхъæдта Нана:
зæрватыкк бадт йæ фыццаг бынаты,
йæхимидæг
цæуылдæр мæстыйæ ныхæстæ дзырдта,

кæмæдæр æртхъирæнтæ кодта цыма.
Æмæ уæд Нана йæхинымæры загъта:
ныр стæм æртæйæ!..

XXX

Боныдзир-дзуртæ
куыд æрбахъуызыдысты уатмæ,
уый исдуг нæ фæхатыд Нана.
Фæлæ цырагъы рухс
фæлурс кæнын райдыдта,
баззад ма дзы æрæджиау
иунæг фæлурс стъæлф къулыл...

Рухсы тæгтæ
цыхцырæг ныллæууыдысты рудзгуытæй,
æмæ тары æрхъистæ
таппызарты хай кодтой къуымтæй,
сæ сæртыл сæ худтæ судзгæ скъæфтой,
афтæмæй схъиудтой æддæмæ.
Фæлæ сыл уым дæр хуыздæр бон нæ уыд:
тæккæ уынджы сæлдæгыл
сæ тыбыртæ цагътой.

XXXI

Райсомæй мæнып хуыссæг фæтых,
куы ‘рыхъал дæн,
уæд бинонтæ иууылдæр
лæууыдысты къахыл.

Мæнæн æхсызгон кæнинаг цы уыд,
уый – кæрдзындонæй къулы астæу Тар.
Бауадтæн æм: алæ-ма, кæм и!?
Æркастæн, – никуы ницы,
афтид, хæрз афтид,
æрмæст дзы – цавæрдæр хæцъилы бызгъуыр:
æз ыл ралæууыдтæн лæдзæгæй дзæхст-дзæхст.
Мæ архайд мын сонт мимæ айстой, –

сывæллоны сонт ми,
мæнмæ та уыцы уысм афтæ фæкаст,
цыма ме рагъæй ахауд уæззау уаргъ.
Нана æмæ Дзыцца
уазджытæм зилынц.
Саби хъæццулы бынæй
йæ къухтæ ысуæгъд кодта
æмæ сæ хуры тынтимæ хъазыд.
Мад ма лæмæгъ уыд, æдых,
йæ хъæлæс фæсус.

– Фервæзтысты,
бауырнæд дæ, чындз!..
Уый дзуры Нана,
фырцинæй къуымты
рауай-бауай систа:
–Хæринаг сын, ходæн исты...

Пецы арт, гуыр-гуырон арт
къæс-къæс кæны.
Хæдзары къултæ
сæ хуыз æвдисын райдыдтой,
хуры тæрхъустæ сыл гæппытæ кæнынц.

XXXII
Стылди хур –
цæхæр тымбылæг,
уæлæ скæсæны хохы сæрæй
равдыста йæ сызгъæрин цæсгом.
Бæсты Мады риуыл
æрхизы уырдыгмæ,
рухсгæнгæ, худгæ.

Фæйнæрдæм фидиуджытæ
хъуытазхъуыр, зæрин бæхтыл
къуылдымтыл кафгæ згъорынц.
Адæм рацыдысты хæдзæрттæй,
кæртыты змæлынц.
Уасджытæ уасынц кауы сæртæй,
куыйтæ рæйынц...

Хур лæгæрды размæ,
даргъ сардзингай санчъехтæй
мæнæ æрбацæуы хъæумæ.

О, æгас цæуай, æгас,
сырх зæрин уазæг!
Ды не ‘нусон цырагъдар,
мах чи сласы мæйдар æхсæвы
сау талынг ныккæндæй,
нæ хæдзæрттæй нын чи фæсуры Тар!

Алы къæс, алы хæдзары дæр
байгом ысты къæс-къæсгæнгæ,
салд, уæззау дуæрттæ...
Хуры мидæмæ, мидæмæ хонынц.

XXXIII
Бубу асины бынæй райста лæдзæг,
хъуарийы ихтæ дзы цæгъды, –
сасари æхсаргæрдтæ.
Дысон сæ талынджы æрбаста нæ хæдзар
æдасæн йæ астæуыл.

Дзыцца рахаста цырагъы авг кæртмæ,
Цыма сау цъиу
ныппæррæстæввонг йе ‘ртты, –
арæхстгай йыл хæцы.

Цырагъы авг...
йæ хуылфы йын
гæххæтты гæбаз нæмы,
стæй йæ здухы йæхимидæг,
сæрфы йæ...

Авджы милтæ – Тары æрхъистæ
салд митмæ згъæлынц, кæлынц.
Къæхты бын урс-урсид митыл
Тары æрхъистæ мæлынц.

1978 аз.

# Ф А Л Æ С Ы Х

*Трагикомеди*

## АРХАЙДЖЫТÆ

**Сæмæг**
**Цъубыр** } Ныхасы зæронд лæгтæ.

**Гæнгæл** – йæхи барæй быдзæугæнæг.
**Уæнгæл** – сæнтдзæф.
**Дзæхирæт** – чызгус.
**Локар** – рæстæмбискарджын, динтауæг.
**Хъуындо** – лæппулæг.
**Коки** – рæстæмбискарджын.
**Цæттæлæг** – усгур лæппу.
**Æхсæлф** – Цæттæлæджы æрдхорд, къуытты.
**Нокар** – Цæттæлæджы хистæр æфсымæр, ас лæг.
**Бацæ** – чындздзон чызг.
**Азирхан** – Бацæйы æмбал.

Архайд цæуы нудæсæм æнусы райдайæны.

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД

### ФЫЦЦАГ ФÆЗЫНД

*Сценæйы иудадзыгон нывфæлыст. фæсте цъитисæр æмæ хъæдæхгæд хæхтæ. Уырдыгмæ кæлы урсбарц дон æмæ сценæ дыууæ раст æмбисыл дих кæны. Доны бауайынæн тъæпæн дуртæ æвæрд. Сценæйы фæйнæфарс къæдзæхдуртæй амад систы фисынтæ – сæ фæстæйæ рацæуынц архайджытæ æмæ та уым фæаууон вæййынц. Дыууæрдыгæй дæр сисрæбынты Ныхасы дуртæ æртыгæйттæ æвæрд. Иуырдыгæй дуртæ афтид, иннæрдыгæй фæрсæй-фæрстæм бадынц Сæмæг æмæ Цъубыр. Сæмæг æдзух йæ къæдз лæдзæгимæ*

*архайæг у, Цъубыр та йæ лулæимæ, фæлæ тæккæ райдайæны та архайы дойнаг лыстæг дуртимæ – къорд дуры йæ къæхты бын цæндамадæй.*

**Сæмæг** *(йæ лæдзæг амайын фæуагъта)*. Цъубыр! Цыма мæ дзы знон фæстаг нуазын нал хъуыди – мæ сæр йæ чемы нæй...

**Цъубыр** *(йæхи йæм бахæстæг кодта)*. Уый дзы-иу фыццаг нуазын нæ фæхъæуы – фыццаг дзæбидыр афæд кæны, æмæ иннæтæ дæр уæд йæ бæрæг фæдыл афсæрынц! Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй!

**Сæмæг**. Куыд фегуыдзæг сты адæм æрхъуыдыйæ, куыд! Æндæр исчи афтæ ма зæгъæд, стæ-ма, Ныхасмæ иу хъуырау сдавон! Мæхицæн удыбæстæн...

**Цъубыр**. Уæдæ ма мах сыхырдыгæй бадиккам! Фаллагфарс. *(Йæ лулæйæ уыцырдæм амоны.)*

**Сæмæг**. Уый та дын чердæм армаццаг у?! Кæдæй нырмæ фæуæздандæр сты уæ фалæсых?

**Цъубыр**. Тæккæ знонæй нырмæ! *(Баздæхт æм.)* Нæ дыууæтæй уæдæ чи разынди хъазтхалæг гæбæрдымæг?

**Сæмæг**. Мæнæ дæуыл бæрæг нæ дары, чи цы у, уый – кæдæм дæ бахъуыдысты армæй хæсты дуртæ?

**Цъубыр** *(базарæгау кодта)*. Комвæдис, Куырттат! Далæ уын кæсæг уæ паддзахдзауты куы ныццагътой! *(Сæмæгæн.)* Ферох дæ, уыцы хæсты ирæн сæ топпыхос уарынмæ куыд суымæл, уый? Дур та уымæлæй дæр дур у!

**Сæмæг**. Гъемæ уæддæр дурадзагъдæй кæй айсын ис дæ зæрды?

**Цъубыр**. Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй! Фыдæл æй йæ зондджынæй дзырдта, цы дзырдта, уый: доны дыууæ фарсы дæр дæхи куынæ хонай, уæд дæ дзы боны фæстагмæ иу дæр нал уыдзæн!

**Сæмæг** *(цæхгæр фестад, æрбадт фæстæмæ)*. Цъубыр! Уæдæмæ дæ сæрымагъз сбыр! Скæлммæ йæ бирæ нал хъæуы! *(Йæ лæдзæджы фындзæй донмæ амоны.)* Дæ ныхас мæнæ Цъистдоны дыууæ фарсыл цæуы? Æмæ сæ дыууæ дæр нæхи не сты?

**Цъубыр**. Иу хъæу кæд баистæм, уæддæр æгасæй иу коймæгтæ не стæм. Стæй ам фыццагдæр нæ сыхбæстæ æрбынатон сты, нард æмæ æгæндæг бæстæйы. Сымахæн та дзы раздæр уæ сæрæн дæр бынат нæ уыд, ныр ма дзы уæ къæхтæ дæр уæрæх байтыгътат! Æмæ...

**Сæмæг** *(нал æй бауагъта дзурын)*. Цы тæригъæддаджы фалæсых у, ды йæ зондæнхъæл хистæр кæмæн дæ, уый! *(Баздæхт æм æргомздæхтæй.)* Дæу хурмæ бахус кæн, куыройы дæ æрысс æмæ

дæ дымгæмæ ныддар! Æндæр куыд батардта дæ зæрдæ ахæм дзæнгæда цæгъдын? Цы фалæсых, фалæсых кæныс?

**Цъубыр**. Æмæ цы мæнг зæгъын? Махæн сымах фалæсых, мах та сымахæн фалæсых! Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй...

**Сæмæг**. Хуыцау дæ йæ дзæгъæл гæрахæй амарæд! Уæдæмæ алы сыхæн дæр йæхи фалæсых куыд ис, афтæ алы фалæсыхæн дæр йæхимидæг ис йæхи фалæсых! Тæссармæзонд, галиумæ базырджын фалæсых!

**Цъубыр**. Ды раст куы уаис, уæд дæ маст лыстæнтыл нæ фыцид... *(Йæхи йæ лулæимæ архайæг скодта.)*

**Сæмæг**. Тугтæригъæдджынтæ куы суæм кæрæдзийæ, дæуæн та уæд рафыцдзæни дæ масты дзæкъул?! Даст мысты хуызæн ма амæ дæр кæс, амæ! Йæ иу комыкъулы зынг дары, иннæйы дон.

**Цъубыр**. Ды та цалхмæ не ‘ххæссыс æмæ мæнæ мæн, сæмæны, къубал тоныс! Æндæр уын, фæлæуут, Коки... *(Йæ лулæ йæ дзыхы фæцавта, хусæй йæ спъæртт-спъæртт кодта, æриста йæ йæ къухмæ.)* Цы ныфсæй бауæндыд знон уæ фыдуаг Цæттæлæг Кокийы буцдард хомæ?! Æнæхъæн мыггагæй, æнæхъæн сыхбæстæй дæр нæ фæхудинаг кодта! Коки афтид армæй хъамамæ кæй лæбуры, уый нæ зоны уæ бæгуы Нокар? *(Кæйдæр ауыны, ивд хъæлæсæй.)* Уалæ уын уе ‘ннæ бæгуыйы дæлимон æрхæссы...

## ДЫККАГ ФÆЗЫНД

*Уыдон æмæ Гæнгæл. Йæ уæлæ бызгъуыртæ дарæс, мæцъы бæндæнæй астæубос ыл. У бæгъæввад, бæгъæмсар. Иæ комдæлы хъæдын хъама тъыст. Сæнтдзæф йæхи барæй кæй дары, быдзæуы митæ фæзмгæйæ, уый йыл зыны.*

*Гæнгæл сæвджын санчъехтæй комкоммæ Цъубырмæ бараст, уый дзы тæрсæгау йæхи иуварс ласы, йæ къухтæ йыл цæгъды.*

**Гæнгæл** *(йæ хæлафы дзыппæй фысдзармы гæппæл сласта, Цъубыры фындзмæ йæ дары.)* Стæ-ма, хистæр, æз дын дæ фындз амæрзон æмæ дæ зондæй бафæрсон, науæд мыл Уæнгæл, дæнгæл фæхауа, уæлахиз кæны, бырсы мæ! О, уа! Уæвгæ та дæуæй цæй зонд райсæн ис, цæгæр сæрæй цъутхал ратонæгау...

**Сæмæг** *(мидбылты худы).* Фурд, дам, суадонмæ донагур бацыд...

**Цъубыр** *(дур фелвæста, æвзиды дзы Гæнгæлмæ).* Дæ зыгуымдзаг сæр дын амæй!.. *(Сæмæгæн.)* Исты йын зæгъыны бæсты ды та дæ дæндæгтæ мард бæхы дæндæгтау ныззыхъхъыр кæн!..

**Гæнгæл** *(йæ хъамайы сæрыл æрхæцыд).* Ды кæй хистæры барыс мард бæхимæ? Æз дын! Мæ цæххыл мын маст ма кæн! О, уа! Хæдæгай, цæмæндæр мæм хист хæрын æрцыд, Цъубыр! Нæма цæуыс Рагъыхъæумæ? Æви та цæрынвæндæй ног усгур дæ?

**Сæмæг** *(карзæй).* Хъазын иу у, хынджылæг – æндæр!

**Гæнгæл** йæ сæр фæкъулбæрзæй кодта, иуварс доны былмæ бацыд, дур дзы баппары æмæ та донмæ æдзынæг ныккæсы, йæ сæр бауигъы.

## ÆРТЫККАГ ФÆЗЫНД

*Фæсфисынæй Дзæхирæты хъæрæй ныхас хъуысы, йæхæдæг нæма зыны, афтæмæй.*

**Дзæхирæт**. Æз мæхи дыууæ цæстæй цы фенын æмæ мæхи дыууæ хъусæй цы фехъусын, æрмæстдæр уый суадзын мæ дзыхæй уæлæмæ!

*Дзæхирæт æрбацыд, Йæ къухы иудадзыг дæр вæййы уислæдзæг. Бакастæй у хæрзæфснайд, чысыл гуыбырдзу.*

**Сæмæг**. Æгас нæм цу, фæззыгон гæлæбу!

**Дзæхирæт** *(æртæйæн дæр хицæнтæй йæ сæрæй ныллæг акуывта).* Сæрджын саджы сæр уе ‘хсæвæр, нæ домбай хистæртæ! Фæлæ мæнæ æз чи у, æз, уый рæстдзинад нæдæр Цъистдонæн бауадздзæн ласын, нæдæр арты судзын, нæдæр дурты бын бакæнын, нæдæр фалæсыхæн аныхъуырын æнæсымæй! Мæнæ æз чи у, æз, уый иунæг кадджын, иунæг æнæмсæр Хуыцау рæстытæ дзурынæн сфæлдыста! Æз сæгъы худинагау æргом дæн! О! Стæй ма нæхи Цъубыры хардзæй дæр иу ахъаззаджы о! Æмæ кæд хъазын хъазын у, уæддæр уæрагæй мыхъхъ кæнын æмæ рæмбыныкъæдзæй рæхойын та хынджылæг нæу, фæлæ у æнæныббаргæ ‘фхæрд!

**Гæнгæл** *(хæстæг бацыд Дзæхирæтмæ).* Кæд ма исты зонын, мæхи зонд æмæ Уæнгæлы зондæмхасæнæй, уæд ды, Хуыцау дуне аивгæнынæн, дунейы фидауцæн цы Дзæхирæты скодта, тæккæ уый дæ! *(Базарæгау кодта.)* Дзæхирæт, Дзæхирæт! Бафыстой йын цъæх ирæд! *(Паузæ.)* Æмæ цъæхæй баззад йæ фыды уæларты!

**Дзæхирæт** *(йæ лæдзæгæй Гæнгæлы рагъ æрдаудта).* Гæнгæл – хæнкъæл, уæнгæл фест Хуыцауæн! *(Фæзмæгау.)* Йæ цæххыл ын маст ма кæн!

**Сæмæг** *(зæрдиагæй).* Дзæхирæт, мæ цæсты рухс! Дæуæй ма базоны лæг хъуыддаджы æцæг æмæ хабары бæрæг. Гъемæ; цы

федтай дæхи цæстæй æмæ цы фехъуыстай дæхи хъусæй знон Симæн фæзы?

**Дзæхирæт**. Мæнæ æз чи у, æз, уый ницæмæй тæрсы! Кæд тæрсы, уæд та æвзæр зæгъдджын, мæцъæл мæрдджын æмæ| лæмæгъ сывæрджынæй! О! Æмæ ма дæ хардзæй дæр, Сæмæг, иу дзадджын о! Æмæ æз гæды ныхас абазийы тыххæй дæр нæ зæгъдзынæн. Гъемæ тæккæ знон уалæ Хистгæнæн фæзы Дзуары куывды... *(Фæлæууыд, бæрзонддæр хъæлæсæй.)* Уæд искуыдæр ма фыдæлты Хистгæнæн фæзæй найфат сараз, симд дзы нарты уæрæхæн аскъæр æмæ дзы Симды фæз рауайын кæн! Фæлæ Хуыцау ныр ма фыццагон хорз Хуыцау куы у: федтат, цæмæты расайдта уæ симд, уый? Дзуар уæм хорз куы фæхъызыд!

**Цъубыр** *(сыстад).* Цæуон æмæ ме ссинаг æрбахæссон!

**Сæмæг** *(нæ йын æмбары йæ хъазæн ныхас).* Кæдæм раст кæныс? Азым уæхирдыгæй куы разына, уымæй тæрсыс?

**Цъубыр** *(æрбадт фæстæмæ).* Уый дæр дзы ис, фæлæ, зæгъын, тагъд Дзæхирæты æфсæртыл куырой разилдзæн æмæ ривадæй зилынæн æвгъауаг у...

**Дзæхирæт** *(Цъубырæн).* Æ, бын бауай, æппын дын сылты æлхысчъытæ кæнынæй бафсис нæма ис? Дæ монц нæма ссыд æппын? *(Сæмæгæн.)* Зарæджы хуызæн дын æй акæнон зоны хъуыддаджы ахаст?

**Сæмæг**. Хъарæджы бæсты зарæг зæрдæзæгъгæдæр!

**Дзæхирæт** *(зарæгау ивазгæ дзуры).* Гъой, æмæ, дам| номдзыд Нокары лалым æфсымæр, йæ ном Цæттæлæг кæмæн у, цæттæ фыдбылыз, гъой, уый, дам, лæппутæ, бавдæлд æмæ уалæ Хистгæнæн фæзы стыр симды æнæрцæф туаллаг пысыра Кокийы хо бæстырæсугъд Бацæйы йед... *(Ферхæцыд.)* Бацæимæ кафгæ-симгæйæ уæрагæй фæкафыд, рæмбыныкъæдзæй фæсимдта, гъой!

**Сæмæг**. Хорз зарыс, дæ рынтæ дын бахæрон, фæлæ дын ницы раиртæстон дæ дæлгоммæ зарæгæн.

**Гæнгæл**. Сæмæг! Æз фæуæлгоммæ кæнон Дзæхирæты? Ома йæ зарæг ын...

**Дзæхирæт** *(Гæнгæлæн былысчъилæй).* Кæд лæгмондаджы зæронд бадæн, уæддæр... Арсы хъуыны мæлдзыг!

**Гæнгæл** *(худы).* Доны кæфæй æрми кæсаг хуыздæр, мæ къона!

**Сæмæг** *(тызмæгæй Гæнгæлæн).* Фæлæуу-ма, цæхгæрмæ гуырд! *(Дзæхирæтæн.)* Уый йын цавæр æнахуыр кафт уыд Цæттæлæгæн – уæрагæй? Стæй йæ симд та – рæмбыныкъæдзæй загътай?

**Дзæхирæт**. *(Цъубырæн).* Ды уым цы сфæтъæн дæ, уым? Нæхи Ныхасы дуртæ дæ фæтæн арынджы фаг нал сты? *(Гæнгæлæн.)*

Гæнгæл – дзæнгæл! Мæ уд дын физонæгæй, рауай ма, æз демæ Цæттæлæджы кафтæй акафон æмæ уый симдæй æрсимон!

*Гæнгæл æм дондзæуæны дуртыл бауад. Дзæхирæтыл дæларм-уæларм æрхæцыд, йæ лæдзæг иуварс баппæрста, дзыхæй цæгъды æмæ симынц.*

**Дзæхирæт** *(йæ уæрагæй Гæнгæлы уæраг бакъуырдта).* Гъе, мæнæ-иу афтæ Цæттæлæг йæ дурхъæбæр уæрагæй Бацæйы фæлмæн хъамбул урс уæраг бацавта! *(Йæ рæмбыныкъæдзæй Гæнгæлы риу балхъивы.)* Гъе, мæнæ уфтæ та-иу ын йæ цыргъ рæмбыныкъæдзæй йе 'нæвнæлд, æнæуузæрст урс риу балхъывта, æдзæсгом чи у, уый! *(Гæнгæлы иуварс ассонæгау кодта.)* Æмæ мæнæ адоны худинаг та Уæнгæлимæ, адоны худинаг?..

**Гæнгæл**. Æххæст ма нын, цы хуызæн худинаг у, уый дæр зæгъ – цъæх у, сырх у, æви Бацæйы уæраг æмæ риуау урс у? Цы худинаг нæм ссардтай уæд махмæ та? Кæд дæ дзуринаг æппындæр бахудыны худинаг нæу, уæд та?

**Цъубыр** *(йæ лулæ сдымдта).* Тынг раст дын зæгъы Гæнгæл: лæг цы уыны æмæ цы хъусы, уыдон æппæт дзурыны аккаг не сты! Фæлæ адоны худинаг уæддæр зæгъ – уыдонмæ дзы ницы хаудзæн, хæд-зонд адæммæ та хаудзæн сæ чъизи къæдзилы хафт. Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй...

**Дзæхирæт**. О! Æмæ ма иу лæвар, о! Бацæ æмæ иннæ Дзылаты рæсугъд Азирханы далæ Хæпо йæ цъæтджын уæрдоны мæнæ ныр схæццæ кæндзæн Хъæдæргъæвæны галвæндагыл, зæгъгæ, афтæ дын ацы дыуузæ æнæрдызт богъы астымгæрдæгыл куы ныддæлгом уаиккой! Æмæ, куыд æнхъæлут, цы хъахъхъæдтой?

**Гæнгæл**. Æзынма цы радзуринаг дæ... Сæмæг, мæхæдæг уын æй бæстон луæрстæй радзурон?

**Сæмæг** *(худгæйæ).* Чызджытæ куы 'рцæйхизой уæрдонæй, уæд сæ фæдджитыл уæлæмæ схæцдзысты æмæ сын сымах сæ фадхъултæ ауындзыстут, нæ?

**Гæнгæл**. Æцæгæй дæр!.. Мæ цæххыл мын!..

**Сæмæг** *(йæ къух ауыгъта).* Уый цæй худинаг у – мах дæр-иу нæ заманы афтæ кодтам.

**Дзæхирæт**. Уæдæ Цæттæлæг дæр уæхи фалæсыхы сахуыр æнæуаг митыл, нæ?

**Сæмæг** *(Цъубырæн Дзæхирæтмæ амонгæйæ).* Ацы дæрдджын чызджы кафт дæм куыд кæсы? Йæ ныхæстæ уырнинаг сты?

**Цъубыр**. Æз дæр дæуæй уæлдай хъуыддаджы бæлвырдæн ницы бамбæрстон – иумæ нæ бадтыстæм дывæлдах фынгты уæлхъус?

Фæлæ дзы а нæхи Кокимæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй, мæ фыды рихийыстæн!

**Сæмæг** *(Дзæхирæтæн).* Дæуырдыгæй ардауæн ныхас чи загъта, уый комбаст, омхус фæуæд æмæ дон-донгæнгæ искæй фæсдуар йæ уд сисæд! Уæд сындзытæ фæхæр де 'взагæй!..

**Дзæхирæт**. Гъемæ æз кæд ахæм æнæууæнк сдæн, уæд дыгурон Локар дæр уым уыд æмæ адæмы сæрызонды Мæхæмæты дин сагъта. Æрфæрсут уый дæр – уый та уын, Хуыцауы цæстытæм кæсгæйæ, дзурæг. Мæхæмæты дин, дам, райсæм, хорз ир, æмæ нæ карз нозтыл уæд бахъоды кæндзыстæм. Гъемæ йæ бафæрсут. Йæ дыгуронмæ йын ма кæсут: бынтондæр нæхи ироны хуызæн уæздан æмæ æнæсайд у. Стæй уый – Локар, махон та... *(Ферхæцыд.)* Фалæсыхаг та – Нокар. Уыцы дыууæ номæй цас хъауджыдæр ис, æндæр хъауджыдæр нæй ир æмæ дыгурæй дæр! О! Æмæ ма дыгуры хардзæй дæр иу замманай о! Мæн та цæуын хъæуы Тъæпæнхъæумæ – ныхасаг мæ дзы ис... *(Бахудызмæл.)* Фæлæ зондджынтæй дæр æдылыдзæфтæ вæййы, сæ тæккæ дыгурæй куы уой, уæддæр: искуы дæр ма ирон лæгæн, йæ нозтыл йæ къух кæй фæрцы сиса, ахæм дин садз йæ арахъдомд сæры!..

*Йæ лæдзæг фелвæста æмæ ацыд.*

## ЦЫППÆРÆМ ФÆЗЫНД

*Уыдон æмæ Хъуындо. Йæ уæлæ цъæх цухъхъа, сау уæлдзарм, худ, æрдæгæвзист хъама æвзист роныл, къогъодзитæ. Йæ къухы æппынæдзух дæр – ехс. Цъубыр йæ лулæимæ архайы, Сæмæг йæ лæдзæг цыдæр цыргъагæй лæгъз кæны. Гæнгæл донмæ дуртæ æппары æмæ сæм кæсы, куыд уылæн сайынц, уымæ – йæ сæр дисгæнгæ батилы.*

**Хъуындо** *(йæ хъамайы сæрыл хæцгæйæ).* Ам Кокийы æвастæй дæр æмæ ме 'вастæй дæр цыдæр ныхæстæ цæмæн ис?

**Сæмæг** *(сабыр бахудгæйæ).* Дæ фæхъхъау фæуон, Хъуындо! Æмæ сымах, уæ дыууæйы æвастæй ома уасæг куынæ уасы, карк хъуыдатт куынæ кæны, уæд мах Хуыцауы æрцæф стæм?! Сымахæн табу кæнæм мах дæр.

**Хъуындо**. Ахъаз-ма, Сæмæг, ахъаз, цалынмæ ма уын уыцы фадат ис, уæдмæ. Фæлæ иугæр Коки истæмæй афтæ æмæ уфтæ загъта, уæд æй алчидæр афтæ æмæ уфтæйыл нымайæд! Кæд Кокийы загъдыл разы нæ кома, уæд та – цæгъдгæ!

**Сæмæг**. О, о, мæ хур: иугæр Коки сырддонцъиуæн хъазы æйчытæ æфтауын кæны, уæд æнæ уæлдай ныхасæй æфтаугæ у!

Науæд та иннæрдæм дæр: хъаз йæ рады сырддонцъиуы æйчытæ згъалæд...

*Гæнгæл йæ куыст фæуагъта æмæ дзырдæппарынæввонгæй лæууы.*
*Цъубыр сæм худæнбылæй хъусы.*

**Хъуындо**. Уый та, кæс-ма, мæ хъуыдыйы не 'рцыд. Фæлæ Кокийы æвастæй йæ дæлгоммæ фæлдæхт кæхц дæр хъуамæ мачи уæлгоммæ кæна. Фæлæ ды, уыцы зонджынæй, кæм вæййыс, Сæмæг, зымæг?

**Сæмæг**. Зымæг-йа? Дæ мады фарсмæ, æндæр уæдæ кæм хъуамæ уон! Гъе, æрмæст дæлгоммæ ныффæлдæхы æмæ, марадз-зæгъай, кæд æнæ Кокийы бафæрсгæ суæлгоммæ кома... Исты рæхойæн ма дын зæгъин дæ хойæн дæр, фæлæ уал дын æгъгъæд фæуæд ацы хатт: лæгæн йæ зæрондмæ ма кæс æмæ бæхæн та йæ уынд-кондмæ!

**Гæнгæл** *(æнæрхъæцæй)*. Сæмæг, æз дæр Хъуындойыл иу сæнар цæвон æнæ Кокийы бафæрсгæ? *(Нал банхъæлмæ каст бары ныхасмæ.)* Нæл дæ, сыл дæ, уæддæр Кокийæн ныззай! О, уа!

**Сæмæг** *(Цъубырæн, Хъуындомæ амонгæйæ)*. Кæд ма уæм ахæмтæ ис, фалæсых, уæд нæ гуырæй райгæ стæм.

**Цъубыр** *(йæ лулæ та хусдымд кæны)*. Мæнæ ды йæ мады фарсмæ куы батыгуыр дæ, уæдæй фæстæмæ сихсыд се 'видигæ гуырæндон...

**Сæмæг** *(йæ къухтæ кæрæдзиуыл æрхоста)*. Нæ дын сарæхсдзæн, цы, фидиссаг фидисмæ?! Хорз мæм æй æрбакъæдз кодтай, фæлæ – фæуæд! Нал дын уилын дæ ныхас дæхирдæм.

**Гæнгæл**. Æццæй, Хъуындо, уæ кæрчытæ, Кокийæ æмризæджы ризгæйæ, лæхъуг æйчытæ æфтауынц, уæ хъуццытæн та се 'хсыр фæтуаг вæййы?

**Хъуындо**. Æз дæм куы азилон, уæд ма сæнтдзæфæй уæлдай лæгуат дæр фæуыдзынæ! Йафтæ дæ апирдзынæн...

**Гæнгæл** *(йæ хъамайыл дыуuæ къухæй æрхæцыд)*. Æз дын дæ хъустæ сæ бынæттæй куы баивон! Ды мæ хъамайæн йæ хъæдынмæ ма кæс: хъæбатыры къухты хъæдын кард фæринк у, дæу хуызæн тæппуды бæрны та болат дæр хъæмпы халæй уæлдай нæу. О, уа!

**Сæмæг**. Гæнгæл, дæ фæныкмæ дæ цалынмæ нæма арвыстон, уæдмæ дæхигъдауæй фæджелбетджын у. *(Хъуындойæн.)* Ды та, кæд дæхи зондæй чысыл дзырдхъом дæ, уæд ма нын мæнæ дыууæ зæрондæй, тæккæ знон Симды фæзы уыцы лæппу æмæ уыцы

чызджы астæу цы фыдбылыз æрхауд, уый зæгъ! Уагæр цавæр æнахъинон мæстаг фестут, Кокийы бæхджын æфсад?

**Хъуындо**. Коки иугæр... *(Йæ ныхас аныхъуырдта.)* Коки æнæхъæн комбæсты дæр у нымад лæг, нæрæмон! Фæлæ Коки у Бацæйы мæсыг æфсымæр. Афтæмæй Цæттæлæг та ничи у, кæд Нокар чысыл цыдæр исчи у, уæддæр.

**Сæмæг**. Ныр дæм искæцæй Нокар куы ‘рбадзагъул кæнид, уæд уаридзавд маргъау зæрдæтахт æмæ тугтарст нæ фæуис, мысты хуынкъ гал кусæрттагæй нæ агурис, цымæ?

**Хъуындо**. Куыннæ, куыннæ! Уый уæлæмхасæн ма дыууæтæзайаг хъуг дæр. Фæлæ Хистгæнæн фæзы та цы рауад æмæ цы ‘рцыд, уый куыдфæндыйæ дæр рауайæд æмæ æрцæуæд, æрмæст Коки иугæр афтæ загъта, уæд æндæр хуызон гæнæн нал ис хабарæн! Цæттæлæджы æмæ уыимæ æгас фалæсыхы азым дæр у тугæй фидинаг. Æмæ уæхæдæг Цæттæлæджы марынмæ дзæбæхæй æриут! Уый нæй, уæд та уын мах кæм стæм æцæджы хъуыддагæн дæр бæхджын æфсадæй!? Æд мыстытæ æмæ уæ æд лыстытæ... Кæй уæ хатырæй æрмæст маргæ, кæй та ма судзгæ дæр! Нокартæ æмæ Æхсæлфтæ махæн ницы сты бон дæр æмæ æхсæв дæр!

## ФÆНДЗÆМ ФÆЗЫНД

*Уыдон æмæ Уæнгæл. Йæхицæй йæ хъæрæй ныхас фæраздæр – фæсфисынæй хъуысы. Æдзухдæр фæстаг дзырдты кæрæттæ дывæр кæны, уæлдай хъæрдæрæй сæ фæзæгъы.*

**Уæнгæл**. Æз загътон-тон! Æз федтон-тон! Цæгъдинаг сты фалæсых-сых! Хъыдзы-мыдзы сыдзмыдзы-дзы!

**Гæнгæл** *(сцин кодта).* Æвзæры кой скæн æмæ дæ къухмæ... дæ къухмæ йед сис – дур! *(Цъубыры дуртæм кæсы.)* Цъубыр, дæ дуртæй ма мын æфстау авæр. Хъусыс, уæ авдсæрон уæйыг Уæнгæл хæхтæ лæгъзгæнгæ æрбассæнды. Æцæг дæ авд усæй иу дæр куыннæ фæрæстмæ, афтæ уымæн дæр йæ авд сæрæй иу дæр зонды хъæстæ нæ фæцис.

**Хъуындо**. Æллæх, мацы мын уæд: хомыс задыныл худти! Æз цæуын, мæнмæ стыр хъуыддæгтæ æнхъæлмæ кæсы...

*Куыд фæцæйцæуы, афтæ хæрхæмбæлд фæвæййы Уæнгæлимæ. Уæнгæл ын фæндаг радта. Хъуындо фæауун. Уæнгæлыл скъуыдтæ кæрцы къæрид, цыдæр æнахуыр хæлафгонд, пырх къогъодзитæ. Йæ ронбаст – фæскъау*

*бæндæн, йæ комдæлы хъæдын хъама æмæ æхсаргард тъыст. У бæгънæгсæр æмæ бæгъæввад.*

**Уæнгæл** (*Гæнгæлмæ кæсы*). Æвзæр ма зæгъ-зæгъ!

**Гæнгæл** (*тæккæ былгæрон слæууыд, тугæнæгау кæны*). Ту, фалæсых! Хъыдзы-мыдзы размæ! Æдылы! (*Йæ амонæн æнгуылдз Уæнгæлмæ сарæзта.*)

**Уæнгæл** (*донгæрон слæууыд, ту кæны*). Ту, фалæсых- сых! Хъыдзы-мыдзы сыдзмыдзы-дзы! Зондхъуаг! (*Йæ амонæн æнгуылдз Гæнгæлмæ сарæзта.*)

**Гæнгæл**. Æмæ сымах уæ хист скъæты куы фæхæрут! Сусæгæй!

**Уæнгæл**. Æмæ сымах хуырхгуыбынтæ куы стут, тут!

**Гæнгæл**. Хæдмæлхортæ!

**Уæнгæл**. Хомхортæ! Уæлартæй хæргæтæ!

**Сæмæг** (*зæхх лæдзæгæй æрцавта*). Ныхъхъус ут! Хуыцауы дзыпп куы фæхуынкъ вæййы, уæд дзы цынæ разгъæлы мæгуыр зæхмæ! (*Цъубырæн.*) Цæй, цæуыл ахицæн, мах зулдзаст, зулдзых чи кæны, уыцы хабар? Ды дæр ма дæ сывæдæг цъирын фæуадз æмæ хъуыддаджы бæлвырдыл бацархай!

**Цъубыр**. Цы бæлвырд хъуаг ма у? Мæнæ дын арс, мæнæ дын йæ фæд дæр: арс – уæ Цæттæлæг, йæ фæд – чызджы фæлмæн уæраг æмæ йæ чызгон риуыл...

**Сæмæг**. Дзæхирæты сæнттæ зæрдиаг ныхасы сæр кæныс?!

**Цъубыр** (*сыстад*). Æндæр фидиуæг нæй. Мæнæн дæр тынг раст бафидис кодта, нæхи фарсы дуртæ, дам, дæ йеды... дæ фæтæн синты фаг нал сты, зæгъгæ. Гъемæ цæуын нæхирдæм...

*Доны бауайæн дуртыл куыд фæцæйцыд, афтæ фæцудыдта æмæ æрхауд йе 'рбадæнтыл. Слæууыд йæ дон тæдзгæ, стæй бахызт фаллаг фарсмæ. Гæнгæл æмæ Уæнгæл худынц. Сæмæг дзурын куы райдайы, уæд сæ хъыпп-сыпп нал райхъуысы.*

**Сæмæг** (*йæ цæстытæ арвмæ ныццавта*). Табу дæхицæн, домбай Хуыцау! Арыд сыгъдæй куыд нал тæрсы, афтæ Цъубыр та хуылыдзæй. Фæлæ-иу фыдæх-тауæг, афтæ фæкæлгæйæ, йæ сæр дуртæм куы 'рхæссид, дуртæм! Дзæгъæлы йæ нæ загъта, чи йæ загъта, уый, зæгъгæ, æвзæр бынылзад...

**Цъубыр** (*уæдмæ сæхи фарсы Ныхасы дуртæй иуыл сбадти*). Кæмæй йæ хъусын, кæмæй? Уæ мæцъы бæндæн уе 'фцæгыл, афтæмæй иудадзыг уый гæс куы уыдыстут, уæдæ кæм цы фæфос кæнæм, кæм цы родыхъус рацъипп ласæм, цы фынæй байраг! (*Хъæрдæрæй.*) Родхъустæ!

**Сæмæг** *(йæ лæдзæгæй зæхх мæсты цæф æркæны).* Астофырæллæх! Мæнæ ирон æвзаг цы цъыллинг у, ноджы ма йын лæджы ‘фсармырдыгæй цæлхдур куынæ уа, уæд! *(Алы фидисы фæстæ дæр зæхх лæдзæджы бырынкъæй æрцæвы.)* Æма дæуæн дæ мад цæргæцæрæнбонты йæ куатæ дæлæмæ куъ! никуы æруагъта, уымæн æмæ саубон-изæрмæ æри-æригæнга хæдзари-хæдзар зылд! Æмæ сымахæн æдзух уæ уазæг æхсæны уазæг куы уыди: цыхты къæртт уын авæр, айчы æмбис уын авæр, фыдызгъæлы комдзаг уын авæр, нурыйы дæндаг, хъæдындзы сыф! Куы зынг, куы фынг! Иу хордзон тъанг нæ куырдта, æндæр...

**Цъубыр**. Ныр-иу калм йæхи маргæй куы мæлид, уæд дæуæй раздæр исчи фæхъипп уаид? Фидисдзæгъдæг!

**Сæмæг** *(сабырдæрæй).* Ды райдыдтай, амидингæнæг дæхæдæг дæ – æмæ мыст куы фæкъахы, уæд фылдæр хатт йæ пайдайæн исты нæ рахауы... Иугæр дæхæдæг сæгъы къæдзилы миниуæгæй æлгъыст дæ, уæд далысы дымæджы фæхъилыл ма худ. Ныр та фæстæмæ раздæх! *(Сыстад, Цъубырырдæм дыуух санчъехы бакодта.)* Уæздан лæг йæ над адæмыл нæ хъæр кæны...

**Цъубыр** *(йæ лулæйы тамако кæны).* Цъисткомы схæрдгæнæн нырма разæй ис – над кæуыл æрцæуа, уымæн кæстæртæ æвдисæн...

*Сæмæг йæ къух ауыгъта æмæ фæстæмæ йæ бынатмæ баздæхти, сбадти. Гæнгæл æмæ Уæнгæл уæдæй нырмæ кæрæдзиуыл былгæронæй иннæ былгæронмæ донкалæгау кæнынц. Ныр фæлæууыдысты.*

**Гæнгæл** *(донмæ æдзынæг кæсы).* Уæнгæл, кæд дæм чысыл дæр зонды-хъæр ис, уæд ма уæдæ уый базон: доны фæнды дæргъæццон дур ныппар, фæнды дзы цыппæрдигъон дур нысхой, фæнды дзы дæу нынтъух, кæнæ Цъубыры, уæддæр дон фæйнæрдæм æмдымбыл цæгтæй цæмæн ацæуы? Хъыдзы-мыдзы размæ! О, уа!

**Уæнгæл** *(йæ дзых ныххæлиу).* Дæ хицау ай! Æмæ уый иу лæг дæр, йæ зонд йæ былтæй кæмæн кæлы, уый дæр куы нæ базондзæн! Дзæн-дзæн! Суанг Нокар æмæ Локар дæр æмхæстæй-хæстæй! *(Кæйдæр ауыны дардмæ.)* Дæ хицау ай! Ай айдагъ æвзæр куы нæ цæуы йæ коймæ: уалæ йæхæдæг Локар! Дæ хицау дæр æмæ мæ хицау дæр ай!

**Гæнгæл** *(йæ къæмисæны комкоммæ йæ галиу æнгуылдз здухы).* Ныр иу хъуыддаг цал хатты хъæуы дæ хъусы уасын! Ай дæ хицау, зæгъгæ, дзурынц адæм, дæ хицау ай нæ, фæлæ! Мæ цæххыл мын маст ма кæн!

**Уæнгæл**. Цы сæ уæлдай ис омæ-мæ? Фæнды дæ хицау ай, фæнды дæ ай дæ хицауæй-уæй? Æз лидзын, науæд Локар дин-дин кæны. Есойы æнæсой – æнæнозт дин-дин. Мæн та ирон дин-дин хъæуы! Æд нозт дин!

**Гæнгæл**. Уæнгæл, сымахмæ та цы хæринаг ис? Хæнкъæл хъæдуримæ? Махмæ та хъæдур хус дзидзаимæ! *(Аздæхт Сæмæгмæ.)* Сæмæг, ардæм дын дзы æрдавон? Кæхц ыл дæлгоммæ фæлдæхт у, фæлæ йæ æз Кокийы æвастæй дæр уæлгоммæгæнаг дæн. О, уа!

**Сæмæг** *(йæ къухтæ сцагъта)*. Нæ, нæ! Уæхицæн хæлар уæд дæ мадимæ!..

Гæнгæл æмæ Уæнгæл фæйнæрдæм ацыдысты.

## ÆХСÆЗÆМ ФÆЗЫНД

*Сæмæг, Цъубыр æмæ Локар. Локар уæзбын цыдæй æрбацыд. Йæ уæлæ сау пæлæз фадхъултæ æмбæрзы. Йæ гомсæры даргъ дзыккутæ хъулон бæндæнæй баст. У зачъеджын. Йæ къухты æнæсцухæй боннымайæнтæ. Йæ алы сныхас дæр хиуылхæцгæ, йæ алы фезмæлд дæр нывыл, аив.*

**Локар** *(йæ рахиз къух йæ зæрдæсæр авæрдта, æркуывта йæ сæрæй)*. Уæ хъуыддæгтæ уын Хуыцау рæстмæ кæнæд æмæ фарн уæ ныхасы!

**Сæмæг** *(йæ мидбынаты йын фенкъуыст)*. Фæрнджынæй фæцæр æмæ дæ Хуыцау разы уæд, мæ хур!

**Цъубыр** *(фестæгау кодта)*. Алы бон æгас нæм цу!

**Локар** *(куы Сæмæгмæ бакæсы, куы Цъубырмæ)*. Фарн уа ныхасы загътон, фæлæ цыма... *(Сæмæджы дæлварс слæууыд.)*

**Сæмæг** *(разырдæм фæгуыбыр)*. Цъубыр! Мæнæ нæм æмбаргæ адæймаг сæмбæлд, хъулон гæххæтт фæрсæг, Уырыс æмæ Гуырдзымæ цæуæг, æмæ раздæх, йемæ ауынаффæ кæнæм!

**Цъубыр.** Æз уæ ардыгæй дæр тынг хорз хъусын, мæн доны хæлхæл нæ хъыгдары! *(Æргомыздæхт сæм сбадт.)* Фæлæ, кæд Локармæ Хуыцауы тæф хæццæ кæны, уæддæр уый нæ зоны, уалæ сæрвæты ном Сæгъдуцæн цæмæн у, далæ цъалайы цъыхыры чи басыгъта, чи йæ ныллæгуын кодта æмæ йæ Сыгъдты хуым, зæгъгæ, чи схуыдта, уый уыдæттæ нæ зоны! Гъемæ сæ аразæг Бицæгъуыр, йæ рухс дунейæ куы рацæуа мæрдтæй æмæ мæм уый куы ‘рхата, уæддæр... Кæрдзындих – зæрдæуæрст...

**Сæмæг** *(йæ къухтæ бæрзонд систа).* Табу, Стыр Хуыцау! Фæлæ ды дæр цы мæгуыр дæ, махмæ æнæ кæсгæ кæмæн нæу, мах æнæуарзгæ кæмæн нæу! Де сфæлдыст адæймаджы фæдфæливæнтæ, сæрбихъуырæйттæн кæрон куыд нæй, уый цæй диссаг у, цæй! *(Сыстад, тæккæ донгæронмæ бацыд.)* Цъубырхъан! Мæ фыд Æхъмырзæ Джимарайæ ардæм стырфыд Бицæгъуырæй дæр ма бирæ раздæр куы æрæфтыд æмæ уый куы суынгæгуд ацы комы æмæ йæ уый куы схуыдта Цъистком, уæд дæ армыдзаг цæсгом цытæ хъæцы дзурын?! О, Сыгъдты хуымы уыдис цъыхыры дæр, фæлæ дзы хуым луаргæ зæххæй скодтой, зиугуылфæй цæугæйæ! Луаргæ зæхх-сыджытæй! Дурты цъарæй! Хохвæхсты, лæбырдты, дуртæ сыхырнайæ сасирау луæрстой, æмæ-иу сæм цы рыг æмæ мæры тæпп бамбырд, уый уырдæм хастой афæдзæй-афæдзмæ. Уæлвæз тъæпæн та Хистгæнæн фæз уæд рахуыдтой, æмæ дзы фыййæутты сихордзау авд æнахъомы здухгæ-тухгæ уады амæддаг куы баисты... *(Паузæ.)* Гъемæ та дзы зноны бон дæр... Фæлæ азымы кæй дарын хъæуы, чи у райдианæй азимаг, уый та... Мастæн нæ къухбæттæг уазалзонд ныхас хъæуы, Цъубыр! Нæ дыууæ тæнæг сыхы зондагур махмæ цæуынц! Сыст-фидисы ном та æндæртæн уадзæм...

*Локар Сæмæджы ныхæстæм йæ сæр разыйæ æнкъусы, дзурынæввонг фенкъуыст размæ, фæлæ йæ Цъубыр йæ къухызмæлдæй фæурæдта, Локар ын йæ сæрæй акуывта æмæ фæстæмæ йæ бынатмæ ралæууыд.*

**Цъубыр** *(тæккæ донибылмæ бацыд, йæ лæдзæг сисæнцой бавæрдта).* Ды ахуыргæс дæ, Локар, æмæ хъулæттæгонд гæххæтт дæсны фæрсын зоныс, кæсыс ын йæ ногъайаг дамгъæтæ цæмæдæр æмæ йын йæ ныстуантæ-фæдзæхстытæ æвзарыс. Фæлæ мах та талынг уæрмы бадæг адæм стæм, мах нæ ауунæй дæр схъиугæ кæнæм. Гъемæ нын чысыл маст дæр тыхгæнæг у. Æрмæст ацы стыр æмæ къуындæг дуне мах азарæй хъулон нæу – суанг Хуыцауы уарзт дæр хъулон уарзт у, уый дæр нæм йæ амæндтæ урæн бон хъулон хонджытæ æрвиты!

**Локар**. Тобæ зæгъ, Цъубыр! Есо Чырысти дæр Йæхæдæг Хуыцауы уарзон Хъæбул у, æмæ мах дæр Хуыцауæн æмхуызон рисæй риссинаг æмæ æмхуызон цинæй цинаджы цæуæт стæм, Аман æмæ Атаны зæйц.

**Цъубыр**. Хуыцауæй рох ма у йæ рæвдауæн бон! *(Аздæхт Сæмæгмæ.)* Нæ чызджыты хуыздæры нын фæндырты цæгъдинаг, къуыппæн зарджыты сæйраг æмæ фидисты фыццаг фæкодтат, æгас

адæмтæй дæр ныл худинаджы гакк сæвæрдтат æмæ ныр æнцад сбадинаг стут уæхицæн?! Иу худинаджы аргъ та æгас Калак дæр кæй нæу, уый та дын мæн амонинаг фæцис?..

**Сæмæг**. Æмæ алы гъæйтмæ дæр уæйтт хъæуы? Стæй цацæг дзурыс, уацæг дæ къона! Суæм уæдæ тугæйдзаг хылтæ, карды ком æмæ фаты фындзæй фидауынмæ ‘рцæуæм, и? Фыдкомæй фыдæндæгъд хуыздæр, зæгъгæ, нын ныстуанæн баззад махæй зонынджындæртæй. Æмæ уал мæнæ фæрсæйкæсæг-бирæзонаг Локармæ дæр байхъусæм, куыд æмæ цы рауад, уый тыххæй. Цымæ паддзæхты мидæг дæр афтæ уæлæнгæйтты рауайынц хæстытæ æмæ сын бафидауын та уымæн нал æмæ нал фентысы? Хæсткъахæг чи у, уыцы лæг-иу фæстиаты къуылымпы цæуылнæ фæзоны?

**Локар** *(йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта).* Æз цы дзурын, уый кæддæриддæр, Хуыцауы цæстытæм кæсгæйæ, дзурын. Ирон маст зныхы æфсонæн улæфтæй дæр схæцы, ныппæлхъ ласы... Знон цы ‘рцыд, уый æз дæр хъус-хъусæй фехъуыстон, мæхи цæстæй та ницы федтон. Фæлæ ацы маст кæйдæр пайдайæн у æмæ йыл фу-фу кæны, æндзарæнтæ йæм калы...

**Сæмæг** *(стыр разыйæ).* Мæ зæронд сæр дæ нывонд! Мыггагыскъуыдтæ дæр, мыггагдзагъд дæр кæйдæр æвзæр дзыхы ардыдæй фæвæййæм. Уыцы зондджын ардауæг йæ былтæ ирон кад æмæ намысы сойæ уæлæнгæйтты айсæрды æмæ раздæр æрфыгæй схæцæм, хъуынтъызæрфыгæй, стæй нæ иумæйаг фыдгулы ардыдæй нæ сау дзыхтæ райхалæм æмæ хотыхтæм фæлæбурæм. Гæрræтт, дам, дыууæ лæгæн хылы хос, хъæубæстæн та хæсты хос – ацы уавæр дæм уыйау нæ кæсы? *(Йæ рахиз къух Цъубырмæ фæрсæгау дары.)* Чи у змæнтæг, кæцы у змур? Фыдбылыз джидæфæрæтау дыгомыг у, дыууæрдæм дзы у тас. Мæнæ хæст дыууæйæн æмбис куыд у, раст тæккæ афтæ! *(Сабырдæрæй.)* Махон уыл, чи зоны, æмæ æхсæнчъы хæст фæкодта, сымах та нæ арсы тындгæнинаг стут.

**Локар** *(йæ къухтæ табугæнаг лæгау йæ риуæмбæрц systa).* Дунедарæг! Дунеуромæг! Мастагурмæ хуыздæр зонд æруадз! Иргъæвæг лæг адæмæн дæ хæрзиуæг у æмæ мæ иргъæвæджы хъомыс уæд! Æвдисæн та... Æнæ бæрæг-бæлвырдæй, æнæ сæрысуангæй цы нæ зонын, уым мæхицæй хъуыддагæмпъуз æвдисæн цы ‘гъдауæй саразон? Фисынмæ æвдисæн мæ куы рауайа, уымæй та æдас нæ дæн...

*Цъубыр сыстад, бацыд Сæмæгмæ хæстæгдæр, лулæйæн йæ тамакодоныл хæцы æмæ лулæ, куыд дзуры, афтæ уæлæмæ-дæлæмæ кæны.*

**Цъубыр** *(Сæмæгæн)*. Ды, хорз лæг, æмбисæндтæй ерыс ма сид – алкæмæн дæр дзы йæ ныхмæ иннæ кæй лæууы цæхгæр æндæр зондимæ, ныхмæвæрд зондимæ, уый тынг хорз дæр ма зоныс. Гъемæ æхсынчъы хæст уыд, мысты ныхылд уыд, уый æз дæр нæма зонын! Фæлæ арт куы къахай, уæд зынг стъæлфаг у. Æмæ махæн та Цæттæлæг уазал фæнык фенхъæл. Æмæ йæ уыцы зæрдæ фæсайдзæн: гуымыдза фырытæй сыкъаджынтимæ ма хæцут – уæ хъустæ дæр уæ нал фæуыдзысты!

**Сæмæг** *(мæстæлгъæд худгæйæ)*. Ныр мыл, Цъубыр, фыртæссæй цъыртмиз куы бахæца, уæд дæм æвгъауаг нæ кæсын? Æви мæ уавæр мæнæ иу кæйдæрау уайы? Иу кæмæндæр, дам, йæ сæр лыг кодтой, уый та сын афтæ фæдзæхста, мæ сынкъ, дам, мын ма фæцагайут! Æз дæр ма уыйау цæуылты хæрын мæхи... Уæвгæ та мах рагæй нырмæ дæр стырзæрдæ адæм стæм – дон дæр нæ худгæйæ фæласы...

**Цъубыр** *(ныхас цæхгæр иннæрдæм здахы)*. Локар, æмæ уæддæр дæ дин циу, кæцытæй у? Дзæхирæты ныхас зыгъуымммæ ныхас у, Мæхæмæты дин дын у, æцæг, далæ кæсæджы дин, не ‘лдæртты дин, æви? *(Бахуды.)* Кæсгонæн, дам, йæ уæрдоны сæмæн куы асæтты, уæд æй ироны аххос кæны, ироны ‘фсон...

**Сæмæг**. Мах та – мæхъхъæлы. Науæд та – фалæсыхы!

**Цъубыр** *(фыццаджы хъæлæсыуагыл йæ ныхас дарддæр кæны)*. Зарæгæн дæр фидауы кæсгон... *(Базарыд.)* Дзуарыфцæгыл, дам, мын кæсгон лæууы! Гъой, гъой, хæсты бон, дам, уæдæ Кокийы зæрдыл цæсгом лæууы!

**Сæмæг**. Куыннæ стæй! О, нæ! Æз цы тигъмæсимæг Кокийы зонын, уый зæрдыл мын цæсгом...

**Цъубыр** *(нал æй бауагъта йæ ныхас фæуын)*. Зарæджы Коки æндæр Коки у... *(Локарæн.)* Гъы, гъы, дæ рынтæ мæ гуыбыны, динтæй нын кæцы садзинаг дæ нæ айнæг дуртыл? Хæсгæ донæй суадон куыд нæй, афтæ садзгæ динæй дæр ног зонд уа, мæгъа...

**Локар**. Дуртыл тауинаг фыццаг хурыскастыл адзæгæрæг уыдзæн! Æмæ дуртыл тауинаг нæу, фæлæ зæрдæты, зонды, уды! Дæ зæрдæйы арфæй дæ, дæ уды уæрæхæй æмæ дæ дæ зонды авналæнтæй куынæ бауырна Хуыцауы æцæгад, дæхи Хуыцауы мидæг куынæ ферох кæнай æмæ дæхæдæг хуыцау куынæ суай, уæд дын нæдæра Хуыцау уыдзæн, нæдæра иман – ома разлæууæг, Хуыцауы къæсæр амонæг. Гъемæ уæд адæймаг, цы фæкæны, уый йæхæдæг дæр нæ фембары, афтæмæй дæлимоны ахасты бахауы. Мæхæмæт-пехуымпары тыххæй та барæй загътон Дзæхирæтæн, Хуыцаумæ мын хъыг ма фæкæсæд. Ома, зæгъын, уый карз нозты

ныхмæ карзæй лæууы, æмæ уæд ирæттæн сæ хабар хорз нæ уыдзæн – сæ арахъхъ сæ фынгæвæрдæй фæхаудзæн...

**Сæмæг**. Уый куыд нæ фæхаудзæн махæй, афтæ нæ хорз фыдæлты фарн дæр фидар куы уаид фæлтæрæй фæлтæрмæ!..

**Цъубыр**. Æмæ уæд Мæхæмæты фæдонтæ кувгæ дæр цайæ кæнынц? Мæнæн дæр æй мæ зæрдæ æрцагуры фæснозт, битъына, фыхдонимæ...

**Локар**. Æцæг уырнæг адæм Хуыцаумæ нозтæй нæ кувынц, аргъуаны адæм. Уæвгæ дæ куы уырна Хуыцауы æцæг, уæд æм цæмæйфæнды дæр æмæ кæцæйфæнды дæр кув, бынат сыгъдæг ран уæд, хæраймаг ма уæд, æндæр.

**Сæмæг**. О, нæхи ирон дин дæр уый куы зæгъы: Хуыцаумæ, дам, фæнды дзыхъхъæй кув, фæнды къуыппыл!

**Цъубыр**. Уыцы хорз Мæхæмæт мæм хæрамзæрдæ ма бадарæд, фæлæ йæ дин махæн бæзгæ дин нæма у! *(Сæмæгæн.)* Æццæй?

**Сæмæг**. Рæстæг, æцæгдæр, йæхи амондзæн. Хуыцау та уæрст нæу адæмтыл, стæй нæ дуне дæр æвæгæсæг дзæгъæл нæу – цыдæриддæр дзы цæуы, уый Хуыцауы зонд æмæ фæндæй. *(Локарæн.)* Фæлæ ма айфыццаг, цымæ, цыдæр иумæйаг кувæн хæдзары кой дæр кодтай... Аргъуан у цы, йæ ном?..

**Локар**. О, аргъуан. Æмæ æгас Цъисткомæн хъæуы иу ахæм иумæйаг кувæн бынат – цытджын æмæ сыгъдæг агъуыст дины дзуары номыл. Иннæ хатæны та хъуамæ гæххætт хъулон кæныныл ахуыр кæнон, кæй фæнды, уыдоны. Стæй, о, йæ фæрсыныл дæр.

**Сæмæг**. Ымад цалдæр лæджы нæм зонынц æнæхъæн хæхбæсты æхгæд чиныджы хъулæттæ фæрсын. Стæй нæм чи нæ фехъуыста нарон Мамиаты Хъарадзау æмæ куырттатаг Битарты Хъайтыхъойы кой! Уыдонау цыма базырджын чиныг фæрсынмæ рæвдз уыд Томайты Мæхæмæт дæр...

**Цъубыр**. Локар! Хуыцауы зæрдæхудт макуы райс, макуы йын сæнад у, фæлæ, зæгъæм, райстам дын дæ амонинаг дин, уæд нæхи ирон Хуыцау та цы фæуа? Стæй нæхи сызгъæрин Уастырджи та? Адæмтæй дæр иу лидзæг у, иннæ сурæг, фæлæ дыууæтæ дæр уыдонмæ кувынц...

**Локар**. Хуыцау, о, иу у зæххы адæмтæн, фæлæ сызгъæрин Уастырджи та æрмæст мæнæ мæ дины сызгъæрин у, Чырыстийы дины дзуар!..

**Сæмæг**. Цъубыры йæ бæлвырд нæ хъæуы! Кæд уыдоны фалæсыхы фарс у, уæд хорз дзуар у, хорз Хуыцау у, на уый нæй, уæд... Уæд адон – лидзæг, мах та – се ‘фхæрæг сурæг! Йæх, Цъубыр, Цъубыр! Рагæй дæр æхсынцъысæр дæ, æхсынцъысæр!

Ӕмæ хорзæй дæр исты куы фæзæгъыс, уæддæр дын туагад дæтты! Раст дæ фæзгъæр мыд дæр дæуæн туагæргом уаид! Стæй дæ хъæддзарв дæр!

**Цъубыр**. Туаг дæр хаттæн зæрдæ бацагуры, æдзух мыдæй дæр сæлæт кæны, æлгъ.

**Сæмæг**. Уæддæр уыцы дзых, уыцы бæхджынгæнæг дзых! Уый ма дын куынæ уаид, уæд дæ халон йæ ахстонмæ фæхæссид! *(Локарæн.)* Ацы уæлгоммæ дунейы дыдагъ хъулæттæ, мæ хур, Локар, дæ сусæг гæххæтты хъулæттæй кæуылты зындæр фæрсæн сты! Чи сын райхалдзæн сæ суйтæ, чи сын ныхсдзæн сæ мидчъизитæ, мæгъа, мæгъа...

**Цъубыр** *(йæ цæстытæ тыхæуугæрстæй æуугæрды).* Стыр сихæрттæ мыл ссис, æндæр мæ цы ‘ргæвдынц мæ цæстытæ? Цон æмæ зæронд хæррæгъау мæхи æруадзон – сихорыхуыст рынтæсонтæ сафæн у...

**Сæмæг** *(знæтæй).* Ӕмвæндмæ, æмдзырдмæ нæма æрцыдыстæм æмæ, дам, сихорыхуыст хъаймæты къæсæрыл! Ӕз мæ уды стæг æхсынын уæдæй нырмæ, ай та фыдæрцыдыл æргомæй хъарæг кæны, сусæгæй та – зарæг!

**Цъубыр** *(барæй тыхамæлттæгæнгæ сыстад).* Зæронд йæ бызычъитæн дæр хос нал фæкæны... Адзалы хæкъуырцмæ дæр мæ бирæ куы нал хъæуы, уæд ма дын мæнæй, мæ хъаймæты ‘фсымæр Сæмæг, цæй уынаффæйы лæг ис? Мæнæн мæ фæндтыл рувас былысчъилæй æртæ футты кæны, стæй мæ дæхæдæг дæр куы куыйты хæринаг бакæныс, куы цы, афтæмæй ма мæ...

**Сæмæг** *(йæ дзыхы абадт).* Омæ уымæй дæр бæрæг нæу, уымæй, цы ‘лгъысты мæгуыры дуг мыл скодта, цы бон мыл æрзылд, уый? Ды, Цъубыр, дæхæдæг дон дæ фындзыхуынчъытæй нуазын куы райдайай, уæддæр дыл æз нæ бадис кæндзынæн, фæлæ ма нын рæзинæгтæ дæр ис, æнхъæлцаутæ! Сагъæссаг нын уыдоны хъысмæт у, уыдоны фидæн!

**Цъубыр**. Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй! Ӕмæ цы мæнг зæгъыс дон нуазыны хабарæй дæр – суанг мæхæдæг дæр нæ бадис кæнин мæхиуыл! Стæй сымах хуызæн фалæсых, хорз Сæмæг, йæ фалæсых кæмæн сты, ууыл мачи мацæмæй бахудæд, кæннæуæд йæхи худæджы хал уайтæккæ схаудзæн... Цы ‘рцæуинаг у, уымæн та æнæрцæугæ нæй.

*Цъубыр ацыд.*

**Сæмæг** *(фæрсæгау Локармæ кæсы).* Ау, дзæгъæлы сфæдисон дæн Дзæхирæты дзæнгæрджытæй? Афтæмæй мыл рагон усы æмбисонд куы ‘рцæуа: рагон ус, дам, иу хæдзармæ бацыд, æхсæв бонмæ дзы фæкуыдта, стæй фысымты фæрсы, чи, дам, амард, чи? Ау, никуыдæр ехсы къæрцц, никуыдæр бæхы хуыррытт, афтæмæй æз та... Æз дæр акæсон хъæмæ, Локарбег... *(Куыд фæзылд цæуынхъусæй, афтæ йæ къухаууонæй дардмæ акаст.)* Дæ Хуыцауыхатырæй уалæ уыдон Тымбыл мæсыджырдыгæй чи хъуамæ æрцæйцæуа? *(Арф ныуулæфыд.)* Зæрондæй ма кæд бæрзы уæрдæх истæмæн бæззы, æндæр мæлæтæй ма тæрс, зæрондæй тæрс...

**Локар** *(кæсы уыцырдæм).* Разæй Хъуындо йæ хъулон бæхыл, иннæ та...

**Сæмæг**. Иннæ та – Коки! Сæхицæн бирæгъты балæмбæлттæ сæ тæккæ агургæйæ сты, æндæр уæдæ бонрæфты... Сыгъдæгæй нæ сыххаст кæнын ныхъхъуыды кодта! *(Локармæ.)* Гъемæ уый куыд у, уый, мæ хур, æмæ адæм агъуыд куыйтау афтæ æнцон ардауæн цæмæн сты кæрæдзиуыл? И? Тæссармæзонд æмæ фисынмæ базырджынæй уайтæккæ цæмæн фемцæдисон вæййынц æмæ ма æмдых, æмвæндæй хох дæр куы сфæлдахынц йæ быныбындзарæй! Гъестæй æрчъицынц, æркæсынц сæ митæм æмæ фæсмойнагæй, цыма иронвæндаг кæнынц, уыйау сæ ехсыты цым хъæдтæй се ‘нæсæр сæртыл ралæууынц. Цæмæн афтæ сгуыхы хæрам зонд, адæмыл фыдохы бон скæныны фыдвæнды куы бацæуы, уæд? Кæм вæййы сæ аудæг Хуыцауы хай? Æппæтæй тæссагдæр та æууæндаг, æнæхин адæмæн Цъубыртæ сты. Ахæм дын хорз куы ракæна, уæддæр дын æй тайын нæ бауадздзæн, искæуылты дын æй дæ фарсы тæнæгæй фæкæндзæн...

**Локар**. Æрра зондджынтæ сæ фæдыл сайын-хонынмæ Иблисау дæсны сты. Æмæ сын сæ зонд тæрæзтыл барын хъæуы, науæд зынтæй раиртасæн вæййы, рæстмæаудæг сты, æви фыдæххæссæг, уый. Дин дæ зондæн ахъаз куы уа, уæд дæ галиумæ асайын, афæливын нæ бауадздзæн.

**Сæмæг**. Хуыцауы зæрдæ ссар! Фæлæ, уыныс, нæй Цъубырæй уынаффæмбал! Зæронд кæд баци, уæддæр дзы зонды гуырæн хистæр нæ рауад – йæ зæрдæйы æфсарм æмæ йæ сæры зонд æмцæдисон не сты. Æфсармæй цух у йæ тыхджын зонд, йæ дзырдарæхст. Гъемæ ма уæдæ ныр ацы фалæсыхæн сæ абоны æппаринаг зонд райсомы æвæринаг зондæй лæг кæй фæрцы бафæлвара баивын?

**Локар**. Ирон лæджы фæстаг зонд Кæсæджы Биасланты æлдæрттæ сæ фæстаг хæдонæй æлхæнынц. Стæй уæдæ гуырдзы дæр ирæн сæ фæстаг зондмæ тæхудыгæнæг сты...

**Сæмæг** *(хъæрдæр, тыхстдæрæй).* Омæ нын кæм ис, кæм, адæмтæн уыцы хæлæггаджы зонд?! Хор фесæфт, уæд быдыры агуринаг у, зонд фесæфт, уæд та, дам, æй хохы агур! Æмæ мах хох хох нæу? Æви Цъистком æндæр хæхтæм бадзæгъæл? *(Паузæ.)* Цæмæн афтæ æнæстъæлфгæ æмæ худæнбыл у Цъубыр, уый ды æмбарыс, Локар? *(Нæ йын банхъæлмæ каст йæ дзуапмæ.)* Уымæн æмæ сæ сыхы нудæс хæстхъом лæджы ис, махырдыгæй та æрмæст æртындæс, уый дæр мæнимæ, хырыз стæгимæ, нымайгæйæ.

**Локар**. Ау, уырдæмты ‘рцæудзæн хъуыддаг? Æви, æцæгæй дæр, дон кæй ласы, уый худгæйæ ласы?

**Сæмæг**. Афтæ, мæ хур, афтæ: Нарт дæр хъазгæ, худгæйæ фесæфтысты, се стырзæрдæйæ...

**Локар** *(æфсæрмдзастæй).* Сæмæг, мæ буц хистæр... Æрдæбон дæ иу ныхас афтæ уад, цыма Хуыцауы азымы дарыс... Ома адæм сæ куырмзондæй куырм фæтæджы фæдыл сæрсæфæнмæ куы ныххæррæтт ласынц, фæсмойнаджы фæндаджы сæр куы ‘рлæууынц, уæд, дам, сæ Хуыцауы хай хуыздæр цы гæс вæййы, зæгъгæ... Хуыцау нæ ‘вæджиауы домбай зондæй схорзæхджын кодта, цæмæй уæлæуон царды сæ кæрæдзийæ фыдæх æмæ фарн, галиу æмæ рахиз æвзарынхъом куыд уæм, афтæ. Мах та нæ цыбырхъуырæй бæстон ахъуыдымæ зивæг кæнæм. Æмæ уæд æнæфсарм, фæлæ зондджын куырм фæтæг фæзыны æмæ йæ фæсмойнаджы фæндæгтæ мыдæй байсæрды, сæрсæфæны мигъ урсцагъд къуымбилау ныббадын кæнын кæны. Фæлæ адæмæн «ма кæнут» чи фæзæгъы, сыкъатæагур хæрæджы балц уыдзæн сæ балц, зæгъгæ, сæ чи фæфæдзæхсы, уый та се ‘нæуынон свæййы.

**Сæмæг**. Омæ афтæ кæдмæ уыдзæн дунейы сконд, мæ къона, кæдмæ?

**Локар**. Цалынмæ зæххыл дыууæ лæджы уа, уæдмæ! Хъыгагæн, афтæ... *(Бахудæгау кодта йæ мидбылты.)* Дуне, дам, иу лæгæн æгæр у, дыууæйæн та фаг нæ кæны, Цъисткомæй сын къуындæгдæр у. Йæ цæугæ царды цы бæллæхтæ æнхъæлмæ кæсы адæймагмæ, уыдонæй дыууæ сæйраджы сæйрагдæртæ сты. Фыццаг: æфсæстæй дзы хуы, нæл хуы рауайы! Дыккаг: стонгæй та – бирæгъ! Æмæ æрмæстдæр Хуыцауы æфсарм у нæ дарæг, нæ уромæг, нæ хъахъхъæнæг!

**Сæмæг**. Хуыцау дæ разы уæд! Фæлæ, дам, цы уыдзæн, уый цы уыдисæй фылдæр æмæ уæрæхдæр у, æмæ фидæны быдыртыл

лæджы хъуыды не ‘ххæссы. *(Арф ныуулæфыд.)* Нæй гæнæн: адæм хайгай сты – сæ иу хай сæрджын, иннæ – æнæсæр. Æмæ æнæсæры фарстæн сæрджынмæ дзуапп нæй, уымæн æмæ æдылыйæ зонджын хъусæг никуыдæр вæййы. *(Фæцæуынхъус.)* Ды нæма цæуыс?

**Локар**. Æрдæбон мæм уалæ уыцы барджытæй иу йæ къух тылдта, бахъæц-ма нæм, загъта, æмæ сæм æххæст фæлæууон...

*Сæмæг сисæнцойæ йæ лæдзæг райста, рæвдаугæ йæ æрсæрфтытæ кодта, базылди Локарырдæм.*

**Сæмæг**. Зæрондæн йæ лæдзæг – йæ удæмбал... Дзæбæхæй уал баззай, уæдæ! Замана, замана...

*Ацыд.*

## ÆВДÆМ ФÆЗЫНД

*Коки æмæ Хъуындо æрбацыдысты, доны дуртыл Локарырдæм бауадысты. Хъуындо йæ раздæры дарæсы, Кокийыл – урс цухъхъа, урс уæлдзарм худ, местæ, æвзист роныл æвзист хъама æмæ æхсаргард, йæ фарсыл ирон дамбаца, йæ къухы ехс, Хъуындойы ехсæй аивдæр конд. Коки æввахс бацыд Локармæ, Хъуындо иуварс балæууыд нымдгæнгæйæ.*

**Коки**. Абонрайсом ма федтам, Локар, æмæ дын бонхорз нал загъын...

**Локар**. Табуафси, ницы кæны...

**Хъуындо**. Кæны, кæны! Иугæр Коки... *(Коки йæм цасдæр æнæдзургæйæ кæсы зулдзастæй.)*

Стæй иугæр Коки ницы дзуры, уæд уый ахæм ницы дзурын у, ахæм, æмæ æнæхъæн хæхбæсты дæр афтæ ницы дзурын иу лæджы фырт дæр нæ сарæхсдзæн!

**Коки** *(раздæры хъæлæсыуагæй).* Локар! А дыуузæ боны дын æз дæр хъуамæ дæ уазæджы æгъдау скæнон!

**Локар**. Бузныг дæ Хуыцау уæд. Буц ныхас – уазæгæн минас, фæлæ кæдмæ уазæг уыдзынæн, ныр мæйæ фылдæр...

**Коки** *(нæ йæм хъусы, дуртæм амоны ехсы хъæдæй).* Æрбадиккам? О, хистæр нæ чи уа? Æз тæккæ Къутугæнæнты райгуырдтæн. Цы аз, уый та афтæ фæнысан, æмæ, зæдбадæн цы агъуысты уыд, уый куывддзаутыл æнæнхъæлæджы ныккалд. Иу, Хуыцау хорз, æмæ дзы лæгзиан не ‘рцыд, æрмæст дзы Гæнгæлы фыдæн йæ цæст схауд – фыдис ын дзы куыддæр æгъдауæй фæныхст...

**Хъуындо**. Мах-иу æй гыццыл лæпputæй мæстæй дæр ма мардтам: каркæн бохъхъыр – Гидзæ сохъхъыр!

**Коки** *(тызмæгæй)*. Хъуындо! Æхсæлф дæ фарста!

**Хъуындо**. Иугæр ды куы зæгъай, уæд æз Æхсæлфау айдагъ къуытты нæ бауыдзынæн, фæлæ ма гоби дæр!

**Локар** *(Кокийæн)*. Æз та Комахсæнæй Урсыкъуыриййы астæу райгуырдтæн.

**Коки**. Гъемæ уæдæ хистæрæн сбад. *(Сбадтысты. Хъуындо, куыд лæууыд æмæ кæм лæууыд, уым афтæмæй баззад. Коки баздæхт Локармæ.)* Локар, дыгурмæ дæр фæрсæг сонт у? *(Локар худгæбылæй йæ сæр разыйæ банкъуыста.)* Уæдæ дыл æнæхъæн зæй уадзын мæ фæрстытæй... Кæцы коймаг дыгурæй дæ? Кæцон дин у дæ ног дин? Куыдæй ис хъулон гæххæтты хъулæттæ фæрсын зонæн?

**Локар** *(сабыр худы)*. Калачы дины ахуыргæстæ дæр мæ-иу афтæ бакъуымы кодтой! Фыццаг мæ цæмæй фарстай?

Хъуындо *(цæттæрæвдзæй)*. Кæцы коймаг дæ?

**Локар**. Гурыкоймаг зæгъон? Гуры фидары дыгурæй дæн. Æз ма хæрзсаби куы уыдтæн, уæд уырдæм афтыдыстæм тугхæсджынæй...

**Коки** *(дисгæнгæйæ)*. Уæдæ уый дыгур басастой Гур? Æзынма, зæгъын, нæхи дыгурæй дæ...

**Локар** *(зæрдæбынæй худы)*. Дыгур ирон дыгур дæр не сты æмæ гуырдзыйы дыгур дæр! Дыгур сты дыгурон дыгур! Мæнæ ир дыгурон ир куыд не сты, афтæ.

**Хъуындо**. Иугæр Коки афтæ кæм зæгъы, æмæ дыгур ирон дыгур сты, уым ирон сты! О, о! Науæд – цæгъдгæ! Суанг рæстдзинадæн дæр йæ амонд нæ ацыд, иугæр Кокиимæ æмдзæхдон кæд нæу, уæд!

**Коки** *(уæздананæй)*. Хъуындо, цы хорз фидауыс дургомæй!

**Локар** *(Хъуындойæн)*. Цæмæй ма мæ фарста Коки, цæмæй?

**Хъуындо**. Кæцон дин у дæ ног дин?

**Локар** *(зæрдиагæй)*. Ног дин нын нæу – нæ рагфыдæлты дин у, аланты. Фæлæ цардыздухæнты ферох. Зæххæй та дард бæстæйаг у... Сæ адæмы ном у... *(Йæ хуыз фæсагъæссаг.)* Иудейтæ...

**Хъуындо** *(ныддис кодта)*. Иуыдæйтæ?! Æрмæстдæр иу мады дæйынц ома? Уый сабыр роды ахаст нæу! Сабыр род сæдæ мады... Адон та нын иуыдæйтæ, нæ? Фыдуаг адæм кæй сты, уый уымæй дæр бæрæг у! Æмæ уæд – цæгъдгæ!

*Коки йæм уæдæй нырмæ сæрбæрзондæй кæсы, йæ цæсгомы хуыз æмæ æууæлтæ нæ ивгæйæ, æрмæст ехсæй æнæрхъæц йæ агъд бацæв-бацæвгæнгæйæ.*

**Коки** *(Локарæн).* Æмæ уæддæр уыцы адæмæн æппын махырдыгон ницы ном ис? Гуырдзиаг, кæсгон, мæхъхъæлон ном исты?

**Хъуындо** *(нал та фæлæууыд).* Кæд ма сæ мæхъхъæл дæр нæ зонынц, чи æмæ кæцон сты, уæд сын сæ фос уæдæ чи давы?

**Локар**. Гуырдзиагау сæ уири хонынц.

**Коки** *(æхсызгонæй).* Уыдон иронау уирæгтæ сты, уирæгтæ! Нæхи дзутт! Дзуттаджы бæхы, дам, дон аласта. Уæд ын уый йæ фæстæ сомырдæг дæр ма фехста, гъа, ай та, дам, дын цæфхæдтæн! Уæд уыдон маринаг æмæ цæгъдинаг куыд не сты: æнæхъæн сомырдæг доны басхой!

**Хъуындо**. Æз уымæй ноджы маринагдæр дзуттаджы зонын! Уыцы дзуттагæн та йæхи ласта дон. Æмæ йæ, куыдзæй гуырд, кæд æмæ ласта, цæуын æй кæцырдæм хъуыд, раст тæккæ уыцырдæм! Лæвар æй ласта дон, лæвар!

**Локар**. Уыцы дон ма ироны арынг дæр аласта, æмæ йым уæд йæ фæстæ йæ сасир дæр ма баппæрста, гъа, амæй дæр ма цы кæнын, зæгъгæ! Æндæр иронæн та йæ бæхы аласта, æмæ ма йæхицæн зæрдæтæ æвæрдта, уæддæр ыл иу ихсыд цæфхад йеддæмæ нæй, зæгъгæ.

**Хъуындо**. Æппын дыгурæй никæй æмæ ницы ласы уыцы алырдæм лæбурæг ивылд дон?

**Коки** *(зæрдиагæй).* Æмæ уæддæр йæ дины хъапп циу уыцы иуыдæй дзуттагæн?

**Локар** *(фæрсырдæм).* Мæнæ мын фыццаг хатт цы зын у дины тыххæй дзурын, цыма мæ сызгъæрин доны калын æцæгдæр, уыйау!.. Фæлæ... *(Йæхиуыл схæцыд, сыстад.)* Чырыстийы дины могортæ сты уарзт æмæ æфсымæрад, ома кæрæдзимæ уарзон цæстæй кæсын æмæ æфсымæры зæрдæ дарын! Иу адæймаг иннæмæ, иу адæм иннæмæ! Ирон фыдæлтыккон æмбисонд дæр уæгъды нæ зæгъы: иу иннæмæн хуыцау у! Хорз лæгмæ æфхæрд куыд нæ хъары, афтæ нæ хæццæ кæны Хуыцаумæ дæр не ‘лгъыст. Уымæн æмæ нæм йæ уарзон хъæбулты цæстæй кæсы. Æмæ хъуамæ мах дæр нæхи уыйау дарæм. Ома исчи дын дæ иу уадул куы ныццæва, уæд æм ды дæ уарзæгой æмæ быхсаг зæрдæйæ де ‘ннæ æхсæрварс дæр-ма бадар... Æмæ йæ маст ссæуа...

**Коки, Хъуындо** *(æмхъæлæсæй).* Цы, дам, цы?!

**Локар** *(цыма йæхи фембæрста, уыйау).* Ницы, афтæ мæхи хъуыдыты адзæгъæл дæн...

**Коки**. Ай-гъай адзæгъæл дæ! Нæ, ахæм хæмхудтæн æмæ динып мах разы не стæм!

**Хъуындо**. О! Æз дæр Кокиимæ кæдæй-уæдæй разы дæн!

**Локар** *(мæллæг бахудт, йæ къухтæ фæйнæрдæм акодта).* Æндæр дин та уæдæ мæнмæ нæй!..

**Коки**. Локар, тæргайы фæдыл ма ацу, мах дæр рæстмæ бамбар. Ме стырфыд Зиндзол чи у, уый-иу арв хæрдмæ фатæй æхста, ды кæй сæрмæ гыбар-гыбур кæныс, зæгъгæ. Уæд ныр æз, йæ байзæддаг, мæ мукъутæ барынвæндæй радар-бадар кæнон нæмынмæ куыд арæхстдæрæй кæмæндæр?! Ды ма мын уыйфæлтау хъулон гæххæтты тыххæй бинонығдæрæй бамбарын кæн: уымæн йæ хъулонгонд ныхæстæ комкоммæ дзыхæй дзургæ ныхæстæй кæрдагдæр æмæ уырнинагдæр цæмæн сты? Цы хин-цы кæлæнæй?

**Локар**. Уымæн, æмæ диныы базырджын чингуытæ дæр Хуыцауы ныстуантæй хъулæттæ сты!

**Коки** *(сыстад).* Локар! Дæ ахуырдон агъуыст Нокары къуындæг хæдзары нæ уыдзæн, фæлæ мæ галуаны! Гъемæ æз кæд æхгæд чиныджы хъулæттæ фæрсынмæ фæцарæхсон, уæд дын мæнæй дыууæ æстдæсы галтæ! Æцæг ахæм фидарæй нæ ныхас: фаллаг фарсæй куыд ничи базона науæд дæр гæххætt хъулæттæ кæнын, науæд дæр йæ хъулæттæ фæрсын!

**Локар**. Дыууæ æстдæсы галтæ бæргæ сты батæхудиаджы исбон, фæлæ не скъола хъуамæдæр иумæйаг уа æгас комбæстæн! *(Цыдæр ахъуыды кодта.)* Дæу та ма уæлæмхасæн уырысы æвзагыл дæр фæцалх кæндзынæн...

**Коки**. Æмæ уыдоны дзыхыныхас махæй бирæ хъауджыдæр кæны? Ныр сын тынг зæрдиагæй исты зæгъ иронау, уæддæр мын ницы бамбариккой?

**Локар** *(бахудт).* Нæ, ницы дын балæдæрдзысты. Се ‘взаг та иронæй хъауджыдæр тынгдæр уымæй кæны, æмæ... *(Йæхимидæг схъуырдухæн.)* Родтæ сæм ис...

**Коки**. Родтæ-йа? Æмæ махмæ нæй родтæ? Къамбецы родтæ дæр ма! Дзæбидырты родтæ дæр ма!

**Локар** *(тыхсы).* Нæ, нæ! Уыдонæн йедтæ амонынц... нæлтæ... сылтæ... астæуккæгтæ... Астæуккаг йед... род...

**Коки** *(цымыдисæй).* Астæуккаг родтæ?! Уыдон та ма дзы кæцытæ сты? Сæ дзидза хæрынмæ бæззы? *(Цыдæр фæхъуыды кодта.)* А-а-а! Уыдон сын нæла-сыла родтæ уыдзысты, уыдон!

*Локар йæхи нал баурæдта, фырхудæгæй дыдæгътæ кæны.*

*Хъуындойы дæр бæргæ фæнды худын, фæлæ та йæм Коки*

*ехсæй бавзиды, æмæ та уæд уый дæр йæ дзыхыл йæ арм авæры.*

**Хъуындо**. Уæуу, мæнæ мыл æмбыд кау рафæлдæхт æмæ йæ быны фæхуыдуг дæн! Хъыдзы мæ кæнынц, худын та мæ нæ уадзынц! Надæй мæ æргæвдынц, кæуын та мæ нæ уадзынц! Ныр уыцы уырыс уыйбæрц родтæм цæуын зивæг дæр нæ кæнынц æппын?!

**Локар** *(йæ цæссыгтæ сæрфы).* Уыдоны родтæ дæр мæ нал хъæуынц æмæ сымах галтæ дæр!

*Локар ма сын цыдæр зæгъынмæ хъавы, фæлæ йæм Коки чъылдымыздæхтæй слæууыд æмæ йæ къухтæй цыдæртæ амоны Хъуындойæн, сæ ныхас та нæ хъуысы. Локар сыл йæ къух сабыргай ауыгъта æмæ ацыд. Фæсфисынæй Дзæхирæт йæ сæр хъавгæ радардта. Коки æмæ йæ Хъуындо нæ уынынц. Коки ехсæй уæлдæф æргæрах ласта – Дзæхирæт удаистæй амбæхст.*

**Коки** *(йæ къухтæ кафæгау фæйнæрдæм айтыгъта).* Йæх-йæх, Хъуындо! Ныр мын ды сæры хицау, зонды муры хицау куы уаис, Дзыбыртты бæх та æниу сыл бæх куы уыдаид, уæд ын байраг нæ ныззадаид, кæнæ исты астæуккаг род! Цæттæлæг та Нокары ныфсæй... Кæс-ма уымæ: нæ кусæджы фæрæт дæр ма мын байста! Фæлæ... Нæ, мæ хур Хъуындохъан, дæуæн Хуыцау, дунейы дыдæгътæй цыдæртæ ‘мбарай, уый нæ загъта, нæ!

**Хъуындо**. Омæ мын æй ды зæгъ, ды! Мæнæн цы уæлдай ис дæуæй Хуыцауæй?! *(Удаистæй.)* Уа-æллæх! Мæ ныхæстæ нæхи ирон Хуыцаумæ хъыг ма фæкæсæнт!

**Коки** *(Хъуындойы ныхæстæ йæм нæ хъуысынц).* Хъулон гæххæтт, хъулон! Уый адæмæн ног бардуаг уыдзæн, ног дзуар! Хъулон дзуар! Иу дзæбæх рагъыл скæнын хъæуы Хъулон дзуары кувæндон! Базырджын чиныджы фæрцы... Цъистком цы, Цъистком! Æгас хæхбæстæйæн дæр фæтæг! Сæр! Сæ разамонæг сæр! Сæ разæй цæуæг сæр! О, фæлæ адæм та дæ фæдыл цæмæй разæнгардæй, æнхъæлцау бæхау æвæллайгæ цæуой, уый охыл та... Хъуындо! Уый тыххæй та цы хъæуы?

**Хъуындо**. Æмæ уый нæ фыдæлтæ раджы куы зыдтой: адæмæн, дам, афтæ зæгъ, мæ фæдыл уæларвмæ цомут, зæгъгæ, æмæ демæ фæраст уыдзысты, фæндаг куыд у æмæ кæуылты у, уымæй дæр дæ нæ бафæрсдзысты, афтæмæй!

**Коки**. Уый дæр фæуæд, фæлæ сын уæддæр фидардæры тыххæй зæрдæвæрæн хъæуы, истæмæй ныфс! Æмæ уый циу, дæумæ гæсгæ?

**Хъуындо** *(æвиппайды).* Хорз ус!

**Коки**. Дæуæй зонд æрдуцыны бæсты хох ныллæмар, мыст сæлвын, тæхгæ маргъыл саргъ баппар! *(Уыциу хъæрæй.)* Зæхх! Зæхх у адæмæн сæ дарæг, сæ марæг, сæ зарæг, сæ хъарæг! Зæхх! *(Паузæ.)* Гъы, æмæ ды нæ лæппутæн фалæсыхы нард зæххытæй ныфс бавæрдтай?

**Хъуындо** *(фæсæрæнхуыз)*. Куыннæ! Сæрвæттæ-уыгæрдæнтæй! Æрнæджытæ-хъугæмттæй! Фæтæнтæ-нарджытæй! Ракæсæнтæ-рацæуæнтæй! *(Фæхъус.)*

**Коки**. Дæ сæр зæронд уисойы къуыдырæй хост у, æви цы – иу хатт ма дæ ныхасæн кæронбæттæн дæхæдæг скæн! Гъемæ, гъемæ?

**Хъуындо**. Гъемæ сæ чи цы загъта, чи цы! Фæлæ сæ фылдæр сразы сты!

**Коки**. Омæ бадыууадæс стæм?

**Хъуындо**. О! Фæлæ ма цыппарæй нæмыг æмæ топпыхос хъуаг сты, Матæрсайы бæх та дзамбас у æмæ, дам, мын...

**Коки** *(цæхгæрæй)*. Уыдзæн ын хæстон бæх, лæджы сæрты æдæрсгæйæ чи лиуыры, ахæм! Ды ахсæв нæмгуытæ фæуадз, топпыхос бæрцæй сбар, хæцъилы бызгъуыртæ бацæттæ кæн! Фæлæ... *(Фæхъуыдыдзаст.)* Фæлæ ма йæ базон-базон базон, æз Нокарæй цæмæй тæрсын, уый... *(Æдзынæг æм кæсы.)*

**Хъуындо** *(бахудт)*. Цалынмæ дæ бæх мизы, уæдмæ мæм дæ ехс авæр, науæд мыл дзы куы ‘рцæуай, раст куынæ зæгъон, уæд...

**Коки** *(бахудт)*. Æмæ раст куы зæгъай, Бæтæгаты бæхы æцæг над дын уæд куы скæндзынæн! *(Радта йæм ехс.)*

**Хъуындо**. Коки искæй карды хорз æмæ топпы хорзæй нæ тæрсы, фæлæ тæрсы Нокарæн йæ хорз зондæй!

**Коки** *(сабыргай йæ сæр дыууæрдæм тилы, йæ ехс фæстæмæ райста)*. Ай, Хъуындо, дæуæн дæ хъуынджын мидæмæ куы у! Кæд æз истæуыл мæ фæстаг сулæфтыл фæсмон кæнон, уæд ууыл, æмæ ды ныры онг мæ цæсты ныллæг æвæрд кæй уыдтæ... Цом ныр!

*Ацыдысты. Дзæхирæт рацыд, алырдæмты ахъахъхъæдта.*

**Дзæхирæт**. Уæ ме ‘нæхъуаджы раттæг Хуыцау! Даргъ æвзаг – цыбыр цард! Фæлæ мæ дзурæн дзых бамыры, ме ‘взаг балхынцъы бæсты мæн дзæнæт дæр нæ хъæуы суанг æхсæвæмбал лæгимæ дæр! О! Мачи мын макæй маст хонæд йæхицæн бæрæгбон, уымæн æмæ Хуыцау радыгай уары йæ уаринæгтæ – фыдызгъæлæй дæр æмæ стæджы хайæ дæр!..

Æ м б æ р з æ н

# ДЫККАГ АРХАЙД

## ФЫЦЦАГ ФÆЗЫНД

*Сæмæг, Цъубыр æмæ Дзæхирæт. Лæгтæ доны фæйнæфарс бадынц Ныхасы дуртыл, Сæмæг йæ лæдзæг лæгъз кæны карды комæй, Цъубыр дымы йæ лулæ. Дзæхирæт йæхæдæг уым нæма ис – йæ ныхас хъуысы фæсфисынæй.*

**Дзæхирæт**. Фæдис хъæуы, фæдис! Хъæувæдис! Комвæдис! Фаттæ ссудзут æмæ сæ сулвæдисонæй алырдæмты фехсут!

*Æрбацыд. Йæ къух лæдзæджы сæрыл, афтæмæй йыл йæ роцъойæ æрæнцад, æдзынæг кæсы лæгтæм.*

**Дзæхирæт**. А-гъа, уæдæ! Уæдæ байуæрстат, нæ? Æрдхорд лымæнтæ знаг лымæнтæй агæпп ластат, нæ? Гъемæ уæ мæ сидзæр уды тæригъæдæй, кæй райсом у, уый хорзæх ма баййафæд! Лæгтыдзуар уе 'мбæлццон макуы уæд!

**Цъубыр**. Ды мын искуы искæмæй фæбузныг уай: дæхæдæг мæ не 'ргæвстай тæккæ знон, Сæмæгимæ иумæ цæмæн бадыс, зæгъгæ? Уæд ма нæ цы 'лгъитыс? Бынтон фæлдурæдждждын ма у... хæйрæджыты бæхтæрæг!..

**Дзæхирæт**. Æмæ уæдæ иу зæрдæрухс хабар не 'руайы мæ хъустыл, иу зæрдæрайгæ хъуыддаг нæ уынын мæ цæстытæй! Сымах азарæй, сымах, лæгтæ! Гæнгæл æмæ Уæнгæлæн зыгъуыммæ сæ ныхæстæ сты, сымахæн та уæ хъуыддæгтæ.

**Сæмæг**. Æмæ та дæ бамыргæнинаг хъустæй цы фехъуыстай æмæ та дæ бакуыргæнинаг цæстытæй цы федтай уагæры, цы?

**Дзæхирæт**. Дысон уæ, Нокары фалæсых, мæнæ Кокийы фалæсых мæлæты хæйттæй мыггаггай байуæрстой! Хъуындо йæхи рæхсæнджын топп дæр æмæ Кокийы мадзайраг топп дæр сифтыгъта, стæй ма йæ уæрæхдзых дамбаца дæр! Иу хæдзар уæ у иу мыггагæн маринаг, иннæ – иннæмæн, цæмæй айдагъ Коки æмæ Хъуындо куыд нæ уой тугфиддон, афтæ! Уæвгæ дæр ма уын кæд исчи уæ туг агурæг баззайа, уæд.

**Цъубыр**. Ныр ды та ердойы былыл бадыс æмæ Кокииты фæндтæм лæмбынæг хъусыс, и? Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй.

**Дзæхирæт**. Æз дзырд нæ хæссын æмæ дзых нæ кæнын, фæлæ хъуыддаг циу, уый дзурын! Æз æргом дæн, мæнæн мæ хъулæттæ калмау æддæрдæм сты! Дæуау бæмбæгæвзаг æмæ сындззæрдæ нæ дæн! Мидæгмæхъулон, о!

**Цъубыр** *(йæ фæздæг Дзæхирæтырдæм бафу кодта).* Де 'взагыл дæлгоммæ сынкъ æрзайæд! Уынгты цъылын чи у, уый! Мидæгрын!

**Дзæхирæт** *(Сæмæгæн)* . Коки та нын ныр йед... йед уыдзæн... Локары хъулон чиныджы фæрцы... Йед... Фæдæг! *(Фæджих, йæхи ныхасыл сдызæрдыг.)* Фæдæг загътон? Æмæ уый хъуджы цыдæр куы у... Йæ фæздоны фæдæг. Сывæдæг та сабийæн фæхъæуы...

**Сæмæг**. Кæд фæтæг? Раздзæуин, адæмты сæр... Развæдгæнæг!

**Дзæхирæт** *(цингæнгæйæ)*. Гъе, гъе! Дайранæй Кæсæгмæ æлдæртты æлдар абырæг Гостъойы фырт Коки – фæтæг! Æмæ уал йæ гæрзтæ Нокармæ рабаста! Мыствæндагыл дæр саджыцыд чи кæны, уыцы Нокармæ! Йæ риуыл нæмыг лауыз кæмæн кæны, уыцы Нокармæ! Фалæсыхы дзуг, дам, æмæ Нокар куы фенæбодз уа, уæд...

**Цъубыр** *(худы).* Уыцы нæмыг дæ сæрымагъзæй конд куы уа, уæд ын æнæлауызгæнгæ дæр цы хос ис! Дзæгъæл хыртт-мыртт нæй Хуыцаумæ!

**Дзæхирæт**. Дæ дурзæрдæйæ конд нæмыг дæр фæуæд! Нокары уарт æртæдыдагъ къамбецдзармæй конд у! Стæй ма уый æдде згъæрхæдонджын, æндон зæнгойджын, æфсæн уæраджы чъириджын дæр у! Йе 'рдын цымуисхъæдæй, йе 'рдынбос хъарабахаг бур цыллæйæ! Йæ кард тесмел тухгæ кард, раст æфсæйнаг æлвыны! Йæ хъæргæнаг фæрдыгдзых! Ахæм лæджы къухæй мæрдтæм бацæуын йæхæдæг амонд у... О, о!

**Цъубыр**. Гъемæ йæм уайгæ!

**Дзæхирæт**. Сылыстæг æмæ нæлтæй дæр кæмæдæрты йе 'рдын нæ тасы... *(Йæ сæр аныхта.)* Уыцы фыдбылызы Цæттæлæгæн исты зæгъут, Сæмæг! Дысон нын Æхсæлфимæ не 'рвад Мырзаччы фæрæт байстой... Уæд искуыдæр ма...

**Сæмæг**. Фæдзæхст хъæды та, хæрзаг, хуылыдзтæ кодта?

**Цъубыр**. Фыртæссæй уæдæ нæ кæны, нæ, хуылыдзтæ дæр лæг.

**Дзæхирæт**. Дæхи хуызæн фæныкмиз искæй ма хон! *(Сæмæгæн.)* Уый нын амонд вæййы зын ссарæн, æндæр фыдбылызæн Хъуындо дæр фаг, æмæ зæгъут уæ адæмæн, цæмæй сæхи æд сабитæ Сæгъдуцæн сæрвæттæм уæд та айсой Могоры хъæдмæ...

**Цъубыр**. Коки йæ сæрмæ уый не 'рхæсдзæн, æмæ сабитæ æмæ сылтæм...

**Сæмæг**. Æнæуи та уæ дымджытæ уæ фæсрон нытътъыстат æмæ нæм уæддæр лæбурды цæут, нæ? Фæлгæсæн рындзæй уæ уæлахизы райæн урс нымæт радарыны зæрдæимæ, нæ? Æмæ уæ сау нымæт куы радарат, уымæй нæ тæрсут? Стæй мын ирон æфсарм та цавæр хъуыддаджы сси цæлхдур Кокийæн? Ссардтай мын уæздан туг!

**Цъубыр** *(йæ лулæ сыгъдæг кæны).* Сæ туджы уæзданæн сын æз зонæг нæ дæн, фæлæ мын цæрæг хæдзар дæр се ‘фсармы ныллæгæй нæ систы! Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй...

**Сæмæг** *(фестад рæвдзгомау).* Исчи хъуылæджы не схъомыл! Нард бæрзæй куыд самадтой, уый рох никæмæй у. Кокийы фыд Гостъо цæрынæй хæрынмæ абырæгæй фæхатт, фæндаггон адæмæй æнæстигъгæ никæй уагъта, ахста лæгты æмæ сæ кусæгæй уæй кодта Кæсæгмæ! Суанг ма æнахъом сабиты дæр давта æндæр бæстæтæм уæйæн! О, о! Уæздæтты номæй та тыхы хъалонгур зылд комæй-коммæ, æмæ-иу дзы йæхи къусы бын дæр истытæ фæхæцыд, уæдæ! Уалынджы Гостъойы йе ‘нæфсисы фæндаг хъулгъамæ къамбецты рæгъау тæрынмæ самидин кодта. Фæдис сæ тæккæ Терчы цур раййæфта. Хæст сыл бацайдагъ. Гъемæ Гостъойы рæсугъд сæрыл мæхъхъæлоны зилгæ-здухгæ цъил сæмбæлд æмæ йын йæ сæры ‘мбис фæхаста! Рæсугъд сæр та йын дзы уымæн зæгъын, æмæ конд æмæ уындæй Гостъо дзуар уыд, дзуар! Ныр фынддæсаздзыд Коки дæр – йемæ! Æмæ сын йæ фыды æмбалимæ рæгъау æрбафале кæнын бантыст – рагæй дæр сæрæн у Коки амалмæ! Кæсæджы сæ Гостъойы зонгæтæн ныуумæй ластой, гъестæй далæ абырæгыстон Цъалагомы куыд уæрстой се ‘фтиаг, афтæ фæхъуын сты, æмæ... Балон бирæгъау Коки æууæнкæй уыцы лæппуйы чъылдымырдыгæй амардта. Абон дæр ма дзы йæ туг агурæг нæй...

**Цъубыр**. Куыддæриддæр у, цыдæриддæр у, фæлæ дзы мæн зонд æмæ уынаффæйæ тыхсынгæнæг нæй. Мæнæ дæу дæр Цæттæлæг Симæн фæзы куыд ницæмæ æрдардта, раст афтæ! Чи ма кæны абоны кæстæртæй хистæрæй йæхицæн зонды гуырæн?..

*Дзæхирæт сын уæдæй нырмæ уыцы лæмбынæгæй хъуыста сæ ныхæстæм, ныр фæкатайхуыз, дыуугæ фисыны сæрты дæр йæ къухауyонæй дардмæ ахъахъхъæдта.*

**Дзæхирæт** *(удаистæй).* Уауууына! Уæлæ æцæгдæр Фæдзæхст хъæдырдыгæй æрцæуынц Цæттæлæг æмæ Æхсæлф. Æз уайон æмæ Локары ссарон æмæ ма йæ нæ ног Хуыцауæй афæрсон бæлвырддæр.

**Цъубыр**. Ды та-иу Локары риуыл ныллауыз у!

**Дзæхирæт**. Хуыцау куы радтаид йæ цæфыл ахæм æхсæст хоры нæмыг! *(Куыд фæцæйцыд, афтæ, уауууына, зæгъгæ, удаистæй фæзылд.)* Ахæм фæндагæргæвдæг æмбæлæгæй Хуыцауы хызт уæд нæ алчи дæр! Уæнгæл æрбафсæры! *(Донуайæн дуртыл бауад иннæ фарсмæ, фæлæ та куыд фæцæйцыд, афтæ удаистæй æрбалыгъд.)* Уауу! Сæ иу тыппыр, иннæ дæнгæл! Ныр та Гæнгæл у мæ размæ бырсæг!

## ДЫККАГ ФÆЗЫНД

*Уыдон. Гæнгæл æмæ Уæнгæл фæйнæрдыгæй æрбацыдысты. Дзæхирæт æмбæхсæгау иуварс балæууыд, стæй фæтары.*

**Уæнгæл** *(йæ хъама бæрзонд систа).* Хъыдзы-мыдзы размæзмæ! Абон уæм дзы бæрæг уыдзæн, фалæсых-сых! *(Хъамайæ алырдæмты рæхойы, уыимæ хæрдмæ æмæ бынмæ дæр.)*

**Гæнгæл** *(лæгтæн йæ сæрæй акуывта).* Хъæухор нæ чи у, уый Хуыцауы фыдæх дæр æмæ адæмы фыдæх дæр ссарæд! *(Фæзылд Уæнгæлмæ, фæцъортт ласта йæ хъама, æвзиды йæм дзы.)* Хъыдзы-мыдзы сыдзмыдзы! Гъей, æвзæр фалæсых! Æз уын уæ сау тугæй мæ куыдзы хъæвдынты куынæ схæссон, фæлæуу! О, уа!

**Сæмæг**. Уæнгæл, дæ рынтæ дæ ныййарæджы гуыбыны, фæлæ уæддæр кæй цæгъдинаг дæ ды та? Мах фалæсыхы æвзæрты, æви уæхи фалæсыхы ‘взæрты?

**Уæнгæл**. Æмæ исты æдылы дæн? Æз æвзæрты цæгъдынæй сомыгонд дæн! Уæдæмæдæр тæккæ хæрзæджыты! Джыты! Иу хорз дæр куыд нæуал баззайа-йа, афтæ! Уæд мæнæ æз дæр, стæй Гæнгæл дæр, стæй... *(Нæуæндонæй Цъубырмæ кæсы)* Стæй уæд уартæ Цъубыр дæр хæрзæджыты номхыгъдмæ хаст æрцæудзыстæм! Бæрзонд лæгтæ нал ис, зæгъгæ, уæд дæлæмæдзыдтæ иннæты сæрты акæсынц-сынц!

**Сæмæг**. Ай æцæг куынæ дæ æдылы! Уæдæ, уæдæ: дугъ фæстæрдæм куы раздаха йе ‘ргом, уæд къуылых хæрæг фæразæй уыдзæн! О, дунейы хæраймаг сконд афтæ у: иутæ бæхæй хæрæгмæ æрхизынц, иннæтæ хæрæгæй бæхмæ сгæпп ласынц. Фæлæ барцыл куынæ фæхæст уай, уæд къæдзилыл нал ныддæвдæг уыдзынæ...

**Цъубыр**. Æдылы дзы цытæ скала, уый зæгъынмæ дæс сæрджыны дæр нæ сарæхсдзысты.

**Сæмæг**. Адонæн уæдæмæ цыдæр мидис ис сæ хъыдзы-мыдзыйы, цыдæр! Бацæ уын йæхæдæг дæр бынтон сыгъдæг уа, бынтон æназым...

**Цъубыр**. О, нæ! Ныр та нæ цардыуаг нæ быдзæуты дæлæсин-уæлæсин, хъентæ-ментæ ныхæсты быңдурыл амайдзыстæм?!

**Сæмæг** *(фæстæмæ йæ бынаты сбадт).* Лæг зондагур хатгай æдылыйы дуар дæр бахойы.

**Цъубыр**. О, о, стæй та уæд, дæхи загъдау, йæ сæр фæхойы тулдз лæдзæгæй. Кæд æм исты азым ис Бацæмæ дæр, уæддæр чызг йеддæмæ ницы у, сылгоймаг...

**Сæмæг**. Лæг – лауыз, сылгоймаг – фæлдахæг!

**Цъубыр**. Уый лæгмæ гæсгæ у!

**Сæмæг**. Дæ дзыхы дзæбидыры игæр! Æмæ дæхимæ мидæгмæ уынæг цæстæй æркæстытæ кæн!

**Цъубыр** *(цыма йæ нæ хъуысы, уыйау дзуры).* Æндæр куы ницæмæ тæхуды кæны сылгоймаг дæр, æмæ йæм дзæбæх фыййаг уа æмæ дзы лæджы алырдæмты рафæлдах-бафæлдах кæна! Сылгоймаджы сахсæнты мыггагæй æрмæст цонджы æвзист сахсæнтæ хъæуы, æндæр æй йе 'фсармæн сызгъæрин сахсæнтæ дæр нæ хъæуынц. Сæрибар æй куы скæнай, уæд та дын æй уайтæккæ уæгъдибар схондзæн æмæ ма дын æфсармы фæлгæттæм тæрын комы уый!

**Сæмæг**. Кæд дын уыйбæрц нæуарзон æмæ уæнгæл уыдысты, уæд дзы къуыриваг ды æнæхъæн авды цы æртеу-теу кодтай?

**Цъубыр** *(нæ йæм хъусы).* Сæ фадхъултæ, дам, разынынц... Ахæмтæ дзы ис, ахæмтæ, æмæ æнæлæгтæй лæппынтæ згъалынц! Сæ фæдджи цас уæлдæр исой, уыйас сæ ирон æфсарм та дæлдæр хауд у!

**Сæмæг**. Ныр æфсармы бæркад уымæй аразгæ куы уаид – къабаты дымæджы дæргъæй, уæд сын сæ раст сæ уæлæты тухгæтæ скæн!

**Цъубыр** *(сонтæй).* Цы, цы?

**Сæмæг**. Къуыри, зæгъын, авд боны... *(Сыстад, акаст фисыны сæрты.)* Кæм сты уыцы адæм, кæм? Раст дæлæты Цуанæтты фæндагыл фæивгъуыйынц!

*Гæнгæл æмæ Уæнгæлмæ аздæхт. Уыдон уæдæйсарæй дæр сæ хъæдын хъаматæ дуртæй дауынц, хатгай-иу кæрæдзиуыл доны сæрты дæр батутæ кодтой.*

Гæнгæл! Уæнгæл! Гъæйтт-мардзæ кæстæртау фæцырд ут æмæ мын ам æрбалæууын кæнут далæ Æхсæлф æмæ Цæттæлæджы – уæлæты сæ размæ фæут!

*Гæнгæл æмæ Уæнгæл фæйнæуылты азгъордтой. Сæмæг баздæхт йæ бынатмæ, фæлæ бадгæ нæ кæны. Цъубыр йæ лулæйы тамако нæмы.*

**Сæмæг** *(Цъубырæн).* Æмæ 'фсадхонтæ сыхаг кæмттæм нæ арвыстат?

**Цъубыр**. Дæумæ хъазын-худын кæсы, фæлæ Коки иугæр...

**Сæмæг** *(фæтъæлланг ласта).* Коки дарæг уæ мауал баззайæд, кæд мын цъиуæй-бæдулæй Коки-хъохъи цы кæнут! Хорз, мах уæм хъул бауылдтам, фæлæ нæм сымах та тохси кæцырдæм уилут? Ирон туг згæ нæ кæны, уый уæ рох у?

**Цъубыр** *(сыстад).* Æмæ сымах, ирон худинаг хурмæ дæр кæй нæ фæлурс кæны, чызджы та йæ фидис мæрдтæм дæр кæй суры, уый нæ зонут? Æфхæрд дæр мыггаггай у! Тугæйæхсгæтæ ис се 'хсæн! Науæд дын абон исчи дæ худ сисдзæн дæ сæрæй, сомбон та дæ уæхсчытæй дæ бæрзонд сæр! *(Фæцæуынхъус.)*

**Сæмæг** *(хæстæгдæр бацыд донгæронмæ).* Куыд цæуинаг дæ ныр? Ногæй та дын æй зæгъон, алы фалæсыхæн дæр йæхи фалæсых вæййы, зæгъгæ? Рæстмæхæц, рæстмæдзырд æмæ рæстмæархайд адæмтæ – иу сых сты алы фалæсыхы мидæг дæр. Фисынмæ базырджынтæ, счъилзонд æмæ тæссармæхæцæг адæмтæ та иннæ фалæсых сты уыцы фалæсыхы мидæг! Уæд кæдæм цæуыс? Мæнæ ацы тæккæйыл Цæттæлæджы ардæм хъæуы, æмæ йæ æрдомæм!

**Цъубыр**. Разындзæн æй домæгау домæг! Уыимæ дæр кæд исчи сарæхсид Нарты Батрадз æмæ Æфсæроны фырт Алæфы симдæй æрсимынмæ!

**Сæмæг** *(мæстæлгъæдæй).* Авд усы æрхæссын дын бантыст, фæлæ уæддæр цы тынг ничи дæ! Уæдæмæ йæ цытджын Хуыцау зоны, кæмæн цы кæнгæ у, уый: хорз дын куынæ радта билцъ рауадзын...

**Цъубыр** *(куыд фæцæйцæуы, афтæ ма йæм йæ уæхсчы сæрты радзырдта).* О, радтаид мын бæгуыдæр! Æз дæр дæуау зиу æрхонын мæ сæрмæ куы 'рхастаин, уæд! Куыннæ бæззынц æмрыппæй æртæ фырты дæр, кæд арвистон тугæй сты, уæддæр!

**Сæмæг** *(фæкуыддæрау).* Уый та куыд зæгъыс, куыд? Цы зæгъыс?! *(йæ хъамайы сæрмæ знæт февнæлдта.)* Æз дын ме 'гæстæ æмæ мæ мæрдтыстæн! Кæс ма ацы фаджысхормæ! Æз дын... *(Фæсабыр.)* Уæвгæйæ та... Саузæнгойджын сæмпæрчъимæ кард сласын дæр худинаг у! Дæумæ чи мæсты кæны, Цъубыр, уый та дæуæй... Фæлæ уæддæр уыцы дам-дум хахуыр дæ дзыхæй цы цæсгомæй суагътай?

*Цъубыр йæ къух ауыгъта, ацыд. Сæмæг йæ фæдыл цасдæр джихæй фæкаст, стæй йæ къухтæ арвмæ систа.*

Уæлæ Хуыцау! Цæй æнкъард цæстытæ ис дæуæн дæр, дæ фæхъхъау фæуа мæ сæттинаг сæр... *(Бахудт мæллæг худтæй.)* Уыцы фидис та... Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта уæд æмæ нын æцæгдæр æртæ фырыхъулы хуызæн тырыны иумæ ралæвар кодта. Нокары фыд Инаго мæ хъазгæйæ афарста, дæ Хуыцауы хатырæй, дам, зиу рахуыдтай, æви иу хъæбысхъазтæй æртæ фырты куыд самал кодтай, зæгъгæ. Кæйдæр фаджысдзых афтæ атауыс кодта... Кæс-ма уымæ, кæс – сидзæрты моймæ: фæд- фæдыл сидзæр чызджытæй авд æрхаста, ирæд адæмы ‘гъдауæн æрмæст чысыл цыдæртæ фидгæйæ æмæ... Дзæдæл! *(Йæ зæрдæсæр хæцгæ катайагæй арауай-бауай кодта, æрлæууыд.)* Ныр дзы йæ тæккæ налат цъæхæй иу дзæбидыр быннозæй ма ныкъкъах! Уыцы ‘взæрæн дæр ма хæйрæджыты холлаг ис йæ удхосæн, йæ зæрдæ æрсабырæн... *(Йæ дзыхыдзагæй хъæр кæны)* Гъо! Хасты фæуай, нæ сых! Иу цъиуызмæлæг, иу куыдзысрæйæг уæд та!

## ÆРТЫККАГ ФÆЗЫНД

*Цæттæлæг, Æхсæлф, Гæнгæл æмæ Уæнгæл фæдисонуадæй æрбакалдысты. Цæттæлæджы уæхскыл гæрзбæндæн, йæ къухы хъримаг, йæ астæуыл сау хъама. Æхсæлфмæ дыууæ фæрæты, йе уæхскыл топп, йæ астæуыл сау хъама. Сæ уæлæдарæс ирон куырæт, хæлаф, къогъодзитæ, уæлдзарм худтæ. Гæнгæл æмæ Уæнгæл ногæй сæ хъаматæ дауынмæ фесты. Æхсæлф дзурджыты дзыхтæм æдзынæг кæсы.*

**Сæмæг**. Æхсызгон мын у уæ уынд, Цæттæлæг! *(Сæ дыууæйы къухтæ дæр райста.)* Фæлæ цæй хæстулæфт кæнут – Коки уæ йæ хъæлæсы ма рахæссæд, и?

**Цæттæлæг** *(ныкъкъæмдзæстыг).* Иуæй нæм мæнæ адон... *(Гæнгæл æмæ Уæнгæлмæ ацамыдта.)* Нæ хъæуы æлдæрттæ фæдисы фесты, иннæмæй дæхи хъæр, æмæ уæд мах дæр хæрды æрлæвæрдтам æмæ нæ лæф-лæф ссыд...

**Сæмæг** *(сбадт йæ бынаты).* Цæй фæдис систон, мæнæ мын, зæгъын, уæд та æгæр-мæгуыр доны къус исчи...

**Цæттæлæг** *(къуызгæйæ).* Сæмæг, æмæ уыцы доны къус æхсидгæ бæгæныйæ нæй баивæн? Кæнæ та, йæ кæнæгæн дæр чи нæ бары, уыцы цъæхснаг налатæй?..

**Сæмæг**. Уый, ай-гъайдæр, зæрдæйы маст хуыздæр æрæнхъæвзы, фæлæ кæмæндæрты та хатгай сæ сæры уæлæнгæйтты зонд дæр фæсуры. И, ницы фехъуыстай ахæмæй æндæрæбон Симæн фæзы?

**Цæттæлæг** *(фæкъæмдзæстыг).* Ныр дыууæ боны дæргъы хъæды нæ лæгдоны стæм æмæ...

**Сæмæг**. Æмæ уæм нæдæр Дзæхирæты фæдисы дзæнгæрджытæ сыхъуыст, нæдæр Кокийы хотыхты æрттывдмæ атартæ сты уæ цæстытæ, нæ? *(Фæрæттæм амоны.)* Дзæхирæт иу фæрæты кой йеддæмæ куынæ кодта, уæд сымахмæ та... И?

**Цæттæлæг** *(цыдæр ын цыма фехсызгон уыйау).* Иу дзы, о, Мырзаччы фæрæт у – Фæдзæхст хъæды та æртæ хуылыдзы акалдта, суанхъæдтæн, дам, мæ ‘хсызгон бахъуыдысты. Иннæ фæрæт та Кокийы кусæджы у. Уый та æндзæлмттæн талатæ цагъта... *(Фæтыхстхуыз.)* Цы ма бачындæуа ацы хъæдцæгъдæг адæмæн... Кæд ма сын Цымытийы хъæдгæсты хин бакæнон... Уымы хъæдгæстæ дзуарæй дари хъуымацы æргъуынтæ æрхастой æмæ сæ хъæды кæрæтты фæрвыты зæнгтыл бабастой. Гъемæ сын сæ хъæдмæ фæрæтимæ ничиуал уæндыд, дзуары фыдæхæй тæрсгæйæ...

*Æхсæлф фæрæттæ сисрæбын æрæвæрдта, йæ сæр уæззау банкъусы, хабар хорз кæй нæу, уый æмбаргæйæ. Сусæг хъавгæйæ Цæттæлæгмæ ацамоны, циу, цы хабар у, зæгъгæ. Уый дæр йæ къухтæ фæйнæрдæм аппары, мæгъа, дам.*

**Сæмæг**. Иттæг ахъаззаджы æрхъуыды у Цымытийæн! Фæлæ уыцы фæрæзæй æндæр хуызы дæр фæпайда кæн, уæд не сбæззид, цымæ... Цæй, Цæттæлæг, бавдæлæм æмæ нæ хъазты чызджыты астæутыл дæр уыцы дари æргъуынтæ бабæттæм! Кæд семæ риуæлхъивæг æмæ уæрагдзæф симды цæуæг нал уаид. И? Куыд зæгъыс?

*Цæттæлæг бынтон фæкъулбæрзæй. Æхсæлф дæр йæ сæр фæгуыбыр кодта. Стæй Гæнгæлмæ бацыд æмæ йын амоны, йæ хъама фæлдахгæйæ куыд дауа, уый. Уæнгæл дæр уæд афтæ кæны.*

**Цæттæлæг** *(æнæуæндонæй).* Сæмæг... Ахæм тынг бæгæны нæм ис... Æхсиды æмæ пуртитæ æппары раст... Былтыл ныхæсы...

**Сæмæг**. Æмæ уæд былтæ цæвгæ нæ кæны, цæвгæ?

**Цæттæлæг** *(фыццаг ныхас нæ фембæрста).* Сæрмæ дæр цæвы...

**Сæмæг**. Хæмхудтæй зæгъын æз, хæмхудтæй! Нарты Уацамонгæйы ‘нгæс гарз ма ссар, ма – исты ахæм дзаума, уыйау æхсидгæ бæгæныйæ йæ тæккæ дзагæй фыддзæсгомгæнæг, худинаггæнæг гуырдты хæмхудтæ, дардæй рацæугæйæ, куыд мыхъхъ ласа! *(Цырд фæгæпп ласта.)* Ныр ды кæдмæ рафæлив-бафæлив кæндзынæ дæ фаджысамæст къæдзил, и? Дæхи мæ цурæй бæгæныйы ‘фсон сайыс, и?

**Цæттæлæг** *(фæрсмæ йæм тарст цæстытæй кæсы).* Æз нæ цæуын дæ цурæй... Æхсæлф фæндаджы дæргъ уæрхмæ баргæйæ суайдзæн æмæ æруайдзæн уайтæккæдæр...

*Цæттæлæг Цъубыры дуртæй дыууæ фелвæста, азылд комкоммæ Æхсæлфмæ – уый йæм чъылдымыздæхт лæууы – æмæ дуртæ кæрæдзиуыл бахоста. Æхсæлф æм фæкаст, æрбауад æм. Цæттæлæг дуртæ донмæ баппæрста. Æхсæлф ын йæ дзыхмæ æдзынæг кæсы.*

**Цæттæлæг** *(уæнггай йын дзуры).* Нæ-хи-мæ нык-кæн- ды их-ыл бæ-гæ-ны! Ду-ры-ны дзаг дзы рахæсс!

*Æхсæлф фæрæттæ куыд фелвæста æмæ куыд фæцæйцыд, афтæ Гæнгæл Цæттæлæджы уæлхъус фегуырд. Дзургæ уымæ кæндзæн, кæсгæ та Сæмæгмæ.*

**Гæнгæл** *(йæ къухтæ кæрæдзиуыл здухгæ хафы).* Йарæби... О, уа! Бæгæныйы пуртитæ æз дæр цæмæн афтæ бирæ бауарзтон æнтæф бон, мæгъа... Æмæ лæг цыфæнды дæр фæуæд, фæлæ дурын æд бæгæны! Æмæ лæг цыфæнды фæуæд, фæлæ дурын æд бæгæны! Стæй лæг фæкæлын дæр зоны дурынимæ. Стæй дурынтæй дæр къаннæгтæ вæййы æмæ уæд кæй фаг уа?..

**Уæнгæл** *(кæуынхъæлæсæй).* Æмæ æз та-та? Мæнæй тыхджындæр чи хъæр кæны оммен-мен?!

**Цæттæлæг**. Уайгæут æртæйæ дæр!

*Тындзгæ цыдæй ацыдысты. Сæмæг сбадти. Фæлваргæ цæстæй кæсы Цæттæлæгмæ. Уый йæ цæстæнгас радав-*

*бадав кæны, куы йæ фындзы рагъ аныхы, куы йæ былтæ адауы. Хъæрзгæ-нæтгæ ныуулæфы.*

**Сæмæг**. Цы нæтыс, цы – уæ хъуг зайы? Хъуг задис, гал та, дам, нæтгæ кодта. *(Фæтъæлланг ыл ласта.)* Дзур! Кæд дæм бадгæйæ нæ зынын, уæд та лæугæ дæр скæндзынæн! Цы рауад æндæрæбон Симæн фæзы дæу аххосæй?

**Цæттæлæг** *(сæргуыбырæй)*. Æфсæрмы дæ кæнын...

**Сæмæг** *(фæлмæндæрæй)*. Уый уал хорз, æгайтдæр-ма дæ нæма ферох, æфсæрмы кæнын та куыд вæййы, уый! Фæлæ ныл цы бæллæх æрцæуинаг у абон дæ азарæй, уый та Хуыцауæн дæр дисæн хæссын хъæуы! Марыны тæрхон нын куы рахастой æмæ нæ хæдзари-хæдзар алы мыггæгтыл куы байуæрстой! *(Фæхъуыдыдзаст, бахудæгау кодта.)* Цытæ дзурын уый, цытæ – цæй Хуыцауæн дисæн хæссинаг, цæй! Ай хъæудзагъдтыл дæр æмæ мыггагыскъуыдтыл дæр куы сахуыр стæм! Фæдисмæ дæр сæм зивæггæнгæ цæуын куы райдыдтам, уæд! Æцæг фæдис уæд уый уаид, æмæ нæ кæрæдзи куы нал мариккам, цæгъдиккам, сафиккам! Ахæм фæдисмæ Хуыцау дæр йæ арвы дуар байгом кæнид, фæлæ йæ нæ уырнид, æцæг афтæ у, уый! Дзур! Æви дын Нокармæ фервитон? О, кæм ис, кæм – мæ цæст ыл ныр дыууæ боны куынæ ‘рхæцыд...

**Цæттæлæг**. Нæхимæ нæй, Елгонамæ йæ Дзанайтæм минæварæй акодтой. Æмæхсæвæджы фæзилдзыстæм, зæгъгæ, фæлæ... Дзæбидырдзуан кæд бафæстиат... Изæрмæ кæд, Хуыцауы фæндæй, зынид.

*Сæмæг уæззаугай сыстад, йæ лæдзæг сисыл банцой кодта, размæ рацыд, къухæй ацамыдта Цæттæлæгæн, хæстæгдæр ма мæм æрбалæуу, зæгъгæ. Цыма симгæ кæндзысты, афтæ йыл æрхæцыд, йæ мидбынатæй та не ‘нкъуысы.*

**Сæмæг**. Симгæйæ хъуамæ лæппуйы цонг чызджы цонгыл ма ‘ндзæва кæсыс мæ цонгмæ? Ды уый зоныс, æмæ... *(Иуварс ассыдта Цæттæлæджы.)* Ды уый зоныс, æнаккаг, æмæ симæг лæппу чызджы буарыл... Цæй буарыл, цæй?! Йæ дысыл дæр ын куы андзæвы лæппу, уæд цал хъамайы слиуырынц сæ кæрддзæмтæй æмæ цал хъал сагсур лæппуйы бацарæфтыд вæййынц, уый ды зоныс? Дæ мады кас зоныс! Ды та Бацæимæ уый цы хуызæн симын самадтай, цавæр алæ-булæй кæмдæр минас æмæ цæлы фæстæ? Цал дзæбидыры дзы никъкъахтай? Ноджы ма уыцы налат цъæхæй!

Ӕндæр уæдæ куыд батардта дæ зæрдæ чызджы бафхæрын?! Ноджы цавæр чызджы – æнæхъæн фалæсыхы фидауцы!

**Цæттæлæг** *(йæ сæр йæ риумæ æрхауд).* Цъæхæй нæ уыд... Сырхæй уыд: фалæ ир хорласынмæ цыдысты æмæ сыл хæрхæмбæлд фæдæн, дзуары бынмæ цæугæйæ. Сæны лалым сæм уыд... Хъæбысыдзаг лалым...

**Сæмæг**. Уæдæ та ам дæр бынтон нæхи азым куы нæй: фалæ иры лалымы хъус дæр та дзы кæцырдыгæйдæр сзынд! Гъемæ, гъы, гъы, нылвæстай дзы дыууæ-æртæ къуыстилуат дзæбидыры æмæ дæ зæрдæ ныссойфых, ныггæлæбу, и?

**Цæттæлæг**. Ӕз Бацæимæ нæ кафыдтæн... Йемæ кафгæ нæ кодтон... Кафгæ Азирханимæ кодтон, Бацæйæн та йæ йед аныхтон... Салам дæтгæйæ... Ахъыдзы йын æй кодтон...

**Сæмæг**. Цы, цы, цы?!

**Цæттæлæг**, Йæ йед... йæ армыдзыхъхъ... йæ армытъæпæн! Ацы ирон дæлгоммæ, дывæлдах дзырдтæ... Лæг бар-æнæбары дæр фæфыддзæсгом вæййы...

**Сæмæг**. Ныр та йæ ирон æвзаджы æккой баххуырс дæ азым! Ӕгъгъа! Уæдæ уырдыгæй цæуы сæ хъыдзы-мыдзы не ‘лдæрттæ Гæнгæл æмæ Уæнгæлæн дæр, уырдыгæй! Бирæ рæтты ма нæ схæрдзæн мах дæ хъыдзы-мыдзы, дæ сырх сæн бур рондзæй фæкалай! *(Паузæ.)* Мæнæ лæугæйæ цы зын у, æнхъæлмæ кæсын. Цы баисты нæ бæгæныдзаутæ, ай мæ комыдæттæ ныхъуырын куы нал фæразын! Цас сæм кæны, цымæ,,| сым-сымы джиранка?..

*Сæмæг баздæхт йæ бадæн бынатмæ, сбадт. Цæттæлæг фисынæй акаст.*

**Цæттæлæг**. Тындзгæ æрцæуынц уæлæ...

## ЦЫППӔРӔМ ФӔЗЫНД

*Ӕхсæлф, Гæнгæл æмæ Уæнгæл хæстулæфтгæнгæ æрбацыдысты. Ӕхсæлф æмæ Гæнгæлæн сæ къухты дурынтæ æмæ сыкъатæ. Ӕхсæлф æд дзаг сыкъа Сæмæджы цур æрлæууыд. Гæнгæл æмæ Уæнгæл фæхибар сты.*

**Сæмæг** *(сыстад, райста нуазæн).* Диссаджытæ! Мæнæ мæ зæрдæ цы уæлдай тынгдæр агуры Хуыцауæн батабутæ, балæгъстæ

кæнын!.. *(Йæ нуазæн уæлдæр систа.)* О, æмбал кæмæн нæй æмæ æмсæр кæмæн нæй, уыцы иунæг Хуыцау! Ахъаз бакæн! Бирæ цыдæртæ хъæуы лæджы йæ цардагурæй! Фæлæ дæм æз нæ табуйагдæр куывдæй кувын... Дунескæнæг, Дунесфæлдисæг, Дунедарæг, Дунеуромæг дæ æмæ нын нæ хæзнаты хæзнадæр хæзна бавæрыны хъомыс саккаг кæн абон дæр æмæ æнусмæ дæр! Уый та у адæймаджы æфсарм. Æмæ, о Хуыцау, нæ ирон æфсарм нын макуы байсысын кæн! *(Сабырдæрæй, лæппутæн дзурæгау.)* Иугæр адæмæн се 'фсарм фæцудыдта, уæд уый зон, æмæ сæ быныхъæрыссæуинаг фæндагмæ цæхгæр кæй фæуырдыг кодтой! Æмæ нæ бахиз уыцы фыдбонæй, иунæг кадджын Хуыцау, бахиз! Уæдæ хуынæрвитæг хæдзар дæр амондджын хуынтæ æрвитæд æмæ куывддон уæд!

*Сæмæг банызта йæ сыкъа æмæ йæ Æхсæлфмæ радта, уый Цæттæлæгæн рауагъта. Цæттæлæг йæхимидæг цыдæртæ адзырдта, арвмæ кæсгæйæ æмæ банызта. Афтид нуазæн Æхсæлфы къухы дурынмæ бадардта. Уый йын æй куы байдзаг кодта, уæд ын æй йæхимæ радта. Æхсæлф йæ сæрæй æркуывта æмæ анызта. Гæнгæл дæр йæхæдæг куы банызта, уæд афтид сыкъа Уæнгæлмæ радта, æмæ йын æй куы байдзаг кодта, уæддæр ма йын дзы уагъта, æмæ бæгæны зæхмæ кæлы. Уæнгæл уæддæр сыкъа дурынмæ дары рахиз къухæй, галиуæй та кæлддзæгтæ ахсы æмæ сæ схуыпп кæны.*

**Уæнгæл**. Æгъгъæд у дын зæгъын-гъын! Мæ туг кæлæгау куы кæлы æнæвгъау-гъау!

**Гæнгæл** *(худы.)* Омæ кæд æгъгъæд у, уæд дæ сыкъа иуварс айс! Бæркад зæгъ, ирон!

*Уæнгæл дыууæ хъуырттæн фæдæле кодта йæ сыкъа æмæ та йæ бадардта Гæнгæлмæ. Уый дурын æрфæлдæхта – нал дзы ис.*

**Уæнгæл** *(йæ армыдзыхъхъ асдæрдта, мæстæймарæгау дзуры).* Дæ хицау ай! Дæ цæххыл маст! Афтæ дын нæ хъæуы! Дæуæн афтæ нæ хъæуы! Нæ дын хъæуы афтæ!

**Гæнгæл**. Сæрхъæн чи у! Мæстæймарын дæр нæ зоны! Афтæ дын хъæуы, зæгъгæ, дзурын хъæуы!

**Уæнгæл**. Æндæр дæ ницы хъæуы-хъæуы? Афтæ дын нæ хъæуы! Афтæ дын хъæуы фыддæрадæн ома.

**Сæмæг** *(Гæнгæл æмæ Уæнгæлæн)*. Ныхъхъус ут! *(Цæттæлæгæн.)* Уæдæ, зæгъыс, айдагъ хуымæтæг хъыдзы-мыдзыйы сæрыл амæнты бæстæ Коки? О, æфсон æй хъæуы æрмæстдæр – рагæй дауы йæ дæндаг нæ чысыл ис-бисмæ... Цæуон æмæ æз дæр мæ мæгуыр лæджы хæцæн бацæттæ кæнон – сæнæрттæ самайон. Цырддзасты мад нæ куыдта... Стæй нæхи гуырдтæм дæр Сынтбадæн уыгæрдæнмæ хабархæссæг арвитон. Цæттæлæг! Нокары фæзындмæ лыстæджыты сæ мадæлтимæ чъырыны бакæнут дуарæхгæдæй, лæппутæн та, куыд æмбæлы æмæ цы ‘мбæлы, уый рагацау зæгъ! Кокийы цъаммары маст иугæр махырдæм фефсæрста, уæд бырсгæ дæр махырдæм кæндзæн... Уый бадгæ Бадилаты бадт кæны, цæугæ та Тæгиаты цыдæй, фæлæ михдзæуæгыл хъæлдзæуæг дæр бамбæлы...

> *Сæмæг ацыд. Гæнгæл Уæнгæлы ассон-ассон кæны, йæ цурæй тæрæгау. Уæнгæл нæ комы, размæ-фæстæмæ фæйнæ иу санчъехы кæны*

**Гæнгæл** *(Цæттæлæгæн фæрсырдæм)*. Амæй мæ демæ сусæг ныхас и! Зæгъ ын æмæ йæхи айса! Ныртæккæ Бацæ æмæ Азирхан ардæм мæнмæ ‘рцæудзысты!

**Цæттæлæг**. Мæнæ бонæн диссаг æмæ сахатæн æмбисонд! Дæумæ? Бацæ?! Стæй ма Азирхан дæр?! Æрцæудзысты æмæ – мæнæ дæумæ?!

**Гæнгæл**. Мæнуылты дæумæ æмæ Æхсæлфмæ! Æцæг уал уæхи бафæсвæд кæнут.

**Цæттæлæг** *(Уæнгæлæн)*. Цалынмæ æз къæйттæй дæсмæ нымайон, кæд ды уæдмæ уæ уæлхæдзарæй рахъæр ласай, мæнæ дæн, зæгъгæ, уæд дын мæнæй иу лæгæй дæхицæн дурын йæ| тæккæ хъæбатыр цъæх-цъæхид цъæхæй! Тæккæ изæр!

> *Уæнгæл йæ мидбынаты цъилау ныззылд, стæй хæрдмæ сгæпп ласта æмæ уыциу тахт акодта. Цæттæлæг Æхсæлфæн йæ сæры фенкъуыстæй амоны, цом мах дæр, зæгъгæ. Ацæуынц.*

**Гæнгæл** *(æрбадт Сæмæджы бынаты)*. Мæнæ цы ‘хсызгон у цыбыр рæстæгмæ дæр лæджы бынаты бадын! Лæджы бынат... *(Йæхи фæстæдзæг ауагъта, йе ‘рбадæнтæ адыуумæрдæм кодта,*

*цыма арæхстджындæрæй сбадинаг у, уыйау.)* Лæджы бынат лæгыл фидауы, бæргæ, фæлæ йæ хаттæн... Хаттæн хæрæджы сæр дæр фынгмæ хаст æрцæуы æмæ дзы, ратулыны зæрдæйы бæсты, ныффидар вæййы. Фæлæ дæ адæм сæнтдзæфы, быдзæуы номæй тонын куы райдайой, уæд уый зон, æмæ дæ дæ амæлæты бонмæ дæр кæй пирдзысты! *(Скаст арвмæ.)* Нæ, мæхи Хуыцау, уæддæр æз дæуæй хъæстаг нæ дæн! Мæнæ дуне мæ алыварс, æз та йæ тæккæ астæу комы дæгъæл æмæ| бæсты бикъау! Кæд Хуыцауы хуыздæр истæмæн æмæ ахсджиагдæрæн бахъæуай, уæддæр дæ уыны. Уарзт та хæрæджы хъусыл дæр абады. Фæлæ æз, ау, мæ риуы цы сылыстæг рæвдауæн монцтæ сцæнд, цы зæрдæйы хъæзтытæ бамбырд, уыдон талынг ингæнмæ мемæ фæхæсдзынæн?.. *(Сыстад, фисынæй акаст, аивæй ахъæр кодта.)* Гъей, гъей, гъей! Цы фестут, бæдултæ? Кæм та чи уын ссис уæ хъыдзы-мыдзыйыл?

## ФÆНДЗÆМ ФÆЗЫНД

*Бацæ æмæ Азирхан хъуызгæ рацæуынц. Æрвылбоны иударон къабаты бынæй зынынц сæ салбарты фадгуытæ. Сæ къæхтыл æнæзæвæт басмахъытæ. Бæгъæмсар. Сæхирдыгæй тæккæ донybыл æрлæууыдысты.*

**Бацæ**. Гæнгæл, дæхи йеддæмæ ам ничи ис?

**Гæнгæл** *(алырдæмты афæлгæсыд).* Ничи! Йед... Фæкæсон уæм дуртыл æрбауайынмæ?..

*Уасæг хъæмпыл куы цæуа, уыйау йæ къæхтæ бæрзонд исгæйæ, Гæнгæл доны астæумæ бацыд, уым лæууы.*

**Бацæ**. Нæ уæм цæуæм, фалæсых! Нæхионтæ ныл Хуыцауы ардæй хъоды бакæндзысты.

**Азирхан**. Æз бæргæ бауаин, фæлæ дын дæ хъыдзыйæ тæрсын...

**Гæнгæл**. Ма тæрс! Чызджы кæм ахъыдзы кæнын хъæуы, уый æз нæдæр зонгæ кæнын, нæдæр æй хъусгæ æмæ уынгæ искуы фæкодтон. Фæлæ уæ искæимæ бæргæ ахъазин æз дæр аходæнæй сихормæйы бинонтæй! Уæд æз фырцинæй цъæх тынтæ уафин!

**Бацæ**. Кæсыс, кæсыс, амæн дæр зæрдæ куы ис æмæ йын фæлмæн фыды мур куы у махау! Æмæ йын цыдæртæ куы бацагуырдта!

**Гæнгæл**. Ныр мын уыцы цыдæртæ стыр æхсызгонæй цал азы агуры, иунæг Хуыцау йæ зонæг...

*Уæнгæлы хъæр хъуысы: Цæттæлæг! Схæццæ дæн-дæн! Цъæхид цъæхæй-хæй!*

**Гæнгæл** *(дардмæ)*. Ды ма уым бирæ гъæй-гъæй фæкæндзынæ бæргæ!

**Бацæ** *(æфсæрмытæгæнгæйæ)*. Æмæ, Гæнгæл, уалæ Уæнгæл кæмæ хъæр кæны йæ номæй, уый ам искуы хæстæг ис?

**Гæнгæл**. Æхсæлф æви?

**Азирхан**. Æхсæлф мæ мæты хауд у!

**Гæнгæл**. Ай æцæг æрра куы дæн! Бацæ мæ йæ цæттæ лæгæй фæрсы, йæ цæттæ, æз та... Æз та æдзæттæйы кой кæнын!.. *(Бацæйæн.)* Дæ хъыдзы кæныны æмгъуыд та æрхæццæ? Омæ уал дын æй æз дæр аныхдзынæн...

**Азирхан**. Дæуæн дæ ныхтæ амад не сты! Ды лæгæн йæ армыдзыхъхъ иннæрдæм дæр ахуынкъ кæндзынæ!

**Бацæ**. Ныууадзут ма уæ бырынцъаг ныхæстæ! Гæнгæл! Мæ уды гага фæдыуушæ уæд, ды нын... Уыйфæлтау ма нын дæ зарджыты фæлмæндæртæй акæн, бынтон цæхджын-дойныгæнаг чи нæу, уыдонæй. Мæ зæрдæ мæ ацы хатт цыдæр æнахуыр тæлытæй æлхъивы, æмæ мæ алыварс дун-дуне дæр цыма фæкъуындæгдæр... Сымахырдæм, ома фалæсыхмæ бауайынил дæр дын разы дæн... Дæ къух мæм æрæнцойæн авæр!

*Гæнгæл æм басанчъех кодта, йæ къух ын райста, æххуыс ын кæны. Бацæ цудгæ-мудгæ дыккаг дурыл куыд æрцæйлæууыд, афтæ йæ дыууæ къахæй дæр доны скуыси.*

**Бацæ** *(удаистæй)*. Уауу! Мæ басмахъытæ! Ныйивæздзысты мын ныр!

*Гæнгæл йæ цуры дзуццæджы æрбадт, йæ къæхтæм ын æвналы салбары æддеты, хæрдмæ йæм скæсы.*

**Гæнгæл** *(тæригъæдгæнгæйæ)*. Ницы ныццавтай дæхи? Никуы дын сцъæх, стæма, æркæстытæ дæм кæнон... *(Йæ салбары фадыгыл ын хæрдмæ схæцыд, кæсы йын йæ къахмæ, рæвдаугæ йын æй сæрфы.)* Цъæррæмыхст дæр дын нæ фæци! Фæлæ дын, айчы буарау! лæгъз кæй у, уый дæ ницы хъыгдары? *(Йæ къух уæлдæр*

*кæны.)* Стæй, куыд уæлдæр, афтæ цыма тæвддæр дæ... Ницы тас дын у?

**Азирхан** *(æнæрхъæц скафæгау кодта).* Гæнгæл! Мæн дæр ма тагъддæр уæхирдæм фæцæйкæн!

**Бацæ** *(йæ къах атыдта).* Фидиссаджы къуыппæн зарæджы сæйраг мæ кæныс! Фæндырты цæгъдинаг!

**Гæнгæл**. Дæу фæндырты цæгъддзысты, де ‘рвад Коки та ахсæв нæ сыхы кард æмæ топпæй цæгъдинаг куы у! О, уа! Уымæн йæ игæрыл цæхх айзæрд!

*Бацæ фæстæмæ сæхирдæм дон-дон бауад, Гæнгæл та доны астæу æрфæтъæн.*

**Азирхан**. Ралæс тагъддæр! Исты уытъырны дæ схилдзæн, æрра!

**Гæнгæл**. Хорз, æмæ сусæны мæй у, æндæра лæгæн йæ хъæппытæ...

**Бацæ, Азирхан** *(æмхъæлæсæй).* Мауал æй зæгъ!

*Гæнгæл былгæронмæ рацыд, йæ дон лæдæрсы. Куы йæ къæхты бынмæ кæсы, куы йæ хæлафмæ, куы чызджытæм.*

**Азирхан**. Уæддæр цыдæр æвзæр загътай. Комнизæй фæсæй!

**Гæнгæл**. Афтæ мæ æлгъитыс? Гъемæ ма уын уæдæ æз куы азарон!..

**Бацæ, Азирхан** *(æмхъæлæсæй).* Тобæ, Хуыцау! Куыйты коммæ ма бакæс! Азар ныр!

**Гæнгæл**. Æмæ уæ хатыр-табуафси кæм ис?

**Бацæ, Азирхан** *(æмхъæлæсæй).* Табуафси, хатыр! Табуафси, хатыр!

**Гæнгæл** *(йæ сæрæй сын акуывта).* Табуафси! Табу, æфсин! Кæцы зарæгæй уын райхалон уæ дуду зæрдæты æлхъывд тæлытæ?

**Бацæ**. Хæрзбынтон æнæуæгтæ, фыддзыхтæ нæ хъæуы! Æддæкъах, æддæгæс чызджы зарæг!

**Гæнгæл**. О, уа! *(Базарыд.)*

Сусхъæд сыфтæрджын, уæд халон бадæн, гъей!

Абон мыл цы худут, Цъисткомы фæсивæд, гъей?

Сусæгæй сывæрджын æз фарон куы бадæн, гъæй!

Иннæ:

Сæ фæрвæй сæ бандон, бадгæ дæр ыл нал кæнынц, ой!

Сæ мæрдæй фæбадон, батæ дæр мын нал кæнынц, ой!

Иннæ:

Терк-Турчы бæстæ уарынджын бæстæ, гъей!
Нанайы буц чызг, цы ми дын кодтой,
Цы ми дын кодтой дысон æхсæвы, гъей!
Дысон æхсæвы уæ арынджы фæстæ, гъей?

Иннæ:

Терчы фале Къуыдары бæстæ, гъей!
Дысон мын, чызгай, куыд аирвæзтæ, гъей?
Уæлæ мын рагъыл хъихъыри гакк-гукк, гъей!
Уазæг чызджы мын иу къуыри раттут, гъей! *(Паузæ.)*
Бацæйы ма мын иу æхсæв раттут, гъей!

**Бацæ**. Дæ былтæ хæргæ хæлмагæй нæ рафаддзысты?

**Гæнгæл**. Уæд та афтæ: Азирханы мын иу бонмæ раттут, гъей!

**Азирхан**. Æз дæм иу боны номыл мæ фадхъул дæр нæ равдисдзынæн!

**Гæнгæл**. Æхсæлфæй уæдæ лæппухъæбыс бау, фырыхъулы хуызæн лæппутæй авд!

**Азирхан**. Арс дæ ныттонæд!

**Гæнгæл**. Æрдæбонсарæй мæ цыдæр арс рох кæны, цыдæр арс... Огъо! *(Бацæмæ фæзылд.)* Бацæ! Мæнæн сырдты мыггагæй арсæй æнæуынондæр ничи у!

**Бацæ**. Цы дын кодта уагæры?

**Гæнгæл**. Уæдæ дæуæн æрдæбон дæ буар айчы буарау лæгъз куы уыд, уыцы сатæг дзæбæх, уыцы! Уæд арс та сылгоймаджы йæ хъуынджынæй цæмæн фауы?!

**Азирхан**. Уый, зулкъ æлгъæй мард, зæгъгæ, арсы хуызæттæй фæзæгъынц!

**Гæнгæл**. А-а-а, æзынма, зæгъын, кæд арс йед у, хахуыр ахуыр... *(Базарыд.)*

Калачы фæндаг Къобыл æруади, гъей!
Ахæм хъуыддæгтæ къордыл æруади, гъей!
Къахгæ къодах, гæбына халас, гъей!
Цæй-ма, Бацæ, дæ дзабыр ралас, гъей!
Сахары сæрмæ Æрхоны адаг, гъей!
Нæ уазæгæн, дам, йæ хæлаф адавд, гъей!
Джызæлы сæрмæ Хъобаны бæстæ, гъей!
Уый та кæд разынд гобаны фæстæ, гъей!

Кæнæ:

Æхсæрыл хуыссæг нал хæцы.
Уый, дам, уарзоны тыххæй у!
Æхсæв мыл сыфтæр нал хæцы,
Уый, дам, уазалы тыххæй у!

**Бацæ, Азирхан** *(æмхъæлæсæй)*. Афтæ нæу, иннæрдæм у|**Гæнгæл**. Уыцырдæм у, уыцырдæм! Æхсæрыл дæр, бæрзбæласы кæй уарзы, уый фыдæй хуыссæг нал хæцы! Мæнæн та иунæгæй сусæны мæй дæр уазал у æмæ мыл цæй сыфтæр рахæца?! Мæ фарсхъармгæнæг мæ фæцис, зæгъгæ, уæд фырцинæй сæрджын саджы къабузджын сыкъатæ рауадзин, сыфтæр нæ, фæлæ! *(Йæ хъамайы сæрыл æрхæцыд.)* Фæлæ ныр дæр æз иу зæрдиаг кафт æрсадзин къах-къухтыл. Æмдзæгъд мын нæ хъæуы – æрра доны хъæрмæ дæр кафы. Бацæ æмæ Азирхан фалæсыхаг дзыхтæй ма мын ацæгъдут мах уæ кæрдтæй цæгъдыны размæ! Кæд мæ фæстаг кафт у мæ мæлæты размæ, уæд та?

*Бацæ æмæ Азирхан æмхъæлæсæй цæгъдынц сæ дзыхтæй:*

Гутты-гутты-гудыла!
Дакки-дакки гæлæбу!

*Гæнгæл рог кафт скæны, æрлæууы æмæ сæм базары:*

Гутты-гутты-гудыла!
Дакки-дакки гæлæбу!
Чындзы хуынмæ фæлæбур
Цы у, уымæй æлæм у!

*(Гæнгæл æркафы æмæ фæлæууы)*. Азирхан! Уæдæмæ хуыссæг кæуыл нал хæцы, уый дын зæгъон? *(Базарыд.)* Æхсæлфыл хуыссæг нал хæцы! Уый, дам, Азирханы тыххæй у! *(Азылд Бацæмæ.)* Æви, Бацæ, Цæттæлæгыл дæр рагæй нал хæцы ... уæ куыдз? Дысон дæм уæ арынджы фæстæмæ не суад иу адджын ахъыдзы-хъыдзы кæнынмæ?

**Бацæ**. Де 'взагыл дур æруайæд! Ды лæгыл дæ бæрбæрæй дзыхæн хъарæг скæнын кæндзынæ... Йед... *(Кæйдæр уыны.)* Къуыппæн зарæг, дзыхæн хъарæг...

## ÆХСÆЗÆМ ФÆЗЫНД

*Цæттæлæг æмæ Æхсæлф æрбацыдысты. Бацæ Азирханы фæстæ амбæхст. Гæнгæл кафгæ-кафыны дзыхълæуд фæкодта, Сæмæджы дурыл сбадт æмæ сæм хъусы. Бацæ ракæсы Азирханы чъылдымæй, фæстæмæ амбæхсы, йæ*

*дзыкку раби-баби кæны. Æхсæлф йæ цæстытæй фæхæры Азирханы.*

**Цæттæлæг**. Фарн уæ хъазты!

**Азирхан**. Фæрнджын ут, фæлæ ма де ‘мбалы чысыл фесхой, науæд мæм йæ цæстытæ афтæ ныззынг кодта, æмæ куы ссудзон, кæд уымæй нæ тæрсын!..

**Æхсæлф** *(хъизæмаргæнгæ зæгъы)*. Æ-æ-æз-дæ-дæу у-у- уа-уа-уар-з-з-зын! О-о-о!

**Азирхан**. Цы ми кæны, цы? Дзурын фæлвары?

**Гæнгæл**. Цыми йын конд фæцис, тагъд Бæлтамæ бавналдзæн!

**Цæттæлæг**. Уæ иу хъыдзыйæ удхауд кæны, иннæ цæстæнгасæн нæ быхсы!

**Азирхан**. Кæй уарзай, уымæн йæ хъыдзы дæр тугæррагæнæн у...

**Цæттæлæг**. Уанцон уарзт нæу! Уый куыд вæййы, уый – уарзын? Афæрс ма дзы дæ чъылдым хъахъхъæнæджы. Уæлгоммæ ахауынæй дын тæрсы?

*Бацæ Азирханы хъусы цыдæртæ бадзырдта, йæ чъылдыммæ та амбæхсти.*

**Азирхан**. Уæд, дам, дзы къаддæр нуазын хъæуы ронгæй!

**Бацæ** *(йæ ныхас цыма æгæр хъæрæй фæцис)*. Æгонгæй! *(Фæтарст, йæ арм йæ былтыл авæрдта.)*

**Цæттæлæг**. Куы фæуарзынц, уæд фæтк у бæстæ дæ сæрыл сисын иу хъыдзыйы охыл? Цы фæнд æм ис – нæ иргъæвы тугныккалдæй йе ‘рвад æфсымæры?

*Бацæ цыдæртæ дзуры Азирханы хъусы, уый йæ сæр разыйæ тилы.*

**Азирхан**. Коки, дам, кæуылты у ныхасæй, йæ ныхæстæ Хуыцауы сæрты фембæлынц. Фæлæ, дам, ды цудтытæ-мудтытæ ма кæн! Кæд, дам, мæ скъæфинаг дæ, уæд тæккæ ахсæв дуарсаст, рудзынгпырхæй. Науæд та...

*Бацæ йын йæ фæсонтыл тымбыл къухæй ралæууыд.*

**Азирхан** *(ныммады дæр æм не сты Бацæйы тъуппытæ)*. Тæхуды æмæ, дам, йæ зæрдæйы фаг йæ уарзоны хъыдзыгæнаг цæстытæм фындзæй-фындзмæ хæстæг чи фæкæсы! Бацæ мын дæумæ уайсадгæ

кæны, фæлæ сæ æз та мæхи номæй Æхсæлфæн куыд фæдзурон, куыд? Уæ Хуыцау, Æхсæлфы фаг дæм хъусаг хъустæ нал уыд, æви? Мæ дзæбидыры тинтычъийæ баз, цымæ, æхсæв бонмæ цал хатты ныххуылыдз вæййы?.. Мачи дæ бауарзæд, мачи, Хуыцауы чызгæн дæр ма хæлæггаджы уарзтæй!..

*Æхсæлф Азирханæн йæ рахиз къухæй йæ зæрдæмæ амоны, ай дæу у, зæгъгæ. Азирхан ын алыварс дунемæ амоны, ай нæ дыууæйы у, зæгъгæ. Стæй кæйдæр цыма ауыны.*

**Азирхан** *(удаистæй).* Æллæх-биллæх, æрцæуы! Удхæссæджы бæхтæрæг Дзæхирæт! Бацæ, лидзæм!

*Цæттæлæг ма цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ чызджытæ фæауон сты уæдмæ. Æмæ уæд Æхсæлфимæ уыдон дæр ацыдысты. Гæнгæл сыстади, размæ бацыд, арвмæ цасдæр фæкаст.*

**Гæнгæл** *(тæхудыгæнæг хъæлæсæй).* Уæдæ цы бæрзонд æмæ уæрæх у арв! Æмæ мæнæ цы мæлдзыджы къуыбар дæн æз та... Мæхимæ дæр нæ зынын... Хъæстаг дæ нæ дæн, куы йæ зоныс, ме сфæлдисæг Хуыцау, лæгæн дæ ракондсой у, фæлæ мæ суртæгæнаг цæмæн фæкодтай уæддæр, цæмæн? Мæ фыдæлтæй кæй хæс исыс мæнæй? Мæ налат фыды? О, уæд райдыдтон, уæд, суртæ кæнын – авдаздзыдæй. Мæ фыд мын мæ цæстыты раз мæ фаззон хойы куы амардта, уæд... Сыхæгты ног чындзæн, дам, æнгуырстуан хистæртæй æнæ искæй бафæрсгæйæ цæмæн радтай, зæгъгæ, йыл хъримаг ныххуырста... Уæд уый цавæр æгъатыр цъаммар у дæ туг мæстæй фыцгæйæ, и, адæймаг? Æмæ дзы уыцы мастифтыгъд уысмыл ирон туг дæр барагдæр кæй нæу, лæджы зæрдæ бынтон уый халы, уый... *(Паузæ.)* Иу рухс бон та акъул, фæтулы уырдыгыл æнусы тармæ. Æмæ та мæм ахсæв мæ лыстæнмæ уайсадгæ чындзау нымдгæнгæйæ кæсдзæни мæй æмæ мыл йе ‘взист цæстысыг лыстæгæй луардзæн... *(Паузæ. Стæй хъæлдзæгдæрæй.)* Гъæй-джиди, æмæ лæппутæ фарны хъил кæй ердойæ, кæй сæйрагæй æруадзынц æмæ кæй къонамæ æрдзурынц: фарн, фарн! Фараст лæппуйы æмæ иунæг цъæх чызг! Йæх, уæдæ дзы æз дæс уалдзæджы размæ куыройы суадонмæ æд донгæрзтæ цы хъæддаг рæсугъд чызджы федтон æрцæугæ! Ахæм кондджын-уынդджын уыд, ахæм, æмæ йæ растдæр дойныйы хосæн нуаз! Йæ алы фидарконд буар æнæхъæнæй дæр цы ‘хцон уылæн хаста, цы ‘хцон!

Цы тынг æй агуырдта мæ уарзтмондаг мæгуыр зæрдæ, цы тынг! *(Фæсфисынмæ фæкаст.)* Кæм уа, уæдæ, уыцы удхæссæджы хо Дзæхирæт? *(Хъæр кæны.)* Дзæхирæт! Мæнæ дын цæхх ирæд! Размæл тагъддæр!

## ÆВДÆМ ФÆЗЫНД

*Дзæхирæт æрбацыд. Доны тæккæ былгæрон слæууыд.*

**Дзæхирæт** *(Гæнгæлмæ лæдзæгæй æвзиды).* Æз дын!.. Æз дын дæ гæнгæл фæуæнгæл кæн... *(Уæлдæфмæ сысмыстытæ кодта.)* Æмæ ам Бацæ, Азирхан, Цæттæлæг æмæ Æхсæлфы тæф куы кæны! Уæд мын сæхæдæг та цы ‘рбаисты?

**Гæнгæл**. Смудгæ дардмæ куы кæныс, паддзахы куыдзау, фæлæ уынгæ æмæ хъусгæ та уæд ницы фæкодтай?

**Дзæхирæт**. Ныр ма ды де ‘ррайæ уæлдай æдзæсгом дæр куынæ уаис, уæд Бацæйы æгъдты ‘хсæн цы агуырдтай, донастæу бадгæйæ?

**Гæнгæл**. Цы агуырдтон – йæ бикъ ын агуырдтон! Æндæрæбон ын Цæттæлæджы хъыдзытæй бафтыд. Æмæ йын æй, зæгъын, йæ бынаты сæвæрон!

**Дзæхирæт**. Дæ цæсгом дыл фæлтæргай æрлæбырæд!

*Дзæхирæт ма цы акæна фырадæргæй, уый нал зоны Гæнгæлыл йæ лæдзæг фехста, уый йæхи фæсайдта.*

**Гæнгæл** *(систа лæдзæг, ракæс-бакæс æм кæны).* Æмæ ай дæ фыды æхххуырсты лæдзæг куы у! *(Фехста йæ иуварс.)* Ахæм буцæй даринаг фыдæлты дзаума хъазинаг фæкæн!..

**Дзæхирæт** *(ату кодта).* Дæ уд сис! Дæуæн дæхи фыд... дæхи фыд... Уый... Уый...

**Гæнгæл** *(æрхæндæгæй).* Хъæбулхор куы уыд, нæ?

**Дзæхирæт** *(хорзау нал у).* Гæнгæл! Бахатыр мын кæн... Æз дæ цыфæндыйæ дæр бирæ уарзын!

**Гæнгæл** *(æхсызгонæй).* Æз дæр, æз! О, уа! Цъисткомæн ды нæ дæ, зæгъгæ, Дзæхирæт, уæд уалæ хæхтæ дæр ма ныссидзæр уаиккой! Цымæ, Дзæхирæт, дунетыл кæй æрратæ сты æппæтæй зондджындæр æмæ стæй кæй зондджынтæ сты æппæтæй æррадæр? Ие ‘рра зондджын цы адæмæн нæ кæны, уыцы адæм Хуыцауæн уæлæуыл даринаг не сты. Æмæ иннæрдæм дæр: йæ зондджын сонт

кæмæн нæу никуы, уыцы фæлгæтæджы адæм дæр хæссинаг не сты. О, уа!

**Дзæхирæт** *(дзагъырæй йæм фæкаст, фестъæлфæгау кодта).* Цон дæлвæндагмæ: афонмæ Локар сыздæхы йæ базырджын гæххæттимæ! Цыкола байгом кæныны тыххæй йын барлæвæрд ис уымæй...

**Гæнгæл**. Цыкола загътай?! Æмæ уый хъæу цыдæр куы у Дыгуры бæсты.

**Дзæхирæт**. Бæгуыдæр! Локарæн уый йæ фыдæлты хъæу у æмæ уый кадæн хоны йæ ахуырдон дæр афтæ – цыкола... О, мæ лæдзæг! *(Йæ къух ауыгъта.)* Цæй, ам дæлæмæ уистæй фылдæр цы ис!..

*Ацыд.*

## ÆСТÆМ ФÆЗЫНД

*Нокар æрбацыд. Айдагъ куырæты, зæнгæйттæ йыл, æнæ хæцæнгарз, йæ роныл æнæуи кæрддзæмджын кард. Сау уæлдзарм худ ыл.*

**Нокар** *(йæ къухтæ ахъæбысæввонг систа).* Уæуу мæнæ ма Гæнгæл! *(Ахъæбыс æй кодта).* Цæй, цы хабæрттæ ис?

**Гæнгæл**. Уацхæссæг, хабарзонæг дæхæдæг куы уыдтæ минæвар Наргомы. Æви хуыхдæджы бадæг чындзхоны цыдæр...

**Нокар**. О, фидаугæ дæр бакодтам, дзæбидыры гал дæр ма амардтон – сæ дзуг тæгуызгæрдæгæй минас куыд кодтой, раст æй тæккæ афтæ рафæлдæхтон! Уый ма уыйас зын нæ уыд, фæлæ йе ‘мпъухын уыд фæллойаг. Дæлæ йæ Æхсæлф æмæ Цæттæлæг кой кæнынц.

**Гæнгæл** *(бахудт).* Нырыдæгæн хусы смаг былтæ цæвы! Æмæ мæнæ цы хæрзад сты мæ комыдæттæ дæр!

**Нокар**. Дæ физонæджы хай дыл æмбæлдзæн, фæлæ нын цыма чидæртæ нæхи афизонæггæнинаг сты... И?

**Гæнгæл**. О, уа! Адæмæн сæ сындз, сæ бындз чи у, уыцы Коки!

**Нокар**. Сæмæджы фæрсæг рауадтæн ардæм, фæлæ... *(Йæ къухтæ арвмæ систа.)* Уæ, Хуыцау, йе знаг дæр лæггæнæг знаг кæмæн фæвæййы! *(Гæнгæлæн.)* Гъемæ куыд кæнæм, уæйыг лæг? Исты сæнтаудзыстæм?

**Гæнгæл**. Кæд фæнык фадхъултæм уа, уæд дзы мах дæр исты рыг скалдзыстæм! О, уа!

**Нокар**. Ай бынтон домбай лæг куы дæ, Гæнгæл! Уынгæджы сахат худынып чи у! Гъы, гъы, æмæ уæддæр цавæр хæст сиды Коки – зæххы сæрыл, комы сæрыл, æви мыггаджы сæрыл? *(Арауай-бауай кодта дыууæрдæм.)* Уæуу, мæнæ лæджы дзæбæх цардвæндтæ æнæнхъæлæджы куыд фæсыкк вæййынц! Фæлæ... *(Дардмæ кæсы.)* Фæлæ лæгау лæгæй кæй бафæнда цæрын, уый уал лæгау лæгæй мæлæтмæ уæд цæттæ! Æмæ кадимæ мæлынмæ цыма арæхсæм, афтæ мæм кæсы, æрмæст кадимæ цæрын та кæд базондзыстæм, цæрын?.. *(Цыма йæхи фембæрста, уыйау фестъæлфыд.)* Гæнгæл, дæ хорзæх æмæ дæ кæстæры хатырæй, Сæмæгмæ мын хабаргæнæг суай! Саг, зæгъ, йæхицæн дондзуан æмбал агуры... Нæ туг нын чи кала, уымæн та йæхицæн йе ‘хсыр нæ миздзæн!

*Гæнгæл згъорæгау акодта, фæлæ уайтæккæ фæзылд. Йæ хæдфæстæ Сæмæг æд ерæдзыпп æрбацыд.*

**Нокар**. О, хæрхæмбæлд фестут!.. *(Сæмæгæн.)* Дæумæ йæ ‘рвыстон æмæ уалынджы дæхæдæг...

**Сæмæг** *(Нокары къух исы).* Æгайтма афонып сæмбæлдтæ! Бæстон аныхæстæ кæнæм, уый амал дæр нын нал ис! Æнæхъæн дыууаддæс барæгæй хæстифтонгæй æрцæуынц Кокийы æфсад. Фæлæ уæдмæ нæхионтæ дæр сæ бæрæг топпæргъæвæнты æрбаддзысты... Коки схъæл-гуыбыртæ кæны фырхъалæй, фæлæ ды, Нокар, мæ хур, ма батагъд кæн хъилдзæуæгыл хъæлдзæуæг фæуынмæ. Бахъуыды сахат хæрзæууылд æмæ тыхныхъуырд ахсджиагæн хъæуынц. Иугæр хæст фемæхсти, зæгъгæ, уæд та... Цæй, Хуыцауæн табу, лæгагур нæма фестæм!

Сæмæг йæ бынаты æруагъта йæхи, ерæдзыпп къулæнцой сæвæрдта. Нокар æмæ Гæнгæл йæ фæйнæфарс слæууыдысты. Фæсфисынæй фæзындысты гæрзифтонгæй Цæттæлæг æмæ Æхсæлф, стæй фæауuон сты. Уæнгæлы хъæр хъуысы: Æз дæр уæ феййафын-фын!

## ФАРÆСТÆМ ФÆЗЫНД

*Уыдон, Коки æмæ Хъуындо. Дыууæйæ дæр хæстдзæттæ, сау цухъхъаты. Коки санчъех раздæр балæууыд.*

**Коки** *(йæ сæрæй зына-нæзына акуывта).* Фалæсых! Уæ Цæттæлæг чи у, уый махæн нæ фыдæлты бæрзонд худ фæцудынвæнд скодта. Мах та сымахæн æнæфæнык хъалтæ не

стæм! Æмæ дыууадæс барæгæй домæм: Цæттæлæг мæнæ ам нæ топпыты ‘мæ нæ кæрдты фындзмæ дзуапдæттæгæй æрлæууæд! Науæд...

**Нокар** *(размæ рацыд).* Мах дæр, Коки, чысылтæ цыма нымайæм нæ рухсыбадинаг фыдæлты... Гъемæ уазæгæн æгасцуай зæгъæг уыдысты. Гъемæ тæккæ уазæгафон сæмбæлдыстут æмæ мидæмæ саккаг кæнут. Мах ахæм фалæсых стæм, æмæ уазæг нæ уд, нæ дзæцц у! Уазæджы сбуцæй мах нæхæдæг сырх бæрзæй æвæрæм!

**Хъуындо**. Иугæр Коки Цæттæлæг загъта, уæд цæттæ уæд мæнæ ам!

**Коки** *(уæзданæй банхъæлмæ каст).* Мах сымах буцхъуаг не стæм! Уæ иуы буцæй уал махæн нæ масты гуцъа дзаг у! Сдызæрдыг мыл стут, æвæццæгæн, зæгъгæ, æз мæ хойы нывыл дарыны бонæн нæ дæн... Æмæ уыцы зæрдæ фæсайдта уæ цæттæ лæ... лæ... Уæ цæттæ фаджысы рагъы!

**Нокар**. Цæттæлæг мæ иу фехситтæн ам стæлфдзæн уайсахат. Фæлæ йæ азым циу уагæр, цы? Уый йæхи аууоныл дæр куынæ æрлæудзæн, йæ хъыджы – йæхи аууоны хъыджы! – бацæуынæй тæрсгæйæ, уæд... Арæби, Коки, уый дæуæн дæ зæнгойбос бабæттыны аккаг дæр куынæ у, уæд дын йæ маст ахæм тых бакодта? Нæй йын ирон цæхх æмæ кæрдзынæй бафидыны æмæ бафидауыны мадзал?! Уа æгæр у?! Фаджысы рагъы маст ахæм зондхалæн у? Уæд æй...

**Коки** *(нал æй бауагъта йæ ныхас фæуын).* Нæй! Нæй уын тугæн донæй бафидæн! Уый нæдæр фæныкæй æхсгæ у стæй, нæдæр хъара сапонæй! Æрмæстдæр тугæй! Æмæ дзæбæхæй йæхи къахæй рацæуæд! На уый нæй, уæд уын æз дæр мæнæ куы дæн!

**Нокар** *(Сæмæгмæ азылд).* Сæ масты дзæкъул сын афтæ цæмæй ныддымста уыцы бынмиз? Æз ын абелыæмбисонды...

**Сæмæг**. Кокийы æрвад хо Бацæйы армытъæпæн сыкъадзæфæй ахъыдзы кодта!

**Коки**. Уый мæнæ хуымæтæджы хъыдзы нæ уыд! Уый мах нæ ныфс, нæ намыс æмæ нæ лæгдзинадæй басгæрста! Цымæ ма нæ ирон туг ирон у, æви исты арвистон сси, зæгъгæ! Æгæстæй ма стæм, æви мæрдтæй, зæгъгæ! Æз йæ иунæг æфсымæр дæн Бацæйæн æмæ йæ...

**Нокар**. Хойæн æфсымæр, йæ арвы цыппар кæроны дæр кæуыл æнцайынц, ахæм ныфсы цæджындз у! Æмæ дæ маст цытджын у, Коки, фæлæ... *(Фæсагъæсхуыз.)* Фæлæ ныр уыцы чындæйæн та цы чындæуа? Нæ зонджын фыдæлтæ цæфыл лымæн кодтой, тугыл – каис, фæлæ сæм хъыдзы-мыдзыйæн та цы карздæр фиддоны æгъдау

уыд? Фалæсыхæн уæ дзых – уæ тæрхон, зæгъгæ, зæгъ, æмæ нæ туг агурут! *(Уыциу йелæлæй ныккодта.)* Йæй-йæй, Тибы хасты фæуай, кæд цы сых дæ! Иу исчи! Мæнæ амонды хæлоф! Иу удæгас лæг!

*Æхсæлф уæзбын цыдæй рацыд.*

**Нокар**. Къуырма мæ кæм фехъуыста, иугæр уым бынтон сæфт нæма стæм уæдæ! (Уæнггай дзуры Æхсæлфæн.) Тагъд ар-дæм дыу-уа-дæс чыз-джы æр-кæн! (Гæнгæлæн.) Ды та мын Бацæ æмæ Азирханы æрхон! Дзæг æмæ, дам, Дзой кæрæдзийæн æнцой...

*Æхсæлф æмæ Гæнгæл азгъордтой.*

**Коки**. Уый цы дæ зæрды æрæфтыд, Нокар?

**Нокар**. Махмæ дзæнæты хардз чызджытæ раст иу хуымваг дæр ис! Дæ барæгджын æфсады фагмæ дзы арвыстон: алчи дæр уæ нæ дыууадæс чызджы армыдзыхъхъытæ ныхынæй йæ ныхтæ сæ рæбынтæм сихсийын кæнæд! Хъыдзы-мыдзыйы ерысы бацæут! Дыууадæс хатты уæззаудæрæй сисут уе ‘фхæрд!

*Фæсфисынæй лæппуты худын хъуысы, сæ дзолгъо-молгъо ссыд. Коки Хъуындойæн уыцырдæм ацамыдта, цу-ма, циу, уый базон, зæгъгæ. Хъуындо ауад, фездæхт.*

**Сæмæг**. Табу дæхицæн, Хуыцау! Бузныг лæгæн дæ зонды лæварæй! Нокар, мæ лæугæ хох æмæ мæ цæугæ мæсыг акæнай! Цы хорз былыздухæн дын рауад былысчъил Кокийæн, цы! Коки, мæ къона! Ды дæр æвзæрæн æвгъау дæ æмæ-иу хорз зондыл дæхи макуы атигъ кæн!

**Коки** *(Хъуындойæн)*. Циу?

**Хъуындо**. Лæппутæ афтæ зæгъынц, мах дæр, дам, уыйфæлтау чызджыты хъыдзы кæнынæй куы бафсæдиккам!..

**Коки** *(фырадæргæй йе ‘хсаргард æрдæгмæ сласта, фæстæмæ йæ нысхуыста).* Уæдæмæ ирон лæг ирон лæг куы нал вæййы, уæд æппындæр ничиуал вæййы! Куыдз дæр куыдз æмæ уый дæр куыдз! Куыдзыл бату кæн æмæ йæ асдæрдзæн!

*Цъубыр хъуызгæ æрбацыд, йæ бынаты уæззаугай сбадт, йæ лулæимæ архайы, æнцад хъусы, æнцад кæсы.*

**Нокар**. Коки, стыр загъдæй стыр зард кæуылты хуыздæр у!

**Коки**. Лæджы тæф цы лæг нæ кæны, уый зарæг мæнæн хъарæг у! Æмæ æз ахæм адæмы ‘хсæнæй цæугæ нæ – ахæм адæмы ‘хсæнæй æхсæвыгон лидзгæ кæнын! Хъуындо! Мæ фæстæ æндæр бæстæм! Лæгау лæджы тæфгæнæг бæстæм!

**Нокар** *(арф ныуулæфыд).* Уæдæ-иу лидзгæйæ дæ кадджын худ ма ахауæд. Фæлæ ма дын æз иу зæгъын, кæд хуы арвæн ницы зоны, уæддæр... Ды дæ худ Тæгиаты дард ма кæн, мигътыл хафгæ, фæлæ йæ чысыл æрдæлæмæ кæ! Сымах хæдзарвæдæн туг дойныйæн нуазын де стырфыд Зиндзолæй баззад! Зиндзол йæ æмæрдхорд Уыбатимæ Адираты тæнæг мыггаг сæ хъугомы хайы сæрмæ æд мыстытæ-лыстытæ ныссæрфтой. Фæсвæд ма сæ иу саби лæппу аззад, гуылуарзаг лæппу. Йæ мад ын уый хæдразмæ цы гуыл скодта, уый Зиндзолмæ дардта æмæ йын лæгъстæ кодта «Мæн ма амар, æз дын мæ гуыл ратдзынæн...» Бирæгъ ныббогъ-богъ кодтаид уыцы сабийы тæригъæдæй, фæлæ дæ фыдыфыдæй, дæуæн табуйаг цы лæджы тæф у, ахæм смаг цыд æмæ... Æмæ сабийы къубал, сабийы фæлмæн къубал хурхæргæвстæй сæргæвста! Афтæмæй нын нæ хорз фыдæл та уый фæдзæхста, æмæ, дам, знаджы хъæбулмæ дæр дурзæрдæйæ ма акæс, науæд, дам, дæхи уæзæгыл дæр саби никуал бахъомыл уыдзæн.

**Коки** *(саст хъæлæсæй).* Дуг цы уыд æмæ цы у, уый уыд махæн дæр нæ туг.

**Нокар**. Уымæй дæр та гæды зæгъыс! Дугæй хъастгæнæн нæй, фæлæ фæлтæрæй ис! Лæгæй ис! Лæг у, лæг, дуджы цæсгомгæнæг! Дурзæрдæ уæвынæй нæ цы фыдæл фæдзæхста, уый дæр царвхæрæн æмæ мыдысдæрæн дуджы нæ цард! Адæмы фидауынгæнæг Хуыцауы хæрзиуæг у, адæмы астæу фыдæхуарæг та Хуыцауы налат! Йæ риуы мидæг искæмæ æнæуынон зæрдæ чи дары, уымæн уыцы маргæй æппæты фыццаг йæхи мидуды дзæбæхтæ судзынц...

**Хъуындо** *(йæ хъамайы сæрыл æрхæцыд).* Иугæр Коки дугæй кæнгæ-аразгæ туг зæгъы, уæд... уæд...

*Æхсæлф фæзынд, лæбурæджы цыдæй æрбацыд æмæ комкоммæ Кокимæ йæ ных сарæзта, йæ къухтæ, цыма йæ ныххурх кæнинаг у, уыйау систа. Æмризæджы ризы, хъизæмар кæны цыдæр сдзуринагæй.*

**Æхсæлф**. А-а-а... А-а-ац-ацу! А-ацу!

*Коки разæй, афтæмæй Хъуындоимæ ацыдысты. Цæттæлæг, Гæнгæл, Бацæ æмæ Азирхан æрбацыдысты. Чызджытæ иуварс æфсæрмдзастæй слæууыдысты.*

**Нокар** *(Цъубыргæн).* Кæрдзынæвввахс – зæрдæвввахс, ирон фидыд фынджы рагъыл, гъемæ нæм саккаг кæн, Цъубыр! Дæ дзабыр нын зынласæн нæ уыдзæн: зæрдиагæй дын балæггад кæндзыстæм!

**Цъубыр** *(сыстад).* Хуыцаумæ дзæгъæл хыртт-мыртт нæй! Уæдæ мах дæр Хуыцау, фысымтæ йæ чъылдымæн кæмæн кувынц, ахæм уазæг ма фæкæнæд! *(Дуртыл иннæ фарсмæ хъавгæ бауад)*

**Сæмæг** *(сыстад, Цъубыры къух исы).* Амæй фæстæмæ нæ тыхфæлварæн нæ, фæлæ цардфæлварæны хорзæх уæд!

**Нокар** *(хъуыдыдзастæй).* Гъемæ уæдæ иунæг арæн ис адæймагæй адæймаджы астæу: иу у зондджын, сæрфатæй архайæг, иннæ – фалæсыхаг! Хæрзцыбырæй та афтæ: иу хорз, иннæ – фалæсыхаг! Ам мæнæ ныр чи ис, уыдон нæхи сыхæгтæ сты! Гъемæ ныл æфтгæ цæуæд, иннæты та куынæгмæ тæрæд Хуыцау! Табуафси, саккаг нæм кæнут!

*Нокар адæмы йæ разæй куыд фæцæйкодта, афтæ фæдисонцыдæй æрбацыдысты Дзæхирæт æмæ Хъуындо. Хъуындо чъизитæ, пыхцылтæ.*

**Дзæхирæт** *(тыхулæфтгæнгæ).* Комвæдис! Тугвæдис! Амардтой йæ мæнæ ай æмæ Коки! *(Хъуындомæ амоны.)* Мæнæ йай! Кокийыл сиахсæггаг гæркъуыры хуызæн ныхæст цыдæр...

**Хъуындо**. Ма йæм хъусут! Кæд æм хъусут, уæддæр ыл ма ‘ууæндут! Локар нæ лæвæрдта йæ базырджын чиныг, æмæ йæ уæд уый дæр барæхуыста. Фæлæ йын ницы уыд! Хъамайы фындз æрмæст йæ агъды уæгъд фыды бауад. Æз дæр æй куы нæ куымдтон Локары цæвын, уæд мæн дæр хъамаимæ басырдта Коки. Фæлæ æз мæхи фæсайдтон, æмæ уæд уый Бæхнайæны кæрдгæ къæдзæхæй Цъистдонмæ асхъиудта... Йæ цагъартæ йæм фæфæдис сты, ставд цæссыгызгъалгæ йæ дон-дон агурынц... Кæд, дам, нæ бон авд хатты ехсæй надта, уæддæр нын хорз уыд, зæгъгæ... Æмæ Локары чиныджы дæр дон аласта... О, æз та Локарæн йæхи Гогомæ бакодтон, тæккæ уым куы цæры... Хъæдгоммæзилæг Гогомæ... Йæ цæф ын хæлуарæджы тын æмæ хъæды æвзалыимæ бабаста... *(Нокарæн.)* Мацуал дзурон?

*Иууылдæр сæ каст Нокармæ скодтой, уæдæ куыд кæной, зæгъгæ. Уый та Сæмæг æмæ Цъубырмæ кæсы.*

**Цъубыр**. Хуыцаумæ дзæгъæл йед... О! Коки дын ма фæдæлдон уа – ленк кæнынмæ дæр хæфсæй къабазджындæр! Нокар, ды та иугæр куывд ныббастай, уæд...

**Хъуындо** *(цингæнгæ)*. Иугæр Нокар афтæ кæм загъта, уым – куывд! Æррыппæй хъазтимæ!

**Нокар**. Æвзæр у адæймаджы зæрдæ, уæдæ нæу! Куыд æхсызгон æй хъыдзы кæны козбау ми!.. Ныр та уæдæ Хъуындо мæ фарслас, мæ фæрсмих, мæ хъонахъ хъузон у, и? *(Хъуындойæн.)* Фæлæ дæ цæст мидæгуынæг æмæ дæ хъус мидæгхъус уæнт æмæ ма фæрæди!

**Хъуындо**. Иугæр ды, Нокар, куы... уæд... æрмæст хъуыды акæн, æндæр æз...

*Нокар ныххудт. Иуубылдæр худгæ ацыдысты.*

## ДÆСÆМ ФÆЗЫНД

*Гæнгæл иунæгæй. Фæкæл-фæкæлгæнгæ Уæнгæл æрбацыд.*

**Гæнгæл**. Дæ хонæг фистæг уыд æви бæхджын?

**Уæнгæл**. Нæ мæ уадзыс уæ куывдмæ?

**Гæнгæл**. Фаджысрагъ æмæ ма къуыстилгуыбын хъуаг уыдыстæм æххæст амондæн!

**Уæнгæл**. Уæдæ мæнæ Коки донымард разына-зына! Уæд ын ахæм хорз хист уыдзæн æмæ-мæ! Æз дæр дæ уæд фыдæхсæвы хæрнæгмæ нæ бауадздзынæн-нæн!

**Гæнгæл**. Скъæты та-иу æй бахæрут, сусæгхортæ!

**Уæнгæл** *(цы зæгъа, уымæ нæ арæхсы)*. Æмæ... Æмæ сымах картофын цырæгътæ паддзахы хуынды ирон дзормæты ‘нхъæлæй куы бахордтат! Тат! Далæ, Бетъыр кæм æмпъухы-ухы, уым! Бетъыр æмпъухы-лухы!

**Гæнгæл** *(йæ къухтæ арвмæ ивазы)*. О мæхи хохаг Хуыцау! Æрима, лæг кæй бауарза, иу ахæм адæймаг! *(Йæ сæрыл дыуугæ къухæй хæцгæйæ, катайаг рауай-бауай кæны.)* Лæг йæ зæрдæйы уæрæхæн кæй ныууарза, йæ уд кæмæн ныффæдзæхса, иу ахæм адæймаг йе ’мгæрон ма уæд, ма! *(Паузæ.)* Уарзынæн цы адæймаг нæ бæззы, уый цæй охыл сфæлдисыс, хивæнд Хуыцау? Цæмæн?!

**Уæнгæл** *(йæ размæ алæууыд)*. Гæн-гæл! Йед... Мæнæ мæн бауарз-арз! Мæн цы тынг фæнды, цы тынг, исчи мæ куы уарзид-зид, уый!

**Гæнгæл** *(раздæр фæкуыддæрау, джихæй кæсы Уæнгæлмæ, стæй йæ йæ хъæбысы ныттухы)*. Æмæ цы мæнг зæгъыс! Куы бауарзай, уæд ма, уæнгæл дын чи уыд тæккæ æрдæбон, уый дæр дын схæрзад уыдзæн! Сгæнгæлы!

*Хъæбыс-хъæбыс сæ мидбынаты куыд зилдух кæнынц, кæрæдзи фæсонтæ рæвдаугæ хойгæйæ, афтæ фæсфисынæй гæрах фæцæуы Гæнгæл йæ фарсмæ февнæлдта, стæй мæрдон фæлдæхтæй æрфæлдæхт. Коки, лæдзæгыл куыд æнцайай, афтæ топпыл æнцайгæйæ, цудгæ рацыд – донласт, чъизитæ, сæнтдзæфы хуызæн сты йе 'уæлтæ. Адæм фæдисæй æрбакалдысты.*

**Коки**. Кокийы дон нæ ласы! Кокийы зынг нæ исы! Кокийы кард нæ кæрды! Кокийы нæмыг не 'ргъæвы!

*Топпы гæрах нынпæры. Коки дыдæгътæгæнгæ æрфæлдæхт, адæргъ. Æхсæлф æд топп бацыд Кокимæ, æргуыбыр æм кодта, цæттæ у, зæгъгæ, йæ къухæй ацамыдта æмæ ацæуы. Азирхан йæ фæдыл тындзгæ уадæй атахт. Локар лæдзæджы 'нцæйтты æрбацыд, æмæ раздæр Гæнгæлы цæстытæ æрæхгæны, стæй та Кокийы. Иуварс балæууы æмæ æмырæй кæуы.*

**Сæмæг** *(астæумæ рацыд).* Уый ныл Локары хуызы нæ Хуыцауы хай кæуы, нæ Хуыцауы хай. Нырма йын кæуинаг стæм æппæтæй дæр – цы нæ уæлахиздзау, цы нæ саст адæм... Бон цæуы, фæлæ йæ фарн кæмдæр дызæрдыггæнгæ ныффæстиат: цæуа, æви ма цæуа фалæсыхмæ...

Æ м б æ р з æ н

*Мартъи – май 2001 аз*

**Авторæй**. *Æз арфæйаг дæн Хъайтыхъты Азæмæтæй – «Фалæсых» ныффыссынмæ мæн сразæнгард кодта йæ новеллæ «Ирон хæсмæ тындзæн нæй».*

# ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 70 АЗЫ



**ГАДЖИТЫ** ***Георги***

## ЦАРДЫ СКЪОЛА

* * *

Царди лæг, æнæхинæй куыста,
Галиу ми, хæрамдзинад нæ барста,
Хаттæй-хатт ирон арахъхъ ныззта,
Иу чызджы йæхи уды бæрц уарзта.

Сыхæгтæ йæ «мадзура» хуыдтой,
Арæх æй бынтон дзæгъæлы фаудтой.
Йе 'мбæлттæ «æгуыдзæг у» дзырдтой
Æмæ йæм ысгуыхтдзинад нæ ардтой.

...Иу бон байдзаг адæмæй сæ уынг:
Йе 'мгæрттæ дзы «саг лæг уыди» загътой,
Сыхæгтæ сæ дам-думтæ ныууагътой,
Уымæн æмæ ахуыссыд йæ зынг.

* * *

Фæцыдтæ моймæ.... Иу къуыдипп дæ асайдта,
Уый ахæм ми нæ бакодта фыццаг хатт,
Дæ зæрдæйы дын маргæйдзаг фат асагъта,
Пæрпæргæнгæ æндæр кæдæмдæр атахт.

Дæ цæгатмæ æрыздæхтæ къæвда боны,
Фырдиссагæй дæ сæр куыддæр ысдзæгъæл,
Нæдæр чызг дæ, – чызг дæр ма дæ куыд рахонæм?
Нæдæр чындз дæ, – чындз дæр ма дæ куыд зæгъæм?..

Дæ мадмæ дын æнæсдзургæ куыд фæлæууон? –
«Ысмой, дам, кæн, кæйдæр сабийы аппар...»
Кæд не ссарай ды ног амонд æд сывæллон,
Гъеуæд-иу æй æнæ сывæллон ма ссар.

## ФÆЗЗÆГ УÆЛЛАГКОМЫ

Дæттæн сæ дугъуад фæкъаддæр,
Сæппытыл фæсал фæбур.
«Бафснайут зад хуымтæ тагъддæр» –
Сиды уæллаг комæй хур.

Атахти зæрватыкк фатау,
Сырддонцъиу гонмæ нымдзаст...
Уæртæ æвзыгъд акробатау
Кауыл æрцауындзæг нас.

Фыстæ ыстыхсынц сæ фистæй,
Фыййау сæ уисæй «хынцы»...
Мæлдзыг йæ уæззау уаргъ систа,
Узгæ дæлдзæхмæ тындзы...

Мæйрухс та луары йæ тынтæ,
Кæмттæ нæ кæнынц фынæй,
Хъуысы ирон цагъд Къæмынтæй,
Хъуысы ирон зард Дымтæй.

Фынг у ирон царды скъола –
Дзыллæйы кад æмæ рад.
Фысымтæ кувынц: «Ныккола...»
Чындзхонтæ курынц: «Бæркад...»

## ÆМГАРЫ МÆЛÆТ

*Уæрæсейы сгуыхт артист Цæрукъаты Тотырбеджы фырт Алыксандры рухс ном дзы арын*

Цыд мæ фарсмæ мæ хæлар ызнон,
Каст мæм афтæ – æнусмæ цæрдзыстæм.
Ууыл абон нытталынг и бон,
Мах æй сау сынты уæлæ хæсдзыстæм.

Уыд æмхуызон нæ зæрдæйы уаг,
Иумæ сау дзырд, мæнгард ми нæ барстам,
Иунæг хатт дæр нæ зæрдæйы фаг
Мах нæ дзырдтам, нæ уыдтам, нæ уарзтам.





Æфсымæртæ: Лев, Георги, Илья.



Мæрзойты Сергей, Георгийы фыд Барис, Георги.





Кæсæнцæстджын у зындгонд советон поэт Михаил Исаковский.
Йæ фарсмæ рахизырдыгæй – Георги.

Каст мæм афтæ – цæрдзыстæм æнус.
Рæстæг мах у. Цæмæн кæнæм тагъд дæр?
Чи æнхъæлдта, йæ дунейы рухс
Ууыл ахуысдзæн йе ‘мгъуыдæй раздæр.

Чи æнхъæлдта, зæрдæрисгæ мæн
Уый йæ фæстæ æнкъардæй кæй уадздзæн.
Нал бахуддзæн йæ мадмæ фæлмæн,
Сауцæст чызджы куырдуаты ныууадздзæн.

* * *

Фæндараст. Хорз амонд ыссар.
Мæ зæрдæ мын цырагъау ахæсс.
Кæд дын ис мард æмæ дзуар,
Уæд мæм æлхынцъæрфыгæй ма кæс.

Æмбарын æз, дæуæн у зын,
Æз дæр мæ фырхъалæй нæ дзурын...
Нæ уарзт дæм касти кæд фыдфын,
Уæддæр мæн ма райхъал кæн, курын.

Кæд дын ыскодтон искуы маст,
Уæддæр мæм абон азым ма хæсс.
Кæнæ нæу махæй чидæр раст,
Кæнæ нæ дыууæйы у аххос.

* * *

*Мæрзойты Сергейæн*

Хæларæй фæцардыстæм иумæ,
Æфсымæр дæ загътон мæхицæн.
Кæй никуы дыл рацыдтæн хинæй,
Дæхи зæрдæ уымæн – æвдисæн.

Æмгарæй æз бирæ нæ домын, –
Кæй хъæуынц козбаубын ныхæстæ?
Æрмæст-иу зын сахат, тыхст боны
Мæ фарсмæ æрбалæуу æдæрсгæ.

Мæ сагъæс, мæ мæт-иу мын бамбар,
Æмæ мын-иу авæр ныфсытæ,
Къостайы зарæг-иу мын азар, –
Фæкъаддæр уыдзысты мæ зынтæ.

Хæларæй фæцардыстæм иумæ,
Æфсымæр дæ загътон мæхицæн,
Кæй никуы дыл рацыдтæн хинæй,
Дæхи зæрдæ уымæн – æвдисæн.

Ныр дæр ма цы рæстæг фæцæуæм,
Уым хъуамæ уæхски-уæхск фæцæрæм,
Нæ фæндаг та зын æмæ даргъ у,
Нæ цард та æнæ уый цæй цард у?

* * *

Афтæ ма ‘нхъæл, маст исынмæ ‘мхиц дæн, –
Уæд мæ риуы атонæд мæ маст.
Чи скæндзæни барæй знаг йæхицæн,
Чи схондзæн æнæраст лæджы раст?

Фæлæ дыл куы фæхуда мæ зæрдæ,
Хорз лæгæй куы зæгъай ды «æвзæр»,
Уæд мæрдтæй дæр сыстдзынæн фæстæмæ,
Æмæ мын уæд сар кæны дæ сæр!

* * *

Де ‘мбæлттæ дæ урс бæрзы бын бавæрдтой,
Писыртæ ныййарæгмæ ныффыстой,
Уарзонæн цыдæр зæрдæтæ бавæрдтой,
Фæлæ уый цы феххуыс ис йæ рыстæн!

Алы бон фæуайыс ды йæ цæстытыл,
Колхозы йæ фарсмæ ды фæкусыс,
‘Рмæст дæ зард куы нæ райхъуысы хъæзтытæй,
Гъеуæд чызг йæ зæрдæмæ фæхъусы.

«Мауал æм бад, ныр дæ уд дæхи бар у», –
Хæстæджыты уайдзæфтæй ыстыхсы.
Ехх, салдат, дæ ингæны дуар фидар у,
Уыййеддæмæ сау мæры куыд хуыссыс?!

**ЗАКАТЫ** *Алыкси*

# САТИРИКОН РАДЗЫРДТӔ

## БАЗЫРТӔ

Ацы уæздан гуырд чи у, цымæ? – дисы бафтынц заводы кусджытæ, æрыгон инженер Барисимæ фембæлгæйæ. Барисæн та уæлдай нæу: кæимæфæнды фембæлæд – æрлæууы, йæ цæсгомыл хъæлдзæг хуыз абады, зæвæттæ æрбангом кæны, сæрæй ныллæг акувы, размæ бакъахдзæф кæны æмæ зæрдиагæй къух райсы – раст цыма йæ хорз хæларыл дард бæсты æнæнхъæлæджы фембæлд, уыйау. Бирæтæн нырма нæдæр сæ нæмттæ зоны, нæдæр сæ мыггæгтæ, афтæ сæ хуызæй йæ зæрдыл бадары æрмæст. Иуæй-иуты тыххæй уæздан хынцфарст бакæны: чи сæ кæимæ хæлардæр у, кæсаг ахсынмæ, цуаны иумæ читæ цæуы, фæлладуадзынмæ кæм вæййынц, сæ сывæллæттæ кæцы скъолайы ахуыр кæнынц...

Уæлдай фылдæр Барис уарзы æмбырдты дзурын. Къуыри дæр нæма куыста заводы, афтæ дзы уыд иумæйаг æмбырд. Сæйраг ныхасгæнджытæ дзырд фесты, æмбырд амонæг адæмыл йæ цæст ахаста, бафарста: «Чи ма радзурдзæн?» Барисмæ афтæ фæкаст, цыма уый комкоммæ уымæ дзуры. Скатай, йæ зæрдæ риуы схоста, цымæ æддæмæ дуар агуырдта.

Æмбаргæ дæр æй нæ бакодта – йæ къух куыд сдардта, йæ къæхтæ йæ адæмы ‘хсæнты куыд рахастой...

– Цæуыл дзурдзынæн? Куыд дзурдзынæн? – йæхи фарста цæугæ цæуыны, фæлæ трибунæмæ куы бахæццæ, уæд цыдæр ныфс йе уæнгты ахъардта – зæрдæ дæр æрсабыр.

Схызт, йæ цæстытæ уæззау систа цармæ. Адæм фæсабыр сты – æрыхъуыстой йæм. Йæ бæлвырд ныхасæй бамбарын кодта, сæйраг инженеры ныхас раст кæй у, йæ хъуыдытæ хорз кæй сты, уый.

Барис дзырдта: «Ног техникæйы фарстатæ æрмæст хæдзарадон, экономикон фарстатæ кæй не сты, уымæй тынг раст зæгъы нæ

сæйраг инженер. Уыдон сты нæ заводы сомбоны фарстатæ... æхсæнадон, политикон хуызы æхсызгон хъæугæ фарстатæ.

Æмæ, дам, æз мæхицæн стыр амондыл нымайын ахæм сæйраг инженеры разамындмæ гæсгæ кусын. Æмæ ма уыцы хуызы ныхасы лæгъзвæндагыл Барис уырдыгмæ уайæгау дыууæ сахаты дæр згъордтаид, фæлæ йæ хъусыл цыдæр «дзинг» ауад – фæкаст сæрдарырдæм. Уый графин къæрандасæй хоста.

– Хатыр, дзырд фæдæн, – загъта Барис æмæ æрхызт бынмæ. Уæдæй фæстæмæ алы æмбырды дæр æнæмæнг ныхасы бар ракуры. Адæм ыл сахуыр сты, æмæ æмбырды сæрдар куы бафæрсы: «Кæй ма фæнды зæгъын?», уæд фæкæнынц: «Барис зæгъдзæн!..»

Æмæ сысты Барис уæззаугай, фæлмæстхуыз, фæлæ сæрыстырæй.

Цыма цыфæнды вазыгджын фарстайæн дæр æппæты растдæр дзуапп уымæ æвæрд у æмæ а-дунейыл рæдыды масты ад йе ‘взаджы кæроныл дæр никуы аныдзæвыд.

Барис хуымæтæг цæстæй нæ кæсы ног зонгæтæм: «пайдайаг» æмæ сæ «æнæпайдайæгтыл» уайтагъд фæдих кодта. Дыккæгтæ дзы æмбойны æрбайрох сты, фембæлгæйæ сæ нал базоны. Фæлæ иннæтæм лæмбынæгдæр æркæсы æмæ та уыдоны дæр дыууæ дихы акæны – иутæ хæлæрттæ-цæдисонтæ, иннæтæ – знæгтæ-ныхмæлæуджытæ. Знæгты рæнхъмæ бахауын зын хъуыддаг нæу – æрмæст иу хатт ма сразы у Барисимæ! Цæмæй «хæлæртты» хыгъдмæ бахауай, уый тыххæй та хъуамæ Барисы алы хъуыдыимæ дæр, æнæмæнг, разы уай. Фæлæ мæнæ иуырдæм дæр чи нæ вæййы, иннæрдæм дæр... уыдон æй катайы баппарынц.

«Цымæ, цæуыл хъуыды кæны ацы мадзура Микъала, кæнæ гоби Дзибус?! Сæ дзыхæй сын дзырд æнгуырæй ласын хъæуы! Сæ хъуыдытæ – авд дæлдзæхы ‘мбæхст! – хъуыды кæны Барис. – Ехх, æвæдза, исты хуызы а лæппуйы къухмæ куы ‘рбахауиккой! Сдзуриккой!.. Æгæр дæр ма сдзуриккой! Уæд сын сæ сау хъуыдытæ лыстæг сасирæй æрлуæрстæуаид бæргæ. Фæлæ – нæй...

Иу бон сæ хайады хицау Барисæн бахæс кодта сыхаг заводæй стыр æфсæн сыф æрбаласын. Барис иу сахат æмæ æрдæджы бæрц фæбадт телефоны уæлхъус, фæлæ транспортон цехы хицау Бердыл нæ фæхæст. Куысты кæрон хæрхæмбæлд фесты.

Барисæн мидбылхудт йæ цæсгомыл абадт, зæвæттæ кæрæдзимæ æрбалхъывта æмæ рахиз къух размæ цæхгæр раппæрста. Берд æм иу уысм æдзынæг фæкаст, стæй йæм йæ къух балæвæрдта.

– Дæ хорзæхæй, Берд Иванович... Уæзласæн машинæйы тыххæй дæм бауадтæн, телефонæй дæр дæ агуырдтон... Майрæмбонмæ...

– Майрæмбонмæ?! – Берд цæхгæр фæлæууыд. – Байрæджы та кодтат! Знон хъуыди курдиат ныффыссын. Фæлæ дæу куыд аздахон? Хион... Диспетчерæн мæ номæй зæгъ... Иннæмæ нæ, фæлæ уый иннæ майрæмбонмæ... ныр бахатыр кæн – тагъд кæнын. Хъуыддаг – хистæр у!..

Берд згъорæгау акодта, цыма, Барисыл цы рæстæг бахардз кодта, уый сырдта...

Барис та йæ фæдыл кæсгæйæ баззад – иуæй йын хъыг уыд, Бердимæ сын лæмбынæг аныхас кæнынæн рæстæг кæй нæ фæци, уый, иннæмæй йæ зæрдæйы цыдæр хæлæгдзинад февзæрди.

«Хъуыддаджы лæг...» – йæхинымæр бахъуыр-хъуыр кодта. Фæстæмæ разылд æмæ, фæндаджы кæрон агуыридурыл цы цъæххъулон пурти лæууыд, уый йæ къахы фындзæй сцавта... Цæстытæ атар сты. Æрбадт, пурти къухæй асгæрста – ахуырст цæнгæт къори æнæбарыгомау уæззау æрзылд.

Уыцы мæстыйæ Барис фæйнæрдæм адзагъултæ кодта – йæ комкоммæ цехы дуар базыхъхъыр, райхъуыст дзы кæйдæр æмыр худт.

– Бахъæцут, мæ къухмæ уæ хъæуы! – Барис ма цехы дуарырдæм æнæуынон каст баппæрста, сыстад æмæ къуылых-къуылых бараст къантормæ.

Диспетчеры журнал раттын нæ фæндыд – йæхи цыдæр æнæвдæлонхуыз скодта – гæххæттытæ стъолы иу фарсæй иннæ фарсмæ цалдæр хатты рафæйлыдта... Стæй йæхи телефоныл ныццавта – мæсты хъæлæсæй кæуылдæр схъæртæ кодта, дуары æдде фæци, æрбауад æмæ та ногæй йæхи гæххæттытыл андзæрста. Æппынфæстагмæ Барисы афарста:

– Нæ журнал дæ хъæуы? – цыма йæ нырма ныр бамбæрста. – Мæнæ!

Барис журналы алы фарстæн дæр бæлвырд дзуапп ныффыста. Уæвгæ, чи сбарста, ардыгæй сыхаг заводы æфтауцуатмæ цал метры ис, уый? Кæнæ машинæ уæзæгтæ æвæргæйæ цас бафæстиат уыдзæн?..

Уæддæр æй дисы бафтыдта Берды куысты бæлвырд уагæвæрд.

Ай дын диссаг! Дыууæ боны раздæр курдиат ныффысс! Дæс сахатæй фæстæдæр дзургæ дæр ма скæн. Байрæджы кодтай иу минут – хъаст ма ракæн!..

Ныр куыд хорз уаид, хицау Барисæн сæхи хайады уагæвæрдыл бакусын куы бахæс кæнид, уæд! Ногдзинæдтæ дзы ныздухид дзæвгар! Куыдæй йын бацæгъда йæ къуырма хъусы ацы хъуыды?

Айфыццаг хуыцаубоны колхозы пъæмидортæ æмцегады охыл тонгæйæ Барис йæхи хицаумæ хæстæг баласта æмæ сын иу тæскъмæ æмбырдгæнгæ рауад. Тæскъ куы айдзаг вæййы, уæд æй Барис рæвдз йæ уæхскыл авæры ‘мæ – тæхгæ, хицаумæ йæ иу хатт дæр не ‘руагъта. Сихорыл æрбадынмæ ‘ввахс хицауы дзыхæй нæма сирвæзт «Мæ къухтæ куы ахсин», афтæ Барис термосæй нуазыны дон ауагъта «разамонæг къухтыл».

Хицауы алыварс кæй зилæнтæ кодта, уый тыххæй йыл ном сбадт «Спутник».

Барис та йæ бæллицты афтæ арф аныгъуылд, æмæ йæ нæ базыдта, сæ кусджытæ сихор хæрынмæ кæд ацыдысты, уый. Фæндагыл фембæлд заводы сгуыхт рационализатор Хъырымыл. Хæрæндонмæ иумæ бахызтысты. Кассæйы цур Барис йæхи фæразæй кодта, фæлæ цалынмæ йæ дзыппытæ къахта, уæдмæ Хъырым бафыста.

Ныр ацы дзиглойæ æндæр ницы хуызы ис спайдагæнæн? – æваст ахъуыды кодта Барис æмæ Хъырыммæ фæзылд:

– Дæ хорзæхæй, Хъырым, ныр уал азы заводы кусыс, кад хъуаг нæ дæ, адæм дæ уарзынц, хицауад дын стыр аргъ кæнынц, фæлæ...

– Барис, æгæр даргъ нæ ивазыс дæ хъуыды? Куы нæ дæ бамбарон кæронмæ, – дзуры йæм Хъырым.

Барис дзырдта дарддæр:

– Æмбарын, мæ уынаффæ хъуаг нæ дæ... Фæлæ хуымæтæг конструкторæй дæр кæдмæ уæдæ кусдзынæ?

– Бузныг, Барис, фæлæ иуæй мæ «хуымæтæг» куыст цæмæндæр мæ зæрдæмæ тынг цæуы! Иннæмæй та мæ хæлар Барис директор нæма сси...

Уыцы бонæй фæстæмæ Барис йæ ныхасы арæх æфтыдта «Мæ хуыздæр хæлар Хъырым», «Мæ кæнгæ æфсымæр Хъырым», «Мах Хъырымимæ бауынаффæ кодтам», «Мах Хъырымимæ цы стыр фарстатыл кусæм...»

Ацы хабæрттæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Хъырымы хъустыл дæр æрцæуынц...

Фыццæгæм майы агъоммæ бауынаффæ кодтой хайад бафснайын, рудзгуытæ æмæ дуæрттæ сахорын. Æфснайгæйæ аппарынмæ цы гæххæттытæ бацæттæ кодтой, уыдоны ‘хсæн Барис ауыдта сæ «Хайады уагæвæрд». Йæхи бырæттæхæссæг акодта, æмæ уайтагъд «Уагæвæрд» йе стъолы лагъзы смидæг.

Уæдæй фæстæмæ Барис исты хуызы куысты афæстиат вæййы, æрбады, уагæвæрды тыххæй цы чингуытæ æрбахаста библиотекæйæ, уыдон кæсыныл: фæлмæн кърандасæй фиппаинæгтæ кæны чиныджы фарсыл, уый фæстæ дзы цыдæртæ рафыссы. Уагæвæрд æрдæгмæ

ногæй рафыста, цыдæр æфтуантæ йæм бахаста, афтæмæй. Фæлæ абон цæмæндæр йæ куыст размæ нæ цæуы. Дызæрдыгдзинад æй йæ быны скодта:

– Хъæлæкк хорз уыдзæн «Уагæвæрд»! Берд хæлæгæй аскъуынид! Фæлæ йæ кæмæ равдыстæуа хицауадæй? Хайады хицаумæ? Æмæ йæ уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, уый йæхи фæллой схондзæн – иу дыууæ рæнхъы ма дзы йæхирдыгонау рацараздзæн – æмæ цæттæ у!

Барис арф ныуулæфыд, «уагæвæрд» чингуытимæ стъолы лагъзы арф басхуыста æмæ тындзгæ кулдуарырдæм фæраст.

Иу æмбырды Барис куыддæр Хъырымы бадгæ ауыдта, афтæ йæм йæхи байста, йæ фарсмæ йæхи æруагъта:

«Мæ хуыздæр хæлар Хъырымы фенд мын бæрæгбонау стæм сси! Кæм фесæфтæ? Дæ Кады фæйнæджы аууонæй дæм хæлæртты хъысмæт нал зыны».

«А-а, Барис, – Хъырым цы гæххæтмæ каст, уый йæ дзыппы нывæрдта. – Цæмæн зæгъыс?.. Мæнмæ афтæ кæсы, цыма хæлардзинад – фембæлды ныхæстæ, узæлдтытæй нæу. Хæлардзинад – хъуыддагæй æвдисгæ у, цæстуарзондзинадæй...» «Уæллæй, æз дæу тыххæй мæ уд мæ риуæй...» – Барис йæ ныхас кæронмæ нал ахæццæ кодта: докладгæнæг сæйраг инженер трибунæмæ схызт.

Уый фæстæ дзырдта Хъырым. Йæ ныхас афтæ рауад, цыма сæйраг инженеримæ раздæр ныхас райдыдтой, фæлæ йæ кæронмæ нæ фесты, æмæ ныр Хъырым сæ быцæу ныхасæн кæронбæттæн сарæзта.

Сæйраг инженер æм хатгай йæ бынатæй дзырдæппарæн кодта «...Æмæ ды кæм уыдтæ? ... Дæу куыд нæ бафарстам!»

Хъырым йæ ныхас кæронмæ фæци, фæлæ кæм бадт, уым йæ фарсмæ бадæгæй Барисы нал баййæфта.

Фæсæмбырд адæм æмызмæлд кодтой. Хъырым йе ‘ргом дуарырдæм сарæзта. Куыддæр заводы рухс кæртæй рахызт, афтæ Барис йæ цуры февзæрд. «Дæ зæрдæ мыл ма фæхудæд, Хъырым, фæлæ æдзух хицауады ныхмæ дзурынæй цы спайда кæныс? Мæ зæрдæ дыл риссы, мæхицæн дæ æфсымæр хонын... Алчи хæлæг кæны нæ хæлардзинадмæ...»

Хъырым æй ныр фембæрста, Барис йæ цурæй æндæр ранмæ цæмæн алыгъд, уый, æмæ мæстæй йæ риу айдзаг. Йæхи уромгæйæ, сабыргай æнкъард хъæлæсæй сдзырдта: «Фыццаджыдæр, æз хъуыддагыл дзырдтон, хицауады ныхмæ нæ, фæлæ... Стæй... Æгæр

рогæн не ‘ппарыс ныхæстæ – «хæлар», «æфсымæр»? Æмбарыс, цас уæз сæ ис, уый?»

Барис ницыуал загъта, Хъырым трамвайырдæм баздæхт. «Æвæццæгæн мæм ныр хæстæг нал æрбацæудзæн, – йæхинымæр хъуыды кодта Хъырым, – æмæ – хорз...»

Дыккаг бон куысты æнæнхъæлæджы фембæлдысты. Барис аивæй фæйнæрдæм акæстытæ кодта. Кæрты ничи зынди. Барис рæвдз бауад Хъырымы размæ, йæ къух ын райста æмæ йæ цыма рагæй нæ федта, афтæ бацин кодта, стæй загъта:

– Уæллæй, Хъырым, абондæргъы дæу агурын.

– Цы ‘рцыд? – аразгæ тарстхуызæй йæ бафарста Хъырым.

– Уæртæ прессы цехы дыууиссæдз процентæй фылдæр хуызджын згъæрæй конд æрмæг бынтон дзæгъæлы сæфы... Ды уыцы хъуыддæгтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, мæнæй бирæ хуыздæр зоныс... Фæлæ мæнмæ дæр фæкæс, гормон, мæнмæ – адæм кæрæдзи фæрцы сты – мæ къухыл мын рахæц. Кæд дæу руаджы иу чысыл размæ рацæуин. Хæдзарæй дæр мын зæрдæ ‘вæрынц, фæлæ...

– Æгайтма дæ ме ‘ххуыс хъæуы, Барис! Табуафси, мæ бон дын цы уа, уымæй... – зæрдæ йын бавæрдта Хъырым.

Къуыримæ Барис заводы рационализацион бюромæ цалдæр фæндоны фæд-фæдыл бахаста. Хъуыддагхуызæй куы иу цехы февзæры, куы иннæйы. Кæрты дæр йæ цыд аивта – раст цыма Сырх фæзы парады фæцæуы... Алкæимæ лæугæ дæр нал кæны, æрмæст йæхицæй уæлдæр кусæгæн райсы йæ къух... Ныр йæ ныхасы, хъæуа-ма хъæуа, фæкæны: «Не ‘хсæн æдзæстуарзон адæм бирæ ис – иу къорд рационалон фæндоны бахастон... Марадз зæгъай, кæд сæ размæ уадзынц!» Кæнæ æндæр хуызы (йæ фарсмæ ирæттæ фылдæр куы уа, уæд) «Мах – ирон адæм – кæрæдзийы нæ уарзæм, нæ хæцæм кæрæдзиуыл! Иуцалдæр егъау рацфæндоны бахастон æмæ сын нæхионтæ сæ размæ цæлхдурты цæнд самадтой!»

Чи йын цæй тыххæй тæригъæд бакæны: «Хицауад хорз хъуыдыйæн йæ къубалмæ хъавынц...», чи – æргом уайдзæф: «Нырма знонизæр рационализатор сдæ, абонрайсом – хъастгæнæг басгуыхтæ!»

Уайдзæфгæнджытимæ ныхас кæд худгæйæ хъазынмæ аздахы, уæддæр йæхинымæр «уазал дур роны» бавæры: «Багъæц, иуахæмы дыл æрæмбæлон! Уæд, хъæлæкк, базондзынæ – чи дæн...»

Иу райсом Барис заводы дуармæ ‘рбахæццæ æнæхъæн ссæдз минуты раздæр. Кæрты алæууынмæ хъавыд: «Кæд мæ, мыййаг, хицауадæй исчи фенид – куыстмæ куыд раджы цæуы, куыд æнувыд

у нæ заводыл...» Фæлæ йæм ныхасмæ ничи лæууы – салам раттынц æмæ рæвдз сæхи иувæрсты байсынц.

Æвиппайды йæ ных бацавта:

– Мæнæ мыл мæрдырох бахæцыд! Абон дыккаг майрæмбон куы у! – стъæлфæгау фæкодта. – Машинæ!.. Бердæй – машинæ... æфсæн сыф æрбаласын!..

Берд бадт йæ дынджыр стъолы уæлхъус æмæ цыдæртæ фыста сауцъар бæзджын тетрады.

«Уæ бон хорз, Берд Иванович!» – хъæлдзæгæй сдзырдта Барис.

Уый йæм кæсгæ дæр не ‘скодта – йæхинымæр цыдæртæ бахъуыр-хъуыр кодта. Барис æм хæстæгдæр бацыд, æргуыбыр æм кодта æмæ йæм лæгъстæгæнæгау дзуры: «Мæнæ машинæйы тыххæй æрбауадтæн... æфсæн сыф, зæгъын, æрбадавæм». «О, мæнмæ хæдтæхджыты тыххæй нæма цæуынц! – фæбогъ ласта Берд. – Машинæ, машинæ!.. Уазæгдонмæ дæр æнæ машинæ ничиуал цæуы! Нæй! Æз ацафонмæ машинætæ нæ дарын!»

«Курдиатмæ гæсгæ аст сахатыл...» – сабыргай сдзырдта Барис, йæ маст уромгæйæ...

«Цавæр курдиат? – ногæй та фæхъæр ласта Берд. – Нæй машинætæ уе ‘ппæты фаг!» – фестад æмæ дуарæдде фæци.

– Уæдæ директормæ цæуын æмæ фендзыстæм, – загъта Барис.

Дуар йæ фæдыл рахгæдта æмæ тагъд-тагъд рацыд.

«Акæс ма уыцы сæлавырмæ! Курдиат – дыууæ къуырийы раздæр!» Берд-хицау! Берд – ис! Машинæ – нæй! Æвæгæсæг фистæг! Йе ‘рвады йын æндæрæбон горкоммæ бæргæ райстой кусынмæ хайады хицауæй, фæлæ цалынмæ уый æрбынатон уа, уæдмæ йе хæрæг мæлдзæн, кæнæ...

Барис афтæ тынг смæсты æмæ, æвæццæгæн, директорыл уайсахат фембæлд зæгъгæ, уæд ын уыцы тæвдæй йæ хъаст ракодтаид. Фæлæ...

Хорз, Бердыл бахъаст кæндзынæн... Стæй уый фæстæ?.. Директоры хæдивæджы Берды ‘мсиахс хонынц!.. Уый фæстæ мын мæхи аныхъуырдзысты!

Ахæм хъуыдытимæ бахæццæ директоры уаты цурмæ. Йæ цæсгом фæирд кодта æмæ ныр исты хъæлдзæг къæбæлдзыг ныхас баппарон секретарь чызгмæ, зæгъгæ, дзæнгæрæджы хъæр райхъуыст. Æрыгон сылгоймаг йæ бынатæй фесхъиудта, цæугæ-цæуын Барисмæ бахудт æмæ директоры дуарæй бакаст.

– Ацагур ма Барисы... – райхъуысти мидæгæй хицауы бæзджын хъæлæс.

Сылгоймаг фæстæмæ фæзылд æмæ йын йæ цæстæй ацамыдта – мидæмæ. Цæстыфæныкъуылдмæ Барис цæджындзы лæуд акодта

директоры стъолы цур. Уый цыдæр гæххæттытæ иуварс æрæвæрдта æмæ йæм йæ фæллад цæстытæ систа. Сыстад, æнæдзургæйæ стъолы фæрсты рахызт, Барисы комкоммæ æрлæууыд æмæ йæ фæлмæн хъæлæсæй бафарста:

– Берд Иванович дæ мæнмæ цæмæн агуры? Машинæ дзы куырдтай?

Барис йæ дзых бахæлиу кодта, нæ мын æй лæвæрдта, зæгъгæ, зæгъынмæ хъавыд, фæлæ йæм директор хæларæй бахудт:

– Æнхъæлмæ дæм кæсы... О! Горкомы ног кусæг Тамби Ильич дæ хæрзæрвад у?

Барис дзæвгар рæстæг сагъдауæй каст директормæ. Уый та йæм хионау бахудт æмæ йын афтæ:

– Тагъддæр нæ дæ чындзхастмæ ‘рхон исты... сарагондмæ дæр – уым дын де ‘ртæуатон фатеры дæгъæлтæ мæхæдæг къухæй къухмæ ратдзынæн!

Æмæ кæд уыдон базыртæ нæ уыдысты, уæд афтæ рогæй Барисы цы хаста, цы?..

*1978 аз*

## НÆЙ – ДУРÆЙ ХЪÆБÆРДÆР

Гæбына йæ уазæджы суанг фаллаг тигъмæ бахæццæ кодта уым дæр ма йæ иу дзæвгар ныхæстыл адардта – уадз æмæ йæ феной адæм йæ мæскуыйаг академик-æрвадимæ. Æндæр дзы цы пайда ис? Цы ‘рхаудзæн дохтырæй лæгмæ? Фæстæмæ куы раздæхт сæхирдæм, уæд æваст йæ зæрдыл æрбалæууыд, дуар ын гомæй кæй баззад, уый. Æмæ згъорæгау ратындзыдта. Къæрныхы ‘ндæрг йæ цæстытыл уади, цæмæндæр шляпæйы, галстучы, йæ дæлармы – сау пъартфел, йæ къухы – дамбаца...

Йæ къух мидæггаг дзыппы атъыста, æмæ чысыл дамбацайы хъæдыл йæ арм куы ‘рæнцад, уæд йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп фæсабырдæр, фæлæ йæ фæсонтыл уазал хиды ‘ртæхтæ ‘руадысты. Кæрты фæмидæг, тыргъмæ хъуызгæ рæбынты гуыбыр-гуыбыр бацыд, асиныл стахт, уаты дуар галиу къухæй батъæпп кодта æмæ... скъаппы гом дуарæй æхцаты тыхтон куы бауыдта, уæд, æрмæст уæд æрцыд йæ уд йæ бынатмæ. Дуары цур чысыл бандоныл йæхи æрæппæрста, фæлæ æваст фæстæмæ фесхъиудта, бандонмæ æркаст: газеты тыхтæй дзы лæууыди, Асланæн цы кард ралæвар кодта, уый.

– Кæс-ма, ферох æй кодта! Ахæм кард... Хи-хи! Мæхи амонд у, æвæццæгæн! Хи-хи-хи! – бацин кодта Гæбына æмæ йæ фæстæмæ лагъзы бафснайдта.

Диваныл йæхи ‘руагъта, мутакан йæ сæры бын атъыста æмæ йæ риуы дзаг арф сулæфыд. Йæ царды фæстаг азты сæйраг цаутæ абоны онг йæ цæстытыл æхсызгонæй ауадысты. Нæ уарзы Гæбына йæ раздæры цард мысын – æнæуынон ын у, кæддæр Садоны шахты, дуканиты, ахæстæтты цы рæстæг арвыста, уый. Ныр йæ хъысмæтæй разы у. Йæ цæсты дзагæй кæсы Гæбына йе ‘ддæгуæлæйы бæрзæндæй йæ сыхбæстæм, дунемæ... Йæ риуы ‘мбæрц айгæрста цардæн йæ дзаджджынты æмæ... «Æддæгуæлæ агуыридур хæдзар æд сара, æд гараж уæрæх аскъæрдтон. Машинæ дæр, хъæлæкк, балхæдтон – сау «Волгæ» кæрты сфидыдта, фæлæ... Хуыцауæй бузныг, Саламджери йæм афоныл фæхабар кодта æмæ «Волгæ» Гуырдзыстоны смидæг. Ссæдз мины дзы, йæ аргъæй уæлæмæ, сыгъдæгæй мæ дзыппы стæлфыдысты! Бакуйы, дам, фылдæр исы, фæлæ æгæр дард у. Уыйбæрц кæй æвдæлы? Стæй ахæм скъладæн искæй бар уадзæн ис?!» – хъуыды кæны Гæбына.

Адджинæгты скълады сæргъы Гæбына ‘рлæууыд – цыдæр капеччытæ дзы баппæрста... Фондз азы дæр дзы нæма кусы, фæлæ хицауадмæ æнæмæнг нымад у сæрæн кусæгыл. Искуы горæты ‘дде хæхты куы сæмбæлынц, уæд йæхи фæстæмæ ницæмæй ласы – нæдæр хардзæй, нæдæр фыдæбонæй. Нард хъыбыл æнæхъæнæй чи сфизонæг кæндзæн Гæбынайы хуызæн? Кæнæ – чи ссардзæн, Гæбына йеддæмæ, нæ горæты гуырдзиаг сæнты хуыздæр? Йе ‘мкусджытæ дæр æй зæрдæхæлар, цæстуарзон адæймаг хонынц. Æмæ цæуылнæ... Фарон Турчы дæс боны фæци æмæ йе ‘мкусджытæй иуы дæр æнæ зæрдæлхæнæн лæвар нæ ныууагъта. Базæйы хицау Бетърейы бинойнаг Ленæмæ та цæстæй ацамыдта – чысыл фæфæстиат у, зæгъгæ. Ленæ цæстæнгасæй хорз æмбæрста йæ хицауы æмæ, цалынмæ иууылдæр ацыдысты, уæдмæ йæхи цыдæртæ фыссæг скодта, æнувыдæй скълады къуымты цыдæртæ агуырдта...

Дыууæйæ куы аззадысты, уæд æм Гæбына йæхимæ фæсидти:

– Ленæ, йæд у... Ацы кæрц дын мæнæй – дæ гуырæн бонмæ, – стъолы бынæй систа стыр тыхтон.

– Бузныг, Гæбына! Рагæй бæллыдтæн ахæм дубленкæмæ, – Ленæ райхæлдта тыхтон, кæрц йæ уæлæ акодта. – Кæс-ма, мæ тæккæ аккаг!

– Амонджджын дзаума дын фæуæд! Хи-хи! Йæд у... Фæногдæр дзы дæ!

– Æцæг? Уæд та йæ æрæхсиккам, и, Гæбына? Ха-ха! Ахæм лæвар куыд æхсгæ у, уый нæ зонæм цы! Ха-ха-ха! Дуар ма æрæхгæн, Гæбына!

– Уæд Бетъре... Хи-хи-хи!

– Уый фаг дæр ма ссардзыстæм...

Дыккаг бон æм Бетъре телефонæй йæхæдæг æрбадзырдта:

– Гæбына, фарн дæ къæбицы!

– Фæрнæйдзаг у, Бетъре!

– Дæ разы ма не 'фсины рарвит. Дæхæдæг дæр нæм фæссихор фæзын. Мæнæ абадæм хæдзары, цыппар-фондзæй фылдæр нæ уыдзыстæм. Иу боны сæнæй дзы...

– Ууыл дæр тыхсыс! Дæс литры барвитдзынæн. Æндæр ма цы?

– Цыхт дæр... Истытæ ма... Дæхæдæг сæ 'рбадав. Уæлдай æвдисæн никæй хъæуы.

– Бамбæрстон дæ...

Изæрæй Гæбына, Бетъреты стыр уатмæ куы бахызт, уæд дзы фынджы уæлхъус бауыдта базæйы хицауады. Гæбына мидæмæ куы бахызт, уæд сæ ныхас фæмынæг кодтой, разылдысты йæм.

– Фарн уæ бадты! – хъæлдзæгæй загъта Гæбына.

– Æгас цæуæд нæхи Гæбына! – се 'ппæты бæсты фæхъæр кодта Саламджери; æвæццæгæн дзы ахуыпп кодта рагацау.

Сæ уæлхъус уалынмæ балæууыд Ленæ дæр йæ ног кæрцы. Уазджытæ сыстадысты, арфæтæ йын ракодтой йæ ног дарæсæн.

– Базон-базон уæдæ, кæцæй лæвар у? – уазджытæм йæ хъæлдзæг цæстытæй кæсы Ленæ, йæ амонæн хæмпус æнгуылдз йæ былтыл авæргæйæ.

Уазджытæ æмхуызонæй Бетъремæ бацамыдтой.

– Мæ «базон-базон» нæ базыдтат æмæ иваргонд æрцыдыстут! Цалынмæ уал æз фынгимæ архайон, уæдмæ тыргъмæ айсут уæхи.

Бетъре йе 'хцадон систа æмæ Гæбынайæн кæрцы аргъ æрнымадта. Гæбына скатай, фæлæ Бетърейы цæстæй цыдæр нысан куы ферттывта, уæд æрсабыр.

– Гæбына, адæм тыхджын сты – хъæрæу дæ куы зæгъой, уæд дæ цæст бацъынд кæн. Лæвар мæн схуыдтой æмæ мæнæй фæуæд. О, хæдæгай, мæрдырох мыл бахæцыд! Мæнæ Бекызæйы бинойнаджы дæхимæ райсдзынæ иннæ къуыри...

– Цы куыстмæ хуыздæр сарæхсдзæн?

Бекызæ дзуапмæ йæхæдæг фæразæй:

– Сыгъдæг Уастырджийыстæн, къуыримæ уын уе скълад ног джиппы ауадздзæн! Сыгъдæгдзинадмæ йын æмбал нæй Иры дзыхъхъы!

Лæгтæ тыргъмæ тамако дымынмæ куы рахызтысты, уæд Гæбына аивæй кæрцы аргъ фæстæмæ Бетърейы дзыппы ныппæрста. Бетъре йæм æмбаргæ бахудт.

Райсомæй Гæбынайæн йæ сæр тъæппытæ хауди, къухтæ зыр-зыр кодтой. Ленæ йæ уæлхъус алæууыд:

– Гæбына, адзæбæх дæ кæнон? Цæхджын джитъриты дон дын æрбадавон?

– Бæргæ... Йæд у... Мæнæ æфснайæг Ладинкамæ дæр мын фæдзур!

– Уæздинцæ у йæ ном? Æртæккæ!

– Уый та цы уæлдай у? – йæ къух ауыгъта Гæбына. – Ладинка у, Уæздинка у!

– Дзырдтай мæм, Гæбына? – дуарæй æрбакаст Уæздинцæ

– О! Йæд у... Мæнæ мæ хицауад нал уадзынц, уæ кусджыты нымæц, дам, фæкъаддæр кæнут. Æмæ, зæгъын, ауынаффæ кæнæм.

– Мæ мæрдтыстæн, раст дын зæгъынц! Сæ цæрæнбон – бирæ! Æз дын мæхæдæг дæр зæгъинаг уыдтæн: базæронд дæн, æгъгъæд у! Нæ лæппу мын рагæй...

– Хорз! Марадз Ленæимæ курдиат афысс æмæ йæ тагъд æрбадав!

– Нæ лæппу мын æй ныффыста. Ныр æй къуыри мæ дзыппы хæссын.

– Уæдæ йæ цы рахæсс-бахæсс кæныс? Ардæм ма йæ ‘рбадæтт!

Бекызæйы бинойнаг дыккаг бон рацыд скъуладмæ. Уæдæ дзы сыхагæй амонд дæр цы хорз у, цы! Мæнæн та мæ сыхæгтæй йæхи чи дохтыр хоны, кæй индзылер хонынц... Афтæмæй сæ мæгуыры цъыс-цъыс цæуы! Уый æмæ дын мæнæ æз – Гæбына! Капеччытæ нæ нымайын, кæйдæртау! Абон та горпромторджы экспедитор Алыбегимæ ахæм хъуыддаг æрзылдтон! Гæбына, мæнæ, дам, ма ацы гæххæтты дæ къух авæр. Кæд ды – рувас, уæд æз та – дæ къæдзил! Уæртæ ма, зæгъын, дæ машинæйы цы япойнаг комбайн[1] лæууы, уый ардæм радав. Лæварæмхасæн æй мæхирдыгæй фæкодтон. Ныридæгæн мын æй æртæйæ ‘лхæнæг ис! Æз дæр ын йæ гæххæттытæ æрмыхуыр кæнын. Уæдæ куыд? Æз – дæуæн, ды – мæнæн! Цард цæрынæн у æмæ цæрæм! Цæрæм... Фæлæ уæддæр мæнæ мæ сыхаг индзылер Барис худæнбылæй мæ рæзты куы рацæйцæуы, уæд мын цыдæр нал фæфаг кæны. Цыма мын мæ къух кæйдæр дзыппы ‘рцахста, афтæ ныхдзыг вæййы. Мæ худ дæр ма йын сисын! Мæнæ та рацæуы... Багъæц, ныр мын афтæмæй нал

[1] Комбайн – ам: радиола    м    приемник иум   . (Ред.)

аирвæздзынæ! Гъей-джиди, армæй дæм баххæсс! Гæнæн нæй, æндæра...

– А-а, мæ зынаргъ сыхаг Барис! Хуыцауы зæрдæ мын хорздзинад загъта æмæ мын дæу сыхагæн радта!

– Бузныг, Гæбына, фæлæ дæ, мæнмæ гæсгæ та ‘лгъитгæ ракодта... мæн хуызæн сыхагæй.

– Æфхæргæ мæ ма кæн, Барис! Дæу куы фенын, уæд фæзæгъын: цон, Чабæмæ æмæ мæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæнон æмæ ногæй, мæнæ дæуау, æвронгæй цæрын райдайон...

– Чабæ нæ, фæлæ дын ОБХСС[2] дæр ницы сараздзæн. Дзæгъæлы дæхи удхарæй ма мар

– Уæд цæуылнæ? Ницы мæ хоныс, æви...

– Нæ, цæмæн зæгъыс? Дæуæн дæ хъуыддæгтæ кæуылты, сты?.. Æмæ дæ кæм аназын бахъæудзæн, кæм – «абадын» бахъæудзæн. Цы гæнæн ис?

– Мæ зынаргъ сыхаг, æз дын уæлдай аргъ кæнын...

– Æргом ма зæгъ: цал туманы ласын? Æви сомтæй у аргъ?

– Æз дын зондджындæр æнхъæл уыдтæн!

– Кæм ис, кæ, Гæбына, мах рæстæджы зонд самалгæнæн? Нæдæр ын балхæнæн ис, нæдæр – радавæн! Æндæра дзы дæумæ иу пут æмбæхст уаид.

– Мæнмæ фаг ис...

– Цы, къафеттæ?

– Алцыдæр! Æз дзы иу нызт къæнякæй кæй бакæнон, уый ды афæдз донæй дæр нæ фендзынæ!

– Куыд дын бантысы уыйбæрц?

– Цъæх гæххæттытæй сыл бакалæм!

– Зæгъ-ма, Гæбына, дæ хорзæхæй: уыцы цъæх гæххæттытæ джиппæй уадзыс?

– Мæ галиу къахыфындзæй, Барис! Ха-ха!

– Æз та ‘нхъæлдтон... дæ ныхтæй.

– Уæллæй, Барис, хъæлдзæг адæймаг дæ. Чи нæ дæ ‘мбары, уый дæ фыдзæрдæ хоны. Æз дæ хорз æмбарын. Цæй, бузныг, мæ уарзон сыхаг, бахъæлдзæг мæ кодтай. Хуыцау дæ бабуц кæнæд!

– Ахæм курдиат мæм куы уаид... уæд ОБХСС-ы кусин.

– Тобæ! Тобæ! Тбау-Уацилла дæ бахизæд!.. – Гæбына лидзæгау акодта Барисы цурæй. Алы хатт йæхицæн дзырд ратты – нал æрцæудзынæн йемæ ныхасмæ... Æмæ та ‘рлæууы. Æмæ та...

---

[2] ОБХСС – отдел борьбы с хи ениями социалистической собственности. (Ред.)

– Къафеттæ, къафеттæ! – хъуыр-хъуыргæнгæ, пихылæйттæ калгæ Гæбына сæ кæртыдуарæй басхъиудта. – Къафеттæй цард куыд рацаразæн ис, уый дæу хуызæн гæвзыкк æмбаргæ дæр нæ бакæндзæн. Афтæмæй æнцон хъуыддаг у: мæнмæ – къафеттæ, Бесæгъуырмæ къæняк. Баш на баш! Мæнмæ – халва фондз хуызы, Саламджеримæ – кæрцытæ. Баш на баш! Мæнмæ – кæрцытæ, Бутусмæ – фыстæ. Мæнмæ – фыстæ, Долæтмæ – сырддзæрмттæ. Сосланбек Сергеевичмæ – машинæтæ...

– Чидæр кæртыдуар æрбахоста.

– Махмæ исчи хойы? – фæудаист Гæбына. – О, Иунæг Стыр Хуыцау! Кыру æмæ æмæ мæ Обыхесæй бахиз! Уæ, Сыгъдæг Уастырджи, нæ сыхæгтæм сæ сараз! – Уыцы тарстæй кæртыдуары зыхъхъырæй акаст, стæй гыццыл дуар фегом кодта: постхæссæг Дрис уыд.

– Дæ бон хорз, Гæбына! Фынæй уыдтæ, куыд æрæгмæ...

– О, æгас цæуæд Дрис! Хиуон дæ ‘мæ хионы дзырд æрбакæ! Цы сты?

– Мæнæ дæм дæ бинонтæ, æвæццæгæн, телтæ къуырынц, æндæр цы уа...

– Уæ, мачи сæ уа! – бахъуыр-хъуыр кодта Гæбына æмæ хæдзармæ баздæхт. Тагъд-тагъд йæ цæсткæсæнтæ радавта, диваныл æрбадт æмæ кæсы:

«Гусик два дня Сочи жду тысячу целую Муся.» Дыккаг тел кæсы:

«Папусик Одессе жду перевода сижу без копейки целую Люся.» – Фæлæуу-фæлæуу! Иумæ та цæуылнæ сты? Хи-хи-хи! Ахæм ма дзы бинонтæ уа! Уыдон уым... Æз ам... Уæвгæ мын ам дæр цы пайда сты! Ам мын хъазардæр сыстдзысты! Фæлтау сын фæйнæ къæбæры баппарон æмæ мæ ма хъыгдарой... Мусяимæ сæрибар-уæгъдибарæй... Иу бон æй Бетърейы кæбинетæй рацæугæ федта, цыдæр хуызæнæй... Хъыг ын уыд, фæлæ...

Муся – æрыгон сылгоймаг, товароведæй кусы базæйы. Уый йæ фæллойадон чиныджы афтæ фыст ис, æнæуи та кæм бахъæуы, уым... Алцæмæ дæр арæхсы: хæринаг кæнынмæ зæгъай, кафынмæ, зарынмæ, нуазынмæ – Гæбынаимæ рагæй лымæн рахастой, хæдзары дæр æй аивæй абæрæг кæны. Адæмы цæст уынаг у, фæзæгъынц, фæлæ уæддæр йæхи хъахъхъæны... Гæбынайыл дæр кæй зæрдæ фæхуддзæн? Сылгоймагæй йæ амонд нæ фæци – йæ бинойнаг цæрæнбонты «рынчын» у. Фыццаг йæ сывæллоны аххосæй, уый фæстæ йыл «низтæ» афтæ стыхджын сты æмæ йæ дохтыртæй, курорттæй йæ моймæ æппындæр нал равдæлди. Ныр та йæ чызг дæр

байрæзыд æмæ ма зымæджы дыууæ-æртæ мæйы, уазæгуаты цæуæгау, фæзынынц хæдзары. Иннæ рæстæг сыл Сау денджызы алыварс зилдухы ацæуы.

Иу бон Гæбынайы хъустыл æрцыди: се ‘рвадæлты лæппу, иуцалдæр азы размæ хæстон-медицинон академи чи фæци, уыцы Аслан, дам, йæ фæллад уадзынмæ ссыди. Изæрæй сæм хæдзармæ бауади – нæ академи-бæлццоны, дам, ауынон, фæлæ йæ нæ баййæфта. Уыцы бонæй фæстæмæ сæ къæсæрæй нал бахызт. Уый нæ, фæлæ ма дзы йæхи хъахъхъæдта: дардмæ-иу æй куы федта, уæд-иу æндæр уынгты аздæхт. «Цы пайда нын у? – хъуыды кодта Гæбына. – Кæд цыфæнды стыр бынат ахсы, уæддæр дзы мæ гал – æгæвдæс, мæ хъуг – æххормаг. Дзæгъæл хæрдзтæ мæ ницæмæн хъæуынц». Афтæ хъуыды кодта Гæбына, цалынмæ иуахæмы уынджы йе ‘рвад Галайыл фембæлд, уæдмæ.

– Дæ бон хорз, мæ сагсур æфсымæр! – фæразæй кодта йæхи Гæбына. Куыдтæ мын дæ, Гала?

– Абоны хорзæх дæ уæд, Гæбына! Мæнæ ма хилын, дæ рын бахæрон, цыдæр амæлттæй. Уæртæ не ‘рвадæлтæм бауадтæн. Асланы Мæскуыйæ ардæм нæхимæ нæ сæрвыстой? Æмæ йæ, зæгъын, афæрсон, цы бауынаффæ кодта, уыдæттæй.

– Уæллæхи, æз æй уынгæ дæр нæма фæкодтон. Иу бон сæм бауадтæн, æмбисæхсæвмæ фæбадтæн, фæлæ нæ фæзынд. Искуы йæ зæронд хæлæрттыл ауызæлыд, æвæццæгæн. Хи-хи-хи! Дæхи ‘взонг бонтæ нал хъуыды кæныс? Хи-хи!

– Куыннæ, куыннæ! Æз æвзонгæй дæр æгуыдзæг уыдтæн, фæлæ дзы дæуæн ныр дæр ма, куыд дзурынц, афтæмæй хорз æнтысы!

– Ма сыл æууæнд! Куыст кæмæн нæй, уыдон истытæ дзурдзысты...

– Афтæ кæд у, уæд хорз. Фæлæ хъуыддаг æрмæст ныхæстыл нæу. А дæ бинойнаджы нал хъæуы хæдзар, фæлæ чызджы та цæуылнæ ныууадзы? Нæдæр æй скъолайы нывыл ауагъта, нæдæр царды... Худинаг у!

– Цæй, ныууадз, сывæллоны кой... Низæфхæрд рахаста... Дохтыртæ йын денджызы дон амонынц...

– Дæхи фæндиаг уæнт... Фæлæ мæ ныхас дæ зæрдыл бадар...

– Бузныг, Гала, стыр бузныг! – дзурын нал бауагъта йе ‘рвады Гæбына. – Хатырæй фæуæд, скълады мæм æнхъæлмæ кæсынц.

Гæбына Асланы иу бон дардмæ куы ауыдта, уæд æм комкоммæ бацыд.

– Ægас цæуай, Аслан! – йæхи ныйирд кодта Гæбына. – Уæллæхи, хæдзармæ дæр бауадтæн, фæлæ дæ нæ баййæфтон.

– Æнæниз у, Гæбына! Æз дæр уæм бауадтæн, уæ кулдуар фæхостон, фæлæ...

– Ацы æнæхайыры куыст... Æхсæвæй – бонæй...

Гæбына фембæрста: уый, Муся йæм куы ‘рбацæуы, ахæм изæр уыдаид – уæд дуар никæмæн фæкæны...

– Хуыцауыстæн, хæдзары мидæг дæ мады хуызæн зæд куы нæ уа, уæд дзы иу бон дæр зын фæцæрæн у. Сымах бинонты амондмæ кувын хъæуы, уæллæхи!

– Цытæ дзурыс? Мæнæ цалдæр азы кæрæдзи куынæ уынæм, уæд...

– Нæ фæлæ афтæ бакæнæм: нæ лæгæт дæр бабæрæг кæнæм. Уæддæр хæдзары ном хæссæм. Не стыр фыдæлтæ æнгом цардысты, уынджы ныхас кæнын сæ сæрмæ нæ хастой. Еблагъуæ!

– Бузныг, Гæбына, фæрнæйдзаг у!

– Цом, цом! Кæдæй-уæдæй ма, дæхи загъдау, кæрæдзи федтам! – ныллæууыд Гæбына æмæ йæ сæхимæ ахуыдта.

Куыддæр уаты къæсæрæй бахызтысты, афтæ Асланы фæлмæн къæлæтджынылл æрбадын кодта, цыдæр кънопкæтæ фелхъывта æмæ уаты кондиционеры сыф-сыф магнитофоны цъæлхъæримæ баиу сты, йæхæдæг цæлгæнæны фæмидæг.

Аслан уатыл йæ цæст ахаста: къултæ алыхуызон гауызæй нæ зындысты, уаты бæрæг астæу – тымбыл стъол, дыууæ къуымы ма ноджы чысылдæртæ, скъæппытæ, се ‘ппæтыл дæр æвæрд хрусталæй дзаумæттæ, алыхуызы бандæттæй уаты фезмæлæн нæ уыд. Чи фæбур, ахæм «Крокодил» цалдæр раны рæдзæгъдтæ амад. Аслан дзы иу æрбайста, рафæлдæхта йæ, стæй сыстад æмæ магнитофон ныхъхъус кодта. Уалынмæ Гæбына дæр фæзынд. Йæ разæй тылдта чысыл цыппæрдигъон дыууæтæрхæгджын фынг. Бинаг тæрхæгыл дзы зындис алыхуызон дæргъæццон æмæ гуыбынджын æвгты алы хуызы нозт, графины арахъхъ. Фынгыл уæле чысыл къусты – еугæф,

тæбæгъты – кæсаджы дзидза фыхæй, стадæй, стуры дзидза – лыстæг карстæй, пъæмидортæ, джитъритæ, цыхт, дзул.

– Йæд у... Хатыр бакæ! Не ‘фсин нæфæразгæ хæссы æмæ йæ дохтыртæ санаторимæ арвыстой. Хус къæбæр...

– Цытæ дзурыс, Гæбына?.. Де ‘фсин дæр æнæниз суæд!

– Уыдон ницы сты сымах Æнайы уæлибæхты цур, уæллæхи! Цы нуазæм?

– Кæд гæнæн ис, уæд – ницы. Райсом мæ цыдæртæ афыссын хъæуы...

– Уый та куыд? Мæ цæхх, мæ къæбæрыл не ‘рвæссыс? Уæллæгъи, уый нæма уыд...

– Цæмæн афтæ зæгъыс, Гæбына? Мæнæ дæ дзæбæх-æнæнизæй кæй федтон, уый сæйрагдæр у...

– Ахæм ныхæстæй мæн рæвдауыс... Ау, æппындæр нæ фæнуазыс?

– Цæуыннæ, фæнуазын иу чысыл, фæлæ мæ...

– Цæй, ныууадз! Æз дæр мæ мæрдты къоти нæ баныztон! Фæйнæ сомихаджы...

– Нæ, фæлтау – ирон арахъхъ...

– Уый дын лæджы ныхас! Æз дæр нæхион фылдæр уарзын, хæлардæр у. Айфыццаг хъæуы рауадзын кодтон. Бæрзы æвзалыйæ, марганецтæ-йедтæй сыгъдæггонд у. Иу тоннæйы бæрц сæм хор ныппæрстон æмæ... Мæгуырæй дæр бирæ фæцардыстæм! Хуыцауыстæн, уæртæ Садоны шахты мæ уыргтæ рафтыдтон. Цы куыст дзы нæ бакодтон, лæг цы нæ бавзæрста! Слесыры куыстæй, куырды куыстæй зæгъай... Бонсауизæрмæ рæсæй хаф, дзæбугæй хой, дынджыр дæгъæлæй здух... Æмæ мæ тухи цæуыл уыд? Бон-иу кæд бакуыстон фондз-æхсæз сомы! Æрæджы та рудничы сæйраг индзылерыл фембæлдтæн. Ныллæууыди, рацу, дам, фæстæмæ, сызгъæрин къухтæ, дам, дын ис, хорз мызд дын сæвæрдзыстæм... Мучъи уын! – йæ хистæр æнгуылдз фæхъил кодта Гæбына.

– Цæй, Хуыцауы хорзæх нæ уæд! Уфф-уфф! Судзгæ фæцæуы!.. Мæнæ ма ацы еугæф фен – дзыхы тайы! Йæд у... Кæд мæ куыст бæсты нæ ахады, уæддæр мæм, уæллæхи, Аслан, хæлæггæнджытæ – бирæ! Суанг мæм обкомæй дæр истыгур æрдзурынц. Уæдæ! Æрæджы та мæм уæлæ нæ университетæй иу пърафесыл æрбалæууыд. Къафеттæ, дам, мæ хъæуы – «Цъиуы ‘хсыр», фондз

килæйы, Сосланбег Сергеевич, дам, мæ ‘рбарвыста. Мæ чызджы, дам, моймæ дæттын. Йæхæдæг йæ капеччытæ иу æртæ нымады бакодта! Ард дæ хæдзары! Кæд чызгæрвыст фондз килæйæ нæ кæнынц! Мæнæй дын, зæгъын, лæвар фæуæнт! Мæ хорз æрдхорд кæй æрбарвита, уымæн æз аргъ не скæндзынæн? Цинæй мæлгæ афардæг! Пърафесыл ма дзы хуыздæр цы уа!.. Йæ капеччытимæ! Лæгау-лæг хъуамæ йæ дзыппæй æхца æнæнымæцæй иса! Уæдæ! Афтид дзыппæй цæй лæг и? Хи-хи!..

Гæбына фембæрста: йæ ныхæстæй цыдæр Асланы зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ графинмæ февнæлдта, нозт рауагъта.

– Йæд у... Уастырджимæ бакувæм. Гъы, Сыгъдæг Уастырджи, не знæгты фæндиаг нæ ма фæкæн! Дæ сызгъæрин базыры бын нæ бакæ! Хуыцауы арфæ – дæумæ, Аслан! – Гæбына йæ нуазинаг уыциу калд бакодта йæ комы æмæ йыл цыма исты æхсызгондзинад æрбамбæлд, афтæ йæ цæсгом фæрухс, зæрдиагæй фынгмæ æрæвнæлдта. Аслан æм исдуг кæсгæйæ баззад, стæй агуывзæ систа.

– Гæбына, мæнæн дæр иу ныхасы бар...

– Нæ, нæ! Цытæ дзурыс? Уый Уастырджийы нуазæн у, табу йæхицæн! Аназ æй!

Аслан йæ сæр банкъуыста, фæлæ йæ æвæндонхуызæй анызта.

– Ардæм дæ ивынц, зæгъгæ, фехъуыстон, Аслан.

– Кæмæй? Æз куы ницы зонын ахæмæй...

– Ау, мæнг хабар у? Нæ дæ сæрвыстой Мæскуыйæ?

– Нæ зонын... Кæд, мыййаг, исчи хъазæн ныхас загъта?

«Кæс ма йæм, дæ хорзæхæй!» – йæхимидæг рафыхти Гæбына Галамæ.

– Ныр дæр та, диваныл хуысгæйæ, Гæбына хъуыды кæны æмæ йæ не ‘мбары, Гала йæ цæмæн асайдта, уый. – Арф ныуулæфыд, сыстад, скъаппæй æхцаты тыхтон райста, стъолыл сæ райуæрста: – Адон дзы не ‘фсин æмæ нæ чызгæн, адон уæлæ Бетърейæн, – хъуырхъуыргæнгæ нымадта Гæбына. – А фæстаг рæстæджы мæм цыдæр зыст дзагъултæ сисы. Æвæццæгæн дзы кæрцы аргъ йæ дзыппы.... айрох? Хорз! Фæуæд афтæ! Министры ног хæдивæг мæ куы фæцæйрох кодта! Мæскуымæ куы цæуы. Уым та хардз, замана – хъуырмæ! Йæ дзыпмæ йын сæ къонверты фесхойдзынæн. Кæд исты «сбухъхъытæ» кæна, уæд табуафси, мæ курдиат цæттæ: исты дарæс

мын дзы слас, мæ уæлæ цы скæнон... Хи-хи! Нырма «ног цъылын» у, æртасдзæн! Æрцахуыр æй кæндзыстæм сабыргай. Цæр, табуафси, фæлæ мæн дæр цæрын хъæуы, уый ма рох кæн. На уый нæй – фæмидæг уыдзынæ къалатийы! Фыццаг нын, мыййаг, нæ дæ...

– Хæдзар! Уæ хæдзар! Гæбына, ам нæ дæ, цы? – æрбайхъуыст кæртыдуарæй.

– Хæдзар дарæг дæ ма баззайæд! – фæкодта Гæбына æмæ йе ‘хцатæ ‘фснайынмæ фæци.

– Ай нæхи Габоци куы дæ! О, æгас нæм цæуай! Æгас цæуай! – уазæджы размæ цингæнгæ рауади Гæбына. – Цы хур, цы къæвда, ме ‘рвады гæбаз?

– Дæ бонтæ райгæ ‘рвит, Гæбына! Мæнæ хохæй рауадтæн. Иу чысыл хор рафыстон бинонтæн.

– Дæ хъуыддаг – раст! Æхсæвæй-бонæй сын сæ фосы фæдыл дæ сæфтджытæ рафтыдтай Сæ хъаймагъæй дæр дын хъуамæ хай уа, хай!

– Хъаймагъ чи уарзы, уымæн – хæлар, æз мæ...

– О! Ды сын æрмæст даргъ лæдзæгимæ хаф...

– Гæбына, ма та райдай... Æз дæм хъуыддаджы фæдыл æрбауадтæн.

– Дæ хорзæхæй, дæ хъуыддаг ма басусæг кæн.

– Сусæггагæй мæм ницы ис. Мæнæ мæ зæронд кард стæнæг æмæ асаст. Æнæ кардæй зын у фыййауæн. Ме ‘мбал Дзиго дæумæ сардыдта: дæлæ, дам, де ‘рвад Гæбына диссаджы кæрдтæ аразы.

– Хи-хи-хи! – бахъæлдзæг Гæбына. – Уæллæхи, ирон адæм диссаг сты! Бæгуы аразын кæрдтæ. Фæлæ цавæр кæрдтæ? Мæнæ сæ дæхæдæг фен!

Гæбына уатæй кæрдтæ радавта. Габоци сæ райста, иугай сæ æрысгæрста, иу дзы йе стыр æнгуылдзы бæзджын ныхыл дæр авзæрста. «Æвæдза, хорз уыдзæн мæнæ ацы рæстæмбис кард, – хъуыды кодта Габоци. – Кæрддзæм ын скæндзынæн. Дзиго мæм хæлæг кæндзæн... Уæвгæ дзы уымæн дæр мæнæ сæ цауддæр ракурдзынæн. Æз дæр ын иу дæркъ рауæлдай кæндзынæн... Фарон ын кусæрттаг æз дæр, мыййаг, уæй нæ ракодтон! Нæ дзы айрох уыдаид?..»

Габоцийы хъуыды кæронмæ нал ахæццæ, Гæбына йæ цалхджын фынг тыргъмæ ратылдта æмæ ныффæдис ласта:

– Габоци! Мæнæ исты саходæм, ме ‘рвады гæбаз!

– Диссаджы хæдтулгæ фынг! – ныддис кодта фыййау.

Фысым дæр йæ мидбылты бахудт. Фæйнæ дзы аныхтой æмæ зæрдиаг ныхæстыл фесты. Хæринагмæ дæр æрæвнæлдтой. Нозт дæр рохуаты нæ баззад. Æппынфæстагмæ Габоци «бæркад» загъта æмæ цæуынмæ ныллæууыд.

– Гæбына, дæ минас – мин азы!..

– Ныххатыр кæн, Габоци! Ницæмæй рæвдз стæм, не ‘фсин ам нæй...

– Цæмæн зæгъыс, Гæбына? Дæ бæркад – бирæ! Фæрнæй цæр! Бауырнæд дæ, фыййау æнæ кардæй æрдæг лæгæй уæлдай нæу. Кæцы мын дзы... – Габоци ракæс-бакæс акодта йæ алыварс, фæлæ дзы нæдæр кардыл йæ цæст æрхæцыд, нæдæр сæ лагъзгондыл.

– Габоци, куы дын загътон, æз фыййауы кард никуы сарæзтон, фæлæ дæуæн мæнæ иуахæмы скæндзынæн. Ныртæккæ мæ рæстæг нæ амоны.

– Гæбына, гормон, утæппæт кæрдтæй дæ иу не ‘нтысы, æви?... – нæ уырныдта зæронд фыййауы, йе ‘рвад æй æнæ хæрзиуæгæй æрвитынвæнд скодта, уый.

– Уыдон къалекци сты, къалекци, Габоци! Фыййауы кард та æндæр у. Мæскуымæ сæ равдисынмæ ласынц, фæсарæйнаг цуанæттæн... Уæллæхи, тæккæ абон дæр мæм уыдысты хицауад... Нæхи Аслан дæр мæ фарста...

– Ныббар мын, мæ адджын æрвад Гæбына, мæн дæ таурæгътæм не ‘вдæлы. Лæвар дæ нæ домдтон – исты кусæрттаг та дын, зæгъын... Фæлæ нæй æмæ нæй... Нæй – дурæй хъæбæрдæр! – Зæронд фыййау сæргуыбырæй араст дуарырдæм.

– Цы гæнæн ис, Гæбына? – йæ фæдыл цæугæйæ дзырдта фысым. – Паддзахады уынаффæ халын кæй бон у! Фæндараст дæ Къобы Уастырджи фæкæнæд!

Гæбына фæстæмæ уатмæ куы баздæхт, уæд йæ кæрдтæ рудзынджы рухсмæ рахаста, цæсткæсæнтæ бакодта æмæ сæ иугай уырзæй сгæрста, йæ зæрдæ сæ ради. «Ахæм кард фыййауæн æнтысы? – хъуыды кодта уый. – Куыннæ стæй!..» Кæсæнау

æрттиваг æндон æвзагыл йæ цæст цыдæр лыстæг хæххытæ ацахста. Рудзынгмæ сæ ноджы хæстæгдæр бадавта, иннæтæм дæр æркæстытæ кодта: иуæй-иутыл тынгдæр, иннæтыл къаддæр, фæлæ се ‘ппæтыл дæр бæрæг зынд, хæлуарæджы тынтау, цыдæр лыстæг хæххытæ. Дæрзæг гæххætт радавта, карды ‘взаг дзы асæрфтытæ кодта, фæлæ ницы – «хæххытæ» уæлдай нæ фесты... Гæбына катайы бахауд, тыхсти, йæхицæн бынат нал ардта. «Йарæппын, цы сыл æрбамбæлд? – дзырдта йæхицæн. – Знон дæр ма цæхæртæ куы калдтой!.. Цæстдзыд фæуыдаиккой? Цымæ Барис та цы зæгъид? Индзылер æй куы хонынц! Бауайон æм...»

Иу кард дзы фелвæста æмæ тагъд-тагъд Барисы дуармæ балæууыд. Дзæнгæрæджы зæлангмæ дуар байгом.

– А-а, мæ адджын сыхаг Гæбына, мидæмæ! – хъæлдзæгæй сдзырдта Барис, фæлæ йын йæ къухы стыргомау кард куы ауыдта, уæд хорзау нал уыди – йæ цæстæнгасыл цыдæр уазал тар æндæрг фæзынд. Гæбына дæр иу уысм сагъдауæй аззад, йæ кардмæ ‘ркаст æмæ бахъым-хъым кодта:

– Мæнæ, йæд у... Ацы кардмæ ма ‘ркæс. Цыдæр тæгтæ йыл фæзынд...

Барис ын йæ уæрæх армæй мидæмæ ацамыдта, æрбадын æй кодта, йæхæдæг скъаппы лагъз раласта æмæ дзы цыдæртæ фæракал-бакал кодта, фæстагмæ дзы тымбыл авг систа, бахудт:

– Мæ къухы бын уыд, афтæмæй йæ агурын...

Иуцасдæр дзы карды æвзагмæ фæкæстытæ кодта, стæй сæ Гæбынамæ бадардта:

– Гъа, дæ хорзæхæй, дæхæдæг æм æркæс.

Гæбына сæ райста, æркасти.

– Мæнæ диссаг! Цъынарæбын хуры тæвдмæ куыд аскъуыдтæ уа, афтæ зыны!

– Диссагæй дзы ницы ис. Линдзæ дæс хатты стырдæр кæны... Дæ карды æвзаг раст æхсыст не ‘рцыд æмæ дæ фыдæбон фæдзæгъæл. Абон-райсом бынтон нызгъæлæнтæ уыдзæн. Ноджы ма дын зæгъын: ахæм кард хотыхыл нымад у æмæ ма йын дарынæн сæрмагонд бар дæр курын хъæуы милицæйæ...

– Цæй, хорз! Бартæ чи дæтты, уыдон дæр махимæ иу зæххыл цæрынц! Уæдæ йын ницы хос зоныс?

– Ницы. Байрæджы... – Барис карды ‘взаг стъолы тигъыл æркъуырдта – цалдæр дихы фæци. Гæбына æфсæйнаджы зæлангмæ фестъæлфыд, йæ сæстытæм ын æдзынæг ныккаст, цыма сæ йæ цæстæнгасæй амбырд, аныхасынмæ хъавыд.

– Æвгъайуаг... тохъылы йаргъ кард... – сирвæзт ма дзы æрæджиау.

Сæхи кæртмæ куы бахызт, уæд саст карды фистон цæхæрадонмæ фехста. Уатмæ бацыд, кæрдтæ лагъзгонды бафснайдта, диваныл йæхи æруагъта, стæй фестад. Кæрдтæй иу систа. «Диссаг! Цыма нырæй-нырмæ йæ фæзтæ фæфылдæр сты?!» – бадис кодта Гæбына. Тæрхæгыл æй æркъуырдта – карды фындз зæхмæ асхъиудта.

Æвиппайды, цыма йæ зондæй фæцух, уыйау фæлæбурдта кæрдтæм, зæххыл сæ ныццавта. Иуцалдæр та дзы базгъæлæнтæ сты. Ноджы сыл къæхтæй æркафыд:

– Гъа, уый та уын – мæнæй! Гъа, уый та уын – тохъхъылтæ! Гъа, уый та уын – фырытæ! Орц-тох!

Æрбадт, йæ хид асæрфта, æркаст йæ кæрдты згъæлæнтæм.

«Нæй æмæ нæй. Нæй – дурæй хъæбæрдæр! – ахъуыды кодта Гæбына.– Дзæгъæл фыдæбæттæ... Къухфæллойæн хъомыс нæй. Нал райсдзынæн рæс мæ къухмæ».

Дуар дыууæ гуыдырæй сæхгæдта, æлхынцъæрфыгæй уынгмæ рахызт æмæ скъладырдæм араст.

**БЕКМÆРЗТЫ** *Афон*

# ФЫДÆЛТЫ ФÆДЗÆХСТ

## МÆНГАРД ЛЫМÆН

*Н-ты В-йæн*

Хæлардзинад æрдзæй
Æмбал, лымæн, æрдхорды ном
Фыдæй-фыртмæ бæрзонд æвæрд у, –
Æууæнк нæ бабæтты æнгом.

Куы бадзурынц хæлары номæй,
Куы бамбис кæнынц цин, йе рис,
Ныхас куы рацæуы æргомæй, –
Хуыздæр, æхсызгондæр цы ис?

...Куы рараст дæн мæ цардвæндагыл, –
Фыццагдæр сæмбæлдтæн дæуыл.
Фыдбонты ахызтыстæм рагъыл, –
Хъуыдис нæ иумæ дард цæуын...

Æмбæлд ныл тугдзыхтæ, лæгсырдтæ,
Нæ размæ – хауæнтæ, былтæ.
Æмдыхæй залымы фæсырдтам,
Цы сты лæппулæгтæн зынтæ?..

Нæ астæу ацал-ауал азы
Сыгъди хæлардзинады арт.
Иу иннæмæн дзырдта йæ азым,
Кæрæдзи номæй хордтам ард.

Хъæлæкк, мæ фæндонæй уыдаис
Дуне-бæстыл æппæты сæр.
Фæлæ... дæ хæлары фæсайыс,
Рæмпæгæй разындтæ фыддæр. –

Куы феныс искæй зын – фæхудыс,
Цыма дыл хорз æрцыд æваст.
Фæзæгъыс хъæлдзæгæй: «Тæхуды,
Ныр ацараз дæ кæрты хъазт!»

Лæгау лæг дын хъылма, уæнгæл у,
Фæхоныс æй фыдгул, мæнгард.
Дæлимон дын, лæгсырд æнхъæлæй,
Дæ къухмæ радты марæн кард...

Цæй лæг дæ ды! Æдзух фæдарыс,
Сырд уæвгæйæ, фысдзармæй кæрц.
Дæ цин кæйдæрты зыны ссарыс,
Нæ зоныс дам-думтæн сæ бæрц.

Фыдæлтæ фæлтæртæн фæдзæхстой:
«Хæларæй, уарзонæй цæрут!»
Ды та дæ кæстæртæн фæзæгъыс:
«Фыдæлтæ – ницы, мæн фæзмут».

Фыдбон, фыдлæг нæ хæссынц бирæ,
Сæ фæд дæр мауал уæд, сæ фæд!
Нымудзæг, «кад кæныс» нæ Ирæн, –
Тæрхонгæнæг дын Уæллаг уæд!

## ÆНАХХОСТЫ МÆЛÆТ

*1942 азы октябры мæйы иу фыдæхсæв фыццаг кæркуасæнты чекисттæ Ивдельлагы æнаххосæй фехстой æртæ цардбæллон лæппуйы: кæсгæттæ Киржинов Мурат æмæ Лайпанов Омары, стæй нæхи калонкæйаг Лихтенвальд Артуры.*

Цы у тæригъæддæр зæххыл,
Цы ис фыдракæнддæр уæлæуыл?
Цы у Хуыцауæн хъыг, мæстаг,
Нæ зæрдыл кардцæфау цы лæууы?

Цы у цъаммар лæджы фæндон
Æмæ дæлимонты æрхъуыды? –
Æнаххос аххосджын куы суа,
Дыкъахыг сырд та йыл куы худа...

Куы дзы æрцараза быдыргъ
Æмæ куы райдайа гæрæхтæ...
Гъе стæй чыр-чыргæнгæ, лæгмар
Куы хафа мæрдтыл чъизи къæхтæ...

Цы схонæм ахæм маммы мах?
Дыкъахыг сырд, хуыснæг, тыхгæнæг,
Лæгмар, лæджыфыдхор, йе калм,
Æви æнусты низ – фыдгæнæг...

## БÆЛЛИЦ

Æз мæ базыртæ ныууигъын,
Алæууын Олимпы тигъыл,
Абадын рæубазыр мигъыл
Æмæ стæхын арвмæ стихтыл..
Уым та арвæй зæххы астæу
Фестдзынæн æрттивгæ стъалы.
Тасгæ-уасгæ мингай азты
Хъаздзынæн цъæх арвы малы...

# ЗÆХКУСÆГ

## УАЛДЗЫГОН

Æфсæн бæх æд гутон фæбырсы,
Нæ зæххыл цыдæртæ фæфыссы.

## ФÆЗЗЫГОН

Нæ алыварс фæззæг æрæнцад.
У алцæмæй дуне фæлыст.
Мæ хæлар, дæ куыстæн йæ бæркад
У кадæгау быдырыл фыст

**БОЦИТЫ *Юри***

# ФÆЛÆ ТА ЗДÆХДЗЫСТÆМ ФÆСТÆМÆ

## ÆРТÆ БÆХЫ

Урс бæхыл æрхастой чындзы заргæ,
Ног хæдзармæ бакуывта сæрæй.
Цин нæрыди агургæ-нæаргæ –
Ахæм бонæй амондджындæр нæй.

Лæг сырх бæхыл атахти фæдисы –
Хъахъхъæдта Фыдыбæстæ фыртау.
Ус та фæндагæй йæ цæст нæ исы,
Нал баззад йæ амондæй æртау.

Уалынмæ дын иу райсом сæ кæрты
Сау бæх ризгæ къахындзæг кæны.
Никуал барухс идæдзæн йæ зæрдæ,
Абон дæр йæ цæстысыг кæлы...

Азты фæстæ уайынц афтæ азтæ –
Урс æфсургъ, сырх æфсургъ, йе та сау...
Æтт! Кæцы фæуыдзæн дугъы разæй?
Барæгæн кæй агурдзæн лæгау?

Амондæн уыдзæн æви бæллæхæн?
Фестдзæни Пакъуындзæ кæнæ зæд?
Царды бæхтæ, охх, мæлæты бæхтæ,
Рацæгъдынц сæ цæфхæдтæй хъысмæт...

## АРТ

Фæтæхдзæни зæрныг,
Æркалдзæн бæрз йæ хæрдгæ.
Цъæх зымæгæн йæ «зынг»
Æлхыскъ кæндзæни зæрдæ...

Æмæ кæддæрау уæд
Йæ дадалитæ фасдзæн,
Æгъатыр у, налат –
О, цал æвзагæй уасдзæн!

Фæлæ мæ къæсы – уарт:
Уыраугæ хъызты хинæй
Уæлмонц æвзæгтæй арт
Йæ зарæг сисдзæн гимнау.

Фæзындзынæ мæм уæд
Цъæх ирдгæйы тæмæны,
Дæ былтыл азым – фæд
Цин фестдзæн рухс тæмæны.

Кæм нæ у арт рæдау,
Цы ма уа, цы, дзæбæхдæр! –
Йæ зынг къухтæ тынтау
Уый сиваздзæн дæ къæхтæм.

Дæ цæстытæ та уæд
Сызгъæрин дзырд зæгъдзысты,
Мæ риуы та æрвнæрд
Нæртон уæйыгау сыстдзæн!

## ДЕГРАДАЦИ

Гуырдзæй мын ивддзинæдтæ цас уыд!
Фæстагмæ маймули куы сдæн,
Уæд цардтæн къаимæ бæласыл
Йæ бæзджын сыфтæры æхсæн.

Фæлæ мæ зæхх йæхимæ сайдта,
Мæн ивын бахъуыди мæ царм,
Хъысмæт мæм ацы хатт фæсайтан
Æмæ мæ ацарæзта калм.

Фæстæдæр арф, æгæрон фурды
Кæфхъуындарæй æфтыдтон тас,
Стæй тахтæн уарийæ зынг хурмæ.
Цъæх мигътæ сфæйлыдта мæ уаст.

Фæстагмæ февзæрдтæн цъыфдзасты
Æмæ ныссабыр дæн, ныхъхъус –
Амебæйы фæхъæуы частæ –
Уыдтæн цъымарайæ дæр буц.

Ныфсы мур нал баззад, быцæу дæр,
Куы нал и хауынæн кæрон...
Куыд кæсынц афтæмæй хуыцæуттæ –
Куы сæфы адæймаг бынтон!

## ФÆСТАГ ÆХСÆВ

Фæстаг æхсæв стæгæр,
мæ нывæрзæн бафынæй.
Пантерæйау адаргъ нымæтыл.
Ныр феуæгъд ис боны уыраугæ уынæрæй,
хæлæфæй, цъæлхъæрæй.
Кæдæй-уæдæй бафсæддзæн фынтæй
æдзæмы зæлдагыл.
Æз дæр ныр – йæ равгыл – рæдзæ-мæдзæ систон
йæ фæлмæн хъæбысы.
Кæд та мæ сæумæйæ
йæ дзæмбытæй суадзид.
Хуыцауы фæрцы та
цъæх уалдзæджы тыргъты
уæд тезгъо кæндзынæн.
Кæмæ дары ног мæй йæ сытæ?
Цæмæй конд у æхсæвы сахсæн?
Уæззау куы сты стъалытæ ахсæв,
сты арвы хъæдабæйыл ауыгъд,
уæддæр та æрхауынц, æрхауынц...
Кæцы та дзы фестъæлфдзæн ныр,
кæй ингæн дзы суыдзæн быдыр?
Æз сурын мæ сагъæс мæхицæй,
нæ нымайын стъалытæ цал ысты –
Хуыцаумæ сын хицау,
ис стъалытæн арвыл нымайæг.
Зæгъын та æз ногæй:
мæ зæрды хъысмæт нæй фæсайын,

у алчидæр расыг йæ ронгæй,
æз ног дзырдтыл базыртæ садзын,
фæстаг æхсæв разынд æвдадзау.
Цъæх денджыз йæ уадæй
нæргæ у, уыраугæ,
куы кæлы йæ былтæй,
цæуын уæд йæ арæныл æз.
Бæлццонау мæ наумæ
æнхъæлмæ кæсын.
Йæ урс пæлæз райдыдта дзир-дзур,
рæхджы мæм зындзæни йæ дардæй,
æрвыг стъалы ратæхдзæн арвæй.
Цæудзынæн æз асиныл хъавгæ
æнæзæгъгæ рухсмæ,
нæ дæн æз æрхæндæг –
цæттæ мын уым урс уат,
уым ног дуне фарнæй –
цæрæццаг...

## ФЫНДЖЫ УÆЛХЪУС

Æз нæ сидын Хуыцауы тыххæй,
Мах æгæр кæнæм хицæн –
Æз зæххон дæн, бынæй,
Уый уæлæрвты бæллицау.
Æз нæ сидын фыдæлты тыххæй,
Æз нæ агайын ивгъуыд, сæ фын....
Стауын уыдон мæ зæрды куы нæй,
О, æгæр æппæлд махæн – нæрын.
Нæ, нæ систой нæ бæстæ уæлдæр,
Уæд цы сисон сæ кады тыххæй...
Æз нæ сидын æмгары цæрæнбон, –
Уæд нæ уыдзынæн раст:
Мах фынджы уæлхъус – зæдтæ,
Ехх, мæ царды та нал баззад тавс.
Мах нæ риутæ фæхойæм,
О, Иудæ дæр худгæ
Алкæд нуазы æрдхорды тыххæй,
Стæй йæ акæны уæй,
Стæй йæ арцау æлгъинæй рæхойы!

Æз сылгоймæгты тыххæй нæ сидын,
Æз нæ сæмбæлдтæн ахæмыл царды,
Æмæ нуазон йæ сыгъдæджы цинæй.
Ис ма, чи зоны, а зæххыл,
Ис сызгъæрин æхсинтæ,
Фæлæ мæн, мæн нæ фæци сæ иу дæр...
Мад у, мад у æрмæстдæр
Царды рухс сидты аккаг,
Стыр поэт дæр дæ фæстæ,
Сахъ хæстон дæр, зæхкусæг...
Нæй, æнæ цæргæ нæй
Æмæ нуазгæ у, нуазгæ уæддæр,
Иуцъус сагъæс куыд фæуа бынæй,
Стæй рæстæгмæ куыд айрох уа рæстæг.

## ЗÆХХ НÆ ЙÆХИМÆ ÆЛВАСЫ

Куыннæ уа расыг арвы монцæй барæг–
Тæхынтæ систа урс æфсургъ, тынау,
Йæ сæррæтт айвæзы пæррæстау дардыл,
Фæлæ уый иуцъус ахаста æрмæстдæр –
Йæ нæргæ цин фæцыдæр и фынау,
Æваст æй зæхх йæ хъæбысмæ нылвæста...

Цыд рæстæг... Байгом махæн океан.
Æнахуыр нывтæ – Занзибар, Манила!
Нæргæ нæмттæ – Веспучы, Магеллан,
Колумб, уæд Беринг!.. Дард бæстæты цинад!
Куыннæ сты диссаг океантæ,
Уæддæр нæ арв йæхимæ сайдта.

Цæргæсы тахт нæ базонын фæндыд,
Хæлæг æм кодтам, уд тырныдта арвмæ.
Тæхын, тæхын – о, уыцы бæллиц уыд,
Фæлæ йæ сæххæстæн амал нæ ардтам.

Мах кодтам арвмæ быцæу нæ зондæй
Æмæ-иу цалæн расидт аргъуан хъоды,
Йæ быны-иу цъæх арт ыскодтой цалæн!

Фæлæ бæллиццæн ницæмæй и марæн,
Æмæ уыдтам мæлæты уысм тыгъдад,
Нæ судзгæ уд-иу стъалытæм фæтахт.

Æнус-æнус бæллыдыстæм хæрдмæ...
Æмæ тæхæм уæлдæфон науты фатау,
Фæлæ нын уый дæр нал у ныр æгъгъæд –
Фæнды нæ ноджыдæр бæрзонддæр, тагъддæр.

Фæлæ ныл зæхх хæцы, хæцы хъæддых,
Йæ хъæбулты йæ хъæбысæй нæ уадзы,
Кæд космос у парахат æмæ тыгъд,
Уæддæр нын зæхх – æвдадзау.

Ныййарæг зæхх, тæхын та хъæуы мах –
Мах сайы стъалыты цъæх тæмæн,
Фæлæ та здæхдзыстæм фæстæмæ,
Дæуыл та ризгæ андзæвдзæн нæ къах,
Нæ цины хъул та абаддзæни сах
Æмæ дын мадау акæндзыстæм пъа!

# ТÆЛМАЦТÆ

***Виктор* ГЮГО**

## ÆДЗÆМ У ДУН-ДУНЕ[3]

* * *

Мæрдонхус, ихсыд зæхх, æлгъин æмæ хуырдзаст –
Уыд амæ кусæгæн цæрæнбонты йæ каст;
Йæ удхар – арвыдзаг, уыд армыдзаг йæ хор та,
Цæссыгтæ тугхæццæ йæ къæбæримæ хордта;
Сахартæ дуркъæйтæй – нæ сыл æххæссы хур,
Лæг дзы йæхæдæг дæр ныкъкъуырма и, ныддур;
Ам иу уд иннæмæн – æцæгæлон, æддагон,
Фыдæх сæ паддзах у, фыдæлтыккон, фыццагон;
Сæ дин – сызгъæринтæ, сæ хуыцау та – æхца,
Ам хъуамæ цардæфхæрд йæ мæгуырыл хъæца;
Æдыхы бонджынæй нæ иртасы адзал та,
Æлдар уа, барцух уа – æнус-æнус сæ цагъта,
Куырм у, нæ йæ хаты, сты галиу æви раст;
Æвзонынц адæмты тыхтона æмæ маст;
Хæстытæ, стонг азтæ – уæрæх быдырты, хохы,
Рæдувынц денджызтæ кæрæдзи комæй холы:
Бæлæгътæ уылæнтыл – дæрæхсæнтæй, пырхæй,
Хъæууæттæ сау кæмтты – нынна́й сæ кодта зæй;
Куыйдзыхтæ, иблистæ – былар æфтауынц алкæм,
Рынтæ, уæззау низтæ – кæдæм сæ лидзой адæм?..

Æдзæм у дун-дуне. Ыстъалытæ дзы – хæрх.
Сæ астæу – не стъалы, æрттивгæ стъалы – Зæхх.

*1840*

---

[3] Ацы аз февралы номдзыд францаг фысс   г Виктор Гюгойы райгуырдыл с   хх   ст 200 азы.

* * *

О сау, тæссаг заман! О, хъомпал дуг, æгъатыр,
Ызмæст, æмбугъула. Мæ сæрызонд нæ хаты,
Кæм дæн, цы зындоны. Тыхтона æмæ тох.
Фыдуацтæ сцæндтæ сты, фыдуацтæй рауад хох.
Ælгъаг, Мылазон Аз – ныххуырста ныл йæ азар,
Нæ монцтæ, рухс фæндтæ – йæ амæддаг, йæ уацар.
Æфтауы удаист, йæ тауинаг – фыдæх.
Пъæззыйау ауагъта йæ къабæзтæ уæрæх.
Æххæссынц алкæдæм йæ тугæйдзаг дзæмбытæ.
Фæкъахта, – емынæ! – мæ зæрдæйы рæбынтæ.
Æвæры йе ‘гъдæуттæ, гадзрахат у, фæлывд.
Хæлæджы зин-зæнæг æмбыд хъоргъæй ысхылд.
Идæдз уа, сидзæр уа – ныууадзы алкæй ниугæ.
Цыма у хаст хæдзар – ныггаффутт и мæ риу дæр.
Æмгар, о, ма мæ фæрс, цы мыл æрцыди, куыд.
Уыди мæ зæрдæйы мæрдтыбирæгътæн куывд.

* * *

О уарзты ирд суадон, фæрныг Анакреон!
Фыдæлты рухс зондæй фæхъæстæ и дæ дон.
Æнусон урс цъити – дæ ратæдзæн, дæ гуырæн.
Ды кафыс дур-къæйтыл, хъуытазхъæлæс – дæ уылæн.
Фæлыст у д’ алыварс æхсæлытæй, нæууæй.
Мах исæм сусæны нæ мондæгтæ дæуæй.
Мæнæн дæ уадындзтæ – æрдзæмырон, зæринзæл,
дæ тæмæн, де ‘рттывдæй, дæ цинæй зæрдæ ризы.

*1835 азы 21 август*

**КУЫРДТÆ**

Æндон хъæсдарæг. Калынц ыл сæ пырх
Дыууæ богалы. Дзæбугтæ нæрынц.
Тæхынц тъыфылтæй стъæлфытæ, сæнтсырх.
Æви уый зинтæ стъалытæ цæгъдынц?

Æрæнцой нæй. Цъæхснаг зæллангтæ, дзинг.
Æмбухы гарна – ирд цæхæр, тæмæн.
Дыууæ уæйыджы аразынц фæринк
æви фæрæт, йе гутонæн æфсæн?

Æнусон тох. Ам паддзах у дзæбуг,
Нæры, кæны болат фæзгъæртæ мур.
Æхсиды куыст, æхсиды уæнгты туг.
Ыскæсы куырдадзæй æгас хъæуыл дæр хур.

*1840.31.10*

## ЦÆРГÆСЫ СИС МЫН ЧИ ‘РБАРВЫСТА, УЫЦЫ ПОЭТÆН

Гæвз у, тæригъæдджын у а зæхх.
Кæны йæ кæнонтæ фыдæх.
Мæ зæрдæ миднымæры арæх
Æрбæллы: исчердæм фæтæх!

Цæрын æз иппæрдæй, æрхуымæй,
Рыстæй – уырыд дæн æмæ тыхст.
Фæлæ æнæнхъæлæй мæ къуыммæ
Æртахти рухсы цъырттау ныфс.

Цæргæс кæм фаста арв йæ систæй,
Кæм калдтой сау мигътæ цæхæр,
Уæнгрогæй уыцы рындзмæ систой
Дæ ном, дæ фарны хъæр мæн дæр.

Цыма уа амæй хуыздæр арфæ!
Салам уын, зарæг æмæ сис!
Сымах æрыздæхтыстут арвæй,
Æрхастат арвæрттывдæй схъис.

*11 декабрь*

## ХУДÆГ ÆМ ФÆКАСТИ

*Хæрзæрæджы Виктор Гюго Брюсселы рауагъта чиныг «Гыццыл Наполеон». Автор мæстæлгъæд хахуыртæй нæ бацауæрста принц-президентыл. Дзурынц, чиныг, дам, иу чидæр æрбаласта Сен-Клумæ. Луи-Наполеон æй йæ къухмæ райста, рафæлдæхтытæ йæ кодта былысчъи л худтгæнгæ, стæй йæ, йæ алыварс чиуыд, уыдонмæ равдыста æмæ загъта: «Мæнæ уын, уæзданлæгтæ, Гыццыл Наполеон æмæ йе сфæлдисæг Стыр Гюго».*

**«Елисейы галуаны газет». Август. 1852 аз.**

Гъей, багъæц уал – нынниудзынæ цæф сырдау!
Æлгъаг цæсгомыл нал уыдзæн хуызы ‘ртау.
Кæныс хъыллиппытæ, дæхи бæсты бикъ хоныс,
Фæлæ мæ къухы дæ, ды фендзынæ мæ хъомыс,
Дæлæмæдзыд, къуызыппа дæ, тæппуд дæ.
Ныхъхъæр дæ худинаг. Кæны дыл алчи тутæ.
Хъуырцæг дыл бачынди, куыдзыл ма вæййы ахæм:
Йай император у, æрбакæсут-ма, адæм,
Йæ ном нын рыгты, бырæтты æвдылы,
Цæй, ахуд уал, быдзæу æмæ æдылы!
Истори дыл ныххуырсдзæнис йæ азар.
Мæ дамгъæ у сырхзынг – дæ тæрных ма æрбадар!

*1852 азы август*

## СКЪУЫДДЗАГ

Лæгæрдынц хъомпалæй, хæмпус мигъау лæбыргæ,
Дзыназгæ, цингæнгæ, фæдисгæнгæ, лæбургæ
Æнæхсæст сау адæм, æлгъаг царды фæлхæрттæ,
Тыхсынц сæхæдæг дæр сæ аралло, сæ хъæртæй.
Куырмæджы ассæндынц – лæгхуыцæутты цагъартæ,
Нæй къона, хиуæттæ, фыдæлтæ, йе бындартæ.
Сты рох сæ раттæгæй, хъуыды дæр сæ нæ кæны,
Сæ тых, сæ фæндтæ сын æнуд мæйдар ныгæны.
Сæ цард сыл ивгъуыйы хуыдалынджы гаффуттæй,
Мæлы сыл худæгæй, ысхъазы сын сæ удтæй.
Кæсы сæм сау æхсæв æрттивгæ бон, хæрзвидыц
æмæ дзы буц ысты, сæ зæрдæ йыл нæ ивынц.

## ГЮГОЙЫ БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

Хъуыдыгæнаг лæджы базонынц, цардыл æрхъæцмæ кæй нæ хъæцы, табу йын кæй кæны, уымæй.

Адæймаджы миддуне рухс кæны иу хур: хæлар зæрдæ.

Фыдыбæстæ чи худинаг кæны, уый йыл гадзрахатæй цæуы.

Æппæтæй бæрзонддæр тæрхон – æфсармы тæрхон.

Сырдтæн фыдмитæ чи кæны, уый рахиздзæн адæмæн фыдмитæ кæнынмæ, цъиутæ чи ахсы, уый рахиздзæн адæмы ахсынмæ.

Сывæллоны дыбал-дыбулæй кадджындæр-радджындæр гимн зæххыл нæй.

Худын хур у: уый адæймаджы цæсгомæй асуры зымæджы.

Мæгуыр уæвын кæй бон нæу, уый бон сæрибар уæвын дæр нæу.

Цард тæбæгъ у, зæрдæмæ цæуы, исты дзы куы уа, æрмæст уæд.

Мæн фæнды хъуыстгонд уæвын: уый амонд у; фæлæ мæн хъæуы пайда хæссын: уый хæс у.

Алмаси цъыфы нæ тайы.

Чи ницæуыл æууæнды, уый æнамонд у.

Быхсын – тæккæ хуыздæр дин.

Абырæг адæмтæ нæй, ис абырæг хицауиуæггæнджытæ.

Мæгуыргур лæг чи федта, уый ницы федта – мæгуыргур ус фенын хъæуы; мæгуыргур ус чи федта, уый ницы федта – мæгуыргур саби фенын хъæуы.

Рæстдзинад æмæ сæрибар уымæй диссаг сты, æмæ сæ сæрыл стæй сæ ныхмæ цыдæриддæр чындæуа, уыдон сын æмхуызон ахъаз кæнынц.

Æппæлæн ныхас – æнæкъах, уайдзæф – базырджын.

Уæ хъуыдытæ ивут, уæ принциптæ хъахъхъæнут: сыфтæртæ згъæлæнт, уидæгтæ цæрæнт.

Скъолатæ чи гом кæны, уый ахæстæттæ æхгæны.

Нæлгоймæгтæ цуан кæнынц, сылгоймæгтæ та амæддагыл сæхи андзарынц.

Иуæй-иу йæ библиотекæйæн хицау у, евнух гаремæн куыд у хицау, афтæ.

Адæймаджы рацаразын дæ куы фæнда, уæд ын йе стыр мадæй райдай.

Хъуыды кæм и, хъомыс дæр уым и.

Хæларзæрдæ уæвын æнцон у, зын цы у, уый зонут – раст уæвын.

Уæлахиз кæнын æдылы ми у. Уæлахиз уæвын нæ, фæлæ баууæндын кæнын у кады аккаг.

Нæ цард у балц, идейæ – фæндагамонæг. Фæндагамонæг нал и, уæд цæуæн дæр ничердæм и. Нысанæй æнæхай фæвæйййæм, тыхтæ дæр айсæфынц.

Цъиусурæн йæ саст базыр куы сдзæбæх кæнай, уæд ын йæ ныхты тыххæй дзуапп ды дæттыс.

Уарзондзинад бæласы хуызæн у. Æрзайы йæхигъдауæй, йæ уидæгтæ арф ауадзы не 'ппæт буары дæр æмæ арæх цъæх фæдары нæ зæрдæйы пырхæнтыл дæр.

Уарзондзинад кæмæ нæй, уымæ ницы ис.

Мады къухтæй таласдæр, рæвдауагдæр, фæлмæндæр ницы ис; сабитæ уыцы къухтыл иттæг хорз фынæй кæнынц.

Æппæт дунейы æфсæдтæй тыхджындæр тых ма ис: йæ рæстæг кæмæн ралæууыд, уыцы идейæ.

Сайын цардыхос кæмæн у, уымæн рæстдзинад æмбыды тæф кæны.

Тых кæй фарс у, уый мæнæн уæлдай нæу, рæстдзинад кæй фарс у, уый мын у ахсджиаг.

Зондджын зæронд нæ кæны, фæлæ лæгдæр.

Дипломат уæ ницы бамбæхсдзæн, алцы дæр уын схъæр кæндзæн, йе 'нкъарæнтæй фæстæмæ.

Лæджы зонд у, алцы дæр чи гом кæны, ахæм æртæ дæгъæлы хицау: зонындзинады, хъуыдыйы, фантазийы. Цардæн йæ рахæцæн уыдон сты.

Хæрзвидыц статуя саразын æмæ йæ бауддзыд кæнын хорз у; фæлæ лæппын зонд райрæзын кæн, æвзонг удæн йæ базыртæ айтындзынæн фæахъаз у, рæстдзинады уддзæф дзы бауадз – уый ноджы хуыздæр у.

Фыдыбæстæйы ныхмæ хæцгæйæ хъæбатыр уæвæн нæй.

Чиныг сфæлдисы йæ автор, йæ хъысмæт та йын æхсæнад сфæлдисы.

Рæстдзинадмæ фæсвæдты цæуæн нæй.

Æхсæнкъ домбайы барцыл куы бада, уæд æм бахæлæг кæнæн ис. Домбай бамбары, уыцы ницæйаг саск ыл куыд фæхæцыд, уый æмæ йæм хардзау æркæсы, æхсæнкъæн та йæ бон у зæгъын: «Мæ къабæзты хъазы домбайы туг».

Сабырдзинад цивилизацийæн йæ хæрзгæнæг у, хæст та – йæ фыдгæнæг.

Разагъды зæрдæйы намыс боныфæстагмæ фесты рæстдзинады къуыбар æмæ арвау цæвын райдайы.

Поэтæн хъуамæ уа, кæй фæзма, иунæг ахæм тых – æрдз, стæй иунæг минæвар – рæстдзинад.

Тирантæ хъуыдыгæнджыты куыстæн ахъаз сты. Ӕлхъывд дзырд тынг тæссаг у. Адæмы дзурын куы нал фæуадзынц, уæд фыссæг йæ ныхасæн ратты дывæр, æртывæр тых... Тирантæ фыссæгæн йæ авналæнтæ бацыбыртæ кæнынц, уыйхыгъд фыссæджы хъомыс фæфылдæр вæййы.

Бинонтæ – æхсæнады кристалл.

Чингуытæ сты хиуылхæцгæ æмæ æнувыд хæлæрттæ.

Ӕрдз алкæмæн дæр дæтты йæхи аккаг хъазæн: сабийæн – чындз-кукла, лæгæн – саби, сылгоймагæн – лæг, хæйрæгæн – сылгоймаг.

Дæ хъуыдыйæн сцæттæйы фадат ратт, фæлæ йæ кæрдиппæрд кæнын ма бауадз: кæрдиппæрд хъуыды æгæр рæгъæд дыргъæй уæлдай нæу – ницыуал бæркад дзы вæййы.

Адæймаг кусы, хæдзар аразы, зилы йæм, афтæмæй йæ хæдзар зæхх у.

Цæмæй æххæст амондджын уай, уый тыххæй амонд ыссарын фаг нæу, йæ аккаг цæмæй уай, ууыл дæр архай.

Хицæутты фыдракæндтæ, сæ дæлбар чи ис, уыдоныл æххуырсæн нæй, хицæуттæ арæх вæййынц æвзæргæнджытæ, стигъджытæ, адæм та – никæд.

***Хъодзаты Ӕхсары*** *тæлмацтæ*

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

## ИРОН ХÆЗНА[4]

### АРФÆТÆ

**У**

Уаг зонынхъом дæ Дунескæнæг Хуыцау уадзæд.
Уагъылы дидинæг куы ‘фтауа, уæддæр-иу дæ хортæ ракæл-ракæл цы кæной, уыцы амонд дæ уæд.
Уаддымгæйау уæд дæ фезмæлд.
Уаддымды хай макуы фæу.
Уазæг бæркадыл бæркад æфтауы, æмæ дзы дæ хæдзар хайджын уæд.
Уазæг макуы аздæхæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Уазæгæн лæггадхъом дæ Хуыцау уадзæд.
Уазæгджын дæ Хуыцау скæнæд.
Уайдзæфæй хызт у.
Уаих дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Уалдзæгау дидинæг фефтау.
Уалдзыгон бонтæ дыл Хуыцау ныккæнæд.
Уалдзыгон хур – мæ чындзыты, фæззыгон хур – мæ чызджыты.
Уаргъы бын дæ астæу макуы фæтасæд.
Уарзон адæмы ‘хсæн батон дæ бонтæ.
Уарзон хъуыддæгтæ цы кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Уарзондзинад дæ зæрдæйы арф уидæгтæ ауадзæд.
Уарзондзинадæй æфсæст у.
Уарзондзинадæй дæ Хуыцау базырджын скæнæд.
Уарзондзинадæн аргъ кæнынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Уарзондзинады фыдæх дын Хуыцау макуы бавзарын кæнæд.

---

[4] Дарддæр. Райдайæн кæс: «Мах дуджы» 2000-æм азы №№ 7 – 12; 2001-æм азы №№ 3 – 12, 2002-æм азы № 1.

Уарзтцух дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Уарзты цæхæрæй батæфсæд дæ рыст зæрдæ.
Уаринаг дын макæимæ мацы уæд.
Уастырджи дæ йæ рахиз базыры бын бакæнæд.
Уастырджи дæ рахиз фæрсты цæуæд.
Уастырджи де ‘мбæлццон уæд.
Уастырджийæ фæдзæхст фæу.
Уатон рынчынæй хызт у.
Уацилла дæ хорæй æфсæст уадзæд.
Уацилла дын æххуысгæнæг уæд.
Уацилла дын хортауæг цы уа, Фæлвæра галты сæрбосыл хæцæг, уыцы амонд дæ уæд.
Уæ абон – уæхи фæндиаг, уæ райсом та – мах фæндиаг.
Уæ абонæй уæ сомбон рæсугъддæр цы уа, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ абонæй уæ Хуыцау макуы фæцæрын кæнæд.
Уæ абоны зонд – уæхи, уæ райсомы зонд – мæн.
Уæ абоны фарн амæлын цы никуы бауадзат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ амонд æнустæм цы анхъæвза, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ амонд – бирæ.
Уæ амондæй мах дæр амонддæжын цы уæм, ахæм хур уыл ракæсæд.
Уæ амондæй райгонд ут.
Уæ амондæн сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд.
Уæ амонды фарс Хуыцау уæд.
Уæ амондыл уæ зæрдæтæ макуы сивут.
Уæ амондыл хæцынхъом уæ Дунескæнæг Хуыцау уадзæд.
Уæ арм мыды дарут.
Уæ армæйконды бæркад – бирæ.
Уæ арфæ – бирæ.
Уæ арфæйаг хъуыддæгтæй райгонд ут.
Уæ арфæйыл фæсмон макуы фæкæнут.
Уæ афæдзтæ уыл дзæбæхæй цæуæнт.
Уæ афæдзы фæллой уæхи фæндиаг уæ хæдзæрттыл бахæцæд.
Уæ афæдзы фæллой чындзæхсæвтæ æмæ куывдтæн цы хардз кæнат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ ахсджиæгтæ уæхи фæндиаг уæнт.
Уæ ахсджиæгтимæ кæрæдзийы цинтæм цæут.
Уæ ахсджиæгты æвзæрдзинад уын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Уæ ахуырæй уын уæ зæрдæтæ Хуыцау барухс кæнæд.

Уæ ахуырæн сæрфат цы зонат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ ахуыры фарн уæд.
Уæ ахуыры хорздзинæдтæ нын Хуыцау хорзæй фенын кæнæд.
Уæ ахуыргæнинæгтæ уæхицæй хуыздæр уæнт.
Уæ бабирæ фарны хъуыддæгтæн фæуæд.
Уæ бабуцгæнæг буцæй фæцæрæд.
Уæ бадты – фарн.
Уæ бадтыл Кърозы куыйтæ цынæ рæйой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ бадынджыр Дунескæнæг Хуыцауы бафæндæд.
Уæ бадынджырæй ныл хуртæ цы ракæсой, Хуыцауæй нæ уыцы амонд уæд.
Уæ бадынджыры бонæн мæ уд – йæ фæхъхъау.
Уæ базайрагæй райгонд ут.
Уæ базард адæмы зæрдæйыл æмбæлæд.
Уæ базардæй ныл хуртæ ракæсæнт.
Уæ базардæн аргъ кæнын цы базонæм, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ базардмæ дунейы дзыллæ фæхъусæнт.
Уæ базарды – фарн.
Уæ базгуытæ айтындзын уын бантысæд.
Уæ базгуытæ макы асæттæнт.
Уæ базгуытæй райгонд ут.
Уæ базгуытæм адæм хæлæг цы кæной, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ базгуыты тых фылдæрæй-фылдæр кæнæд.
Уæ базгуытыл знаджы дурæхсты дымгæ дæр макуы аныдзæвæд.
Уæ базонгæ фарны бонæн цы фæуа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ базонгæйы уæ амонд ссарут.
Уæ базонгæйыл фæсмон макуы фæкæнут.
Уæ базыртæ дæрдтыл цы айтындзат, уыцы хорзæх уæ уæд.
Уæ базыртæ макуы ‘рхауæнт.
Уæ базыртæ уæ бæрзæндтыл æмæ дæрдтыл фæхæссæнт.
Уæ базыртæй æрду дæр макуы ахауæд.
Уæ байзæддаг адæмы рæгъы рацæуæд.
Уæ байзæддагæй райгонд ут.
Уæ байзæддагæй уæ сæртæ бæрзæндты фæхæссут.
Уæ байзæддагимæ уæ кæрæдзимæ цинтæм фæцæут.
Уæ байрæзт æхсызгон кæмæн у, уыдоны фæндиаг у.
Уæ байрæзтæй нæ Хуыцау нæ цæстæй ракæсын кæнæд.
Уæ байрæзтæй ныл талынг æхсæвты дæр рухс бонтæ ныккæнæд.
Уæ байрæзтмæ нæ Хуыцау хорзæй цæрын кæнæд.
Уæ бакуывд Хуыцаумæ фехъуысæд.
Уæ бакуывдæй – бузныг.

Уæ бакуывды – фарн.
Уæ балц амонды балц фæуæд.
Уæ балцыл уæм фæсмон макуы ‘рцæуæд.
Уæ бандæттæ хъахъхъæнынæн цы нæ бахъæуат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ бандæттыл фæрнæй фæбадут.
Уæ бартæ знаджы къухмæ макуы ‘рхауæнт.
Уæ бартæ – уæхи фæндиаг.
Уæ бартæ хъахъхъæнынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ барæвдауæг рæвдыдæй фæцæрæд.
Уæ барæвдауæгæн лæггадхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ бæгъатыртæ уыл сæрæгасæй сæмбæлæнт.
Уæ бæгъатыртæ уын уæлахиздзинад æрхæссæнт .
Уæ бæгъатыртимæ уæ Хуыцау зулдзыхæй бахизæд.
Уæ бæгъатырты сæр уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ бæгъатыртыл уæ сайдæй разилын макуы бахъæуæд.
Уæ бæллицтæ сæххæст уæнт.
Уæ бæрæгбон амонды бæрæгбон фæхуыйнæд.
Уæ бæрæгбон уæхи фæндиаг.
Уæ бæрæгбонæй райгонд фæут.
Уæ бæрæгбоны хорзæх уæ уæд.
Уæ бæрæгбонтæ уыл уæ зæрдæты фæндиаг цæуæнт.
Уæ бæрæгбонтыл амондджынæй æмбæлут.
Уæ бæрæчет – бирæ.
Уæ бæрæчет уæлеисгæ, бынæйахадгæ уæд.
Уæ бæрæчет фынгæн уæз кæнæд.
Уæ бæрæчетыл уæ фæстæмæ хæцыны сæр макуы бахъæуæд.
Уæ бæрзæйтæ знаджы раз макуы ‘ркъул кæнут.
Уæ бæрзæйтыл знаджы цæф макуы ‘руайæд.
Уæ бæркад – бирæ.
Уæ бæркад уæлеисгæ, бынæйахадгæ уæд.
Уæ бæркад – уæхи фæндиаг.
Уæ бæркад фынгыл, суадонау абузæд.
Уæ бæркадмæ уæ туггарз дарыны сæр макуы бахъæуæд.
Уæ бæстæ дардыл цы айтындза, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ бæстæ уарзынхъом уæ Хуыцау скæнæд.
Уæ бæстæйæ уæ лидзыны сæр макуы бахъæуæд.
Уæ бæстæйæн лæггад кæнынæн ут.
Уæ бæстæйæн уæ Хуыцау аккаг фæдисонтæ скæнæд.
Уæ бæстæйыл макуы суæлæхох ут.
Уæ бæстæйыл уæ зæрдæты фæндиаг парахатæй цы фæцæрат, ахæм амонд уын Хуыцауы цæст бауарзæд.

Уæ бæстонгæнæг бæстонгондæй фæцæрæд.
Уæ бæстонгæнæгæн Хуыцау уæд йæ бæстонгæнæг.
Уæ бæстонгæнæгмæ бæстонгондæй æрыздæхут.
Уæ бæсты мæ сæр амæлæд.
Уæ бæсты саг фæкæлæд.
Уæ бæсты саг дæр макуы фæкæлæд.
Уæ бæсты уæ ныййарджыты зынг ахуыссæд.
Уæ бинонтæ азфылдæр кæнæнт.
Уæ бинонтæ фылдæрæй-фылдæр кæнæнт.
Уæ бинонтæй райгонд цы уат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ бинонтæй уæ маст макуы бацæуæд.
Уæ бинонтæм маст цы никуы 'рхауа сымах тыххæй, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ бинонтæм цины уацтæ хæссут.
Уæ бинонты амондæй уæ Хуыцау амондджын уадзæд.
Уæ бинонтыл æнæнхъæлæджы маст макуы сæмбæлæд.
Уæ бирæгъ æмæ уын уæ уазæджы хай Хуыцау макуы байсæд.
Уæ бон амал кæнын уæд.
Уæ бон – бирæ.
Уæ бонтæ уæхи фæндиаг батонут.
Уæ бонтæй райгонд ут.
Уæ бонтæн аргъ кæнынхъом уæ уадзæд Хуыцау.
Уæ бонджынты æййафынхъом уæ Хуыцау скæнæд.
Уæ бонджыны хъæр уæм æрбайхъуысæд.
Уæ быгъдуан нæ Хуыцау фæкæнæд.
Уæ бындар уæхи фæндиаг.
Уæ бындары сау хабар уын Хуыцау макуы фехъусын кæнæд.
Уæ бындарыл хæцынхъом цы уат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ бындур уын амондджын бындур Хуыцау фæкæнæд.
Уæ бындур макуы ныззилæд.
Уæ бындур фидар цы уа, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ бындурæй уæ Хуыцау макуы фæхауæггаг кæнæд.
Уæ бындурæн фæцудæн цынæ уа, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ бындурыл уæ къух цы никуы сисат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ бындурыл уæ уидæгтæ æнусбонтæм цы ауадзат, Хуыцау уын ахæм амонд раттæд.
Уæ бынуæттæ амонды бынуæттæ фæуæнт.
Уæ бынуæттæй цины хъæлæба фæхъуысæд.
Уæ бынуæтты амондимæ абилцъ кæнут.
Уæ быцæуæй уæ Хуыцау райгонд уадзæд.
Уæ быцæуы цæрæнбонтæ бирæ уæнт.

Уæ гакк дардмæ зынæд.
Уæ гаччы аккаг уæ Хуыцау скæнæд.
Уæ галæй райгонд ут.
Уæ галтæй цины хъуыддæгты фæкусут.
Уæ галуанæй фæрнæй фæфæлгæсут.
Уæ галуанæй чындзæхсæвтæ æмæ куывдты хъæлæба фæхъуысæд.
Уæ галуаны фарн уæд.
Уæ гарз амонды гарз фæуæд.
Уæ гæрзтæ амонды ист фæуæнт.
Уæ гæрзтæ æрæвæрыны сæр уæ макуы бахъæуæд.
Уæ гæрзтæ цытимæ хæссынхъом цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ гæрзтæй тæхгæ маргъы цæст къахынхъом ут.
Уæ гуыбынтæ уыл макуы стых уæнт.
Уæ гуыбынтæй уæ сæртæ уæлдæр кæй сты, уый зонынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ гуыбынты бынæттæ зонынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ дзыпп уæ сæрты кадæй цы никуы фæуæлдæр уа, уыцы амонд уын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Уæ дзыппытæ хæлуарджытæн ахстæтты бынат макуы фестæнт.
Уæ дзыппытыл уæ гуыдыртæ æвæрын макуы бахъæуæд.
Уæ дзырд адæммæ хъуысæд.
Уæ дзырдæй базар кæнынмæ уæ Хуыцау макуы ‘руадзæд.
Уæ дзырдæй уæ хъуыддæгтæ цынæ хицæн кæной, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ дзырдæн бынат цы зонат, уый амонд уæ уæд.
Уæ дзырдмæ адæм тæхуды кæнæнт.
Уæ дзырды хицау ут кæддæриддæр.
Уæ дзыхтæй фарны хабæрттæ дзурут.
Уæ дзыхтæй сæкæр фæхæрут.
Уæ дзыхтыл гуыдыртæ æвæрын цы никуы бахъæуа, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ дзыхтыл хæцынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ зæд размæ цæугæ кæны, фæстæмæ уын арфæ цы ракæна, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ зæдæй фæдзæхст фæут.
Уæ зæды хай уын арфæ ракæнæд.
Уæ зæнæг адæмы рæгъы рацæуæнт.
Уæ зæнæг уæхи фæндиаг даргъ, уæрæх ацæуæнт.
Уæ зæнæгæй райгонд цы уат цæргæ-цæрæнбонты, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ зæнæгмæ адæмы хъæр хъуысæд.

Уæ зæнæгыл уæ бар цæуæд.
Уæ зæнæгыл уæ арм æрæвæрынхъом Хуыцау скæнæд.
Уæ зæнæджы хъæрмуд цард фенут.
Уæ зæнæджы цинтæм дзаг цæстæй фæкæсут.
Уæ зæнæджы цинnetworkыл нæ Хуыцау цин кæнын кæнæд.
Уæ зæрдæтæ макуы фæриссæнт.
Уæ зæрдæтæ рухс уæнт.
Уæ зæрдæтæн мæ уд фæхъхъау фæуæд.
Уæ зæрдæтæм уæ Хуыцау макуы ныхъхъусын кæнæд.
Уæ зæрдæты хорзæхæй уæхæдæг дæр æнæхай цынæ уат, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ зæрдиæгтæ адынджыр уæнт.
Уæ зæрдиæгтæй къулбæрзæйæ макуы ацæут.
Уæ зæрдиæгты амондæй уæ амондджын Хуыцæутты Хуыцау скæнæд.
Уæ зæрдиæгты фарнæй фæрнджын ут.
Уæ зæрдиæгты цинтæ баййафут.
Уæ зæрдиæгтыл арвы ‘хсидав цы никуы сæмбæла, уыцы амонд сæ уæд.
Уæ зæрдиæгтыл цы дарат уæ зæрдæтæ, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ зымæг æдыхст уæд.
Уæ зымæгыл алы хатт дæр цæттæйæ ‘мбæлут.
Уæ зынг цыренæй-цырендæр кæнæд.
Уæ зынгæй адæм зынгджын цы уой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ зынтæ донласты фæуæнт.
Уæ зынтæ фæсте аззайæнт.
Уæ зынтæн уын Хуыцау кæрон цы скæна, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ изæр амонддæттæг фæуæд.
Уæ изæртæ хорз уæнт.
Уæ ирон амондæй амондджын ут.
Уæ ирон æгъдау макуы фесафут.
Уæ ирон æгъдау фарнимæ фæхæссут.
Уæ ирон æгъдауæй æгъдау кæнынхъом ут.
Уæ ирон æгъдауы фарнæй фæцæрут.
Уæ ирон тырысайау цы хæссат, уыцы амонд уын Хуыцау раттæд.
Уæ ирон æвзаг уарзынхъом уæ Хуыцау скæнæд.
Уæ ирон æвзагæй булæмаргъау фæзарут.
Уæ ирон æвзагæн лæггадхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ ирон æвзагæн фыдмитæ цы нал кæнат, уыцы амонд уæд.
Уæ ирон æвзагмæ ма исчитæ дæр тæхуды кæнæнт.
Уæ ирон æвзагыл зарæг сисынхъом ут.

Уæ ирон æвзагыл уæ къух макуы ауадзут.
Уæ ирон æвзаджы сæр уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ ирон æвзаг зарынхъом цы уат кæддæриддæр, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ ирон зарæгæй нæ зæрдæтæ байдзаг уæнт.
Уæ ирон зарæгæй ныл фарн ныккæлæд.
Уæ ирон зарæгæй цы никуы бафæллайат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ ирон зæрдæтæ сæ кусынæй макуы 'рлæууæнт.
Уæ ирон зæрдæтæ цардæй бафсæдæнт.
Уæ ирон зæрдæтæм æвзæрдзинад макуы ныххизæд.
Уæ ирон зæрдæты цинæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ ирон кад дæлæмæ макуы 'руадзут.
Уæ ирон кадæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ ирон кады аккаг нæ Хуыцау скæнæд.
Уæ ирон кадыл уæ къух цы никуы ауигъат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ ирон нуазæн амондджынæй фæдæттут.
Уæ ирон нуазæн цы никуы фæхудинаг кæнат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ ирон нуазæны кад дæлæмæ макуы 'руадзут.
Уæ ирон нуазæны кадæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ ирон туг ахæссынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ ирон туг баивыны сæр уæ макуы бахъæуæд.
Уæ ирон туг макуы бамбийæд.
Уæ ирон туг мæрдтæй дæр сдзурæд.
Уæ ирондзинад адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Уæ ирондзинад амондимæ фæхæссут.
Уæ ирондзинад фæлтæрæй-фæлтæрмæ цы дæттат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ ирондзинадæй адæмы зæрдæтæ æлхæнынхъом ут.
Уæ ирондзинадæн аргъ кæнынхъом ут.
Уæ Ирыстон лæгцух макуы фæуæд.
Уæ Ирыстон фарны Ирыстон басгуыхæд.
Уæ Ирыстон уæ сæрыстыр уæд.
Уæ Ирыстонæй амонды къах авæрут.
Уæ Ирыстонæй амондджын цы уат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ Ирыстонæй макуы сфæлмæцут.
Уæ Ирыстонæй уæ цардагур цæуын макуы бахъæуæд.
Уæ Ирыстонæй хауæггаг цы никуы фæуат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ Ирыстонæй цины хабæрттæ хъусут.
Уæ Ирыстонæй цы никуы фæриссат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ Ирыстонæн йæ зæрдæ макуы фæриссын кæнут.
Уæ Ирыстонæн ныфсы хъæбултæ рацæут.

Уæ Ирыстонæн оммен зæгъынхъом ут.
Уæ Ирыстонмæ амонды хур цы ‘ркæса, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ Ирыстонмæ кады хъуыддæгтæ фæхæссут.
Уæ Ирыстонмæ макуы фæзивæг кæнут.
Уæ Ирыстонмæ сæрæгасæй здæхут алыхатт дæр.
Уæ Ирыстонмæ фарны къах æрбавæрут.
Уæ Ирыстонмæ уæ кады хъуыддæгтæ хъуысæнт.
Уæ Ирыстонмæ уæ фæндæгтыл кæрдæг макуы сзайæд.
Уæ Ирыстонмæ уе знаджы къух цы никуы баххæсса, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ Ирыстонмæ цины уацхæсджытæ цы уат, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ Ирыстоны кад уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ Ирыстоны кадыл кад цы ‘фтауат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ Ирыстоны фарнæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ Ирыстоныл адæмы арфæ ‘рцæуæд.
Уæ Ирыстоныл кады бонтæ цы ныккæной, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ Ирыстоныл нæйы ном макуы сæвæрут.
Уæ Ирыстоныл цины бонтæ ныккæнæнт уæ номæй.
Уæ иузæрдиондзинад – бирæ.
Уæ иузæрдиондзинадыл фæсмон макуы фæкæнут.
Уæ иумæйаг амондæй амонддзын фæут.
Уæ иунæг айрæзæд.
Уæ иунæг арвы зынгæй хызт уæд.
Уæ иунæг бадыуæ уæд.
Уæ иунæг даргъ, уæрæх ацæуæд.
Уæ иунæг Мадымайрæмы дæлбазыр бахъомыл уæд.
Уæ иунæг фæрнджын цы уа, уыцы амонд ын Дунескæнæг Хуыцау раттæд.
Уæ иунæг Хуыцауæй фæдзæхст фæуæд.
Уæ иунæг цыты хистæр суæд.
Уæ иунæгыл адæм æрратæ цы-кæной, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ иунæгыл амонд ныцъецъелæг уæд.
Уæ иунæджы амондæй уæ Хуыцау самонддзын кæнæд.
Уæ иунæджы кадæй сымах дæр кадджын ут.
Уæ иунæджы зындзинад макуы фенут.
Уæ кад дæлæмæ цы никуы ‘руадзат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ кад сæрыстырæй фæхæссут.
Уæ кад, уæ намысы кой адæмыл айхъуысæд.

Уæ кад, уæ намысыл нæ кæстæртæ дæр цы ныххæцой, уыцы амонд нын Дунескæнæг Хуыцауы цæст бауарзæд.
Уæ кадмæ адæм тæхуды куыд кæной, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ кады нуазæн уæ къухæй макуы ахауæд.
Уæ кады нуазæнтæ фæрнæй фæдæттут фарны фынгтыл.
Уæ кады нуазæнты ‘мсæр уæ хуыцæутты Хуыцау скæнæд.
Уæ кады хъуыддæгты аккаг цы уæм мах дæр, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ кады хъуыддæгтыл уæм фæсмон цы никуы ‘рцæуа, Иунæг Хуыцау уын ахæм арфæгæнæг уæд.
Уæ кадджын хистæрты амондæй хайджын ут.
Уæ кадджын хистæртыл цы ахуыр кæнат, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ кæрц уæ хæдонæй цы никуы феввахсдæр кæнат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ кæстæртæ амонды гуырдтæ фæуæнт.
Уæ кæстæртæ бахъомыл уæнт.
Уæ кæстæртæм дзаг цæстæй фæкæсут.
Уæ кæстæрты амондæй бафсæдут.
Уæ кæстæрты æвзæрдзинад уын Дунескæнæг макуы фенын кæнæд.
Уæ къæрных дæр уæхицæй цы уа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ къæрныхы хай уын Хуыцау ма байсæд.
Уæ кой хорзырдæм цы айхъуыса, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ койæ дæр адæм æфсæрмы цы кæной, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ кувинæгтæ уын уæ зæды хай айсæд.
Уæ кувинæгтæ Хуыцаумæ сыгъдæгæй фæхæццæ уæнт.
Уæ кувинæгты фарн уæм фæстæмæ æрыздæхæд.
Уæ куывд – уæхи фæндиаг.
Уæ куывд Хуыцаумæ хъуысæд.
Уæ куывдæй райгонд цы фæуат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ куывды – фарн.
Уæ къахæрбавæрæн бонæн мæ уд – йæ фæхъхъау.
Уæ къахæрбавæрд а хæдзармæ амонды бонæн фæуæд.
Уæ къæбæр адæмыл цы уарат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ къæбæр адджынæн хæрут.
Уæ къæбæр уæ фарсылхæцгæ уæд.
Уæ къæбæры бæркад – бирæ.
Уæ къæбиц бæркадджын уæд.
Уæ къæбицæй сой мизæд.
Уæ къæбицы бæркадæй райгонд ут.
Уæ къæсæртæ тулдзы цъæхæй раивут.
Уæ къæсæртæй зæрдæзæгъгæ уазджытæ фæхизæнт.

Уæ къух амонды къух фæуæд.
Уæ къухæн ма исчитæ дæр цы акувой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ къухтæ æппынæдзух мыдамæст цы уой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ къухтæ фæрнæй фæдарут.
Уæ къухтæй зырн фæзилут.
Уæ къухтæй сой фæтæдзæд.
Уæ къухтæй-иу уе знæгтæ хауæнт.
Уæ лæвар – бирæ.
Уæ лæвар уыл дывæрæй æмбæлæд.
Уæ лæварыл фæсмон цы никуы фæкæнат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ лæг адæмы рæгъы рацæуæд.
Уæ лæггаг байрæзæд.
Уæ лæгтæ æгас хæдзар арæнт.
Уæ лæгтæ-иу дæрдтыл цы 'рзилой æмæ-иу æгас хæдзæрттæ цы ссарой, ахæм арфæ уын Уастырджи ракæнæд.
Уæ лæгтæм цы хъусат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæгты зæрдæтæ 'лхæнынæн цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæгты зондылдзæугæ уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ лæггад адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Уæ лæггад нын фиддон ма фæуæд.
Уæ лæггад нын – хæлар.
Уæ лæггадæй – стыр бузныг.
Уæ лæггадæй цы слæууой сæ къахыл, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ лæггадыл фæсмон макуы фæкæнут.
Уæ лæгдзинад ма æндæр исчитæ дæр цы бафæзмой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæгдзинад фæлтæрæй-фæлтæрмæ цы дæттат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæгдзинадæй нын Хуыцау хай бакæнæд.
Уæ лæгдзинадмæ тæхудыгæнджытæ цы уа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæгдзинадыл фæсмон макуы фæкæнут.
Уæ лæджыхъæд æнустæм уæд.
Уæ лæджыхъæд цы никуы фесафат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæджыхъæдæй адæмы 'хсæн уæхицæн ном цы скæнат, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ лæджыхъæдæй арфæгонд фæут.
Уæ лæджыхъæдæй уæ кæстæртæ дæр хайджын цы уой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæджыхъæдмæ ма исчитæ дæр тæхуды кæнæнт.
Уæ лæджыхъæдмæ уæ кæстæртæ дæр байрæзæнт.
Уæ лæппу – авды хистæр.

Уæ лæппу амонды гуырд фæуæд.
Уæ лæппу макуы фæкæлæд.
Уæ лæппу саг рамарæд.
Уæ лæппу стыр лæг суæд.
Уæ лæппу цы фесгуыха, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ лæппуйæ арфæгонд ут.
Уæ лæппуйæ цы никуы фæриссат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ лæппуйы хуызæттæ нæм цы гуырой, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ лæппуйыл адæмы арфæ æрцæуæд.
Уæ лæппуйыл уæ зæрдæ цы дарат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ лымæн – уæхи фæндиаг.
Уæ лымæнæй райгонд ут.
Уæ лымæнимæ адджынæй фæцæрут.
Уæ лымæны цинтæй æфсæст ут.
Уæ лымæныл сайдæй цы никуы рацæуат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ мад мæрдтæй сызгъæрин талатæ суадзæд, ахæм хъæбултæ чи схъомыл кодта.
Уæ мад уæ быныл макуы баззайæд.
Уæ мад цы нæ федта цардæй, уый сымах цы баххæст кæнат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ мадæн йæ зæрдæ цы никуы фæриссын кæнат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ мады фæндиаг байрæзут.
Уæ мады ‘хсыры хъуырттау уын тайæн уæд.
Уæ мады цы никуы ферох кæнат, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ мадæлон æвзаг дæлæмæ макуы ‘руадзут.
Уæ мадæлон æвзаг ферох кæнынæй уæ Хуыцау бахизæд.
Уæ мадæлон æвзагæй цы никуы бафæллайат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ мадæлон æвзагыл булæмæргътау фæзарут.
Уæ мадæлон æвзагыл рыг абадын макуы бауадзут.
Уæ мадæлон æвзаджы фарнæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ мадæлон æвзаджы цинæй сагау сыкъатæ суадзут.
Уæ масты зонд уын Хуыцау ныррухс кæнæд.
Уæ масты зондыл уæ Хуыцау макуы ауадзæд.
Уæ мæстытæ уын Хуыцау фаг фæкæнæд, æмæ уын сæ цинтæй цы раива, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ мæгуырæй уæ искæй дæлбазыр балæууыны сæр макуы бахъæуæд.
Уæ мæгуырæн дæр æгъдау кæнынхъом цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ мæгуыры бонæй уæ Хуыцау бахизæд.
Уæ минасæй – бузныг.

Уæ минасæн мах дæр æгъдау раттынхъом цы бауæм, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ минасмæ-иу зæдтæ дæр сæ рихитæ цы адауой, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ минасы – фарн.
Уæ минæвар амонды къахыл цыд фæуæд.
Уæ минæвар æгас хæдзар ссарæд.
Уæ минæварæй уыл хорз хабар æмбæлæд.
Уæ минæвармæ Хуыцау хорз цæстæй ракæсæд.
Уæ муртæ фæрнæй фæхардз кæнут.
Уæ муртæй райгонд ут.
Уæ мурты бæркад – бирæ.
Уæ мыггаг абирæ уæд.
Уæ мыггаг адæмы рæгъы рацæуæд.
Уæ мыггагæй зæрдæхудт макуы фæут.
Уæ мыггагæй райгонд цы уат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ мыггагæн лæггадхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ мыггаджы фарн уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ мыггаджы Уастырджи уын æххуысгæнæг уæд.
Уæ мыггаджы фарнмæ фарн æфтауынхъом цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ мыггаджы хуыздæрты фæзмынынæн ут.
Уæ мыдыкъусы къæм макуы ныххауæд.
Уæ мысайнаг æвæргæйæ цæуыл ахъуыды кодтат, уыдон уын Дунескæнæг Хуыцау уæхи фæндиаг сæххæст кæнæд.
Уæ мысайнагæй фæсмонгонд макуы фæут.
Уæ нæртон удтæ фæрнæй фæдарут.
Уæ нæртон удты фæхъхъау – мæ сæр.
Уæ нæртон фысымты фарн хæссынæн ут.
Уæ Ног азтæ уын ног амондхæссæг фæуæнт.
Уæ Ног азты хорзæх уæ уæд.
Уæ ноггуырд авд лæппуйы хистæр фæуæд.
Уæ ноггуырд бон уыдисны рæзæд, æхсæв – уылынг.
Уæ ноггуырд дзыккакъах цы фæуа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ ноггуырд номхæссæны гуырд фæуæд.
Уæ ноггуырдæй райгонд ут.
Уæ ноггуырды цæрайæ уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ ноггуырды цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Уæ ном адæмæн фæзминаг фæуæд.
Уæ ном адæмы ‘хсæн сæрыстырæй фæхæссут.
Уæ ном нæмтты ‘хсæн бæрæгæй цы зына, уыцы амонд уæ уæд.

Уæ ном цы никуы фесæфа, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ ном цытимæ фæхæссут.
Уæ номæй арфæгонд цы уæм, уыцы амонд нæ уæд. Уæ номæй нæм цард йæ мидбылты бахудæд. Уæ номæй нывл хур ракæсæд.
Уæ номдзыдтæ уæ бахъахъхъæнынæн цы уой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ номдзыдтæй уæ зæрдæтæ рухс кæнæнт.
Уæ номдзыдты фæзмынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ нуазæнтæ амондджынæй фæдæттут.
Уæ нуазæнтæ – бирæ.
Уæ нуазæнты аккаг нæ Хуыцау скæнæд.
Уæ нуазæнты кадæй уæ сæрты кад уæлдæр уæд.
Уæ нуазæнтыл фæсмон цы никуы фæкæнат, ахæм арфæ уын Дунескæнæг Хуыцау ракæнæд.
Уæ нывонд мæ Хуыцау фæкæнæд.
Уæ нывонд уын Хуыцау айсæд.
«Уæ нывонд фæуон» дзурынæй мæ Иунæг Хуыцау бафсадæд.
Уæ ныййарджытæ дзаг цæстæй цы кæсой уæ хъуыддæгтæм, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ ныййарджытæй райгонд ут.
Уæ ныййарджытæй сæрыстыр стут, æмæ сæ сæрыстырæй цы цæуат адæмы рæгъы, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ ныййарджытæм хъусынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ ныййарджытæн уæ зæрдæты фаг лæггад кæнынæй бафсæдут.
Уæ ныййарджыты зондæй рæдиут.
Уæ ныййарджыты ном макуы фæхудинаг кæнут.
Уæ ныййарджыты фæндиаг уæ Хуыцау байрæзын кæнæд.
Уæ ныфс – бирæ.
Уæ ныфс макуы асæттæд.
Уæ ныфсæй адæм дæр ныфсджын уæнт.
Уæ ныфсæй-иу нæхицæн ныфсытæ цы авæрæм, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ ныфсæй нæ Хуыцау ныфсджын уадзæд.
Уæ ныхас адæммæ хъуысæд.
Уæ ныхас Хуыцауы зæрдæмæ фæцæуæд.
Уæ ныхасæн аргъ кæнынхъом цы суат, ахæм арфæ уæ уæд.
Уæ ныхасы кадæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ ныхасы сæрты хизын уæ макуы бахъæуæд.
Уæ пайда – уæхи.
Уæ пайдайæ мах дæр цæрынхъом цы уæм, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ парахат зæрдæтæ макуы фæриссæнт.
Уæ парахат зæрдæты фæндиаг фæцæут а зæххыл.
Уæ парахат удты фæхъхъау мæ Хуыцау фæкæнæд.

Уæ развæндаг лæгъз уæд.
Уæ развæндаг уынынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ развæндагæй уæ Уастырджи макуы фæиппæрд кæнæд.
Уæ Райгуырæн бæстæ дунемæ ‘рттивæд.
Уæ Райгуырæн бæстæ фæрнджынæй-фæрнджындæр кæнæд.
Уæ Райгуырæн бæстæйæ æнусонтæм цины хабæрттæ
цы хъусат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ Райгуырæн бæстæйæ дардмæ фæфæлгæсут.
Уæ Райгуырæн бæстæйæ цы никуы бафæлмæцат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ Райгуырæн бæстæйæ тыхгæнæг тых ма ссарæд.
Уæ Райгуырæн бæстæйы амондæй амондджын ут.
Уæ Райгуырæн бæстæйы зындзинад уын Хуыцау макуы бонты фенын кæнæд.
Уæ Райгуырæн бæстæйы уын дуртæ дæр фидæрттæ цы уой, уыцы амонд уын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Уæ Райгуырæн бæстæйыл æнустæм хур кæсæд.
Уæ райсом уæ абонæй фæрнджындæр уæд.
Уæ райсом уæхи фæндиаг уæд.
Уæ райсомы зонд уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ райсомы ныфс уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ райсомы хъуыддæгтæй райгонд ут.
Уæ ракуывд адæмы зæрдæмæ фæндаг ссарæд.
Уæ ракуывд Хуыцаумæ фехъуысæд.
Уæ ракуывдæй ныл хур ракæсæд.
Уæ ракуывды фарн уæд.
Уæ ракуывды фарс – Хуыцау.
Уæ ракуывды цы дзæбæхтæ загътат, уыдон ныл Дунескæнæг æруадзæд.
Уæ рахиз къухы тых уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ рахиз хъус ныззарæд.
Уæ рæбинаг цæджындзæн фæтасæн ма уæд.
Уæ рæбинæгтæ амондджын уæнт.
Уæ рæбинæгтæй райгонд ут.
Уæ рæбинæгтыл уæ зæрдæтæ макуы сивут.
Уæ рæвдыд ныхас уын Хуыцау уæ къухæй макуы аппарæд.
Уæ рæвдыдæй нын Хуыцау сагау сыкъатæ цы суадзын кæна, ахæм арфæ нын ракæнæд.
Уæ рæгъау бабирæ уæд.
Уæ рæгъæуттæ сæрвæттæ талынг кæнæнт.
Уæ рæгъæуттæй уæ зæрдæтæ рухс кæнæнт.

Уæ рæгъæутты бын зæхх тасæд.
Уæ рæдау зæрдæты фæндиаг уæ Хуыцау цы фæцæрын кæна, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ рæзинаг адынджыр уæд.
Уæ рæзинаг уын сомбон уæ къух цы фæрог кæна, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ рæзинагæн мæ уд – йæ фæхъхъау.
Уæ рæзинаджы цинтæм фæкæсут.
Уæ рæнхъытæ ауæрæх уæнт.
Уæ рæнхъытæ макуы стæнæг уæнт.
Уæ рæнхъытæ макуы фæцудæнт.
Уæ рæнхъытæ фидæнхуыздæр кæнæнт.
Уæ рæнхъытæ Хуыцауæй фæдзæхст фæуæнт .
Уæ рæнхъытæй лæгау-лæгтæ фæцæуæнт.
Уæ рæстаг адæм Хуыцауы фæдзæхст фæуæнт.
Уæ рæстаг хъуыддæгтæй райгонд ут.
Уæ рæстаг хъуыддæгтæй уæхицæн дæр цы скад кæнат æмæ Ирыстонæн дæр, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ рæстдзинад макуы амæлæд.
Уæ рæстдзинадæй уæ зæрдæтæ макуы фæцъæх уæнт.
Уæ рæстдзинадæй уæ цард цы аразат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ рæстдзинадмæ æндæртæ дæр цы бабæллой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ рæстдзинадыл цы никуы фæфæсмон кæнат, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ рæстмæгæнæг рæстмæгонд уæд.
Уæ рæстмæгæнджытæй уæ зæрдæтæ рухс кæнæнт.
Уæ рæстмæгæнджытæн лæггадхъом уæ Хуыцау скæнæд.
Уæ рæстмæгæнджыты зæрдæхудтæй уæ Хуыцау бахизæд.
Уæ рис æрбайсæфæд.
Уæ рис уын Хуыцау фæсурæд.
Уæ рисæй уæ Хуыцау фервæзын кæнæд.
Уæ риутæ макуы фæтасæнт.
Уæ риутæ уын уарты бæсты цы сахадой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ риутæй макуы схъæрзут.
Уæ риуты дзаг сулæфут.
Уæ риуты бæрц уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ рын сæфт.
Уæ рынæй уæ Хуыцау фервæзын кæнæд.
Уæ рынтæ – мæ хуылфы.
Уæ сабитæ байрæзæнт.

Уæ сабитæ бон уыдисны цы рæзой, æхсæв – уылынг, Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ сабитæ бонхуыздæр кæнæнт.
Уæ сабитæй уæ зæрдæтæ хурварс цы бадой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сывæллæтты амонд уын Хуыцау фенын кæнæд.
Уæ сывæллæтты кадæй кадджын цард фæкæнут.
Уæ сывæллæтты уындæй уæ цæстытæ байдзаг уæнт.
Уæ сывæллæтты фарнæй фæрнджын ут.
Уæ сывæллæтты хурæй бафсæдут.
Уæ сывæллæттыл амонд ныккæлæд.
Уæ сывæллæттыл уæ бар цы цæуа, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ сывæллæттыл уæ бæсты дæр фæкæсæд хур.
Уæ салам адæммæ хъуысæд.
Уæ салам бирæ уæд.
Уæ салам уæ разæй цæуæд.
Уæ салам Хуыцаумæ хъуысæд.
Уæ саламæй нæ къæхтыл цы слæууæм, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ саламы аккаг нæ Хуыцау скæнæд.
Уæ саргъ йæхи аккаг æфсургъ ссарæд.
Уæ саргъæй уæ Хуыцау æнæсаргъ макуы фæкæнæд.
Уæ саргъыбæх дугъы фæразæй уæд.
Уæ саргъыбæхæй райгонд ут.
Уæ саударæн бонтæ урсæй раивут.
Уæ саударæн бонтыл дур цы ныффæлдахат, æмæ та уыл цины бонтæ цы ныккæлой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ саутæ урсытæй раивут.
Уæ саутæ уын уæ зæрдæтæ цынæ ссау кæной, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæрзæдтæгæнæг-иу уæхицæй цы уа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæрзæдтæгæнæджы фæндиаг ут.
Уæ сæр сæрмæ цы хæссат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæр, уæ фад зонынхъом ут.
Уæ сæры бæсты – мæ сæр.
Уæ сæры бæсты мæ Хуыцау фæкæнæд.
Уæ сæрыл хаст – мæ сæр.
Уæ сæртæ æркъул кæнын уæ макуы бахъæуæд.
Уæ сæртæ тыгъдызæйæ хызт уæнт.

Уæ сæртæн кад кæнын зонут.
Уæ сæрты зонд ма фæлидзæд.
Уæ сæрты зондæй уæ фæцæрын кæнæд Дунескæнæг.
Уæ сæртыл нæ ‘рхæссут.
Уæ сæрибардзинад адæмæн фæзминаг фæуæд.
Уæ сæрибардзинадæй махтæ дæр райгонд цы уæм, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ сæрибардзинадæй ныл хур ракæсæд.
Уæ сæрибардзинадæн аргъ кæнынхъом ут.
Уæ сæрибардзинадмæ æппынæдзух цы тырнат, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ сæрибардзинадмæ цы фæхæццæ уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæрибардзинады хур махыл дæр ракæсæд.
Уæ сæргълæуууæг-иу уæхицæй цы уа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæргълæуууæг уæ цы никуы ауæй кæна, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ сæргълæуууæгимæ уæ уæ кæрæдзи æмбарынхъом Хуыцау уадзæд.
Уæ сæргълæуууæгимæ уæ Хуыцау зулдзыхæй бахизæд.
Уæ сæргълæууæджы хорзæхæй хайджын ут.
Уæ сæргълæууæджы хорзæхыл фæсмон макуы фæкæнут.
Уæ сæрд къæвдаджын уæд, уæ фæззæг – бæркадджын, уæ зымæг – адджын.
Уæ сæрд уыл макуы ‘рбампылæд.
Уæ сæрдæй райгонд ут.
Уæ зымæгон бонтæ хурæфсæстæй батонут.
Уæ сæрдыгон зæрдæйæ уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæ сæрдыгон улæфтытæй райгондæй цы баззайат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæрибар цард уæ къухæй макуы ахауæд.
Уæ сæрибардзинад цы никуы фесафат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ сæрибардзинадæн кадгæнæг куыд уат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ сæрибаруарзаг адæм иу уæлахизæй иннæ уæлахизмæ цæуæнт.
Уæ сæрибаруарзаг зæрдæтæ макуы фæтасæнт.
Уæ сæрфат зонынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ сæрхъызойтæй сæрыстыр цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæрхъызойтæн лæггадхъом цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæрхъызойтæм дзаг цæстæй фæкæсут.

Уæ сæрыстырдзинад кадимæ цы фæхæссат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сæрыстырдзинадæй нæ Хуыцау сæрбæрзонд уадзæд.
Уæ сæрыстырдзинады фæхъхъау – мæ сæр.
Уæ сидт адæмыл æмбæлæд.
Уæ сидтæй мыл хур ракæсæд.
Уæ сидтæй уæлвæндаг цы фæуæмДуыцауæй нæ уыцы амонд уæд.
Уæ сидты – фарн.
Уæ сидзæр адæмы рæгъы рацæуæд.
Уæ сидзæр адæмы фарнæй фæрнджын уæд.
Уæ сидзæрæй зæрдæнцой цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сидзæрæй уæ зæрдæтæ барухс уæнт.
Уæ сидзæры амондæй амонддждынæй цы фæцæрат, ахæм арфæ ууыл дæр æмæ сымахыл дæр æрцæуæд.
Уæ сидзæры цинтæм фæкæсут.
Уæ сидзæрыл хур цы ракæса, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ симд уæ ‘рдæгыл ныууадзын макуы бахъæуæд.
Уæ симдæй райгонд ут.
Уæ симдмæ Хуыцауы зæрдæ бахъазæд.
Уæ симды – фарн.
Уæ сины ‘лвæст дæр уын-иу хосæн куыд уа, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ сины сæртыл фæхæцут уæ кæстæрты цинæй.
Уæ сихор бæркадджын уæд.
Уæ сихор уын тайæн уæд.
Уæ сихорæй уе ‘хсæвæр цы фæхуыздæр уа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ сихорхæсджытæ уыл афоныл æмбæлæнт.
Уæ сихорхæсджыты фæндиаг ут.
Уæ сывæллæттæ уæхи фæндиаг бахъомыл уæнт.
Уæ сывæллæттæ уын уæ сæр сæрмæ куыд хæссой, уыцы хорзæх уæ уæд.
Уæ сывæллæттæй райгонд ут.
Уæ сывæллæттæй уæ зæрдæтæ макуы фæцъæх уæнт.
Уæ сывæллæттæй уыл хуртæ æмæ мæйтæ цы кæсой, уыцы амонд уын Хуыцау раттæд.
Уæ сывæллæттæн зонд цы амонат, уыцы фарн уæ уæд.
Уæ сывæллæттæн цард аразынхъом ут.
Уæ сывæллæтты амондæй уæ Хуыцау бафсадæд.

Уæ сывæллæтты æвзæрдзинад уын Хуыцау макуы бонты фенын кæнæд.

Уæ сывæллæтты дзæбæхæй цы ныууадзат уæ фæстæ, уыцы амонд уæ уæд.

Уæ сывæллæтты ном макуы фæхудинаг кæнут.

Уæ сывæллæтты тыхст уын Хуыцау макуы фенын кæнæд.

Уæ сывæллæтты тыхстæй уæ сæркъулæй лæууын макуы бахъæуæд.

Уæ сывæллæтты хурæй æфсæст ут.

Уæ сывæллæтты цардæй уæ Хуыцау æфсæст уадзæд.

Уæ сывæллæтты цинтæм Хуыцауы зæрдæ байгом уæд.

Уæ сывæллæтты цинтыл цин цы æфтауат, уыцы амонд уæ уæд.

Уæ сыгъдæг дауджытæ уын уæ фæндтæ уæхи фæндиаг уадзæнт.

Уæ сыгъдæг дауджытæй фæдзæхст фæут.

Уæ сыгъдæг зæдтæ уыл хорзырдæм атæхæнт.

Уæ сыгъдæг зæдтæ æмæ дауджытæн сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд.

Уæ сызгъæрин бинонтыл хорзæй цы сæмбæлат, ахæм арфæ уæ уæд.

Уæ сызгъæрин хæдзæрттæм уæ Уастырджи фæндараст фæкæнæд.

Уæ сыламæндтæй райгонд ут.

Уæ сыламæндтæн лæггадхъом ут.

Уæ сыламæндты хъахъхъæныны тых уæм Хуыцау раттæд.

Уæ сылгоймæгтæ амонды къах ахæссæнт.

Уæ сылгоймæгтæ лæппухъæбыстæ бауæнт.

Уæ сылгоймæгтæ уын лæггадхъом уæнт.

Уæ сылгоймæгтæ уын уæ сæртæ макуы фæхудинаг кæнæнт.

Уæ сылгоймæгтæй æнæмаст ут.

Уæ сылгоймæгты зæрдæтæ арынхъом уæ Хуыцау уадзæд.

Уæ сылгоймæгтыл уæ зæрдæтæ цы никуы сиват, уыцы амонд уæ уæд.

Уæ сынкъ ныллæмарæн бонтæ уыл скæнæд.

Уæ сынтæг куыд у, уæ къæхтæ афтæ адаргъ кæнут.

Уæ сынтæгмæ хæссинагæй уæ Хуыцау бахизæд.

Уæ сыппавæрæн бон макуы басудзæд.

Уæ сыхæгтæ уæ райгонд цы уой, уыцы амонд уæ уæд.

Уæ сыхæгтимæ уæ кæрæдзийы хорздзинæдтæм кæсут.

Уæ сыхæгтимæ уæ цæхх, уæ кæрдзын цы дих кæнат, уыцы амонд уæ уæд.

Уæ сыхбæсты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Уæ тæригъæдтæ рагъыл ныууадзут.
Уæ тæригъæдтæ – уе знаджы, сымах дзæбæхæй цæрут.
Уæ тæригъæдтæй уæ кæстæртæн фидинаг мацы уæд.
Уæ тæригъæдтæй хызт уæнт уæ кæстæртæ.
Уæ тæригъæддаджы бонтæн кæрон цы ‘рцæуа, æмæ царды дзæбæхæй цы ацæрат, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ тæригъæддаджы бонтæй уæ кæстæртæ хызт уæнт.
Уæ тæхæн базыртæ амондимæ фæдарут.
Уæ тæхæн базыртæ фидарæй-фидардæр кæнæнт.
Уæ тæхæн базыртæй дæрдтыл фæтæхут.
Уæ тæхæн базыртыл знаджы нæмыг макуы аныдзæвæд.
Уæ тох адæмы фарнæн цы уа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ тох рæстмæ фæуæд.
Уæ тох уæлахизæй цы фæуа, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ тох фæстаджы тох фæуæд; уæ кæстæртæ хæст цы никуы уал феной, уыцы амонд уын Хуыцау раттæд.
Уæ тох хъуыддагмæ цы ахиза, ахæм арфæ уыл æрцæуæд.
Уæ тохæй адæмы зæрдæ рухс кæнæд.
Уæ тохæй адæмыл фарн цы ‘фта, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ тохæй рæстаг адæмыл фарны бонтæ цы ныккæной, уыцы амонд сымах дæр уæд æмæ уыдон дæр.
Уæ тохы амонд уын Хуыцау макуы байсæд.
Уæ тохы бон уæ къах макуы фæцудæд.
Уæ тохы бон Хуыцауы къухы лæвæрд фæут.
Уæ тохы кад дæлæмæ ма ‘рæппарут.
Уæ тохы кад царды дæр цы ахæссат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ тохы кæлæнтæ уе знæгтыл цæуæнт, уæхæдæг сæ хызт ут.
Уæ тохы тырыса бæрзæндты фæйлауæд.
Уæ тохы тырыса кæронмæ фæхæссут.
Уæ тохы тырысайы бын макуы фæцудут.
Уæ тохы тырысайы кадæй кадджын ут.
Уæ тохы тырысайыл рыг абадын цы никуы бауадзат, Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.
Уæ тохыл фæсмон макуы фæкæнут.
Уæ тохæмбæлттæ æгас хæдзæрттæ ссарæнт.

Уæ тохæмбæлттæ уыл сайдæй цы никуы рацæуой, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ тохæмбæлтты зæрдæтæ уыл макуы фæхудæнт.
Уæ тохына макуы ныккæлæд.
Уæ тохынайы фæздæг макуы фескъуыйæд.
Уæ туг æхсидæд фыдæй-фыртмæ.
Уæ туг макуы бамбийæд.
Уæ туг макуы ныккæлæд.
Уæ туджы ныфсæй ныфсджын ут.
Уæ тугисджытæ амондимæ здæхæнт.
Уæ тугисджыты ном сæфт макуы уæд.
Уæ тугисджыты сæр уæ макуы бахъæуæд.
Уæ тугисджытыл Хуыцауы арфæ ‘рцæуæд.
Уæ тудджын уын мæрдтыбæсты урскъах бæхæй фæцæуæд.
Уæ тудджынæй дæр æфсымæр кæнынхъом цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ тухиаг бонтæн кæрон æрцæуæд.
Уæ тыллæг тугыл аскъуыйæд.
Уæ тыллæгæй куывдтæ фæкæнут.
Уæ тыллæджы бæркад – бирæ.
Уæ тыллæджы бæркадæн – уæ цард.
Уæ тырыса адæмы йæ фæдыл цы акæна, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ тырыса мыггагмæ уæ къухæй макуы ахауæд.
Уæ тырыса уæ Фыдыбæстæйы амондæн фæхæссут.
Уæ тырысайæ уæм фарн кæсæд.
Уæ тырысайы кад кæронмæ цы фæхæссат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ тырысахæсджытæ макуы фæкæлæнт.
Уæ тырысахæсджытæ фарнхæсджытæ фæхуыйнæнт.
Уæ тырысахæсджыты къах макуы фæтасæд.
Уæ тырысахæсджыты къух макуы баризæд.
Уæ тых – бирæ.
Уæ тых ма бадон уæд.
Уæ тых макуы басæттæд.
Уæ тых фидарæй-фидардæр кæнæд.
Уæ тыхæй ныл зæдау базыртæ цы разайа, уыцы амонд нæ уæд.
Уæ тыхыл уæ Хуыцау æууæндын кæнæд.
Уæ уавæры уацайрæгтæ уæ Хуыцау макуы скæнæд.

Уæ уаг зонут.
Уæ уагыл ут.
Уæ уазæг æмæ уын уæ бирæгъы хай Хуыцау макуы байсæд.
Уæ уазджытæ уæхи фæндиаг.
Уæ уазджытæй райгонд ут.
Уæ уазджытæй уæ Хуыцау макуы стыхсын кæнæд.
Уæ уазджытæн æгъдау дæттынхъом уæ Хуыцау уадзæд.
Уæ уазæгуарзондзинад уæ къухæй макуы ахауæд.
Уæ уазæгуарзондзинадæй Хуыцауы зæрдæ балхæнут.
Уæ уазæгуарзондзинадæй цард ссарут.
Уæ уалдзæг хурджын уæд, уæ сæрд – къæвдаджын, уæ фæззæг – бæркадджын.
Уæ уалдзæгæй райгонд ут.
Уæ уарзæттимæ амондджын ут.
Уæ уарзт абилцъ кæнæд.
Уæ уарзт æнусбонтæм цы уа, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ уарзт, суадонау, абузæд.
Уæ уарзтæн табу цы кæнат, Дунескæнæг уын ахæм амонд схай кæнæд.
Уæ уарзтыл згæ макуы схæцæд.
Уæ уарзæгой зæрдæтæ сæ кусынæй макуы банцайæнт.
Уæ уарзæгой сылгоймæгтæн сæ сæртæ сæрмæ цы хæссат,
Дунескæнæг Хуыцауæй уыл ахæм арфæ ‘рцæуæд.
Уæ уарзæгой сылгоймæгтыл уæ сайдæй рацæуын макуы бахъæуæд.
Уæ уарзæгой удтыл хуры тын сæмбæлæд.
Уæ уарзон адæм цардыл фæхæст уæнт.
Уæ уарзон адæмæй арфæгонд ут.
Уæ уарзон адæмæй уæ Хуыцау цы никæд фæиппæрд кæна, ахæм амонд уæ уæд.
Уæ уарзон адæмæй цинæй дарддæр маст макуы базонут.
Уæ уарзон адæмæн авд æфсымæры схъомыл кæнут.
Уæ уарзон адæмæн адæймагуарзон хъæбултæ фæхуыйнут.
Уæ уарзон адæмæн амæлæн макуы уæд.
Уæ уарзон адæмæн æгъдау дæттынхъом цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Уæ уарзон адæмæн æнæхъуаджы маст макуы скæнут.
Уæ уарзон адæмæн æхсарджын лæппутæ сут.
Уæ уарзон адæмæн зарæджы сæр фæут.

Уæ уарзон адæмæн Иры уарзт сæ зæрдæты бауадзын уæд уæ бон.
Уæ уарзон адæммæ амонд æрхæссут.
Уæ уарзон адæммæ фарн æрцæуæд.
Уæ уарзон адæмы адæмы хорзæх уæд.
Уæ уарзон адæмы лæггæдтæ фидынхъом ут.
Уæ уарзон адæмы ном дæлæмæ макуы ‘руадзут.
Уæ уарзон адæмы фарнæй фæрнджын ут.
Уæ уарзон адæмы фæндиаг ут.
Уæ уарзон адæмыл адæмы куывд æрцæуæд.
Уæ уарзон адæмыл бындзау базыртæ цы разайа, æмæ æппынæдзух мидæмæ мыд цы хæссой, уыцы амонд сæ уæд.
Уæ уæгъдибар удтæ фæрнæй фæдарут.
Уæ уæгъдибар цæрæнты цæрынæй бафсæдут.
Уæ уæгъдибар цæуæнтæ макуы ‘рбакъуындæг уæнт.
Уæ уæзæг амондджын уæзæг фæхуыйнæд,
Уæ уæзæг уæзæгуат цы никуы фæуа, Хуыцæутты Хуыцау уын ахæм арфæ ракæнæд.

*Уыдзæн ма.*

# <u>ЛИТЕРАТУРОН ФАРСТАТӔ</u>

*КЪАДЗАТЫ Людмилæ*

## АДÆМОН УДЫХЪÆД – СФÆЛДЫСТАДОН НЫСАН

Фыссæг адæмон фыссæджы кадджын номы аккаг уæд свæййы, æмæ адæмы удыхъæд аивадон мадзæлтты фæрцы курдиатджынæй куы сныв кæны. Уыцы стыр сгуыхт бантыст Брытъиаты Елбыздыхъойæн дæр.

Уый адæмы дунеæмбарынад, зондахаст æмæ удысконд базонынмæ тырныдта суанг йæ фыццаг сфæлдыстадон къахдзæфтæй фæстæмæ. Æмæ йын сæ уырнинагæй равдисын дæр уымæн бантыст, кæд-иу йæ кæцыдæр хъайтартæн сæ характертæ иувæрсыг рауадысты, ома иу бæлвырд миниуæгæй фылдæр хайджын, уæддæр.

Дзырдæн, афтæ зæгъæн ис Ахмæт æмæ Хъырымæй *(«Худинаджы бæсты – мæлæт!»)* – Хъырым æгæр «зылын», æгæр галиузонд у, Ахмæт та æгæр раст, æгæр æнæфæцудгæ у. Адæмон удысконды алывæрсыг миниуджытæй бирæ æххæстдæр рауадысты Хансиат æмæ Асиат *(«Дыууæ хойы»)*, Ислам, Хазби æмæ Нана *(«Хазби»)*. Вазыгджын философон хъуыдытыл æфтауынц Бесæ æмæ Цопаны образтæ *(«Амран»)*. Адоны удыхъæд æрмæст ирон адæмон удыхъæд нæу, фæлæ, растдæр зæгъгæйæ, у æппæтадæймагон.

Елбыздыхъойы сфæлдыстад цымыдисаг у йæ историон æцæгдзинадæй – зæгъæм, Хазбийы рæстæджы цы цардæвæрд æмæ зæрдæйыуаг уыд адæммæ, уыдон æвдыст æрцыдысты иттæг æууæндинагæй. Хазбийы зонд æмæ зæрдæ æвдисæн сты, йæ дуджы ирон адæммæ цы зонд æмæ зæрдæ уыд, уыдонæн.

Хицæн персонажты характерты фæрцы драматург ныв кæны адæмы иумæйаг этикон æмæ эстетикон миддуне, æмткæй сæ дунеæмбарынад. Хазбийы трагедион фæлгонцыл бæстон куы ахъуыды кæнай, уæд æрцæудзынæ цымыдисаг æмæ æнæнхъæлæджы хатдзæгмæ: ацы сурæт Елбыздыхъо

саразта ахæм актерыл хъуыдыгæнгæйæ, æмæ йын йæ хъуыды, авторы ахсджиагдæр хъуыды адæммæ хуыздæр æмæ æххæстдæрæй чи фæхæццæ кæндзæн. Уыцы актер та, драматурджы бæллицмæ гæсгæ, уыд... йæхæдæг, Елбыздыхъо йæхæдæг – хуымæтæджы-иу нæ хъазыд Хазбийы ролы!

Кæд ын йæ уацмысты персонажтæй афтæ зæгъæн нæй, зæгъгæ, уыдон историон архайджытæ сты, æцæгдзинадæй чи цард, ахæмтæ, уæддæр тынг хæстæг лæууынц реалон адæймæгтæм. Фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ аивадон хуызы рæзгæ нал кæнынц, динамикон нал сты. Рæзгæ дæр кæнынц æмæ уыцы иу рæстæг гармонион дæр сты. Цæрæццаг аивадон фæлгонцтæ сæ уый фæрцы рауад, æмæ драматург бæстонæй кæй зыдта, цы социалон, экономикон æмæ ‘хсæнадон-политикон уавæрты цæуы йæ уацмысты архайд, уыдæттæ. Дзыллæты æхсæнадон змæлд æй æууæндын кодта адæмы æгæрон тыхтыл, уыцы тыхтæн сæ бон атонын у цыфæнды фидар рæхыстæ дæр, сæ бон у ног цард саразын, йæ гуырæн рæстдзинад æмæ гуманизм кæмæн сты, ахæм цард.

Авторы хъуыды æдзух адæмы зондахастимæ баст кæй у, уый бæрæг дары йæ алы уацмысы мидæг дæр. Елбыздыхъо йе ‘ргом здæхта, историон драмæйæн уæлдай ахсджиагдæр цы уыд, уыцы проблемæмæ – аивад æмæ историйы бастдзинадмæ. Историзмы домæн баиу адæмондзинады домæнтимæ. «Чуткий художник Бритаев, – фыста Тыбылты Алыксандр, – правильно улавливал пульс подпочвенных процессов, происходяæих в жизни и психологии родной ему массы и верно отражал их в своих ярко художественных образах» *(1)*.

«Амран» æмæ « Хазби »-йы сфæлдисæг Островскийы фæстæ загътаид, зæгъгæ, «Амондджын у Шекспир, цæттæ легендæтæй пайдагæнæг... Хъуыддаг уый мидæг нæй, æмæ, царды цы нæ уыд, уыдæттæ хъуыды кæн, фæлæ æцæг цау, суанг цыфæнды диссаджы цау дæр, хъуамæ царды æгъдæуттæм гæсгæ æвдыст цæуа» *(2)*.

Историк дзуры, цы уыдис, ууыл, драматург та, уый куыд уыдис, ууыл, ома адæймаджы æвæры архайды бынаты, æмæ уыйадыл йæхæдæг дæр свæййы цауы архайæг. Историон уацмысы адæймаджы цард æвдыст цæуы аивадон хуызы. Гегель фыста: «В биографии возможны индивидуальная

живость и самостоятельное единство, ведь здесь индивид остается центром рассказа». *(3).*

Характеры æууæлтæ уырнинагæй ныв кæнын та йæ бон у, историйæн йæ поэтикон миниуджытæ чи хаты, ахæм фыссæгæн. Брытъиаты Елбыздыхъойы драматурги уыцы аивадон домæнæн у цардæгас æвдисæн.

Пьесæ «Худинаджы бæсты – мæлæт»-ы конфликт арæзт у адæмон этикæйы ныхмæвæрд фæзындтыл (намыс-худинаг). Уацмысы ныхæй-ныхмæ лæууынц намыс æмæ худинаг, уыдон хæссæг та сты Ахмæт æмæ Хъырым. Адæмы се 'фсарм искæй мæлæтыл цин кæнын нæ уадзы, фæлæ уæддæр пъырыстыфы мæлæтыл райынц, уымæн æмæ уый йæхæдæг уыдис адæймаджы рæстæй æфхæрæг. Адæм сты, йæ лæджы ном чи бахъахъхъæдта æмæ афтæмæй абырæг чи сси, уыцы адæймаджы фарс.

Абырæгæн дæр та йæ уаг дих кæны дыууæ ныхмæвæрд, дыууæ контрастон хайыл: йæ бафхæрæджы мæлæты размæ æмæ уый фæстæ. Ивы адæмы ахаст дæр: кæд раздæр йе 'вварс уыдысты, уæд ын ныр та йæ хъæддаг митæй тæрсынц, æцæгæлон сын сты – йæхæдæг дæр æмæ йæ митæ дæр.

Ахмæты фæлгонц нæ рæзы, у статикон, уымæн йæ цард æмæ йæ характеры æхсæн ис фидар бастдзинад. Хъырымы фæлгонц та уæрæхдæргæнгæ æмæ арфдæргæнгæ рæзы. Уый абырæджы цармы æвæндонæй бацыд. Йæ фыццагон царды æууæлтæ йæ хæстæг кæнынц адæмон-поэтикон зондахастмæ. Хъайтары цардвæндаджы ис цалдæр фæзилæны, цалдæр къæпхæны.

1) **Хъусынгæнинаг**: Хъырым амардта пъырыстыфы æмæ абырæг алыгъд.

2) **Характеристикæ**: абырæджы цард кæд уæззау цард у, уæддæр Хъырым йæ мийыл фæсмон нæ кæны. «Худинаджы бæсты – мæлæт!», – зæгъы уый. Уазæгуаты бахауд йе 'рдхорд Ахмæтмæ æмæ цин кæны хæххон мæйрухс æхсæвыл, æрдзыл. Уый у романтик, бæллы фыййауы сабыр цардмæ, ныр цы цардæй цæры, уый та нымайы бирæгъы цардыл. Фæлæ йын йæ сæрыстырдзинад бар нæ дæтты йе 'фхæрд ныббарынæн: «Ном намыс у, царды нысан...».

3) Азымы йæ дары.: Хъырым намыс рæстмæ не ‘мбары! Уый йæхицæн кады хъуыддагыл нымайы, адæм дзы фынддæс азы дæргъы кæй тæрсынц, уый. Абырæгæн йæ фæсонырхæджы дæр нæй, йæ лымæн Ахмæт дæр лæджы ном кæй хæссы, уый.

4) Æргомдзинад: дыууæ æрдхорды *(бæхгæс æмæ абырæг)* фæмард сты сæ намысыл тохы. Уыцы намыс уыдон æмбарынц фæйнæ хуызон. Хъырымы хъæуы ахæм бæх, йæ рыг дæр ын куыд ничи баййафа. Иннæ хъуыддæгтæ йæ не ‘ндавынц. Ахмæты та ницæй тыххæй фæнды йæ намыс фесафын, йæ ном ауæй кæнын.

5) Фæсныхас. Ахмæт мæлгæ-мæлын йæ кæстæр æфсымæрæн фæдзæхсы: «Худинаг ... дæ сæрмæ макуы æрхæсс».

Афтæ куыд фæстагмæ сбæлвырд вæййынц архайджыты æцæг хъуыдытæ, сæ зæрдæты ахаст, сæ дунеæмбарынад – сæ иу иннæмæн басгуыхы удысконды фæлварæн.

Аив литературæйы фыдæлтыккон темæ у эгоизмы темæ, кæцыдæр типаж йæхи адæмæй уæлдæр куы фæкæны, йæхи æппæтхъомысджын куы фæхоны, индивидуализмæй куы фæсæйы, уæд уый. Хъырымы дæр цард æрдомдта, æмæ срæсуг йæ зондахаст: «О, Хуыцау! Куыд тыхджын хоныс ды дæхи, адæймаг! Фæлæ куыд лæмæгъ дæ... ды...». Ахмæты æвæрццæг характер та сбæрæг вæййы, дыдзæсгомæй куы нæ равдисы йæхи, уæд уымæй. Суанг æй йæ хуыздæр æмбал дæр нæ фæцудын кодта! Ахæм фидар кæй разынд, уый æвдисæн у уымæн, æмæ хъуыдыкæнынадыл хæст кæй у. Уый мидæг ис царды æцæгдзинад.

Бынтон æндæр трагикон нывыл æмбæлæм Елбыздыхъойы иннæ уацмысты. Ам архайды бындуры æвæрд сты бæлвырд цаутæ, адæмы историон азфысты чи ныффидар, ахæмтæ. «Хазби»-йы райдиан сценæты æвдыст цæуы бæрæг бæлвырд рæстæг,зындгонд историон дуг. Уацмысы фыццаг архайдæн ис ахæм ремаркæ: «Хаттæй-хатт цæхгæрмæ сисы фæстæты устытæ æмæ чызджытæ донмæ цæугæйæ фæзынынц. Ныхасы чи исты амайы, чи сæр дасы, цыргъгæнджытæ ныхас кæнынц» *(1.253)*. Зындгонд куыд у, афтæмæй драматург спайда кодта

таурæгъты æмæ зарджыты сюжеттæй, фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ комкоммæ сæ фæстæ цыд, нæ сын ивта ома сæ мидис. Автор æвдисы, адæмы хъуыдыйы чи баззад, ахæм историон цау.

Хазби иумæйаг хъуыддагæн нывонд кæны йæ зонд, йæ тых, йæ цард. Уый зæгъы: «Æз хъуыды кодтон бирæ цæуылдæртыл æмæ мæ бирæ цыдæртæ фæндыд, мæнæн мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, адæм мын мæ сидтмæ æндæр не 'рыхъусдзысты, уый! Мæ фæндтæ мæ хъуыры фæбадтысты. Ау, Хъæссæй, мах худинаг нæ сæрмæ æрхæсдзыстæм? Уыцы худинаг фиддзысты нæ фæстагæттæ дæр. Фæлтау мæлæт!.. Мæлæт! Уый тас бауадздзæн знаджы æмæ нын аргъ кæнын райдайдзæн, нæ сæрибарыл æй сразы кæндзæн. Махæн ис дыууæ фæндаджы: кæнæ знагыл уæлахиз æмæ йæ фæсурын, кæнæ кадимæ амæлын» *(1.280. Уырыссаг вариант)*.

Информацион фæрæз дзыллон сценæмæ хаст кæй æрцыд, уый ахъаз у уацмысы драматизм фæарфдæр кæнынæн. Адæмæн сæ ныфс, сæ тых сæ иудзинады кæй ис, уый сæргом вæййы, пьесæйы героикон пафос рауайы комкоммæ цардæй истау. Рæстæджы комулæфты, йæ реалон нывты ис Елбыздыхъойы сфæлдыстады историзм.

«Дыууæ хойы» Хансиаты фæлгонцæй драматургæн бантыст, фыдæлты дугæн цæсгомгæнæг чи уыд, ахæм этикон сагъæстæ равдисын. Уарзондзинад æмæ ирон æфсарм адæймагыл цы хæс æвæрынц, уыдоны 'хсæн быцæу ахсджиаг у сæйраг хъайтары удыхъæд равдисынæн.

Хансиат æмæ йæ кæстæр хо тырнынц сæ миддуне сæ алыварс дунейы домæнтæм гæсгæ аразынмæ. Дыууæйæ дæр сты, адæмон идеалтæ йæ уды исбон кæмæн сты, ахæм хъайтартæ. Тынг сæ фæнды патриархалон æхсæнады царды æууæлтæй фервæзын æмæ сæ рæстæгимæ æмдзу кæнын.

«Амран»-ы та адæм бынтон æндæр хуызы æвдыст цæуынц. Ам æхсæнадон быцæуæн стыр нысаниуæг нæй. Бесæйы сурæт уæлдай ахъаз у адæмы иумæйаг фæлгонц равдисынæн. Адæм нывгонд цæуынц сæ уарзт æмæ сæ масты динамикæйы. Зæгъæм, пьесæйы фыццаг хайы ис, адæм Бесæйы кæд не 'мбарынц, ахæм дыууæ нывы: иуырдыгæй йæ бинойнагæн сты æцæгæлон йæ хъуыдытæ, иннæрдыгæй дзы йе 'мхъæуккæгтæ

дæр уынынц сæ удхæссæг. Æппынфæстаг уыцы ахастдзинæдтæ фæлæмæгъдæр вæййынц æмæ, цы цæуы, уымæн аргъгæнгæйæ, Бесæйы фырт Цопан зæгъы: «Талынджы зæнæг, дæлимонты цагъайрæгтæ! Бесæйы фесæфтат, фæлæ æз мæнæ дæн! Æз дæн Бесæйы фырт Цопан, Амраны чи федта, Амраны низ йæ хуылфы кæмæн ис. Ныфсы къухыл чи ныххæцыд æмæ сымахæн уæ талынг ахстон фидæнмæ чи ныппырх кæндзæн» *(1.251).*

Брытъиаты Елбыздыхъойы драмон уацмыстæ тæхудиаджы хъæздыг сты адæмон хъайтарты фæлгонцтæ ныв кæныны алыхуызон аивадон мадзæлттæй. Истори, миф, драмæ – уыдон сты нæ драматурджы сфæлдыстады адæмон характер иртасæн фæрæзтæ. Фольклор дзы каубыдау æддæг-мидæг у царды драматикон æцæгдзинадимæ. Уыцы ахастдзинæдты гармонион иудзинад фадат дæтты архайджытæн хи æххæстæй раргом кæнынæн *(куы хи намысы сæрыл тохы, куы адæмы сæрибардзинадыл тохы, куы адæмы хæрзгæнæг титаны суæгъд кæныныл тохы – рухс æмæ фарны символы).*

Адæмы зондахаст æмæ удыхъæд бындуронæй раиртасын æмæ сæ аивадон фæрæзты фæрцы равдисын уыд Брытъиаты Елбыздыхъойы сфæлдыстадон сæйрагдæр нысан. Æмæ йæ къухы уый бафтыд æнтыстджынæй.

### Литературæ

1. **Тыбылты А**. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал. Ирыстон, 1988. – 112 ф.

2. **Островский А Н**. Уацмысты æххæст æмбырдгонд. М., 1973–1980. – 10 т. 459 ф.

3. **Гегель** .Уацмыстæ. – М., 1929–1959. 14 т. – 183 ф.

3. **Брытъиаты Е**. Уацмыстæ. – Орджоникидзе: Ир, 1981, 1-аг т., 58 ф.

**АСАТЫ *Наташæ***

# АЛÆМÆТЫ АРГЪÆУТТЫ АИВАДОН МАДЗÆЛТТÆ

Адæмон сфæлдыстад иртасджытæ сбæлвырд кодтой, аргъауыл аивадон чиныджы æндæвдад кæй фæзынд, уый. Фæзынд ын йе стилистикæйыл, йæ мидисыл, йæ сæйраг архайджыты мидсагъæсты ахастыл.

Литературон уацмысы арæзт æмæ мидис адæмон аргъаумæ цадæггай æфтыдтой ног мотивтæ æмæ ног аивадон ахорæнтæ, æмæ афтæмæй ивтой традицион аргъауы хуыз æмæ мидис.

Æркæсæм ма алæмæты аргъæутты архайджыты æнкъарæнтæ æвдисæг мадзæлтты хицæндзинæдтæм. Уыдонæй иу у фæлхат кæнын. Арæх æмбæлы адæмон сфæлдыстады алы жанрты, фæлæ дзы кæддæриддæр пайдагонд цæуы хицæнхуызы. Казимир Мошинский фыссы: «Наиболее часто встречающимся художественным средством в устном народном творчестве всех славянских народов является повторение».[5] Ацы ныхæстæ хауынц ирон адæмон сфæлдыстадмæ дæр.

Уымæй уæлдай алæмæты аргъауы фæлхат кæныны фæрæзæн ис алыхуызон функцитæ. Мæнæ дзы сæйраг архайæджы дойны равдисынæн «Каунайы аргъау»-ы ахæм хуызы пайдагонд цæуы: «Цæй бæрц фæлыгъдаиккой, чи зоны, фæлæ мæнæ — тæрхъусты дон дæр.

— Ма баназ, ма баназ, мæ иунæг мадызæнæг, тæрхъус мын фестдзынæ. Бабыхс-ма иу чысыл, тагъд дзæбæх донмæ бахæццæ уыдзыстæм.

[5] Казимир Мошинский. Народная культура славян. Прага, 2000, 19 ф.

Зын уыди чысыл Уарийæн йæхи бауромын, фæлæ уæддæр бакаст Каунайы коммæ, нæ банызта тæрхъусты донæй.

Цæуынц, цæуынц æмæ та сæгуытты доны был дæр бастадысты.

— Кауна, мæ ком бахус, дойныйæ фæмæлын, ацы донæй нуазын!

— У, ма баназ, мæ удлæууæн! Сæгуыт мын фестдзынæ...

Уари нæ банызта сæгуытты донæй дæр æмæ та дарддæр сæ фæндаг дарынц. Дыууæ сидзæр сабийы тыхсынц æнтæфæй, фæллайынц сæ чысыл къæхтæ, сур кæны сæ ком. Уалынмæ дын мæнæ уый та сагты дон.

Нал баурæдта йæхи Уари, — æгæр сфæлмæцыд дойныйæ, æгæр сыгъди йæ хъуыр, æмæ сагты донæй иу æлвæст скодта, дыккаг дæр, æртыккаг...

Йæ дойны бæргæ суагъта, фæлæ мæгуыр сидзæр саджы род фестад».[6]

Ныр та фенæм, куыд фæуæлахиз вæййы аргъауы сæйраг архайæг йе стонгыл, йæ гуыбыныл. Аргъау «Арвы айдæн»: «Цæуынтæ байдыдта (лæппу), æмæ, цæйбæрц фæцыди, чи зоны, фæлæ уалынмæ схъуаг ис хæринагæй. Уæд бафтыд иу хъæдбынмæ, кæсы æмæ дзы мæнæ иу бирæгъ.

— Бирæгъ, хæргæ дæ кæнын, — загъта лæппу.

— Уый бæсты мын дæ разы дæ лæдзæгæй мæ гуыбын ахаф, æмæ дын иубоны сæрæн феххуыс уыдзынæн.

Лæппу ахафта бирæгъы гуыбын æмæ йæ аскъæрдта.

Цæуы та дарддæр йæ фæндагыл, бахæццæ иу цæргæсмæ. Цæргæс ацархайдта тæхыныл, фæлæ нæ бафæрæзта.

— Цæргæс, хæргæ дæ кæнын, — дзуры йæм лæппу.

— Хæрыны бæсты мæ фæлтау фехс хæрдмæ ивазны бæрц, æмæ дын æз дæр иуахæмы ме ‘ххуысы хай бакæндзынæн, — загъта цæргæс.

Лæппу фехста цæргæсы ивазны бæрц. Уыйадыл цæргæс атахт æмæ кæмдæр фæауон, лæппу та кодта дарддæр йæ цыды кой». Æмæ ма ноджыдæр фæндагыл радыгай сæмбæлд рувас æмæ кæфыл, фæлæ уыдоны дæр нæ бахордта, ауагъта сæ, кæд сыдæй мæлынмæ

[6] Ирон адæмон аргъæуттæ. — 1 т. — Сталинир, 1959, 365 ф.

‘рцыди, уæддæр. Йæ хорз бæсты ацæудзæн, кæй ауагъта, уыдонæй йын алчи дæр исты ахъаз фæуыдзæн.

Ныр та, ацы хуымæтæджы æнкъарæнтæй вазыгджындæр æнкъарæнтæ цы аивадон мадзæлтты руаджы æвдыст цæуынц, уыдонмæ аздахæм не ‘ргом. Зæгъæм, хо æмæ æфсымæры æхсæн уарзондзинад, кæнæ та, хо æмæ æфсымæр куыд сфыдæх вæййынц, уымæ. Тынг арæх алæмæты аргъауы сæйраг хъайтар бабын вæййы, йæ хотæ, кæнæ йæм йе ‘фсымæртæ куы фæхæлæг кæнынц, уæд.

Фыццаг уал уарзондзинад. «Каунайы аргъау»-ы хистæр хо йæ кæстæр æфсымæрыл ауды, мæт ыл кæны, йæ хъус æм дары. Уари мæнæ саджы род фестад: «Ныккуыдта Кауна судзаг куыдæй, фæлæ ма йын кæуынæй дæр цы рауайдзæн». Хъæды сыл куы æризæр, уæд Кауна: «...йæхæдæг цы бæласмæ схызт, уымæ Уарийы зæлдаг синагæй бабаста».

Каунайы стыр уарзтыл дзурæг сты, йе ‘фсымæрмæ дзургæйæ цы эпитеттæй пайда кæны, уыдон дæр: «мæ иунæг мадызæнæг», «мæ удлæууæн», «дæ хойы зæрдæ дын аскъуыйа»...

Аргъауы ма бæрæг кæны иу ахæм аивадон мадзал — цæрæгойтæ æмæ аргъауы архайджыты ‘хсæн бастдзинад, кæрæдзийæн удæй хæстæг кæй сты, уый. Ælдар балцæй куы ‘рыздæхт, æмæ йыл къулбадæг усы чызг йæхи аудæг куы скодта, уæд æлдар хабар нæ раиртæста. Æмæ уæд «...кæцæйдæр фæзынд иу цъиу, рудзынгыл ныццæвы йæхи æмæ бауасы уатмæ:

— Цæгæра къоппа, кæй бадæны бадыс? Хехна къоппа, кæй цæуæнты цæуыс? Цæгæра къоппа, кæй хуыссæны хуыссыс?»

Цъиу фæтæригъæд кодта Кауна æмæ Уарийæн, баххуыс сын кодта, æмæ йæ кæд къулыбадæг усы чызг амардта, уæддæр «йæ хъуыддаг йæ къухы бафтыд» — æлдар бамбæрста, къулыбадæг усы чызг æй кæй фæсайдта, уый æмæ Каунайы ссæрибар кодта, «къулыбадæг усы æмæ йæ чызджы та бæхты дымджытыл бабастой æмæ сæ къуыппи-къуыпп, дзыхъхъи-дзыхъхъ бакодтой».

Уыцы коллизи ма ис «Æрхуы мæсыджы бадæг Бурчызг», зæгъгæ, ахæм аргъауы.

Фæлæ уæлдæр куыд загътам, афтæмæй хотæ æмæ æфсымæрты æхсæн сæвзæры хæлæгдзинад дæр. «Æрæджиау æмæ йæ авд æфсымæры» аргъауы хистæр авд æфсымæры удæгасæй банылгæдтой

сæ кæстæры æрмæстдæр уымæн, æмæ: «Æрæджиауы кад айхъуысдзæн бæстыл, æмæ æндæр кой нал уыдзæн, уый раз мисхалы бæрц дæр нал ахаддзысты авд æфсымæры». Афтæмæй та Æрæджиау уый размæ йæ авд æфсымæры уæйыгæй фервæзын кодта. Уыдонæн та бузныджы бæсты: «Тар хъуыды бацыди сæ сæры авдæн дæр. Мигъ æрбадт се ‘рфыджы...»

Йæ бæхы фæрцы Æрæджиау фыдбылызæй фервæзти. Йæ мидмонолоджы æргом кæнынц йæ сагъæстæ: «Уæдæ ма ахæм ми искуы æрцыдаид? Цы цæсгомæй мæм ракæсдзысты ныр мæ авд æфсымæры? Куыд бакæнон, цы бакæнон? Уый бæрц мыл чи схатти, уыдон мæн цæрын нал бауадздзысты, цыфæндытæ фæкæнон, уæддæр сæ мæхи бахизын нæ бафæраздзынæн: æддагон знагæй истæмæй ирвæздзынæн, фæлæ, иу цары бын кæимæ цæрай, уыдоны фыдæхæй нæй хи баиргъæвæн. Ноджы æвзæрдзинад, мæнгард ми уæлахиз куы кæна, уæд цæрæн нæй зæххыл».[7]

Уыимæ ма алæмæты аргъæутты æмбæлынц кæрæдзиуыл гадзрахатæйцæуæг æфсымæртæ дæр. «Ханы фырт»-ы аргъауы кæстæр æфсымæр ногъайагыл фæтых ис, йæ хæзнатæ йын зæлдаг синагыл хистæр æфсымæртæм æруагъта. Уыдон синаг алыг кодтой æмæ сæ кæстæр æфсымæры къæдзæхы сæрыл ныууагътой, сæхæдæг рафардæг сты.

«Бæстысæрытыхы фырт Дзамболаты аргъау»-ы дыууæ хистæр æфсымæры сæ кæстæрыл хинæй рацыдысты æмæ йæ æрдæгмардæй хъæды астæу иунæгæй ныууагътой.

Аргъæутты сæрмагонд бынат ахсы сывæллæтты уарзондзинад ныййарджытæм. Зæгъæм, ахæм сюжеттæ ис аргъæуттæ «Ханы фырт», «Æртæ æфсымæры», «Æлдар æмæ Хæлын барæг» æмæ æндæрты. Хъайтартæ сæ ныййарджыты сæраппонд сæ цард дæр нæ бавгъау кæнынц, стыр сгуыхтдзинæдтæ равдисынц.

Ирон алæмæты аргъауы хъайтар балцы ацæуыны тыххæй йæ ныййарджытæй бар кæй ракуры, уымæй дæр сæм йæ уарзт æвдисы. Кæсæм «Зындгонд бæгъатыр Асланы фырт Хъауырбеджы аргъау»-

[7] Ирон аргъæуттæ (Араззджытæ: Брытъиаты С., Берозты А. — Орджоникидзе, 1954, 86 ф.

ы: «Хистæр лæппу Аслæнбег æрбацыди йæ фыд Асланмæ балцы ацæуынæн бар ракурынмæ. Сцин кодта зæронд лæг æмæ дзуры:

— Сæххæст кæн дæ фæндон! Бæгъатыртæ афтæмæй скæнынц сæхицæн кад».

«Хæтæг Барæджы» аргъауы сæйраг архайæг дзуры: «Мæ мады æвастæй æз къæсæры дуарæй дæр нæ хизын».

Ноджы ма хъайтар цалдæр хатты дæр æрхаты йæ ныййарджытæм. Уый ууыл дзурæг у, æмæ хъайтары уырны, йæ ныййарджыты æвастæй куы ацæуа балцы, уæд йæ хъуыддаг йæ къухы кæй нæ бафтдзæн. Зæгъæм, «Арвы айдæн»-ы аргъауы: «Исдуг нæ разы кодтой мад æмæ фыд сæ иунæг хъæбулы фæндыл, фæлæ сæ куынæуал уагъта, уæд æй иуахæмы срæвдз кодтой балцы».

Уыимæ ма аргъауы кад кæнынц канд ныййарджытæн нæ, фæлæ алы ацæргæ адæймагæн дæр.

Уарзт дыууæрдæм у, æмæ аргъауы æвдыст æрцæуы ныййарджыты уарзондзинад дæр сæ хъæбулмæ. Кæсæм «Зджыды рæсугъд»-ы аргъауы: «Раджыма-раджыма цардысты æмæ уыдысты Зджыды хъæуы Æрхуы мæсыджы лæг æмæ ус. Уыдонæн уыд иунæг чызг, хæргæ æмæ цæргæ дæр уымæн кодтой».

Ирон алæмæты аргъæутты сæйраг архайæг арæх фæуарзы канд адæмы нæ, фæлæ ма сырдтæ æмæ цæрæгойты дæр. «Арвы айдæн»-ы аргъауы хъайтар тынг сыстонг вæййы, фæлæ уæддæр тæригъæд кæны сырдтæ æмæ цæрæгойтæн.

«Æлдар æмæ Хæлын барæджы» аргъауы базонгæ вæййæм хохаг лæппуйы мидуавæримæ: «Дыууæ хохы æхсæнæй куы раирвæзт, уæд фæстæмæ фæкаст, æмæ йæ бæхы къæдзил нал. Мардау фæци лæппу, иттæг стыхст йæхинымæр, йæхи марынмæ дæр ма рахъавыд».

«Мæгуыр кæсагахсæджы фырты аргъау»-ы хъайтар æрцахста сызгъæрин кæсаг. Фæтæригъæд ын кодта æмæ йæ фæстæмæ доны баппæрста. Фæстæдæр æгъатыр цуаноны къухæй фервæзын кодта иу цавæрдæр саджы. Уый фæстæ та фембæлд, хъæрццыгъатæ кæй ныттыдтой, ахæм цæргæсыл — уымæн дæр баххуыс кодта. Фæстагмæ йе ‘ххуысы хай бахъуыд рувасы — уымæн дæр æй нæ бахæлæг кодта.

Аргъауон архайджытæ хайджын вæййынц адæймагон миниуджытæй. Зæгъæм, кæуын: «Ныккуыдта лæппу... Фæкуыдта

æмæ йæ уаты схуыссыди æххормагæй»; «...Бацыди туджы мидæг æмæ уæраджы чъиритæй дæлæмæ цавддур фестади. Баззади лæугæйæ æмæ байдыдта кæуын» — *(«Хъараман-паддзахы аргъау»)*.

Арæх хъайтарты кæуын гиперболизацигонд æрцæуы. «Уыдисны рихи — уылынг лæджы» аргъауы кæстæр æфсымæры усы куы аскъæфтæуыд, уæд: «Æфсымæртæ æмхуызонæй ныккуыдтой, сæ цæстысыгæй суадон азгъордта зæххыл æмæ хъæд æмæ дуртæ ласта».

Алæмæты аргъауы хъайтар йе знæгтимæ тохгæнгæйæ арæх фæархайы хинæй, йæ зонды фæрцы сайы куы уæйыджы, куы æлдары.

Ирон алæмæты аргъæутты аивадон мадзæлттæ æвзаргæйæ мах скодтам цалдæр хатдзæджы: аргъаугæнæг, персонажты мидсагъæстæ æмæ архайд æвдисгæйæ, фæпайда кæны уыцы иу аивадон мадзæлттæй: зæгъæм, фæтыхджындæр сын кæны се стонг æмæ дойны, ирддæрæй æвдисы ныййарджытæн кад кæнын.

Хо æмæ æфсымæры, сывæллæттæ æмæ ныййарджыты ‘хсæн уарзондзинад æвдыст æрцæуы рæвдауæн ныхæсты руаджы. Уый у арæхæмбæлгæ аивадон мадзал.

Аргъæутты сюжеттæ арæзт вæййынц ныхмæвæрды, контрасты бындурыл. Зæгъæм, «Сидзæр чызджы аргъау»-ы цардæфхæрд чызг тæригъæд кæны сырдтæ æмæ цæрæгойтæн, фыдыусы чызг та тæригъæд нæ зоны. Стæй сидзæр чызг хæрзиуæджы хуызы йæ амонд ссары, фыдыусы чызг та æгадæй амæлы.

Иннæ аивадон мадзæлттæй иу у персонажты фæлгонцтæ æмæ сгуыхтдзинæдтæ гиперболизаци кæнын.

Ирон алæмæты аргъæуттæ æвæджиауы хъæздыг сты алы аивадон ахорæнтæ æмæ фæрæзтæй — сæ хъомыладон тых дæр уый мидæг ис.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



Къоста.



Цæхæрадоны чындз.



Хортаумæг



Ләппутæ æьæ хæрæг.



Сæрд



Хъазт.



Богæлттæ.



Фыййау Абайы-фырт.



Фыййау



Ус йæ сæгъимæ.



Фыййау.



Нæлгоймаджы сурæт.



Мады сурæт.



Салдаты ингæны уæлхъус.



Чызгыскъæфт



Дыууæйæ.

# АРВИСТОН

## ЦÆРИНАГ ЦЫФÆНДЫЙÆ ДÆР ЦÆРЫ

Дунейы мидæг адæмы 5 проценты цæрынц иугай уыргтимæ, æрмæст ма иу рæуæг кæмæн баззад, уыдон та сты цыппар проценты бæрц, æппындæр ахсæнтæ кæмæн нал ис, ахæмты нымæц та хæццæ кæны 2 процентмæ. Иннæ диссаг та ахæм у: нæлгоймæгты 0,5 процентæн æрдзон æгъдауæй иу фæрск нæ фаг кæны. Сæ сахъат сæхæдæг не 'мбарынц, уымæн æмæ сæ ницы хъыгдары. Æвæццæгæн, дам, сылгоймаджы Хуыцау ахæмты фæрскæй скодта.

## ДИССАГÆЙ ЦЫ КÆНЫС!..

1997 азы немыцаг лæг Зайс Кристофсæн дохтыртæ йæ сæрымагъзы æмбис систой, низæфхæрд ын кæй уыд, уый адыл. Æмæ йын тæрхон рахастой, зæгъгæ, Зайс уымæй фæстæмæ йæ цæрæнбонтæ уæлсынты æрвитдзæн, стгæ нал кæндзæн, йæ къахыл нал слæудзæн.

Фæлæ уый сдзæбæх, куыстхъом дæр сси æмæ ма уымæй уæлдай курдиатæй дæр фæхайджын: нывтæ кæнын райдыдта!

## ХÆРЗАД ÆМÆ МА ПАЙДА ДÆР

Иронæй та цæхæраджынтæ чи нæ уарзы! Кæд ма ахæмтæ дæр ис, уæд сæ æвæстиатæй бауарзæнт: цæхæрайы сыфтæ хъæздыг сты аргонинæй. Уый та стыр ахъаз у тугæн, суанг мидтугкалд дæр бауромы, ноджы фыхæй дæр цæхæрайы сыфтæн сæ ахъазгæнæг тых нæ сæтты.

## РÆСТДЗИНАД – ФЫДОХЫ УАЦ!

Ацы хабар æрцыд иу австралийаг горæты. Цæвиттон, фыццаг къласы скъоладзаутæн сæ чызг-ахуыргæнæг стыр зæрдиагæй фехъусын кодта, уыдон, дам, сайæн ныхæстæ сты, иу Митын Дада дæр æмæ, дам, иу Санта Клаус дæр нæй, зæгъгæ, ног азы лæвæрттæ та сын сæ базты бын сæ ныййарджытæ бамбæхсынц.

Сабитæ сæхимæ сæ цæссыгкалгæ æрбацыдысты æмæ сæ ныййарджытæм фесты, цæмæн нæ сайут алы аз, зæгъгæ. Ныййарджытæ дæр айтæ-уыйтæ нал фæкодтой, фæлæ скъоламæ балæбурдтой æмæ дирекцийæ æрдомдтой, уыцы ахуыргæнæджы сабитæм æмгæрон дæр куыд нал уадзой, афтæ! Æмæ йæ æцæг дæр хистæр кълæстæн скодтой ахуыргæнæг. Æндæр уæдæ искуы дæр ма сабийæн йæ уд рæвдауæг аргъау-биргъау байс!

## УЫЙ ДЗЫ НАД У, УЫЙ!

Лæгтæ къордæй лæууынц. Сæ ныхас кæуылдæрты Сталинмæ аздæхт: йæ мыггаг ын чи кæмæй хуыдта, чи кæмæй. Семæ цы фыссæг лæууыд, уый дæр йæ хъуыды загъта. Уæд æм Ходы Амырхан (Пушок) баздæхт æмæ йын афтæ:

– Ауыстæн, иу хатт ма куы фæрæдийай æмæ, Сталин Дзугатæй нæ, фæлæ Дзукъатæй уыди, зæгъгæ, куы зæгъай, уæд дæ над цæттæ у!

– Фæлдахгæ над? – фæбæлвырд æй кодта фыссæг, цы надæй йæ нæмдзæн бæллæхы Пушок, уый.

– Цæмæн, цæмæн?! Уæдæмæ сурыл нæмгæ æмæ доны тулгæ над! Ауыстæн! – æмæ йæхæдæг йæ фарсмæ лæууæг Дзугаты Хъазыбегмæ (Гадземæ) бакасти, хорз ын нæ фæдæн, зæгъгæ.

Фæцис, уæллæй: ахæм нады хуыз дæр кæй ис, уымæй фыссæджы зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кодта...

## ХОРЗРАКÆНД ДÆР ДЫУУÆРДÆМ У

Ходы Камал, Джыккайты Шамил æмæ Гусалты Барис «Волгæйы» цæугæйæ æрхæццæ сты Дзæуджыхъæуы ГЭС-ы хидмæ. Шамил дзуры:

– Æрæджы мыл ам мæгуыры бон фæцæйкодта. О. Уазæгуаты уыдтæн, уазæгуаты æмæ бафæстиат дæн æнафонмæ. Гъемæ дын ауылты куы ‘рцæйцæуин далæ маршруткæмæ. Уалынджы дын кæсын, æмæ хидыхъусыл мæ тæккæ размæ скъаппы хæйрæджытау æртæ мызыхъхъ лæппуйы фегуырд – сæ бакастыл дæр бæрæг дардта, сæ зæрды мын хорзæй кæй ницы уыд ракæнын, уый. Бакатайаг дæн, уæдæ нæ бакатайаг дæн, ныр, зæгъын, адонимæ куыд уон æмæ цы уон... Куы сæм баввахс дæн бынтон, уæд дын сæ иу афтæ куы фæкæнид:

– Ша! Ай Шамил у! Ай «Ирон аргъæутты» чиныг ныффыста! Ша! Шамил у!

Се ‘ппæтæн дæр сæ хылмондаг къухтæ бæндæнау æрхаудысты æмæ сæркъулæй иуварс балæууыдысты. Æндæр мæм цы бон кастис, Хуыцау йæ зонæг, уыцы аргъæуттæуарзаг мæ нæ базыдта, зæгъгæ, уæд!

– Йæ мад, йæ фыдæн та йын цы хуыздæр арфæтæ ракæнон, кæд лæппуты цæмæн баиргъæвта, уæд: цас адæмы маст дæ райстаиккой! – хъазгæмхасæнты фæкодта Шамилæн Барис.

## КЪÆДЗИЛЫЛ БАСТ ЗОНД

Дæ алыварс цыдæриддæр цæуы, уыдонимæ разы куы уай, критикон цæстæй сæм куы нал кæсай, дæхи зондæй фалæмæ дæм кæйфæнды зонд дæр раст кæсын куы райдайа, уæд уый зон, æмæ дæ цæттæ конформист кæй рауад. Советон дуджы-иу зноны зæды залым куы схуыдтой, адæмы уарзон адæймаджы адæмы цыфыддæр знаг, уæд-иу дзыллæйы зонд дæр цæхгæр фæиннæрдæм, лæгхор идеологийы фарс-иу фæци.

Уыцы æууæл адæймагæн йе ‘рдзыхъæды ис, æрмæст стæмты бон бавæййы садзгæ зонды ныхмæ рацæуын, дæхи зондыл лæууын.

Сабитæн ахæм фæлварæн сарæзтой: се ‘ппæтæн дæр иумæйаг къусæй кас байуæрстой, æцæг иу чызгæн йæ тæбæгъы цæхх уыд, иннæтæн та сæкæр. Иууылдæр уыцы адджынæн хæрынц, ацы чызг та тыхныхъуырд кæны йæ комдзаг, фæлæ уæддæр, мæ кас цæхджын у, зæгъгæ, зæгъын нæ уæнды, – иннæты хæринаг сæкæрджын кæй у, уый та нæ зоны, æнхъæлы, æмæ уыдон дæр уыцы зæрдиагæй цæххæргом кас æмпулынц.

Политикты пайдайæн дæр уыцы хабар æрцæуы сыгъдæгзæрдæ адæмыл: суанг сын исчи, Андерсены аргъауы гыццыл лæппуйау, куы фæзæгъы æнæхин æргомæй, къарол бæгънæг у, зæгъгæ, уæддæр сæ цæстытæй нæ ракæсынц. Æппæтæй зындæр сдзæбæхгæнæн та дзы нæхи советон къæдзилыл баст зондахаст у.

## ФЫДЫУСЫ ЦÆСТÆЙ КÆСДЖЫТÆ

Ныхас та ирон æвзаджы хъысмæтыл цыд. Иу чидæр раст кæуынхъæлæсæй дзырдта:

– Мадæлон æвзаг нын у, гормæттæ, мадæлон æвзаг! Мады ‘хсырау ахъаз æмæ... æмæ – иронгæнæг!

Уæд Бетъоты Мария дæр хъыгзæрдæйæ афтæ:

– О, о: мадæлон нын у! Фæлæ йæм фыдыусы цæстæй кæсæм!

## ÆНАХХОСÆЙ МÆЛÆТ НÆЙ

Хъус-хъус рагæй дзырдæуы, зæгъгæ, стыр поэт Сергей Есенины дæр барæй амардæуыд. Фæлæ уыцы ныхæстимæ разы нæу поэты сфæлдыстад иртасæг Наталья Гусева – йæ къух, дам, йæхимæ уый тыххæй нæ систа Есенин, æмæ йæ царды уавæртæ ахæм уæззау уыдысты, фæлæ... «Он был рожден поэтом и гением, жил ради искусства и ради искусства пожертвовал всем, в том числе жизнью».

Чи зоны, æмæ Гусева раст у, уæлдайдæр, Есенин кæддæр цы рæнхъытæ ныффыста, уыдон нæ зæрдыл куы ‘рлæууын кæнæм, уæд: «Ни одной тайны не узнаешь без послания в смерть».

Царды хорз æмæ æвзæр цы у, уыдон дæр курдиат йæхи бæрцбарæнтæй бары, æмæ уымæ гæсгæ рохгæнинаг не сты, Сергей Есенин йе сфæлдыстадон куыст цы уавæрты кодта, уыдон. Раст цыма йæхи хъысмæты тыххæй фыст уыд, афтæ рауад йæ поэмæ «Черный человек». Мыхуырмæ йын æй нæ уагътой, суанг ма йын æй йæ уацмысты æмбырдгондмæ бахæссыны бар дæр нæ радтой идеологон аргъонахътæ. Нæ йын бантыст «Страна негодяев» дæр ныммыхуыр кæнын. Æмæ уымæн ссис йæ риссаг-дудаг уд дæр йæ хъуырмæ, уымæн ын суæнгæл цард дæр.

## ЛÆГДЗУАН

Паддзах Николай I иуахæмы бафарста инæлар Ермоловы, куыд, дам, цæуы хæст Ичкерийы (хæхбæсты Цæцæны). Уый йын афтæ:

– Уый хæст нæу, паддзах, фæлæ цуан! Мах уыдоныл цуан кæнæм, уыдон та – махыл. Æмæ, мæнмæ гæсгæ, афон у уыцы æнæсæр мийæн кæрон скæнынæн.

– Тынг раст зæгъыс, инæлар! Иууылдæр сæ ракæн уырдыгæй æфсæдты – мæнæн мæ хæцæг адæм салдæттæ сты, егар куыйтæ нæ фæлæ!

## УÆДДÆР ЦАВÆР ХЪÆД ХАСТА ЛЕНИН ЙЕ ‘ККОЙЫ?..

Советон скъоладзаутæй та ацы ныв чи нæ зыдта – фыццаг коммунистон зиуы В.И.Ленин цалдæр лæгимæ (уыдонæй йæхи чи схуыдта, уыцы лæгты нымæц куыдфæстæмæ минæй фæуæлдæр!) иу ставд нæзы хъæд фæхæссы.

Æрмæст уый хуымæтæджы хъæд нæ уыд, фæлæ – дзуаргонд цыртдзæвæны иу хай. Цыртдзæвæн та ныссагътой, Мæскуыйы инæлар-губернатор, паддзахы æфсымæр Сергей Александровичы кæм амардæуыд, уыцы тæккæ ран. Маргæ та йæ акодта террорист Каляев. Советон хицауад ын уый тыххæй йæ номыл Мæскуыйы стырдæр уынгтæй иу схуыдта. Стæй ма ноджыдæр бирæ террористты скадджын кодтой уыцы хуызы – Халтурины, Кибальчичы, Засуличы...

Иу ахæм диссаджы хабар ма: советон скъолаты æртынæм азты ‘мбисмæ æппындæр истори нæ ахуыр кодтой, цалынмæ паддзахы заманы царды тыххæй алы мифтæ нæма ныффыста Панкратова, уæдмæ!

## ЦЫППАРАЗДЗЫД ЧЫЗГ-ХУЫЦАУ



Нывондæн ын цы сæгътæ æмæ къамбецтæ ‘рхастой æмæ кæй ныргæвстой, уыдоны тугамæст сæртæм кæсгæйæ, æнахъинон хъæртæм хъусгæйæ, арвыста йе ‘хсæв Прити Шакья. Нæ фæтарст, нæ фæудаист, бафæрæзта боны æрбарухсмæ уыцы уавæрты æдзæмæй фæбадын. Гъемæ йæ цыппараздзыдæй схондзысты Кумарийы чызг-хуыцау.

Авд азы дæргъы цæрдзæн, буцдæр зæгъæн куыд нæй, ахæм цардæй – йæ зæрдæ цыдæриддæр бацагура, уый йын æвæстиатæй уыдзæн! Æмæ йын табу кæндзысты 23 милуан адæймаджы, уыимæ Непалы къарол йæхædæг дæр.

Цæмæй æртæ-цыппараздзыд чызг Кумари суа, уый тыххæй хъуамæ дзуапп дæтта 32 домæнæн: йе ‘нæниздзинад æнæфауд уа, йæ

буар ӕнӕ чысыл нос дӕр, ӕнӕ бызычъи, ӕнӕ иу стъӕлф; саудзӕст, саудзыкку уа, хӕрздӕф, дзӕнхъа дӕндагджын, сабыр, хиуылхӕцгӕ, уӕздан ӕмӕ а.д.

Йӕ дарӕс гӕндзон уыдзӕн сырх фӕлыстӕй, йӕ ныхыл ӕртыккаг цӕст нывгонд. Авд азы дӕргъы аргъауы чызгау баддзӕн ӕргъӕу галуаны. Сылыстӕг кӕй у, уыцы бӕрджытӕ йыл куы фӕзыной, уӕд ӕй ӕндӕр саби чызгӕй баивдзысты, зноны хуыцау та пенсимӕ ацӕудзӕн ӕмӕ исдзӕн 75 доллӕры. Мӕгуыр хӕдзайраг чызгӕн уыдон дӕр мӕнӕ не сты...

## АВД ФАЗЗОНЫ

Американы Джорджтауны университеты рынчындоны араббаг лӕг ӕмӕ усӕн райгуырд авд фаззоны – фондз фырты ӕмӕ дыууӕ чызджы. Ноггуырдты дарынц хицӕн капсулӕты. Дохтыртӕ дӕр сӕм иу къордӕй сӕ цӕст дарынц.

Ахӕм цӕстдардӕн, ахӕм узӕлӕнтӕн, ай-гъай, фаг фӕрӕзтӕ хъӕуы, ӕмӕ ӕппӕт хӕрдзтӕ дӕр йӕхимӕ райста Саудаг Аравийы хицауад.

Уымӕй фылдӕр фаззӕттӕ дӕр райгуыры хатгай – зӕгъӕм, 1972 азы Австралийы райгуырд фараст фаззоны, фӕлӕ уыдон, хъыгагӕн, цӕрӕццаг нӕ разындысты. Абон чи цӕры, ахӕм авд фаззоны ма ис ноджыдӕр дыууӕ лӕг ӕмӕ усӕн. Хуыцауы уазӕг уӕнт се ‘ппӕт дӕр.

## ТАБУАФСИ

Александр Чаковский бирӕ азты фӕкуыста «Литературон газеты» сӕйраг редакторӕй. Тугхор идеологийы фарсласӕг кӕй уыд, уый тыххӕй иуахӕмы йӕхи афтӕ раст кодта:

– В об естве людоедов вегетарианец кажется безнравственным!

Фысджыты цӕдисы секретарӕй куы куыста, уӕд дын доклад кӕны цӕйдӕр тыххӕй, стӕй йӕ гӕххӕттытыл иуварс ахӕцыд ӕмӕ, Михалковмӕ амонгӕйӕ, загъта:

– Мӕнӕ мӕ Сергей Владимирович гӕды ныхас зӕгъын нӕ бауадздзӕн!

Уый йӕм йӕ бынатӕй хъӕрӕй дзуры:

– Табуафси! Бӕгуыдӕр дӕ бауадздзынӕн!

## ИУ ДÆР ДЗЫ ПАДДЗАХ ÆМÆ ИННÆ ДÆР

... Николай I фæсмойнаг фæцис, декабристтæй фондзы кæй æрцауындзын кодта, уымæй – æрмæстдæр, дам, дзы дыууæ уыдысты уыцы хуызы бафхæринаг. Пестель, афицер уæвгæйæ, йæ ард кæй фæсайдта, уый тыххæй, стæй Каховский – инæлар Милорадовичы амарæг, Наполеонимæ хæсты хъæбатыры.

... В.И.Ленин (Ульянов) цас æнаххос туг ныккалдта, уый Хуыцау зоны, фæлæ мæнæ ацы ныхæстæй дæр хорз зыны йæ зондахаст:

– Правильно! Надо беречь наших красноармейцев!

Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ Юденичимæ хæцгæйæ Сырх Æфсад йæ разæй тардта бынæттон цæрджыты лæгæй-усæй, зæрондæй-ногæй. Ома сæ фæсте ‘мбæхст. Æмæ Ленин дæр уыцы мадзалæй æппæлы...

...Хæрзæрæджы куыд сбæрæг (уый дæр кæронмæ нæма!), афтæмæй И. В. Сталин (Джугашвили) иу лæгæй йæ къух бафыста 366 номхыгъды бын – уым амынд цыд 44 мин адæймаджы. Уыцы къухбафыстæй се’ппæтæн дæр рахаста фехсыны тæрхон. Йæ фæсдзæуинтимæ цал рæстуд адæймаджы барвыста мæрдтæм, уый банымайын та нымайæг абоны онг дæр нæ фæразы.

...Александр II Уæрæсейы цыфыддæр знаг Шамилы Петербургмæ схуыдта æмæ йын фæстæмæ йе ‘хсаргард кадджын уавæрты радта, стæй йын афтæ:

– Дæ хорзæхæй, имам, ныббар мын æй, фæлæ дæ мæ бон нæу дæ райгуырæн бæстæм ауадзын, æрмæст дын Калугæйы хибар стыр хæдзар æд стыр дыргъдонимæ бацæттæ кодтам. Дæ хъахъхъæнджытимæ дзы цæрдзынæ.

Шамилы дыууæ фырты фесты Генералон штабы академи, фæстæдæр ын йæхи дæр паддзах Чабæмæ ауагъта.

## ДУНЕЙЫ КÆРОН

Цыфæндыйæ дæр Нонгвавуземæ Хуыцауы комытæф хæццæ кодта – ахæм дæсны уыд дзурынмæ, ахæм мæлгъæвзаг уыд, æмæ йæм-иу йæ адæм æнæхъæнæй æрыхъуыстой. Цæугæ та йыл кодта æдæппæт цыппæрдæс азы. Конд-уындæй дæр рæсугъд чызг уыд.

Иу сæрдыгон бон дын Гзарайы цæугæдоны былгæрон бады æмæ доны лæгъз уæлцъармæ æдзынæг кæсы. Кæсы доны уæлцъармæ, æмæ йæ цæстытыл æнахуыр ныв уайы: чи амард, уыдоны цæсгæмттæ ирдæй уыны!

Айтæ-уыйтæ нал фæкодта Нонгвавузе, фæлæ хъæумæ стырындз æмæ хистæртæн, цы федта, уый радзырдта, нođжы, дам, мын нæ фыдæлтæ зæрдæ бавæрдтой, афтæ æмæ уфтæ куы бакæнат, уæд уæм æххуысмæ фæзындзыстæм æмæ æмдыхæй англисæгты нæ фыдыбæстæй фæсурдзыстæм, зæгъгæ. Сæ карз фæдзæхст та, дам, у ахæм: цыдæриддæр уæм хъæздыгдзинадæй ис, уыдон фесафут æмæ цæмæйдæриддæр æфсæрмы кæнут, уыцы хъуыддæгтæ уæм худинаг мауал кæсæнт!

Фыдæлтæ йын сæ райгасы бон дæр бацамыдтой – 1857 азы 18 февралы. Æнæхъæн афæдз ма йæм уыд. Гъемæ йæ адæм сæ ис-бис сафын æмæ се 'фсарм бын кæнынæй арвыстой. Æмæ мæнæ нысангонд бон ралæууыд. Адæм сæумæраджы сыстадысты, æххормагæй дыдæгътæгæнгæ рацыдысты быдырмæ. Нонгвавузе сын бафæдзæхста, хурмæ æдзынæг кæсут, науæд æй нæ бафиппайдзыстут, арвы астæу куыд ныллæудзæн, стæй фæстæмæ хурыскæсæнырдæм куыд азилдзæн æмæ, кæм скаст, уым куыд аныгуылдзæн, уый!

Æууæндаг адæм комкоммæ хурмæ кæсыныл архайынц, фæлæ йæм цас фылдæр кæсынц, уыйас куырмдæр кæнынц. Æрмæст æй уæддæр федтой, хур йæ бæрæг фæндагыл кæронмæ кæй фæтылд æмæ йын кæм æмбæлд, уым та кæй аныгуылд, уый. Æмæ уæд нынниудтой, ныддодой кодтой, нырдиаг! Сæ хæрзгæнæджы агурæг ма бæргæ зылдысты, фæлæ уый англисæгтæм бамбæхст, йæ адæм та сыдæй амардысты фондз æмæ ссæдз минæй...

## ФЫССÆГ

Цыдæриддæр æрттивы, уыдон сызгъæрин куы уаиккой, уæд... Чидæриддæр уацмыстæ фыссы, суанг ма чингуытæ дæр мыхуыры уадзы, уыдон фысджытæ куы уаиккой, уæд...

Цалдæр мæйы размæ амард Виктор Астафьев. Уырыссаг адæмы æфсарм уыд, сæ намыс. Йæ ингæны уæлхъус зындгонд артист Кирилл Лавров загъта:

– Бирæтæ дзы се сæфт уыдтой, се 'нæуынон уыд, уымæн æмæ рæстдзинад дзырдта кæддæриддæр.

Ельцин Японимæ цыд æмæ сæрмагонд лæджы Астафьевмæ арвыста, мемæ йæ хонын, зæгъгæ, дам, ын фехъусын кæн.

– Бузныг ын-иу зæгъ Борис Николаевичæн, фæлæ мæ ныртæккæ балцы цæуынмæ не 'вдæлы, иннæмæй та æз Японы кæддæр уыдтæн... – загъта фыссæг.

## ФИЗОНÆГ

Фыццаг дунеон хæст куы райдыдта, уæд Николай Гумилев уыцы тыхстхуызæй Аннæ Ахматовайы бафарста:

– Цымæ Блокмæ дæр фæсиддзысты хæстмæ? Уый, зараг цъиутæй физонджытæ куы кæнай, уыйау куы у!

Ныр Гумилев та йæхæдæг, стыр поэт уæвгæйæ, уыд афицер, хъæбатыр хæстон лæг. Æндæр хатт та афтæ фæдзæхста йæ бинойнагæн:

– Куыддæр адæмæн зонд амонын райдайон, мæхи сын сфыйййау кæнон, афтæ-иу мæ амар!

Адæмæн та куыд нæ уыд зондамонæг – куы йæ фехстой 1921 азы Петрограды бæлшæвиччыты раздзог Г.Е. Зиновьевы бардзырдæй, уæд уый йæ цъаммар тæрхон уыцы хуызы æмбарын кодта:

– Фысджытæ, поэттæ махæн маринаг уымæн сты, æмæ сæ уацмыстæй фæлмæн кæнынц революционерты зæрдæтæ, уыдонæн та фæлмæнзæрдæйæ сæ къух слæмæгъ вæййы, не знæгты фыццагау æгъатырæй нал цæгъддзысты...

Иуахæмы Зиновьевæн йæхи къæбут дæр ссардта уыцы æгъатыр къухæй æрвыст нæмыг.

## ФЫН – ХУЫЗДÆР АРГЪГÆНÆГ

Гоголь ног пьесæ ныффыста æмæ Жуковскиймæ бацыд, уымæн æй бакæсон æмæ йын йæ хъуыды базонон, зæгъгæ. Раздæр уал æй фысым хорз федта, уæдæ дзы йæхæдæг дæр хъуагæй куыд баззадаид, ноджы ма цæлуарзаг поэт.

Гоголь кæсын райдыдта, Жуковский йæм раздæр лæмбынæг хъуыста, стæй йыл æфсæстæй хуыссæг фæтых æмæ æрфынæй.

– Дæ фын – йæ хуыздæр аргъгæнæг мæ уацмысæн, – загъта Николай Васильевич тæргайхуызæй, ацыд æмæ йæ пьесæ басыгъта.

Нырыккон фысджытæй та искæмæн æргом куы зæгъай, дæ фыстытæ ницытæ æмæ мацытæ сты, зæгъгæ, уæд дын сæрыстырæй фæкæндзæн:

– Уый рæстæг равзардзæн!

## ФÆЛМÆНЗÆРДÆ

Актертæ æмæ-иу фысджытæ куы фембæлдысты, уæд-иу сын Горький арæх зарыд адæмон зарджытæ. Иуахæмы та куы бахъæлдзæг, уæд дын чидæр Чеховы бафарста:

– Антон Павлович, заргæйæ Горький йæ цæстытæ цæмæн бацъынд кæны, цымæ?

– Алексей Максимович тынг фæлмæнзæрдæ у, – дзуапп радта Чехов, – æмæ йæ бон кæсын нæу, адæмыл цы мæгуыры бон вæййы йæ зарынмæ хъусгæйæ, уымæ!

## КÆМÆН ЦЫ...

Чехов, дам-иу, афтæ дзырдта хъазгæйæ:

– Медицинæ мæ ус у, литературæ та – мæ хæзгул!

Фынддæс азы бæрц рауадаид уыцы ныхæстыл, афтæ литературæ кæмæн йæ хæдзардарæг сси, кæмæн йæ хæдзархалæг.

## ЦАРДЫ ЦЫНÆ ‘РЦÆУЫ

Хабар æрцыд Румынийы иу чысыл горæты. Цæвиттоны хъуыддагæн, æрыгон сылгоймаг æнæнхъæлæджы амард. Тынг ыл фæхъыг кодтой хионæй, æнæуи адæмæй, фæлæ ма йын цы сæ бон уыд – йæ зæххы хайыл æй сæмбæлын кæнын хъуыд. Чырыны йæ уæлмæрдмæ фæхæссынц. Уалынджы дын æй чи хаста, уыдонмæ уæлейæ бынмæ мард сылгоймаг тарст цæстытæй куы кæсид! Мæрддзыгой адæмыл дæр хуыздæр бон кæм уыдаид – хорзау нал фесты.

Уæдмæ мард чырынæй ралиуырдта æмæ цæхгæрмæ ныййарц. Ныййарц цæхгæрмæ æмæ... æмæ машинæйы бын скуыси! Дзыхъмард фæцис.

Табу дæхицæн, Хуыцау, табу дæхицæн!..

* * *

Кæсгон поэт Борис Кагермазов (йе ‘мдзæвгæтæй йын цалдæр рауагътам «Мах дуджы» 2001 азы фарæстæм номыры) нæм æрæджы сæрвыста фыстæг. Ис дзы ахæм ныхæстæ: «Фарон уалдзæджы уыдтæн Парижы æмæ бабæрæг кодтон Сен-Женевьев-де-Буайы

уæлмæрдтæ. Уым ныгæд сты Уæрæсейы номдзыд лæгтæй бирæтæ: Бунин, Мережковский, Гиппиус, Ксешинский... Æнæнхъæлæджы ауыдтон Гæздæнты Гайтойы ингæн дæр. Раст цыма мæхи хæстæджы цырты уæлхъус æрлæууыдтæн. Уый размæ йын кастæн йæ уацмыстæ, йæ хъысмæт куыд рауад, уый дæр зыдтон». Йæ фыстæгимæ нæм Борис сæрвыста Гайтойы ингæны хуызист дæр.



Цъары фæрстыл:

***1.Чызгыскъæфт.***

***2. Соскиты Владимир.***

***3. Лæппутæ æмæ сæгъ.***

***4. Фыды мысгæйæ.***

* * *


| | |
|---|---|
| Технический редактор | Виктория БОРАЕВА |
| Корректор | Заира КАРАЦЕВА |
| Компьютерный набор | Соня ДЕГОЕВА |
| Компьютерная верстка | Ирида КОДЗАТИ |
| Дизайн | Залина ГУРИЕВА |

Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.

Регистрационный номер Ш-0132


Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дугæй» ист кæй у, уый.


Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО-Алания

Подписано к печати 18.02.06. .Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. №1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 11,16. Учетно-изд. л. 9,01. Тираж 1000 экз

Заказ № 1517.

Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 25.
Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24.

Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247

